САИД-АФАНДИ АЛЬ-ЧИРКАВИ

# НАЗМАБИ

КIИАБИЛЕБ ТIЕХЬ

НУРУЛЬ ИРШАД

МАХАЧКАЛА
2011

ББК 84,4 (Ава) + 86,38
УДК 821.351 + 29
С - 14

**НАЗМАБИ** / Саид-афанди аль-Чиркави. Религиозное стихотворное произведение на аварском языке. В двух томах. – 2-й том. 1-е издание. - Махачкала: Нуруль иршад, 2011. – 440 с.

В книге собраны стихотворения Саида-афанди аль-Чиркави, восхваляющие Пророка ﷺ, выражающие его безграничную любовь к Посланнику Аллаха и к его духовным наследникам – шейхам тасаввуфа. Также автор раскрывает сущность пути тариката, призывает мусульман к благим нравам, следованию Корану и Сунне. На аварском языке.

Книга одобрена решением Экспертного совета Духовного управления мусульман Дагестана за № 11-04 66

ISBN 978-5-903593-06-4 (Т.2)
ISBN 978-5-903593-30-9

© Саид-афанди аль-Чиркави
© Издательский дом «Нуруль Иршад»

# МАЖМУГІАТУЛЬ ФАВАИД ТІЕХЬАЛДАСА

أعوذ بالله من الشيطان الرجيم بسم الله الرحمن الرحيم

ولا حول ولا قوة إلا بالله العلي العظيم ملء ما علم وعدد ما علم وزنة ما علم والصلاة والسلام على رسوله محمد وعلى آله وأصحابه والتابعين وتابع التابعين إلى يوم الدين

أما بعد

## ДУНГО ГIАЛИМ ГЬЕЧIОНИГИ

Дунго гIалим гьечIониги
ГIемер суал бачIунелъул,
ГIадамазул ишкалазе
ШархI[1]гьабизин гьадиятлъун.

Гьунар гьечIев чIинкIил вукIун
ЧIезе ккарав вугониги,
ЧIагояв чи кIалъачIого
ХутIулевги вукIун гьечIо.

Гьикъаралъе жаваб гьаби
Факъигьасул пиша буго,
Факъирзаби жалго тейи
Адабалъул гIаркьел буго.

Рикьалаби гIемерлъиялъ
ГIалам рахIат дагьлъун буго,
ГIалимзабаз бицунелда
Божигицин тIагIун буго.

---

*[1] Баян.*

ГІилму-гІакъидаталдасан[1]
КьучІ мухІканаб лъун гьечІони
Гьес цІалараб гІилмоялда
ГІамалалъул пихъ баларо.

ГІамал гьечІев гІалимчиги
Пихъ балареб гъветІ вукІуна,
ТІадго гьечІеб пихъалдасан
Пайда халкъалъ кин босилеб?

Суалал хъван, жаваб гьабун,
МажмугІ данде гьабиялде
Гьикъулел чи гІемерлъиялъ
Вачана дун, диналъул вац.

Дица кьураб жавабалъулъ
Жагъалаб жо батун хадуб,
БитІизабун, хІакъабги хъван,
Дийги дугІа кІочон тоге.

ДагІба-рагІи хІасадалъги
Ла ясуду[2] абулелъул,
БегьаннагІан лъикІалде цІай,
ЦІакъго нухал данде къаге.

Къуръан-хІадис лъалин абун
Лъай гьечІолъи нахъе чІваге,
Лъай кьурасе реццги гьабун
ГІамалалъе жигар бахъе.

[1] РекIелчIеялъул гIилму.
[2] Ханлъун вахъуларо.

Жагьлу[1], нисъян[2], гъафлат[3], гъалатI
нсанасул шаънолъидал[4],
ШаргI цIунизе тавфикъ кьеги
МухIаммадил умматалъе.

Ихтилафул-аимати[5]
ахIматлъунги кьун бугелъул,
Кьуралдасан пайда боссе
ГIакълу-тадбир камиллъаги.

Киналниги суалал хъван,
Тартибалда тарихги лъун,
Хадуб жаваб регIизабун
ГIуцIилеб тIехь, иншааллагь.

"МажмугIатул фаваид" - ан
ЦIар тезеги ният бугеб,
ЦIалун пайда босаразул
ДугIаялде хьулги бугеб.

---

*[1] Лъавукълъи.*
*[2] КIочон тей.*
*[3] Гъапуллъи.*
*[4] Иш, хIал.*
*[5] Имамзабазда гьоркьоб хилаф ккей.*

# ШАРГIАЛЪ ХIАЛАЛ ГЪАБУРАБ СУРАТГУН КЪЕРКЬЕЧIОГО

ШаргIалъ хIалал гъабураб суратгун къеркьечIого,
КъвачIинир мугъал разе жигар кин гъабулареб ?
Жакъа-метер лъалареб чIаголъиялъе гIоло,
ЧIухIараб дурго нафсалъ гуккизе щай вукIунев?

Ширкалдаса бацIцIадго гIамал цIунизе гIоло,
ГIумру пана гъабулеб гъаб агьлу щай какулеб?
Алжан тIалаб гъабицин ширк бугилан абулел,
Шайихзабаде купру кин гIунтIизе гъабулеб ?

ГIилму-гIамалалдаса чIухIараб иблисалъул,
Ахиралда щиб ккана, шайха мун кантIуларев ?
ТIарикъаталъул нухде зазил кварчаги рехун,
Кисанха мун къокъилев Къадирасул рагьдохъе !

Къаф мегIергун бащадаб гIамалгун щварасеги
ГIарасат майданалда хIинкъи кIудияб буго.
ХIабиб ﷺ вокьун, суннат ккун, агьлугун хьвадарав чи
Элгун цадахъ вахъуна гIамал дагь бугониги.

Дирни гIишкъу букIуна, анищги цIакъ гъабула,
Элгун цадахъ рахъунел агьлулъун гьавиялде.
Гьезда гъорлъ вахъун хадув загIипаб дир рухIалъе,
РахIматгин цIоб щвеялда щаклъиги букIунаро !

Щибха дуе гIечIеб жо гIарифуназда аскIоб,
ГIадалаб гьаваялъул лагълъун мун ватичIони ?
БатичIебищха дуда гьезда аскIоб лъикIлъиго,
ЛъикIаб тIаса бищулев тIалиблъун[1] мун ватани ?

---

*[1] ТIалаб гьабулев чи.*

МатIугун дагIбадулел маймалакал кинниги
Кумалазда[1] гIайиб чIван гIавамал бегьиларо.
ГIухьбузул къайиялда къавул гьаби кинниги,
Нилъ цуцаде гьусулел ричIчIизе мех щун гьечIищ ?

## ГЬАБУН ЛЪУРАБ
## КВАНИЛ ТIУТIГИ ЦЕБЕ ТУН,

Гьабун лъураб кванил тIутIги цебе тун,
Цойги тIагIам балагьизе мун киве ?
Квер бегьани тIезе щолеб гIечги тун,
ГIалхуда мун щиб балагьун свердулев ?

Суннаталъул агьлулъун мун ватани
Эзул нухда ине чIухIун бегьилищ ?
ХIабибасул ﷺ ирсилазда тIад кIалъан
ТIокIаб гIилму щварав гIалим вихьанищ ?

ШафигIияс жадидалда бицараб
РагIи ккуни дуе хIакъищ батилеб ?
Щаклъи тIаса ине якъин цIунани
ЦIадавейищ мун рехилев, халгьабе ?!

[1] *Камилал чагIазда.*

# ИНСАНАСУЛ ЗАГЬИР БИХЬУН, БАТIИНАЛЪЕ ХIУКМУ ГЬАБУН

Инсанасул загьир[1] бихьун, батIиналъе хIукму гьабун,
Купру гьесде гIунтIизаби гIилмоялда рекъеларо.
МугIрул гIадал мунагьазул бетIергьанлъун вукIаниги,
РекIелъ бугеб иманалъе лъида кIолеб къимат кьезе?

ЛъикIлъиялда гIумру унан, ахир витIун ккейиялде
ИгIтикъадгун божи лъейги балъгояб ширк букIинарищ?
ШаригIаталъ нилъ ахIула хIалкIванагIан гIайиб бахчун,
Бусурбанав вацасдехун зану[2] берцин гьабиялде.

Гьал рагIаби рекIелъ рекъон, гIафвоялде хьулги тIамун,
ТIаса кколин как-кIалилан ккарав чиги ахIмакъ вуго.
Ихдал хурги бекьичIого, кьижун рии нухабги лъун,
Хасалихъе хур бакIари букIунареб лъазе ккела!

БетIергьанги гIафву тIокIав, гIадлу-низам чучго толев,
Тавабинал цIакъ хирияв, Халикъ вукIин хIакъаб буго.
ХIалкIун амру-нагью цIунун, Аллагьасе мутIигIлъизе
ТIад гьабурал лагъзал рукIин кIочон нилъги тIораларо.

ТIагьаясул ﷺ шафагIатги умматалъе нигIмат буго,
НигIматазе агьлолъизе эв вокьиги - далил буго.
Вокьиялъул гIаламатги - гIемер свалат-салам битIун,
Суннаталъул жамагIатгун итифакъгун[3] вукIин буго.

---

*[1] Загьираб рахъ.*
*[2] Пикру.*
*[3] Рекъон.*

## ДУНЯЛАЛЪУЛ БОЦІИ БУГО ГІАЛХУЛ ЧАН

Дунялалъул боцIи буго гIалхул чан,
Чангиясул анищ хIорго гьабураб.
Чанахъаби руго гьелъул тIулабал[1],
ТIуранагIан хадур ине гIащикъал.

ГIумру буго инсанасе сафарлъун,
Ина вугеб бакIго жинда лъалареб.
Жагьлуйилан абун буго цо гIамал,
ГIадан витIун хьвадизего толарев.

ГIилмо абун буго цойги цо жавгьар,
Жинда гIамал гьабурасе гвангъулеб.
ГIакълу абун буго цойги махлукъат,
Къиматаб доб жавгьар жаниб цIунулеб.

Жагьлоялъул, хIурмат гьечIеб, гIамалалъ
ГIилмоялъул жавгьаралда къец бала,
ГIакълуялъул къуваталде балагьун
БитIарабгин тIекъалъе къимат кьола.

Ракьалдасан вижун, гIакълу-лъайги кьун,
ГIадан дунялалде виччан тун вуго,
Вуссунеб бакI ахирги дур - ракьилан
Халикъасул къотIи-къайги лъан буго.

Къоял тIагIун хадур хвалил кьогIаб лълъар
КьечIого тунгутIи якъинаб буго,
Кьун хадуб гьеб гьекъечIого ворчIарав
РагIичIо ракьалда цониги инсан.

---

*[1] ТIалаб гьабулел чагIи.*

Аллагь Ризкъи кьезе гъоркье чIун вуго
Ракь-мулкалъул БетIергьанги гьев вуго.
Гьес рижарал лагъзаллъунги рукIадго
Ракь сабаблъун дагIбадизе бегьилищ?

БегьанагIан цоцазул хIалги баччун,
ХIалкIванагIан гьоркьоб вацлъиги цIунун,
БацIцIадаб дин-Исламалъул нухкквезе
Нилъ гьукъараб кIиго тушман кIочонге!

## ЛЪАЛАРЕБ МАЛЪИЗЕ ЧИ КАМИЛАРО

Лъалареб малъизе чи камиларо
Малъараб босизе тIалиб ватани,
БитIараб бицунев гьудулги щвела,
Гьеб къабул гьабулев гIакъил дандчIвани.

ГIилмо-гIирфаналъул ицц бакъваларо
Къечалъ тIул бухIарал тIаде ккун хадур,
ТIабиб гъорлъа камун къавм хутIиларо
ТIибалде[1] хIажатал мухIтажиназе[2].

Жавгьаргиму якъут кIалцIуй баниги,
БоцIуца кунеб жо гIурдал хер буго,
ГIарац-меседалъул гьир чIехьаниги
ЧIегIер хIайваназ гьеб хIатIикь мерхьуна.

---

*[1] Тохтирлъиялде.*
*[2] ХIажат ккарал чагIазе.*

# АЛЛАГЬ ГІЕМЕР РЕХСЕЗЕ МАЦІАЛДА БАРАХЩУГЕ

Аллагь гIемер рехсезе мацIалда барахщуге,
МацIалъул зикру гурелъ рекIелъ нух бахъуларин.
РакIалдаса гъафлат[1] ун, хIузур-жамгIият[2] щвезе
ГIарифуназ бищунго беццарабги гьеб буго.

ШайтIангун вагъулесул яргъилал къуватазулъ,
Бищун къуват цIикIкIараб зикроян абун буго.
Аллагь лъай тIалаб гьабун сапар байбихьулезул,
Бищун цебе хIетI лъолеб болъоги зикро буго.

Зикроялда даимав дармилъ бергьарав вуго,
Даимаб хIузур щвани, шайтIан рекIелъ чIоларо.
ШайтIан нахъе къотIани къалбуги рахIатлъула,
РухIанияб тарбият нафсалъеги букIуна.

Нафсул-амараталда[3] чангит байзе хIалкIвани,
Лаваматалде[4] ваккун дурго гIайиб бихьула.
ГIайибалде ккарав лагъ сайидасдаса нечон,
Даимаб хидматалъе[5] цIакъ бахъунги хIалтIула.

ХIалтIулъ бергьенлъи щварас шафакъатал росула,
Шакъаваталъул[6] асар сагIадаталъ[7] тIагIуна.
ТIагIат-гIибадаталъул натижат хIасуллъула,
ТавхIидалъул гъотIода ихласалъул пихъ бала.

---

*[1] Гъапуллъи, ракI дунялалде буссин.*

*[2] Аллагь кидаго цадахъ ва рекIелъ вугевлъун хиял хIалтIи.*

*[3] Квешалдалъун амру гьабулеб нафс.*

*[4] ХатIа ккунщинахъе дудаго гIайиб чIвалеб лъикIаб нафс.*

*[5] Хъулухъалъе.*

*[6] ТалихI къосиналъул.*

*[7] Бахьи буголъиялъ.*

Аллагь вокьи цIикIкIуна, лагълъиялъул куц лъала,
Киналго умуразулъ захIмалъи тIаса уна.
Мискъалул заррагIанаб гIибадат гьабуниги,
Азар даражаялде бахунеб хIал лъугьуна.

ХатIаратал тIагIуна, якъинги хIасуллъула,
ХIикматазул рукъалъул гъапудухъ кверги щола.
ШаригIатги бичIчIула ихтилаф[1] рахIматлъула[2]
РахIманасул цIоб горелъ нажат[3] щунгутIи лъала.

ГIашикъасул кIал-мацIалъ рагIул гIорхъи бахуна,
ГIишкъу ккараб бакIалде рекIел хивал цIан уна.
Рокьигин махIабаталъ хIайран гьавун хадуса
Таклиф[4] тIаса рехарав мажнун[5] гIадин лъугьуна.

Жанисанги тIасанги инсан вацIцIад гьавулеб,
Аллагь цо вукIиналъе нугIлъи жиндалъун чIолеб,
БацIцIадаб ракIалдалъун цо нухалъ жиб абуни
Ункъазар кIудаб мунагь бихулин хIадис бугеб.

Баче ножоца зикру мазкурасде[6] ракI буссун,
Рехсе Аллагь даимго дунялалъул хивал тун.
Тоге заман гIадада гIабдал мун ватичIони,
ГIумроялъул халгьабе кибедай щун бугоян.

---

*[1] Имамзабазда гьоркьоб ккараб хилаф.*
*[2] РахIматлъун сверула.*
*[3] Хвасарлъи.*
*[4] ШаргIияб тIадкъай.*
*[5] Женаца ккурав чи.*
*[6] Жив, ай Аллагь, рехсолев.*

## ХIАЛАЛ-ХIАРАМ БАТIА ГЬАБИ ТIАДАБ БУГО ИНСАНАСДА

ХIалал-хIарам батIа гьаби
ТIадаб буго инсанасда,
Амма тIолго хIарамлъанин
ХIукму къотIи битIун гьечIо.

ХIалалабги хIарамлъулел
КъагIидаби гIемер руго,
ГIалимасда гьикъарав чи
Жаваб камун хутIиларо.

Жагьиласул гIайиб буго
ГIалимасда гьикъунгутIи,
Гьикъун хадуб, лъайги букIун,
БицинчIевги щайтIан вуго.

ШаригIаталъ тIад гьабула
Загьиралда гIамал гьаби,
ГIаламалда тIад гьабичIо
БатIиналда[1] хIукму къотIи.

Жакъа нилъер заманалда
Аслу-кьибил лъалареб мал,
Лъай цIикIкIарал ахIбараца[2]
ХIалалабин абун буго.

ХIалалаб мал киссайилан
Абулевги какун вуго,
Гьев шаргIалда тунки бугев
АхIмакълъунги рикIкIун вуго.

---

*[1] РекIелъ бугеб жоялдалъун.*
*[2] ГIалимзабаз.*

Аллагьасул рахъалдасан
ХIалалаблъун щвезе бугеб,
ХIарам гьабун мал куневги
Камуларев вуго инсан.

КигIан цIакъ яхI бахъаниги,
ХIарамалде свери гореб,
ХIукму къадаралда хъвачIеб
Щвезе ресги кколеб гьечIо.

## ЧЕРХАЛДА ХIАЛ БУГИЛАН ГIУМРУЯЛДА БОЖУГЕ,

Черхалда хIал бугилан гIумруялда божуге,
ГIажал тIаде щун хадуб унти къваригIунарин.
Метер гьабизейилан тавбо нахъе тIамуге,
Нахъеяб къо щвезегIан хутIилев лъаларелъул.

ХутIарабщинаб как-кIал бецIизе жигар гьабе,
Жагьлоялда тIамураб гIумроялда ракI бухIа.
ГIадамазе налъигун хвезе горилан хIинкъа,
ХIалкIун тун гьеб бецIизе боцIуда барахщуге.

БецIизе тIад налъигун, балъго гьабун гьебги тун,
Гьаб хIалалда мун хвани, хабалъ цIакъ захIмалъила.
Лъималгин хъизамалде, я божарав чиясде
Дурго хIал бицун тани, цо сабаб камиларо.

* * * * *

# МАХЛУКЪИЯБ ГОРЕБ КАЛАМУН-КЪАДИМ

Махлукъияб[1] гореб Каламун-къадим[2]
Къадро гьабун цIале, диналъул вацал!
Динул-Исламалда халкъ тIобитIулеб
Халикъасул Калам каранда цIуне!

Кинабго хIарп рикIкIун анцIго даража
ЦIаларасе кьезе гъоркье Жив чIарав,
Жабарасул[3] амро-нагью цIунизе
ЦIакъ жигарги гьабе гьидаят щвезе!

Дунял-ухраялъул гIулумазул[4] ицц
ГIорцIизегIан гьекъе, къечон ратани,
Къанун-законалъулъ зулму-хIал гьечIеб
ХIукму тIаса бище бусурбабаца.

Рехсон цебе араб пайда щвеялъе
ШартIалги рукIунин, кIочене тоге,
КIалдисан бахъулеб хIарпалъул махраж
Живго жинца куцун камиллъуларо.

Лъалес гIашилги лъун дурус гьабичIеб,
Дуца Къуръан цIали – къираат[5] горо.
Къалебгун цIалелъул тадбир цIуничIеб
ЦIалиялъги магIна хвезе гьабула.

Гьал шартIал цIунани цIали букIина,
ЦIалараб хIарп рикIкIун кириги щвела,

---

*[1] Жиб бижичIеб.*
*[2] Цебегосеб калам.*
*[3] Аллагьасул.*
*[4] ГIелмабазул.*
*[5] ЦIали.*

Кинги гьебгун цадахъ тадаббур гьаби[1] -
Гьебги шартI гьабула гIарифунаца[2].

ГIайиб гьабичIого ножоца тани,
Танбигьал[3] ругоан дагьалги нахъе,
Дица ургъун хъвалеб хабар горелъул
Халгьабе къурааз[4] мекъса бугищан.

Къуръан цIалиялъул тIолго адабал
Дица хъвалел гьечIо - хIалкIоларелъул,
ХIадисалъ бицунеб лъайзе бокьарал
Бокьун буго дагьал кантIизаризе.

Дуца Къуръан цIале магIо тIолаго
ГIоди байинчIони ххвелниги гьабе.
Гьебги лъугьинчIони гьанже мун гIоде,
Дурго къасаваталъ[5] цIураб ракIалда.

Къуръан цIалулев чи чан вукIунарев
НагIана гьелъги кьун ццин бахъин щварав,
Щвезе бугеб ажро гIададаги хун,
Жиндирго гьормада гьеб кьабун толев.

БитIарабгин хIакъаб къабуллъуларел
Къокъаби камураб заман гьечIелъул,
Къуръаналъ жидее нагIана кьолез
Кьабилада, унго, гьабги дир хонхилъ.

---

*[1] Пикру гьаби.*
*[2] Аллагь лъалез.*
*[3] КантIизарулел жал.*
*[4] ЦIалараз.*
*[5] РакI биццалъиялъ.*

Гьаваялъ мехтарал камуларелъул,
ЛъикIаб манлъунилан дун рихинадай,
Нафсалъ кьили лъурал чIухIухъабаца
ЧIорал речIчIиладай дун - пакъирасда.

Диваналъул къоги нахъа бугелъул,
Баниги ургъел щиб ришни гохIалде,
РахIманасда цере чIезе ругелъул
Лъуниги кIваричIо дида бугьтанал.

БетIергьан разияб къирааталъе
Тавфикъ кьун рохаги, нуж бусурбаби!
Нураниял хIарпаз ракIалги гвангъун
РухIаги киналго квешал ахлакъал!

# ГЬЕКЪОЛЕБ ЖО КАКУЛЕЛ КИНАЛГО ГІАЛИМЗАБИ

Гьекъолеб жо какулел киналго гIалимзаби,
ГIин базе къасдго гьечIел гIолилазул къокъаби.
Къойил вагIза гьабулел масжидахъ дибирзаби,
Диналде руссунарел бусурбанал наслаби.

НасихIаталъул агьло умматалъухъ гIодулеб,
ГIадамалин абуни, инкаралда хьвадулел.
Дин бокьулин абулеб, амрогин-нагью толеб,
Тавбо кIалалъ гьабулеб, ракI долде хилиплъулеб.

Хвезе ругин бицунеб, гьелдаса хIинкъуларел,
ХIалалгин хIарам лъалеб, варагI цIуни загIифал.
Зулму жедеда гьабун хIехьон бажаруларел,
Жидеца зулму гьаби гIадатлъун билълъанхъарал.

Бицунеб рагIиялъулъ гIадлуялъ гуч гьабулел,
Гьабулеб пишаялъулъ щибго ритIухълъи гьечIел,
Шагьи-капек горелде бетIерго хIалтIулареб,
ХIикматаб гIалам буго Дагъистаналда лъугьун.

Дир кIудияб хьул буго ракьцоял гIолилазде,
ГIалимзабаз бицунеб къабул гьабилебилан.
КъотIулеб буго ракIалъ, умумуз нахъе тараб
Ирсалдаса махIрумлъун лъимал хутIиларилан.

Мехтулеб жо гьекъезе гьукъун буго шаргIалда,
Къуръангин хIадисалъул насги[1] буго гьелъие.
Аллагьас, хIарам гьабун аят рещтIун хадуса,
Насхо[2] гьабичIебщинаб ШаргIалда хIарамлъула.

---

*[1] ЧIванкъотIараб хIукму.*
*[2] Гьеб хIукму хвезабичIеб.*

ШафигІас[1] рицун тарал хІадисазул кьучІалда
ХІалкІун шаригІат цІуни тІалъула умматалда.
ТІагьаясул ﷺ суннатал чІаго гьари абуни, -
Гьеб ккола инсанасулъ рухІияб къуват цІикІкІин.

Расуласул ﷺ суннат лъан, гьебги цІунун гьабураб,
ГьитІинаб бугониги гІамалалъул хиралъи.
Халикъасда аскІоб гьеб азариде бахуна,
Аллагьас тавфикъ кьеги Суннат чІаго гьабизе!

БетІергьанас нелъее хІалал гьабурабщинаб -
Гьелда жаниб букІуна кІудиял мунпагІатал:
Дунялалда - рохелал, ухраялда[2] - сагІадат[3],
Унта-щокълъиялдаса черхалъе саламалъи.

Халикъас хІарам гьабун халкъалда лъай гьабураб,
Гьелда жаниб абуни, камураб унти гьечІо,
Киналниги квешлъаби - гьелда балеб пихъ ккола,
Гьелда даимлъарасул диналда хІинкъи буго.

Гьекъолев чиясухъе цо лукъма кванил кьуни,
Куна гьесул хабалъ гьан борхьалгин гІанкърабаца.
Гьекъелалъе квербакъун щив чи вугонаниги,
Гьев ккола динул-Ислам биххизе хІалтІулев чи.

Гьекъолесухъе гІарац къарзалъ кьеян абуни,
Гьебги ккола бусурбан чи чІвазе комек гьаби.
Гьесда аскІор гІодор чІун ракІгъей гьабурал чиги,
Беццаллъун тІаде рахъун рачуна ГІарасалде.

---

*[1] Аварагас ﷺ*
*[2] Ахираталда.*
*[3] Бохьи буголъи.*

ГІемер гьекъеялдалъун мехтизе гьарулеб жо,
Дагьабго гьекъезеги хІарамлъула халкъалъе.
Гьекъолеб жо хІалалаб бугилан абулев чи,
Исламалдаса вахъун купруялда вукІуна.

КІудиял мунагьазул гьиралгун вачІаниги,
Гьесие тавбоялъул гъапу рагьараб буго.
РахІманасдаса хІинкъун гьекъолеб жо тарасе,
Алжаналъуве щведал шараб[1] гьекъезе кьола.

Гьекъолеб жо киналго квешлъабазул хан буго,
Квешав ханас лъикІаб жо лъидего малъуларо.
ЛъикІалдехун горони хивалго гьечІониги,
Гьев ханас тІад квер лъурав лъимер гІадин лъугьуна.

Гьанжи бачІун шайтІаналъ гьормада квер бахъула,
Гьудуллъи рагІизабун вацлъи щула гьабула,
ШаригІат-Исламалъул, инсанияб яхІалъул
Нусабго лагаялъулъ асарцин хутІуларо.

Цинги гьесул габуниб щулияб кварги рехун,
ЩайтІаналъ бече гІадин вачуна бокьаралъув.
Кьурулъанги кІанцІула, цІадавеги лъугьуна,
Гьанжи гьесул беразда щибго жо бихьуларо.

Бегьиларо, дир лъимер, дурго гьеб гІумроялъул,
ГІаркъил истаканалде багьа данде босизе.
Берцинаб гІолохъанлъи, гІанчІаб, эркенаб заман
ГІарцохъ бичуге, дадал, дуй нахъа битІун ккела.

Дурго умумуз гІадин Исламалъул нухги ккун,
Адабалда хьвадизе дуеги мех щун буго.

---

*[1] Гьекъолеб жо.*

Къол щуябго какги бай, Рамазаналъ кIалги ккой,
Закат-сахIги тIобитIе, хIалкIвани хIажги гьабе.

Гьелеха дуе Ислам, дур умумуз ккураб нух,
Адабияталде мун тIовитIулеб шаригIат.
Щибаб квешлъиялдаса мунго цIунулеб къолден,
Къаркъала сах букIаго ретIине гIамал гьабе.

Гьелде инкарги гьабун кинго нилъ тIораларо,
ТIадаб налъи кьечIого налъулав ворчIуларо.
ВачIа, гьабун те тавбо, те гьеб квешаб хьвадиги,
Тавбо гьабун вуссарав Аллагьасе вокьулин.

Босе яхIалъул рачел, борче гьеб дагьаб мехалъ,
Дудаго Исламалъул щолеб баркат бихьизе.
Босун тея цо гали къанщун кIиябго бергун,
Къараб нуцIаги рагьун Аллагьасул рокъобе.

Бая цо как берцинго бихьинчияс кинниги,
Нечогея чиякьа - чагIи дуй хIажат гьечIин.
Чанги дудаса квешал, квешабщиналъул агьло,
Аллагьасдеги руссун вализаби лъугьанин.

Гьаб насихIаталъулъ дуй хIиллагин макру гьечIин,
ХIалбихьи гьабе дуца, дун гъоркье чIарав вугин.
ЧIегIераб нохъаялде хъахIмиккиянги абун
Мун гуккизе бокьарав сахIирги дун горевин.

Дунял-ахираталъулъ магIнавияб бичIчIи кьун
Кьеги ножое тавфикъ тавбоялде къасд ккарал.
Къуръангин-хIадисалъул амру-нагью тIобайзе,
Аллагь, дуца тIамеги ТIагьаясул ﷺ гьаб уммат!

Амин!

## ДУНЯЛАЛЪУЛ ГЬАБ ХАНЛЪИ - ХВЕДАЛ ТIАСА УНЕБ ЖО

Дунялалъул гьаб ханлъи - хведал тIаса унеб жо,
Халикъасул лагъ вукIин кIочон тун бегьиларо.
Бечелъи - гъотIол рагIад, даимго тIад чIолареб,
ЧIагоязе хутIулеб, хун араз нахъе толеб.

Инсан вижилелдего ризкъигун ажалалъул,
Азалалда тIобараб хIукмугин къадар буго.
КъаруниегIан гIемер боцIи кодоб щваниги,
Дуй хъвачIеб ризкъиялъул лукъма дуца куйнаро.

Лукъманул-ХIаким гIадав тохтор дуе щваниги,
Дару гьабун, тIагIараб гIумро нахъбусинаро.
ГIагарлъигин кьибилалъ кьураб рушватги босун,
Кьурал къоял тIагIиндал ГIизраилас теларо.

Эркенаб дунялалда рахIаталдаги хьвадун,
ЛахIдоялъув лъугьине лъиеха къабуллъилеб?
Къайсар ханасул гIадаб тахбакI-мулкги жибго тун,
Мусруялъув жемизе разияв чи вукIинищ?

Разияв вугищилан гьикъулеб гIадат ани,
Къваридаб хобалъуве гIадан лъугьинароан.
Изно босун горони рухI бахъуларебани,
Инсанас Малакул-мавт аскIов веччалароан.

Ахир-къадги хвечIого хутIуларев лъалаго,
Халикъасде гIассилъи гIакъилас гьабиларо.
Хун хадуса рукIунел агьвалазда божулев,
Аллагьасул шаргIалде мугъ реххун хьвадиларо.

Адам вижаралдаса АхIмадиде ﷺ щвезегIан,
ШараигIал манлъизе русулал ритIун руго.

ТIолгоязул хатамлъун хиси гьечIеб Исламгун,
Умматалда гурхIулев ХIабиб ﷺ нилъей къун вуго.

ХIалалгин хIарамалъул хIукмаби жанир ругеб,
Жиндир къадро кIудияб Къуръанги рещтIун буго.
Къимат-жавгьар гIадинал нураниял хIадисал
Расулас ﷺ рицун тарал - гьелги нилъехъ щун руго.

Гьаб Къуръан-хIадисалъул хIукму къабул гьабичIел,
ХIабибасул ﷺ умматлъун рикIкIине бегьиларо.
Гьеб кIиялъго манлъухъе хьвадулареб къавмалъе,
Къиямасеб къоялъул хIинкъи кIудияб буго.

Бокьун цохIо как тарав, тавбоги гьабичIони,
Гьеб базе кколарилан инкаралдаги чIани,
Купруялде гьев ийин имамзаби рекъараб,
Ишкал жинда тIад гьечIеб ШаргIалъул хIукму буго.

Какил кIвар гьабулареб агьлолъун жив вугесул,
ГIумроялдаса баркат бахъулин хIадис буго.
Гьесул лъикIал гIамалал къабулги гьаруларо,
Гьормада иманалъул нургицин хутIуларо.

ЛъикIал чагIаз гьабулеб дугIаялъул баракат -
Гьелдаса махIрумавлъун хутIулиланги буго.
Хвалилъе лъугьиндалги басралъиялде ккола,
Ралъад лъел гьекъаниги къечалъ вухIунги хола.

Хобалъ гьев данде къала, цIадул донкIлъун батула,
ШужагIун акърагI абун борохь тIаде тIамула.
БайчIого тараб какил гIужалдасан байбихьун,
ЦIадул гIарчIалъ къабула хадусеб гIуж щвезегIан.

ГIарасат майданалда тIаде рахъараб къоялъ,
ТIоцобе хIисаб гьаби какдасан байбихьула.

Какил хIисабалдаса ворчIун хадуб лагъасе,
Хадусел умуразул ургъел цIакъ бигьалъула.

Аллагьас фарз гьарурал Исламалъул арканал,
КакгIан амро кIудияб диналъул хIуби гьечIо.
Бокьун цо как тарасе, тавбоги гьабичIони,
ЧIвазе хIукму къотIула ШаригIаталъул соталъ.

ШаргIалъ къабул гьабулеб гIузру жиндир гьечIого,
БайчIого тараб цохIо какил хIакъ тIад хутIани,
БетIергьанас гьесие гIафвуги гьабичIони,
Гьес жужахIалъуб бала лъабкъоялда анцIго сон.

Аварагас ﷺ холелъул, каранде рухI щведалги,
Какил аманат гьаби Анасица бицана.
Аллагь, Дуца тIобитIе ТIагьаясул ﷺ гьаб уммат,
Исламалъул хIобода къвал бан тIагIат гьабизе!

Къол щуябго балеб как квешал гIамалаздаса
Инсан нахъе чIваялъе сабаблъун гьабун буго.
Бочча тараб гьоялда гьев релълъон вахъун вуго,
Гьой бухьунеб рахаслъун инсанасе как буго.

Аллагьасда цеве чIун щуябго как тIобалев -
Щибаб къойил щуцIолго бацIцIадаб лъелъ чордолев
Чиясда релълъун вуго, мунагьал чуриялъулъ.
Манлъе, Аллагь, Дуцаго Дуда цере чIолеб куц!

Дуца гьидаят гьарун нухда тIоритIичIони,
БитIараб нух нижеда манлъулев чи гьечIелъул,
Манлъизе гьунарги кьун ракьалда Дуца тарал,
Дур уманаалдаса ратIа гьаруге, Аллагь!

Амин!

# ХIАБИБАСУЛ ﷺ КЪАДРУ-КЪИМАТ

ХIабибасул ﷺ къадру-къимат
Къуръаналда рехсонлъидал,
Халкъалъ хъвалел манакъибал
КъатIраялда релълъон руго.

Къудраталъул БетIергьанас
Гьесул тIокIлъи бицунлъидал,
ТIокIаб къимат гьесий кьезе
Инсанасул хIал кIоларо.

КIвараб хIалалъ ТIагьа ﷺ веццун
ТIолго гIалам кIалъаниги,
Макаримул-ахлакъазул[1]
Къадру лъазе рес щвеларо.

Расуласул ﷺ мугIжизатгун
МигIражалъул асаразулъ,
Аллагьасда гIилмо хассаб -
ГIемер хIикмат жаниб буго.

Жиндие лъай щвечIебщинаб -
Инсанасул тушман буго,
Агьлолъун жив вижаралъулъ
Жив-живасул къисмат буго.

Жиндир рекIелъ къарарлъарал
ЛъикIал-квешал пишабазул,
КигIан балъго гьаруниги
ЛъачIого махI хутIуларо.

---

*[1] ЛъикIал тIабигIатазул.*

ХIабибасде ﷺ гьечIеб рокьи
Загьирлъизе биччаларел,
Зазил цIурал гъутIби гIадин
ГIодор чIола мажлисалда.

Мавлид ахIун, ракIал чучун
Расулуллагь ﷺ веццулезде
Рази гьечIеб балагьиялъ
Бицуна гьел инкарчагIи.

Аллагьасул халкъ загьирлъи
Къарарлъараб хIукмуялда,
ХIарщалдасан Адам вижин
Иблисалъе захIмалъана.

Эсий сужда гьабейилан
Амро жинде гьабуниги,
Жиб бижараб Халикъасде
Инкар кквезе намуслъичIо.

Аллагьасе бокьаралда
РазилъичIеб илбисалъул,
Арабщинаб гIумроялъул
ГIибадат-дин пасалъана,

"Дун" - абураб цо рагIиялъ
ГIалим абун чIухIун чIараб,
ЛагIинилан[1] цIарги ахIун
ЦIобалдаса махIрумлъана.

ХIабибасул ﷺ нуралдасан
ГIалам бижин захIмалъарал,

[1] *Жиндие нагIана кьураб.*

Занадикъазул[1] къулубал
Къасаваталъ[2] пурччун руго.

РахIматалъул Аварag ﷺ - ан
Аллагьас гьев тIаса вищи
Тащвишалъул[3] агьлоялда,
Эбги мекъса бихьун буго.

АсхIабзаби, табигIинал,
ГIасрабазул мужадидал,
Жудер кашфо-караматал, -
Киналдаго лъуна бугьтан.

Автадалги, акътIабалги,
Ахасазул хаввасалги, -
Аллагьасул гьаб боялда
Божулев чи азул гьечIо.

Жидер цIияб мазгьабалда
НахъвилълъинчIевщинав инсан,
Агьло-къиб[4]лат вугониги,
Вуго азий мушрикинав.

Щуго рукну Исламалъул
Аллагьас фарз гьабун буго,
Анлъабилеб рукну азул -
Уммат капур гьаби буго.

Аллагьасе бацIцIадаб рецц,
Жив лъазелъун нилъ рижарав,

[1] *Зиндикъасул (къосарал чагIазул).*
[2] *БецIлъи, ракI биццалъи.*
[3] *Щакдари ккезабулеб.*
[4] *Как балеб агьлу.*

Алжан-жужахI гьечIониги
Жиндий лагълъи мустахIикъав!

ХIабибуллагь - АхIмадиде ﷺ
РикIкIен гьечIеб салат-салам!
РекIел матIу бацIцIаразда
Бераздалъун жив вихьулев,

Жиндир бицен гьабунагIан
Гьуинлъулеб хабар буго,
Хивал жиндилъ хIалтIанагIан
ЛатIаифал чIолел гьечIо.

ЧIаго вукIун дунялалда
Даимлъараб къуваталъе,
Къабруялъув лъунин абун
Лъугьа-тараб ками гьечIо.

## ЧАХЪАБАЗУЛ ТІОМАЛ ТІАД ХХУРАЛ ХЪОРМАЗ ...

Чахъабазул тIомал тIад ххурал хъормаз,
ТIутIун балеб буго Исламияб дин.
Долларал гIемерал Масуниязул,
Магъриб-Машрикъалде щун буго сихIру.

Суннат цIунанщинал шайихзабазда,
Ширкалъул агьлоян бугьтаналги лъун,
Гьидаяталъул нур бихьичIеб къавмалъ,
Мекъса цIалеб буго загIипаб уммат.

Аллагь рехсеялъул лазат къулчIичIел
Бахьикъосаз буго гIалам гуккулеб,
ГIилмоялъул магIна жодода лъачIел
Жагьилзабаз буго питна бекьулеб.

БетIергьанас кьураб гIилмоялдаса
ГIалимзаби чIухIи хIикмалъи буго,
ХIабибасул ﷺ щвараб ирсалъул къимат
Агьло гьечIогодай гьазда лъалареб?

Ургьиб загьро бугел хIурайжи борхьал
ХIалхьезегIан ругоида сверухъги,
Муридасул рагIдукьахчун хьвадулел
Чарал гIадамалги дагьалго гьечIо.

Дарудае кунеб гьацIул хъабиниб
Хъублъаби жоралел жасусазул бо,
Жакъа дида аскIор у-янги рукIун,
Элъ тIаса ккеладай махIшаралъул къо?

Макро-хIиллаялъул гвендалги рухъун,

Дихъе хьвадулезул хьул лъолеб щибдай?
Дие данде кколел харбалги рицун,
Хиянат гьабулел лъала цо къоялъ.

Царал махI бахъарав гьудуласдаса,
Гьой гIадин хьвадулев тушман вокьила,
Кьалбалъ гъая ккараб гъветI къачIазегIан
ГьечIого маслахIат ахихъанасе.

Араб заманалъул халгьабун бихье,
Хварал умумузул тафаккур[1] гьабе,
Гьезда гъорлъ букIараб кьер-кьераб тайпа, -
Ракьалде вуссинчIев чи хутIун вугищ?

Чан, дин-Исламалъе рукнулъун чIарал,
РукIинчIел гьезда гъорлъ агьло-хIакъикъат,
Эзул хьолбохъги чIун, у-янги абун,
Балъго хиянатлъи чамас гьабичIеб?

Чахъу-хIайванниги, хIутI-хъоморниги
ХIисаб-суалалъе ахIулеб къоялъ,
Дица гьабурабги дий гьабурабги
Гьениб загьирлъила макрогин хIилла.

---

[1] Пикру.

# МУНАГЬ-ХАТІАБАЗУЛЪ ТІЕРХЬАРАЛ НИЛЪЕХЪ

Мунагь-хатIабазулъ тIерхьарал нилъехъ
ТIадегIанав Аллагь валагьун вуго,
Гьарун цере арал квешлъабадаса
Руссаян ахIулеб къуръанги буго.

Араб гIумроялъулъ тохлъи ккаразе,
Тавбоялъул гъапу рагьухъе буго.
РакIбухIун рачIарал гIусатазеги,
ГIафвуялъе РахIман гъоркье чIун вуго.

ЧIагоял инсазул аслияб рижин
Исламалда бугин хIукму гьабуни,
ХIадул-булугъалде[1] гIумро щун хадуб,
ГIакълоялъ цIаралъуб батула къисмат.

Бахьи кьун Халикъас тIовитIарав лагъ,
БитIараб нухаве гьеб гIужалъ ккела,
Гьединаб тIоритIи тIалиб горесе,
ТIахьаца бицухъе щолебги гьечIо.

Гьеб гIолохъанаб гIуж гIемерисезул,
Жагьлоялда унеб къагIида буго,
ГIиссъян-фискъоялъул ургъелго гьечIеб,
ГIанчIаб заман буго гьеб гIолохъанлъи.

Лъеберго соналде гIумро бахиндал,
Ихтибаралъ[2] гIакъло гIатIид гьабула,
Гьанжи мехтарав чи вигьарав гIадин,
ГIемерисез бутIрул гIодор къулула.

---

*[1] Балугълъиялде.*
*[2] ХIалбихьиялъ.*

Гьалагаб гьаваялъ, гьагаб хьвадиялъ,
Гьанжи лъала гьесда мекъса рехарав,
Саяхъал гIамалаз, гIантал пишабаз
ГIумроялъулъ загъро жобан батула.

Гьанжи мун кватIанин тавбоялъеян
Ҭушман-иблисалъ дуй макро гьабула,
Гьелъул мурадалда тIад рекъон нафсги,
БитIараб бугилан данде бахъуна.

Дур гIумро жегиги нахъе бугилан,
Буго гьелъул цойги макро хIалеб куц,
Метералде тавбо тасвифги[1] гьабун
Гьелъ дуда манлъула дунял гIуцIизе.

Дунялги рехон тун халваталъув мун
ЧIезеги кколарев, мекъса бичIчIуге,
Бегьараб куцалда, ШаргIалъ манлъухъе
Хъизан-лъимал хьихьи дуда тIад бугеб.

Дунялгин ахират, - кIиябго цадахъ,
Цо кепалда ккурав пашманлъиларо,
Цояб тун, цояб ккун гIумро гьабуни
Гьалаглъиялдаги хIинкъи букIуна.

КIикъого соналде вахиндалниги,
Хвалил ургъалиде вуссине ккела,
Васият цIигьабун, пардавал къачIан,
Къо тIаде щвелелде хIадур вукIине.

Васият гьечIого хварав абуни,
Ахраслъун[2] вукIуна гьев барзахалда,

---

*[1] Нахъеги тIамун.*
*[2] МацI ккуравлъун.*

Гьесие кIалъазе изно щоларо,
МахIшаралда тIаде вахъун горони.

ТIолго гIамалалъулъ мунагь кколарев,
ВукIунаро инсан, анбияал тун;
Автадал, акътIабал, агьлул-магIрифат[1]
Гьалги мунагьазулъ ккезе бегьула.

Гьездасан кканиги мунагь-хатIаби,
Хуруе ракалда релълъун рукIуна,
РакIбухIун, хIайранлъун, авбоги гьабун,
Таракъи[2] щвеялъе сабаблъун ккола.

Сонал кIикъойилъа борчIун хадуса,
Халгьабизе ккела дурго черхалъул,
ЛъикIаб гIамал дагьлъун, мунагь цIикIкIун ккун,
Гьанжи ватаниги тавбо кIочонге.

Чанги чи ватила как-кIал гьечIого,
Араб гIумроялъул хIисаб гьабулев,
Гьанжи гьел рецIизе хIал кIолебищан,
ХIал хъубаб шайтIаналъ гуккула вугев.

Воре, диналъул вац, дур хIалкIванагIан,
КIалалги какалги рецIизе лъугьа,
БацIцIадаб тавбогун гьелда мун хвани,
ХутIаразда тIаса Аллагь лъугьунев.

Гьесул рахIмоялде данде росани,
Дур мунагь-хатIаби цIакъго дагьал жал.
БацIцIадаб дур тавбо къабуллъун хадуб,
ЛъикIлъабилъун хъвалел дур магIсиятал[3].

*[1] Аллагь лъалеб агьлу.*
*[2] Эхеде рахиялъе.*
*[3] ГIассилъаби.*

Мунагь сабаблъунги Алжаналъуре,
Унел муъминзаби тавбоялъ рачун,
Рияъ[1] -сумгIаталда[2] гьабураб тIагIат -
Гьормалъ гьебги кьабун къотIулел цере.

Къудраталъул Аллагь, дур хIал кIолелъул,
ХIабибасул ﷺ уммат кантIизе гьабе!
Гьаб пасатаб заман, загIипал нижго,
Зулму тIаса босе бусурбабазда!

Дур рахIматалъул цIал мугъалда кьабун,
Гъафлаталъ мехтарал ниж ригьинаре!
Гьидаяталъул нур ракIазулъе тIун,
БитIун ккезе гьабе нижер гIакъидат!

Амин!

---

*[1] Рихьдае гIамал гьаби.*
*[2] РагIизе гIамал гьаби.*

## Я ХИРИЯВ АЛЛАГЬ,
## ХАЛКЪАЛЪУЛ МАГIБУД …

Я хирияв Аллагь, халкъалъул МагIбуд,
Хира гьавун Дуца вижарав ХIабиб ﷺ, -
Гьев вокьун ахIулеб хIасратаб мавлид,
ХIарам гьабулезда гьабулеб жо щиб?

Гьесул нуралдасан Дуца халкъ бижун,
Бати захIмалъарал хIасадчагIазул,
ХIабибуллагьилан ﷺ цIар ахIулебцин,
Эзул гIадат гьечIин, гIажаиблъи щиб?

ГIаламалдаса гьев Дуе хиралъи,
ДагIбадул къавмалъе къабуллъун гьечIин,
Къацандун ритIухълъи тIалаб гьабулел,
Гьазул иманалде кинаб цIар лъелеб?

Кинабго халкъалде расуллъун витIун,
Дуца тIокI гьавурав кIудияв ТIагьа ﷺ,
Гьесде салат битIун, сухIбат гьабицин,
Гьал вагьабияца нахъе чIвалеб куц!

Намус киндай гIолеб, гIазизав Аллагь,
АхIмад ﷺ, хабалъ лъедал, хванин абизе?
Адаб теялъ гIорхъи бахин гIеларищ,
Хвараб балканалда гьев релълъинави?

Гьазул талихIалъул къосин бихьулищ,
Бичас кьураб рахIмат боссе лъаларел,
Борхьида къабизе гIанса-тIилгIанцин,
ГIаламалъул ШафигI хIажалъуларел.

ХIабибасде ﷺ рокьи гьечIолъиялъе,
Гьаб хIужа гIеларищ вагьабиязул,
Вокьулин абизе бакI хутIулебищ,
Хун хадув балканлъун гьев рикIкIунезе.

Гьазул амро, Аллагь, Дуде тIамунин,
ТIагьа ﷺ вокьиялъул кье нижей давла,
Кьал ахIун ХIабибгун ﷺ дагIбаданиги,
Дурго лагъзал ругин бокьараб гьабе.

Гьабун бажарулеб дин гьечIониги,
Диени вокьула хирияв ХIабиб ﷺ.
Халикъасе тIагIат дагьлъун кканиги,
Дица хьул гьабула шафагIаталде.

ШафигI вокьулеца гIуцIараб мажлис
ГIаршалде щвезегIан нуралъ гвангъула,
Нус-нус квешаб мажлис тIаса иналъе,
Гьеб сабаблъулилан тIахьаз бицуна.

ТIолго умматалъул салатгин салам
СаяхIуназ[1] босун ТIагьахъе ﷺ щола,
Гьесда хурхен бугел хулафаазул
Хассаб рохьен буго кквезе лъарасе.

Кисан ахIаниги АхIмадил ﷺ жаваб,
МахIбубасе[2] щола, шартIал тIорани,
ТIолго силсилаталъ[3] цуцахъе кьолеб,
Сирияб[4] ток бугин, кантIуларел щай?

---

*[1] Киса-кирего щолел малаикзаби.*
*[2] Вокьулев Аллагьасухъе.*
*[3] Устарзабазул рахасалъ.*
*[4] Балъгояб.*

ШафагӀат гьарулеб ахӀи бачӀиндал,
Аллагьасде ХӀабиб ﷺ хӀелун гьардола,
ХӀурмат тӀокӀав гьудул къабулги гьавун,
Гьарулев лагъасе жаваб гьабула.

Гьадинаб рахӀматлъун ХӀабиб ﷺ кьуралъухъ,
ХӀал кӀоларо, Аллагь, Дуй рецц гьабизе,
Дур фазло-цӀобалде гӀашикъал лагъзал,
ГӀайибал рахчун тун рохизе гьаре!

## ЖИБ ККУРАВ ВОХИЧІЕБ ЧІУНТАРАБ ДУНЯЛ …

Жиб ккурав вохичIеб чIунтараб дунял
ЧIаго гьабиялъ нилъ хвасарлъиларо,
Хараблъулеб хIакъаб заманалъул рукъ
КъачIазе лъанилан Алжан щвеларо.

Алжанал гIуцIулеб гIибадаталда
Даим гьабе жасад[1] чIаго вукIаго!
ЧIухIараб нафсалда кверщел батизе,
Зикру гIемер гьабе гIакъло бугелаз!

ГIисъян-фискъуялъул гъатал лъугьараб
Гъафулаб ракIалъе кIутIе мачIу-сакI!
МатIиятул-фитнат[2] гIодоб буссине,
ГIирфан тIалаб гьабе[3] тIалиб ватани!

ТIад пихъ балареб гъветI гванзаб букIунин,
Божуге нуж гьелъул берцинлъиялда,
Бицунеб хабаралъ гIей гьабуларин,
Гьабулелъухъ балай ихтибаралъе[4].

Баси квегъичIони оц лъугьунарин,
ГьитIинго куце черх гIибадаталъе,
ГIолохъанлъиги ун херлъи речIчIидал,
Дунялгин ахират хутIулин гIодоб.

Ахирисеб хIохьал битIун ккеялъе,
Жиб кIалдиб ругьунлъи гIаламат бугеб,

---

*[1] Черх.*

*[2] Питнаялде рачунеб нафс.*

*[3] Аллагь лъай.*

*[4] ХIал бихьиялъе*

ГIодов чIаралъувги тIад вахъиндалги,
ТIадчIей гIемер гьабе Аллагь рехсезе!

Сафаралъ вахъине къасд дур батани,
Вакъидал кваназе квен кIочон тоге,
Квачани ретIине ретIелги босе,
РекIине жо щвани, - гьебги балагье.

Божараб гьалмагълъи цадахъ бугони,
Бигьалъулеб дуе сапаралъул хIал,
ХIал нухалъул лъалев далил ккунани,
ХIинкъиги дуй гьечIеб къосун ккеялда.

Гьал хIаваижазулъ[1] мусафиразул[2]
Ресалда рекъараб къокъа букIунеб,
Бищун дагьабниги хIадурлъи бугес,
Бухьине бегьулеб хIалалаб сапар.

ХIалкIолеб бугони цIикIкIун босизе,
Суннатабги бугеб, тох мун ватани.
Тупалъго хIадурлъи дур батичIони,
ЧIаха гьудул рокъов рес рекъезегIан.

Рехсараб куцалда сапарги бухьун,
Масала, мун щвела ХIижаз ракьалде.
ХIаж-гIумра гьабизе нийййатги гьабун,
Гьанжи байбихьила рукну тIубазе.

Пачалихъал къотIун, гIорхъаби рахун,
ХIажалде мун къокъи - ТIарикъат буго,
Микъаталдеги щун нийййат гьабидал,
Гьанжи мун лъугьана сулук гьабизе.

---

*[1] ХIажалъабазул.*
*[2] Сапаралда ругезул.*

Гьаб хIажалъул кири камил гьабизе,
Кинавго чиясул рес рекъеладай?
Рукнабиги тIоран, тIадалги гьарун,
ТIокIабщинаб тани хIаж хун инадай?

Жив-живасул гьунар, бажари бихьун,
Босизе рес гьечIищ хIажалъул кири?
Камалаталде[1] щун гьеб тIобайзени,
БитIараб бицани кIвелин кколаро.

КIванагIан цIакъбахъун, нухлуй хIал кIолев,
ХIаж гьабичIого чIей битIун букIинищ,
ШаригIас тIад лъураб налъи тIобайзе,
ТIаде босугеян аби кин кколеб?

Амма рехсон араб сулук абуни,
Саликас къотIулел макъамал руго,
Макьилъ рихьизецин хьул нилъер гьечIел,
Хьул буго гьалъ дуе гIей гьабилилан.

Гьанжи, кинабго лъин чурук батани,
Таямумги гьабун тIубай, гьудул, парз.
ТIолго магIишатал хIарамлъун хадур,
ХIалаллъи бокьарав къут[2] гIей гьабун чIа,

ГIурдада квараб хер ракде буссиндал,
Рахьдал гъвари цIолеб гIакдал хал гьабе.
БетIергьанас жиндий рокьарал лагъзал,
Бокьухъе цIунулел хIарамалдаса,

Дунял рехон тарал зугьадазулги,
Даражаби ругел, жамал, мун кантIе!

---

*[1] Камиллъиялде*
*[2] БетIербахъулеб къадаралда (ай чара гьечIеб къадаралда).*

Жакъа, лъагIалие иддихар[1] бугев
Аллагьасул гIабид загьид[2] вукIуна.

Дунялалъул кверщел кодобеги къун,
Кинабго мулкалда[3] ханлъунги гьавун,
Халкъалъе Расуллъун тIаса вищарав,
Сулайман авараг ﷺ загьид вукIарав.

Заман хисунилан, халкъ квешлъунилан
ЛъикIал чагIи камун Ракь хутIулареб,
Ахир заманалда гьел кисайилан
Кинго бегьиларо РакIалде ккезе.

ДонкIги бухъун ракьулъ гIодов кканиги,
РакI къватIиб бугони халват кколареб,
Халкъалда гъорлъ вукIун, ракI Аллагьасда
Хурхун халват гьаби - гьеб бищун цIакъаб.

Гьаб халват гьабулел балъго рукIунел,
Баинун-каинун гьезде абулеб.
Аллагьгун ракI букIун, халкъгун черх букIун
Чангияс гьабулеб гьадин рияза[4].

Саброялъулъ дагьав факъирасдаса,
Щукру бугев гьани[5] хирияв вугев,
Халкъалдаса гIузлат[6] гьабиялдаса,
ХултIат[7] беццун бугеб жагьил чиясе.

---

*[1] Нахърател.*
*[2] Дунял тарав чи.*
*[3] Ханлъиялда.*
*[4] Черх квегъи.*
*[5] Бечедав.*
*[6] ВатIа кIанцIи.*
*[7] Гъорлъ жовай.*

Жагьилавги вукIун ватIа кIанцIани,
ГIилмо лъаялдаса махIрум хутIулев,
ЛъачIого гьабураб гIибадат-динги
ГIурдаде хьан тараб хьон гIадинаб жо.

ГIилмоялъул рахъалъ кифаят[1] бугес,
Кквезе беццун бугеб рукъалъул бокIон,
Беччантун, халкъалда гъорлъ бегьулареб,
Гьойлъун живго жинда вихьигун цадахъ.

Бицунеб рагIиги борцунеб ххамги
ЦохIо микъясалда[2] даимлъулареб,
Къокълъи-халалъиялъ заман-маканалъ[3]
Кайфият[4] хисулеб, аслоги цIунун.

КIиго кавичкаялъ жанив вачани,
Чанги гIакъил вугев, Жамал, ракьалда,
Жив-живасул гIилмо, гIамал-хасият,
Халикъасда аскIоб мекъса ккогеги!

Манлъа-хъвай хIажатал гIолохъабазе,
ГIакъло дир рахъалъан - Дин-Ислам цIуне!
Дунял-ухраялъул пикро гъабулес,
Гъудул тIаса вище ШаригIат лъалев.

Щибниги мунфагIат дие щоларев,
Дидасан босизе анищги гьечIев,
ЧIаго хварав чигун данделъиялъулъ,
Дидани батичIо зарал гореб жо.

---

*[1] ГIураб гIилму.*
*[2] Роценалда.*
*[3] БакIалъ.*
*[4] КъагIида.*

## ИБНУ-САКЪАЛ КЪИСАЯЛЪЕ КЪИМАТ КЬЕЗЕ БАЖАРАРАС …

Ибну-Сакъал къисаялъе
Къимат кьезе бажарарас,
Босила цIакъ цIикIкIун пайда
Дунял-ухра бечелъулеб.

Элда жанир ругелщинал
ХIикматазул халгьабурас,
Хасел щведал турулареб
Бищила пихъ риидалго.

Щибаб рагIул магIнаялде
ГIибрат гьабун валагьарас,
Нафсалда тIад кьилиги лъун
Кьалул майдан сверун кквела.

Самавияб лутIфуялъул[1]
Дакъаикъал ричIчIарасда,
"Дун" абураб рагIулъ бугеб,
Дарман гьечIеб, загьру лъала.

Лъаялдаса пахрулъарав
Халикъасде щун рагIичIо,
ШайтIабаца кварги бухьун
Хьихьула гьев палугьанлъун.

Гьаваялда нахъвилълъарав
Нахъа вохи щакаб буго,
Щукру тани нигIматалги
Никъматаллъун[2] кколел руго.

---

*[1] Зобалалъул гурхIел.*
*[2] РецIел, ццим бахъинлъун.*

Калам-гIилмо гIемерлъиялъ
ГIифраналъул гъапу къала,
Къулабазда кьаву чIвайдал
Дуниялалъ хадур цIала.

“Дица” - йилан абулесда
Иблисалъ тIад квер бахъула,
Нафсаниял хIузузаца[1],
ХIилла гьабун, лагълъун ккола.

Лагълъиялъе жив вижарав
Халикъасул амро тола,
Иманалъул нурги тIагIун
ТIугъйаналъул[2] мугъру чIвала.

Мунагьазул[3] кIвар гьаби тун
Тавбоялде вуссунаро,
Исламалде мугъ рехарав
Муртад лъугьун гьалаглъула.

Мун вокьиялъ Дуйги рокьун,
Дур рахIматалъ сверун ккурал,
Сулукалъул[4] церехъаби
Лъайзе тавфикъ гьабе, Аллагь!

Гьезул адаб-хIурмат кквезе
Илгьамияб гIилмоги кьун,
ГIадамазул женаздаса
ЗагIифал ниж цIуне, РахIман!

---

*[1] Нафсалъул мурадаз.*
*[2] Къосиналъул.*
*[3] Хвалил.*
*[4] ТIарикъаталъул.*

Мун разилъи тIалаб гьабун
ТIагьаясде ﷺ балеб ахIи,
Гьесул хIурматалъе гIоло
НахъчIвайчIого къабул гьабе!

АкътIабазул баркаталде
Хьул гьабулел муъминзаби,
Мунагьазда тIаса лъугьун
Гьелгун цадахъ даим гьаре!

Дур ццин бахъин рештIун хадуб
ТIагIаталъул пайда гьечIин,
Гьаруге ниж, я БетIергьан,
Бахьи гьечIеб къавмалдаса!

Дуй гьабулеб лагълъиялъулъ
Гъаплат-гъалатI цIикIкIаниги,
ЦIоб гIатIидав нижер Бечед,
Мун разилъи – матIлуб[1] буго.

МугIрул гIадал ругониги,
Мун разияв лагъ ватани,
Мунагь-хатIа гIемерлъиялъ
ГIабид гьалаг гьавиларо.

Риязаялъ[2] черхги квегъун,
Гьаваялде воржаниги,
Дур ццин бахъин щун хадуса
Хвалда витIун чи ккеларо.

[1] *Мурад.*
[2] *Нафс квегъи.*

Хирияв Дур ХIабибасул ﷺ
ХIурматалъе гIоло, Аллагь,
Агьлолъун ниж гьечIониги,
Гьаре Мун разияздаса!

Гьесул умматалда гъорлъан
Агьло-ссуннат цIакъ рокьулел,
Рокьаралгун рахъинаре
Ниж ГIарасат майданалда!

Амин! Амин! Амин!

* * * * *

БитIи-тIекълъиялъул тIалаб щайгорин,
ТIаме абе ябу, бергьун букIине.
КIалдиб бугеб мацIги - ракьа гьечIеб жо,
Бокьараб бицине Эхтияр буго.

* * * * *

Хурзабахъа бакIарун цогъронибе бан бугин,
ГIакълодул роцен босун, борце анищ ккараца.
БорцинчIебги цIайчIебги дурус букIунарелъул,
Лъун рихье цIадираби цIай ножорго пикрабаз.

* * * * *

# ИНКАРЧИЯСУЛ ДАГІБА КИДАГО КЪОТІУЛАРО …

Инкарчиясул дагІба кидаго къотІуларо,
БитІараб бицаниги берцинги бихьуларо.
Бицунебщинаб рагІулъ хІасадги загьирлъула,
ХІалалъул, мацІалдасан, мурадги къватІиб чІвала.

Къецалъул гъапуги дос дандего бачунаро,
Дандиясда у-янцин абизеги толаро.
Инсанасул жибиллат[1], жагьлогин[2] сагьву-гъалатІ
ТІаде босизегІан гьесхІуд мегІер баччила.

Илагьияб нуралъул асар щварав муъминчи,
Чияр налъулав гІадин гІодов къулун хьвадула.
ГІирфаналъул[3] иццухъе адабалда вачІарав,
ЧІобого хутІуларо килищ ччуйзе щваниги.

Шайихзабазул низам агьлоялда цІакъ лъала,
Эздехун дагІба гьабун гІакъилав кІалъаларо.
ГІарифуназул[4] рахас Расулас ﷺ ккураб буго,
Кинасда хІунчаниги ХІабибасда ﷺ унтула.

Изно сахІихІав[5] маъзун накъисав[6] вугониги,
Гьес гьабулеб тарбият камиласул букІуна.
Расуласда ﷺ хурхараб силсилат букІун хадуб,
Бегьула гьес манлъизе ТІарикъаталъул вирдал.

---

*[1] ТІабигІат.*
*[2] Жагьиллъи.*
*[3] Аллагь лъаялъул.*
*[4] Аллагь лъалезул.*
*[5] КьучІав.*
*[6] Камиллъун вахъичІев.*

Вилаятал хIасуллъун макъамал щвечIониги,
Щоларо гьесул зарал кинго муридзабазде.
Кумалазул[1] хъатикьан гьес бикьулеб садакъа,
Сидикъун Акбарасул карандасан букIуна.

Камилго загьир-батIин тIобарав шайихасде,
Зул-жанахIайнийилан аулеб гIадат буго.
Дирни мисал босани - месед-гIарцол рогIразда,
ГIамал тIагIун бацIцIараб цIулал цо рогIрил буго.

ГIилмогин гIамалалда дагIба байзе рес гьечIеб,
Дунго дихъа нечараб хIалги - дир макъам буго.
ХIабибас ﷺ Савруялда[2] Сидикъасде манлъараб,
Балъгояб зикруялде ракI гьейиги букIуна.

Гъаплат[3] -гъалатIалдаса, гIисъян[4] -фискъуялдаса,
Радалгин бакъанида истигъфарги гьабула.
Адаб тей-такъсиралда тIаса лъугьиневилан,
ТIадгIанав Аллагьасде хьулалдаги вукIуна.

Я Рабби, тIаса лъугьа, нижер загIиплъиялда,
Заманалъ ниж рачараб жагьилаб хьвадиялда!
Дуца нигIматлъун кьураб исламалъул гьуинлъи,
Лъайзе гьабе, БетIергьан, ТIагьал ﷺ гьаб умматалда!

*[1] Камилал чагIазул.*
*[2] Нохъоялъул цIар.*
*[3] Гъапуллъи.*
*[4] ГIассилъи.*

## ЧАНЦІОЛ БОРЦАНИГИ МЕТРА ГІОЛАРЕБ …

ЧанцIол борцаниги метра гIолареб,
Ххамил кесекалъул мисал кканиги,
Исламалъулъ бугеб унтуда тIасан,
Ирга щвечIониги гьабуна кIалъай.

Гьунар бугелщинал лъай бахчун чIедал,
Лъараб бицинчIого дунги тIовайчIо,
Диналъул кIвар гьечIез агьан таниги,
Игьтимам[1] бугезе гьаб дир сайигъат.

Дуньялалъе гIоло хабар бицунев,
Хаинлъун[2] ватани, тураги дир черх,
Халкъ мекъса тIамулев жасус ватани,
ЖужахIалъ бухIаги нусабго лага.

НасихIаталъе чи камуларилан,
Кици буго нилъер дол умумузул,
Манлъараб босизе чи тIагIагиян,
Чара бухIарасул хьами букIуна.

Бицине тIамидал кIал рагьарав дир,
Дуда лъала, Аллагь, загьиргин батIин,
БитIараб-тIекъалъе хIукму къотIулев,
ХIаким Мун вугелъул дие ургъел щиб.

---

*[1] КІвар кьей.*
*[2] Хиянатчи.*

## МЕГІЕРГИН ГІАЛАХ ЦІУРАБ, ВЕХЬ ГЬЕЧІЕБ БОЦІУДАСА

МегIергин гIалах цIураб, вехь гьечIеб боцIудаса,
Вехьасда цере ругел цодагьал чахъаби лъикI.
Рехъада гъорлъго гьечIеб кьарияб куялдаса,
КигIан хIалакъабниги, къавулъ бугеб бокьила.

Къолоца гьирал кьолеб хIалбахъин къварагIарас,
ХIалбихьун лъай щваралаз манлъухъе рекье хурзал.
Базаралдаги виххун заман хвараб гIоларин,
Зарал-хайир халгьабе гьеб дурго гьийиналъул.

Данде гьабурабщинаб магIишат-яшавалъул,
Щибаб жо цIуничIони чIвала мун нахъа къватIив.
ЧIало-рахи цIунизе Iадхъел бугони гIола,
ГIарацгин меседалъе сундукI букIине ккола.

БоцIи бичун, гIи босе, гIачи речIчIун, щарал чIвай,
ШаргIалъ бегьизабураб бегьуларин абуге.
БегьанагIан дуего хайир цIикIкIараб гьабе,
ГьацIулъе загьро ккезе воре, дуца биччаге.

Дурго сафаралъул нух эбелаб тIаса бище,
Сохъмахъазул къварилъухъ къор гьей гIемер букIунин.
РакIчIарав, божи бугев далилги тIалаб гьаве,
Гьев сабабалъе тIамун тIовитIилев мун Бичас.

## ЭБЕЛ-ИНСУЛ ТАРБИЯТАЛЪ

Эбел-инсул тарбияталъ
Лъимал хьихьи хIакъаб буго,
ХIакъалдехун инкар гьабун
Киданиги чи бергьинчIо.

Керенги кьун лъимер хьихьи
ЛъагIелалъул боржал ккола,
ЛъагIун хадуб байбихьула
Лъимер кванде ругьунлъизе.

РетIел ретIун къачIадула,
ЧIамун кIалдиб квен-тIех лъола,
Киналниги хIаваижал[1]
Умумуца тIоритIула.

Гьелда хадуб гьеб лъимадул,
ЛъагIалаби сверун хадуб,
Бекун кодоб чед кьуниги
Квине гьунар хIасуллъула.

Кванарабгин квегIаб рахъ лъан,
ЛъикIаб-квешаб батIа гьабун,
Гьанже васас къасд гьабула
КъватIив вахъун васандизе.

КъватI бихьула, росо лъала,
Лъималазулъ ругьунлъула,
ЛъикIабниги квешабниги
Киналдаго гъорлъе ккола.

---

*[1] ХIажалъаби.*

Кивехун вас ананиги
Хадуб инсул бер букIуна,
Эсул ургъел тIаса араб
СагIатгицин букIунаро.

Сонал уна, васги гIола,
ГIолохъанлъи байбихьула,
ГIумроялъул нух манлъизе
Хассаб тартиб къваригIуна.

Хъизан гьабун, рукъ кквезабун,
КъваригIараб кодобе кьун,
Бокьухъе вукIаян абун
Инсуца вас виччан тола.

Амма гьезул гьоркьорлъаби
Гьоркьосаго къотIичIого,
Къойилго хIажалъаниги,
ЛъикI рукIине тIадаб буго.

ТIун рехараб лага гIадин
Вас ватIалъун бегьуларо,
Инсудехун мушавара
ГьабичIого тIоваларо.

ХIинчI-гъедоялъ тIанчIи рахъун
РукIнир хьихьун гIезарула,
ГIажизлъиялъ ккун рукIаго
КIалдибги лъун ризкъи кьола.

Куркьбазда рас бижун хадуб,
Роржун ине хIал кIун хадуб,
Нух битIаян бетIербахъи
Гьабизеги реччан тола.

Унтарав чи гIажизлъула
ГIавноялде[1] хIажалъула,
ХIал кIолесул комекалде
КкечIого гьев тIоваларо.

Унтиги ун, сахлъи бачIун
Саламатав чи лъугьиндал,
Чияде ккей тIасаги ун,
ТIовала гьев живго жинца.

Жиндир чорхолъ унти гьечIев,
Тохторасде ккечIониги,
Кколел гIемер рукIунелъул
Раккизе те больницалде.

Бихьизе черх бугониги,
БатIинияб унти гьечIев,
Азарида гьоркьов цоги
Гьанжи киса данде чIвалев.

Дару тIалаб гьабунщинал
Мушрикинал лъугьун хадур,
Халкъул-гIаламалда гьоркьор
Бусурбаби хутIиларо.

Сабабалъе БетIергьанас
ТIамунщинаб нахъе чIвани,
ЧIезе ккела агьло-тавхIид[2]
КIалдиб борта багIар гIечан.

ЦIаличIого гIалим вахъин

---

*[1] Кумекалде.*
*[2] Аллагь цо гьавулеб агьлу.*

ГIадаталда билълъун гьечIо,
ГIилмоялъул тарбияталъ
Жагьлоялъе нухал къала.

Жиб-жибалъул агьлоялъулъ
Илагьияб[1] къуват буго,
Элги сабабалъе тIамун
ТIоритIула жиндир лагъзал.

ЗагIиплъиялъ сверун ккурав,
Комекалде цIакъ хIажатав,
Жагьилав дун - Дур лагъасе
Сабаб рекъезабе, Аллагь!

Сабабалда хурхинабун
ХIукму-къадар тIобитIулев,
ТIоритIе ниж, я Мусаббиб[2],
Мун разияб гIамалалде!

---

[1] *Аллагьас кьураб.*
[2] *Сабабал рекъезарулев.*

## МАККА-ХIАРАМАЛЪУЛ ГIАЛИМЗАБАЦА

Макка-хIарамалъул гIалимзабаца,
ГIилмоялда рекъон къурал жавабаз,
Наждалъул музиллун суризавурав,
“Сайфул Жабар” цIале лъазе бокьараз.

Лъай гьечIого хъвараб гьесул рисалат[1],
Гьородахъ беччараб магIрифаталъул[2],
Ралъад гъварилъарал къадизабазул
Къавлаби[3] халгьаре хIакъикъат лъазе.

ХIакъабгин тIекъалъе къиматал лъезе,
Лъай бугелаз цIале рехсараб китаб[4],
Лъаларезе гьелъул баян кьезеги
Барахщуге, воре, нуж гIалимзаби.

Наждияв[5] рекIараб гамил хIал лъазе,
Ралъад бихьаниги гIела чиясе,
Гьес жавгьар-якъутан къватIиб бахъулеб,
ГIакъиласда лъала махх-кIач бугеблъи.

Бицун хIалкIолареб гьазул мекълъиялъ,
Ракълил уммат буго кьалде ахIулеб,
Доларазухъ Ислам бичарал чукъбуз,
Рекъон толел гьечIо гьал бусурбаби.

Сверухъ улкабазда гъугъадулеб зоб,
Зулмуялъ мерхьунеб мунагь гьечIеб халкъ,

---

*[1] Кагъат.*
*[2] Лъаялъул.*
*[3] РагIаби.*
*[4] ТIехь.*
*[5] Вагьабияв.*

ГьечIо, вацал,  гьанже гьаб дунялалда,
Гьабилан цIарги лъун кодоб боссе жо.

Купру-нифакъалъул накIкI борханиги,
Бакъул канлъиялъул кеп щолеб гьечIо,
Комунистазул хIал тIаса аниги,
Исламалъулъ цIогьал цIикIкIун раккана.

ЦIар лъезе лъалареб бихха-хочиялъ,
Биял гIодор тIезе тIамуна гIалам,
ТIул бикьарав вацги боцIухъ вичулеб,
БачIун щвана тIаде ахир замана.

Эбел-инсуй гIадло васаз гьабулеб,
Закон-къануналъул къуват лъугьана,
Къарнуялъул ахир рагIалде щведал,
Риба-тижараталъ дунялги цIуна.

Динул-Исламалъул рагIдукь вахчарав,
Чан жасусдай вуго бусурбабазулъ,
Бо чIегIерлъиялъе, - далай бачунел,
Чехьалъул лагъзалги дагь ратиларо.

## ГІАДАМАЗУЛ РЕКІЕЛЪ ВАСВАС ГІЕМЕРАЛ

ГIадамазул рекIелъ васвас гIемерал,
Суал-жавабазул мажмугI тIобайдал,
ТIарикъат гьабулеб диналъул агьло,
Дагьалго танбигьал нуж кантIизеги.

Макка-Мадиналде аравщинав чи,
ХIажи вукIунарин кIочене тоге!
Чанги мискинасе хIажалъул кири,
ХIажго бухьинчIого рокъобги щолеб.

РатIлил формаялда иту бахъиялъ,
Унтараб черхалъе дару щолареб,
Диналда хурхарал харбал рициналъ,
Хъублъараб ракIалъе бацIцIалъи гьечIеб.

МацI-кIалалда рекъон къалбу[1] гьечIони,
Гьесдейин абулеб мунафикъилан,
Нифакъалул асар жаниб цIикIкIиндал,
Жагьло гIилмолъун ккун гIадада холев.

ГIараб мацIги бицун дин балъаргъулел,
Долларазул лагъзал гIагар гьаруге,
ГIилмоялъул магIна жедеда лъайчIеб,
Жагьилаб къавмалде къо лъикIан абе.

Къуръан-хIадисалъул батIин лъаларел,
Лъай гьечIеб агьлогун сухIбат[2] гьабуге,
Суннат цIуниялъул кIвар-агъаз гьечIел,
Агъзанзаби аскIор къайзе реччаге!

---

[1] РакI.
[2] Гьудуллъи.

Зазил гъутIби чIолел ахихъабигун,
Нахъа пашманлъила гьудуллъи ккурав,
ГьацIулъе жобараб загьро лъаларев -
Гьесдаги божуге, жасус ватулин!

## КАЛАМУЛЛАГЬИ-Л-КЪАДИМ КЪУВАТАБ ХВАЛЧЕН БУГО…

Каламуллагьил къадим[1] къуватаб хвалчен буго,
ТIакъваялъул агьлоялъ инкарчагIи гъурулеб.
БахIрул-нубуваталъул[2] гъварилъи цIакъаб буго,
Гъаввасазул[3] горони жаниб хIал рекъолареб.

Ункъавго имамасул гIилмоги - жавгьар буго,
Жагьло гIемерлъунилан къимат гьелъул холаро.
Агьло-тасавуфалде инкар кквей - загьро буго,
Самун-къатил[4] абула элдеги хIалбихьараз.

---

[1] Аллагьасул цебегосеб калам.
[2] Авараглъиялъул ралъад.
[3] Жанир рукъулел.
[4] ЧIвалеб загьру.

## КЪУРЪАН-ХIАДИСАЛЪУЛ МАГIНА ГЬАБИЗЕ

Къуръан-хIадисалъул магIна гьабизе,
Агьло къварагIуна, шартIал тIорараб;
Муташабигьатал ратIа рахъизе,
Ресго гьечIеб буго камилаб гIакъло.

ГIилмо-лъаялдаса жагьло бергьараз,
Жодой хIажаталъуб магIна бачине,
Бичасул Каламги ТIагьал ﷺ хIадисги
АтIфалаз цIалулеб Буквардай буго?

БатIин-загьиралъул халгьабуларел,
Харбихъабаз гьабун магIна тIубазе,
ТIиноги бихьулеб, магIданги гьечIеб,
ГьитIинабго хIордай доб Къуран буго?

Дунъял-ухраялъул гIилмо бицунеб,
ГIадло-низамалъул тартиб манлъулеб,
Лъалез бицунелда нахърилълъайилан,
МагIна гьабиялъулъ хIукму бачIараб.

ХIурупазул нурал басираталда[1],
Бакъ гIадин рихьулел агьлул-хIакъикъат,
Гьазул тафсиразда[2] гIамал гьабурав,
Биллагь, витIун ккела кIиябго рокъов.

РагIияталда[3] гъорлъ гIадло цIунизе,
ГIадилав цо ханас закон бахъани,

[1] РекIел бераздa.
[2] Къуръаналъе гьарурал магIнабазда.
[3] Халкъалда.

Кинабго халкъалда гьеб бичIчIиялъе,
ГьечIого гIолареб цо хасса[1] буго.

Ханасул ирадат жинда бичIчIулев,
Божи бугев вазир вукIине ккола,
Кинабго балъголъи аманат гьабун,
РагIияталъул[2] иш жинда тIадкъарав.

Цинги гIаламалъулъ агьло батула,
Тавфикъалъул рахъалъ жал камиллъарал,
Жедер фирасаталъ[3] ханасул мурад,
Халкъалда бичIчIизе, баян гьабулел.

Гьадинаб агьлоги дов вазирасул,
Асраразда гьоркьоб гIахьал букIуна,
ГIемерисеб калам, кинабго диван,
Довгун ургъичIого аз гьабуларо.

Гьезул лебаллъиялъ тIаса бищараб,
ТIолабго халкъалъе нухлъун букIуна,
Ханасул ирадат гьезда бичIчIухъе
ГьечIилан абулев мубтадигI[4] ккола.

ГIисинал авладал[5], лъай гьечIелщинал
Лъалезухъ гIенеккун чIезе тIалъула,
Лъималазул гIакъло, загIипаб идрак[6],
ГIей гьечIеблъун ккола къабул гьабизе.

---

*[1] Хасаб халкъ.*
*[2] Халкъалъул.*
*[3] РекIел нуралъ.*
*[4] БидгIачи.*
*[5] Васал.*
*[6] НахъгIунтIи.*

Къуръан-хIадисалъул магIнаби гьари,
Гьалда релълъон букIин лъайзе ккун буго,
Лъималазул гIадаб идрак бугел нилъ
АсхIабзабазда нахъ чIечIого гIелищ?

Бишро ГIиракъалда гIодов чIеялъул,
ГIисин лъималазни загьир босила,
БатIин халгьабуни мукаллафасе[1],
Кин хутIулеб балъго Бишрул гIодов чIей?

ГIаршалда тIад Аллагь чIезе гьавулез,
Гьабизе те магIна магIияталъул,
Мусагун кIалъайзе ТIурайсаналде,
Сапар бухьундай Гьев рештIун вукIана?

Горбол щекIалдаса щивав чиясде,
Дун гIагар вугилан бицунеб аят,
Инсан рикIкIун Аллагь Вугин абундай,
Ал вагьабияца магIна гьабила?

Гьезул квераздаса Аллагьасул квер,
ТIадегIанабилан аятгилъидал,
Азул гIакълоялда тафсир[2] гьабуни,
Гьелъги чIезабула Аллагьасе квер.

ЧIолеб бакI букIиналъ черх тIад гьабула,
Черх бугеб жоялъе бакI хIажалъула,
БакIгин черхалдаса вацIцIад Аллагь, -
ВукIин хIакъаб буго, сурат лъаларо.

---

*[1] Балугъав гIакъилав чи.*
*[2] Баян гьабуни.*

Лъалареб гьикъизе агьлоги бижун,
Ниж тIоритIидал Дуй щукру, БетIергьан!
Муташабигьазул[1] тафсир гьабурал,
Гьал расихуназул[2] щваги баракат!

Балагьун халгьабе, хириял вацал,
БицинчIого тIекъав лъан вахъунарин,
Лъайгин гIакълоялъул цIадирабазда,
ЦIай кIиябго магIна киндай кколаян.

Кинниги жакъа къо кьерхун бугелъул,
НакIкIукьан гурони бакъ бихьиларо,
Хьухьги тIаса араб, зобги роцIараб,
Заман бихьаразда бихьаян абе.

ВихьичIого рекъав лъаларев гIадин,
Лъана гIемерав чи аскIове ккедал,
Аллагьги нугI вуго дир сайруялъе[3]
Дунги рази гьечIо хатIа ккаралда.

---

*[1] Муташабигьал аятал абула жудор загьираб магIнаялъ Аллагь махлукъалда релълъинавулел аятазде.*

*[2] ГIилмуялъ щулалъарал гIадамал.*

*[3] Хьвадиялъе.*

# ДУЙ ВОКЬАРАВ ЛАГЪАСУЛ КЕРЕНГИ ГІАТІИД ГЬАБУН …

Дуй вокьарав лагъасул
Керенги гIатIид гьабун,
МагIрифаталъул[1] нурал
РакIалде тIолев Аллагь,

ТIад пардавал гIемерлъун
ГIилмоялъе нух къарал,
Нижер къулубаздаса[2]
Къасават[3] нахъе босе!

Къуръангин хIадисалъул
ХIакъабгин батIулалъулъ,
БитIун хIукму гьабизе
ХIавло-къуват кье, Аллагь!

АхIмадил ﷺ варасатаз
ТIаса бищараб магIна,
Щивав муъминчиясул
ГIакъидаталъулъ[4] цIуне!

---

*[1] Аллагь лъаялъул.*
*[2] РакIаздаса.*
*[3] БецIлъи, ракI биццалъи.*
*[4] РекIелчIей.*

# ГЬОЦІО ТІОЛЕЛ НАЯЗДЕ ТІУТІАЗУЛ АХІИ БУГО ...

ГьоцIо тIолел наязде
ТIутIазул ахIи буго,
ТIолгоял цадахъ рекъон
ХIалтIун лъикI горищилан.

Роржунел жал цолъиги
Цадахъ рекъон хIалтIиги, -
БитIараб гIакъло, – абун
ГIалхул наялги руго.

Нахъа букIинеселъул
ХIисаб-китабги гьабун,
ГьоцIо тIолел абуни,
Инкаралда чIун руго.

Киназулго хIал лъалев
Найихъан горевасул,
Накабазухъ гIенеккун
Пайда гьечIилан абун.

ГьацIулъ хъублъи ккеялъул
КIвар гьечIеб кIкIара-тIутIалъ,
ТIалаб гьабулеб бугеб
Гьудуллъи квешаб гьечIо,

Щвани гьоцIоги кванан,
ХутIаралдеги рилълъун,
Расги ургъел гьечIого
Гьазул иш нухда ккела.

Амма тIалил наязда,

ТIураб гьоцIо абуни,
ТIутIаздаса цIунизе
Кколеб букIин лъан буго.

Бигьаго, къо бихьичIеб
ГьоцIо кваназе щолел,
Гьал гIалхул наязулги
ГIакъло квешабго гьечIо.

ГIадло-низам дуруслъи
Дунялалда машгьурал
Гьал наязда гIайиб чIван
ГIемер чиги кIалъала.

МаслахIат гьабунгутIи
Гьазде гIунтIизабизе
Гьазулги тIутIазулги
ТIекъал-ритIарал кинал?

ТIутIазул гIакълоялда
ГIалхул наял рекъезе
ГIураб далиллъун чIолеб
ХIужа щибдай букIина?

Дол къабул гьабуларел
Гьал тIалил наяздехун
Ножоца щиб абулеб, -
ГIакълойищ, ахIмакълъийищ?

Мигьаридал гъотIолги
КIудияб дагIба буго
Дидаса батIаяб жо
НакIкIил гъотIол щибилан.

ГъалбацIазул рукIнире
ЦIцIаниги лъугьун руго,
Гьезулалдаса къуват
Къарабищ нилъерилан.

Къуркъбиги цIакъ кIудияб
АхIи-хIуралда руго,
Ралъдал ччугIбуздаса
Жал ратIа гьарулайилан.

РитIучIалгун хъормазул
Рехъен цо щай гьечIебан,
Царал тухум-кьибилги
Кьалдаго хутIун руго.

Жив жанив валагьидал
Гьомер чурук бихьарас,
МатIуялда гIайиб чIвай
ГIакълоялъ кин борцунеб?

Кванан тату бихьичIес
ТIагIам беццун, я какун,
Кинаб къимат кьезедай
Бегьила поварасе?

Дидаги бихьанилан
Цо беццав чи кIалъани,
Бегьилищ гьесул нугIлъи
ШаригIаталъ абухъе?

НакIкIуца пардав гьабун
Гвангъи бихьичIеб къавмалъ,
Бакъ зодобго гьечIилан
Тнкар ккуни, божилищ?

Жавгъар-якъутги бекьун
Месед-гІарцол лъуниги,
Лъим гьечІеб рогІрида
Гъоркь чІарасул къеч буссинищ?

Бечедал чагІаз тарав
ГІамилас бикьунилан,
Садакъа-хайраталъе
БегьунгутІи букІинищ?

ТІабибасул[1] амро тун
Унтарал чи хьвадани,
Эзда бахъараб цциналъ
Больница къан бегьилищ?

Бакъбаккул рахъалдехун
Сапар бухьун къокъарав,
Бакъ тІерхьул рахъалдехун
Щвезе чара букІунищ?

Ралъадал, гІорал тІамун
Лъеца хьезабуниги,
Бакъвараб гъветІалда тІад
ТІегь банилан рагІанищ?

ГІертІица тІун, цІадал ран,
Авлахъал гъанкъаниги,
Лабда чІарал чераби
Чиясдаго рихьанищ?

Гама гьечІого ралъад
КъотІизеян лъугьарав,
НахъчІван чІезе гьавуни,
унагьалде ккеладай?

*[1] Тохтирасул.*

Дунял бижаралдаса
Рахъарал атIибааз[1],
Инсанасул гIаданиб
ГьечIеб гIакъло лъунадай?

ГIаданлъи-намусалъул
ГIорхъалаби цIунизе,
ГIаламалъе рес гьечIеб
Бечелъи щибдай буго?

БетIергьанас вижарав
Лагъ живго вукIин лъайзе,
Заманаялъ гьукъараб
Къуват лъалев чи вугищ?

Черхги рухIги данделъун
ХIаят[2] къарарлъичIони,
Къаркъала кIодолъиялъ
Пайда кьелищ-кьеларищ?

ГьересигIарац къотIун
ГIадло хвезабурасе,
Ханасул рахъалдасан
Кинаб ажрудай щвела?

Ихдал гьава кинниги
Хисардулел ахIвалаз,
АхIичIого толаро
ХIажат ккаралъуб хивал.

---

*[1] Тохтирзабаз.*
*[2] ЧIаголъи.*

Хасалихъе гIухьбузе
Роччараб анкьил гIадаб,
РахIат хвараб заманалъ
ТIамула бицардизе.

БагIармесед тIад бекьун,
Кьаву чIвараб махх бичи,
Бихьулаги букIаго
КIалъайчIого кин чIолев?

Кванилъе жобан бугеб
Загьро лъалев чиясда,
Лъаларев кантIизави
ТIалъичIого букIинищ?

ТIокIкIараб лъеде гъорлъе
Хъублъи кколеб бугони,
БацIцIадго гьеб цIунеян
Гьабулареб кин вагIза.

ГIалхуде беччан тараб
БоцIул хIалги лъалаго,
Вехь теян гIакъло кьечIев
ГIакъилищха вукIунев?

ГIемер гьардани инсан
Инсанасда чIалгIуна,
Мискинчиясул кIалтIе
Гьардохъан вачIунаро;

Гьаризе эхтияр кьун
Кьезе къотIи гьабурав,
Къудраталъул БетIергьан,
ТIорай нижер мурадал!

# ИХДАЛ, АВАЛАЛДА ХУР БЕКЬИЗЕ ЛЪАЙ

Ихдал, авалалда хур бекьизе лъай,
Лъай-гIакъло бугезул хасият буго.
Сапар бухьунезулъ, цудун вахъарав
Нахъа вохулилан аби батана.

Исламалъул нохде гьитIинго ккейи -
Гьеб кIудияб талихI, кьурас босулеб.
Расуласул ﷺ суннат тIаса бищизе
ГIолохъанго лъайи - лъие щолеб жо?

ЛъикIал пишабазда Инсан даимлъи -
Аллагь гурхIиялъе гIаламат буго.
ГIибадат-диналда тIамураб заман -
Захиратул-мигIад[1] муъминчиясул.

Ихдал, авалалда тохлъун ккарасги,
Тоге бекьичIого кватIунилан хур,
КватIун бекьаралъги, хIалтIи цебе ккун,
Кьолебин хIалбахъин гьава рекъани.

Радал кьижун хутIун такъсир ккаравги,
ВахъинчIого чIоге тIадаб сапаралъ,
Сардилъ вахъун арав нахъаги хутIун,
Нух бачине лъарав цевеги ккколин.

Цинги БетIергьанас рукълъун гьабураб,
РекIелъ кIиго тушман данде гьавуге,
Дунялгин ахират, - кIиго тавъаман[2],
Тушман нахъе гьавун гъудул цеве ккой!

---

*[1] Ахираталъе хазина.*
*[2] Эгзал.*

## КІИГО-ЛЪАБГО ШАРТІ БУГО, ШОФЕР ...

КIиго-лъабго шартI буго, шофер, дуца цIунани,
Щибаб балагьалдаса мун цIунизе хьул бугел.
ЦIакъал дараби руго дур харжги бахъуларел,
Хвел тун нахъиялщинал унтаби нахъе чIвазе.

Ужра-мухь босичIого чIобого кьолеб дарман,
Дур лъезе бакI батани босе кIвахIаллъичIого.
Бичун боссе аниги аптекалда щоларел,
ШаргIалъул гьадиятал[1] гьале гIакъло бугезе.

Рокъоса вахъинелде дуца машинаялъул,
Щибаб лага-саналда сахлъи цIехезе ккола.
Сахлъи гьечIеб машингун мун сапаралъ вахъани,
Сабаб-дугIаялъул дуй пайда щвей щакаб буго.

Щукру гьабизе кIолеб нигIмат машина горин,
МунгIимги[2] ракIалде щун шартIал манлъухъе цIуне.
Манлъараб гьабичIони гIадлоялъе хIакълъулин,
ГIадло-низам гIуцIцIарав Халикъасе мутIигIлъе!

МатIиятлъун[3] дуй кьураб, мусахарги[4] гьабураб,
Махх-чарамалъул гьакий "гьа"-ян абун гIоларо.
Гьелъий гьабулеб хъулухъ мугьмалго[5] дуца тани,
Тела мунги гьелъ рехон рес къотIараб бакIалда.

Хасго рулалъул тяга, тормозалъул система,
СагIтил хъаравул гIадин даим хIалтIизе ккола.

---

*[1] Сайгъатал.*
*[2] НигIмат кьурав Аллагь.*
*[3] РекIунеб жолъун.*
*[4] МутIигI гьабураб.*
*[5] ТIаса-масаго.*

Картер-коробкаялъуб бугеб нахалъул къадар
Къойил халгъабичIони мун шофер вукIунаро.

КIиабилеб шартI дуе шагьаралъул къватIазда,
Къадниги къасиниги саброгун хьвади буго.
Светофоралъ изно кьечIебгIан заманалда,
КьуричIого гьенив чIей - гьеб дур вазифа[1] буго.

Гьединго тарассалда тормоз гьечIеб кинигин,
Кидаго газги мерхьун воржине бегьуларо.
Жавабчилъи тIад гьечIев мажнун[2] мунги горелъул,
Дуда божи гьабураб аманат лъайзе ккела.

Аллагьас гIадлоялъе хас гьарурал гIадамаз,
Хассал знакалги лъун ъайзе гьабун буго дуда.
Гьел занаказда ругел киналго манлъа-хъваял,
КигIан гьитIиналниги, тIорайчIого гIоларо.

ГIанчIаб, гочIаб дур ракIги данде гьимулеб нухги,
Хехаб скоросталъул импортний машинаги,
Мун кантIеян ахIулелАхIул-ишарабиги, -
Эзий мутIигIлъичIони бачIун щолеб балагьги.

Балагьалдаса цIуни, гIайибалде ккунгутIи,
ГIемерисеб бан буго дур гIадло цIуниялда.
ЦIалулелъул манлъараб, лъайчIого жиб гIолареб,
Вождениялъул тIалаб тIаса дуда унаро.

ТIадеги цо рес гьечIеб, рехсечIого гIолареб,
ГIемер чиги гъапулаб шартIги баян гьабизин:
Шоферзабазе хасго агьамаб[3] бугониги
Гьел тун нахъеязеги пайдаяблъун бугелъул.

---

*[1] ТIадаб иш.*

*[2] Женаца ккурав чи.*

*[3] КIвар цIикIкIараб.*

ЛъикIал гIамалаздалъун бечелъизе бокьарас,
Бегъулебщинаб бакIалъ Бисмиллагьан абила.
Бисмиллагь бахъичIого байбихьарабщиналъулъ,
ЩайтIан гIахьаллъулилан гIилмоялъги бицуна.

Берцинаб сифаталда Аллагьасул цIар рехсон,
Руль ккурав шоферасе щвела гьелъул баракат.
Гьелда хадуб салават Расуласде ﷺ битIани,
ТIаде шафагIаталъул рахасги халалъила.

Ахираталъе давла данде гьабулев чияс,
Даимго какичури цIуничIого теларо.
Таждидалде[1] хIалкIвани кIудияб гьунар буго,
Нуралде тIадеги нур тIураб гIадин букIина.

БацIцIадго какичурун машиналде вахарав,
Шофер балагьалдаса цIунила, иншааллагь.
Гьелда хадуб какалъул кIиго ракагIат бани,
Билал-асхIабасул нух ккуравлъунги вукIина.

Эбел-эменгун ургъун, эзулгун гIакъло дандбан,
Дуца бахъараб гали гIибадатлъун букIина.
КIиялгоги разилъун гьез нухав тIовитIани,
ТIадвуссун, аралъуса нухбитIунги вачIина.

Нийят бацIцIадаб букIун, хIалалаб сапар бухьун,
ХIарамабщиналдаса цIунун тижарат[2] гьабун,
Гьалмагъасул хIал баччун боцIухъ яхI бичичIого,
РацIцIалъи цIунарасул щваралда баркат лъела.

Лъимал-лъадигун рекъон, ракI гьездехун лъикI гьабун,
ЛъикIаб-квешаб гьоркьоб лъун, гьел разияб хIал цIунун,

---

*[1] Как цIигьабиялде.*
*[2] Даран.*

ЦIакъго къвакIун-тамахлъун, гIорхъолъа ворчIичIого
Хъизан данде бачарав бищун талихIав вуго.

Балагъаздаса цIунун рахIмат щвезе бокьарав
Шоферас цIуне абе рехсон арал шурутIал.
ШаргIиял дарабазул баркаталде хьул лъурас
Берцинго тIорайзаре тIадалщинал умурал.

Шоферзаби киналго гьединищха хьвадулел,
Гьел сунцаха цIунулел балагьаздаса абун,
Абуге, дадал лъимал, лъикI ралагье церехун,
Лъадаре анщинахъе гIертIал рекуларелин.

ГIемерисеб талихI къин, рукъзабахъ магIирукъ лъей,
Лъимал бесдаллъун хутIи, - сунцаха тIаде цIалеб?
ЦIарал къоялги тIагIун нагагь къадар щваниги,
Щвела хвел шагьидияб гьел шартIал цIунарасе.

Шишаялъул горони мацI лъаларев ватани,
Лъеда хъвараб хъатIалъгIан гьалъ дуй пайда кьеларо.
Кьураб гIакъло-лъай лъезе къвачIа дур батичIони,
Дуй хъвазе дарабазул дида рецепт лъаларо.

Дица мун тIовитIила тIолазего гIахьалаб,
ТIолго махлукъаталъул тохторасул рагьдохъе.
РакIбухIун дур батани, тавбоялде къасд ккани, -
Къабул гьабизе РахIман хIадур вугин, кантIе мун!

ХIарамгин хIалалалъул батIалъи гьабуларев,
ЛъикIаб-квешалда гъорлъа бищизе гьунар гьечIев,
ЧIегIерабгин хъахIалъе къимат кьезе лъаларев,
Балид мун ватичIони[1] те, какарал пишаби!

---

*[1] ГIантав*

Квешлъабазул бетIерлъун Дуниял бокьи ккола,
Кьан бан гьелда рекIарав нахъа гъоркье вортула.
Мехтелалда даимас диналъул агьло тола,
Ахираталде унеб нух къосун, мекъса ккола.

Рокъоб рагIи цIикIкIуна, ракI къватIибехун цIала,
Руччабазулгун базар гьабизе байбихьула.
Гьай ячун, дой йиччала, дой цояйгун рекъола,
Рокъор лъималгун хъизан магIо хула рукIуна.

Руччаби рачиналда дагIбани щиб букIинеб,
ШаргIалъул низамалда хьвадулев чи вугони.
Рачине изно букIин эбни дуда цIакъ лъала,
Амма хьихьизе тIалъи тIулалдецин щоларо.

Щвара-щварабги гьекъон къватIал мерхьунев мунги,
Мокъокъил тIанчIи гIадин риххарал дур лъималги,
Къойилго дагIбадулел дур рачарал лъудбиги,
Лъие мун къваригIарав, рокъовги рохьовги квеш!

Какарал пишабазда лъимал даимлъиялъе
Дур тарбият гьечIолъи гьечIодайха сабаблъун?
ГьитIинго адабият дуца манлъарабани,
Лъайлароандай гьезда Исламалъул гьуинлъи?

Гьадин горони насло данде бачунарев чи,
Руччаби рачинчIого чIейи маслахIат буго.
Рос-лъадиги ратIалъун бесдаллъарал ятимал,
ГIумродул нухги къосун мекъса ккезе рес буго.

Руччаби бащад гьари шаргIалъул гIадло буго,
Лъималазда дин манлъи - дуй фарзул-гIайин буго.
ГIарасат майданалда дуде дандеги рахъун,
Дуца манлъичIо абун гьел дагIбадизе руго.

Мун гьалда щак ватани, божиги лъугьинчIони,
БукIунаро дур рекIелъ Иманалъул бацIцIалъи.
Божиги дур лъугьани, щаклъиги батичIони,
Тавбоялъул доб гъапу дуйги рагъухъе буго.

Руччабазул гIакълоги - анцIил цо бутIа буго,
Эзул макроялъулги Къуръаналъ рехсон буго.
Сабруялъул рахъалъги гьел цIакъ загIипал руго,
Гьез цIунулел гIадатаз гIаламги чIвала буго.

ГIибадаталъе гьезул гьунарги цIикIкIун буго,
Гьабураб хвезабизе багьанаги кколаро.
Босун кодобе ма-ян жедецаго кьураб тIил,
Кьабунаян росасда гIайибалги гьарула.

ГIайибги гIунгутIиги камун чи букIунаро,
КIванагIан данде бачин диналъ беццараб буго.
Беццал, гIинкъаллъунги чIун гIузру бахчизе кколеб,
Чанги сагIат букIуна рос-лъадиялда гьоркьоб.

Лъимал чIахIалъанагIан росасул хIакъги кIочон
КIалалъ бокьараб бицун къец-дагIба бегьуларо.
БитIараб гIадло-низам инсуца гьабулелъул,
Лъималазул рахъги ккун эбел кIалъай квеш буго.

Щибаб рузман къоялда бацIцIадго тавбо гьабун,
Цоцада тIаса лъугьин лъикIаб буго гьезие.
ЛъикIаб гьабун, квешаб тун тавбоялда даимал,
Эбел-эменгун лъимал лъеги нужеда баркат!

Амин! Амин! Амин!

## ИМАМЗАБИ БАХІАРЧИЯБ, БАХІАРЗАЗУЛ ЦІАР РАГІАРАБ ...

Имамзаби бахIарчияб,
БахIарзазул цIар рагIараб,
ГIадло-низам чаран гIадаб,
Чилъи цIуни алмаз гIадаб,

Мун букIараб, дир Дагъистан,
Дуниялго хIайранлъараб,
РухIанияб къуваталъул
Къуркьи гьечIеб вилаятлъун.

Бечелъиги дур букIараб
ЦIакъ гьарзаяб магIнавияб,
ГIалималги дур рукIарал,
Дунял-гIалам бахиллъарал.

ГIибадат-дин гьабизеги
Дур халкъалъул цIар букIараб,
БацIцIад гьабун Исламалъул
Арканалги гьез цIунарал.

ШаригIаталъ халгIат ретIун,
ТIарикъаталъ чалма къараб,
ХIакъикъатгун магIрифаталъ
ХIикматазде нух рагьараб,

Риязаялъ чурхдул квегъун
Караматал загьирлъарал,
Зугьадалги дур камичIел
КигIан зулму цIикIкIаниги.

Кинаб рахъалъ тIаде бачIун
Заманалъ хIалбихьаниги,
ХIал хисичIел дур мугIрулги
Дунялалда машгъурлъарал.

Дол мугIрузда чIвараб бакъалъ
Икълималъе кьураб канлъи,
КигIан къоял бецIлъаниги
Бихьулел чи тIаса инчIел.

ТIайбаталъул[1] махI бахъараб,
ХIабибасул ﷺ баркат щвараб,
Накъщубандил тIарикъаталъ
ТIалибинал[2] камиллъараб,

Кавсаралъул гIор чвахараб,
ГIирфаналъул[3] иццц баккараб,
Аллагь рехсон унс[4] гъабулел
Агьлуллагьал даимлъараб.

Дур ахалги - Алжаналъул,
Хурзал - Шамгин Мисриялъул,
Лъарал гIорал - ибризалъул[5],
Багьа жавгьар-якъут гIадаб.

КъвакIарал дур кьурабиги
Баркаталъул жанир цIурал,
БецIал рохьал дур гьарзаял
Гьавагин бакъ рекъон ккарал.

---

*[1] Мадинаялъул.*
*[2] Муридзаби.*
*[3] Аллагь лъаялъул.*
*[4] РекIелгъей.*
*[5] Къиматаб магIдан (месед).*

Гьанжиги дур къадру-къимат
Къаф мегIергIан кIодо буго,
ФуругIазулъ[1] усулазул[2]
Ирс босарал камун гьечIо.

Аллагьасул гIинаяталъ[3]
ГIолохъанал тIалибинал
ТIамун руго Исламалъул
КъавагIидал цIигьаризе.

ЦIоб гIатIидав РахIманасул
Гьидаяталъ чангитги бан,
Чанги мутагIалим вуго
ГIилмоялъухъ рокьи ккарав.

Кавсаралъул доб гIоралде,
ГIирфаналъул иццалдеги,
Анищалда ругел васаз
Босила чIел, иншааллагь.

ШаргI цIунулел гIалимзаби,
ГIадлоялъул хIакимзаби, -
ХIалбащадал оцал гIадин,
Цо рахънисан ине ккола.

Цуцаздехун рухъардулел
Рукь бихьичIел бугъби гIадин,
ГIилмоялъул церехъаби
Бубудизе бегьуларо.

---

*[1] Лъималазулъ.*
*[2] Умумазул.*
*[3] Кумекалъ.*

Гьаб ахIулъни дун, Дагъистан,
Дур бицине нечон вуго,
Бицун цебе арабщинаб
Бегуниса бахъун буго,

БахIарчилъи гIолилазул
Гъачагълъуде буссун буго,
Бусурбанал умумузул
Лъимал квешал лъугьун руго.

Аллагьасул цIобалдаса
Хьулги къотIун кколеб гьечIо,
Къваридаб гьаб заманалъул
Зулму тIаса инебилан,

Зазил цIурал гъутIби гIадал
ГIадамазул хъачIал ракIал,
РахIмоялъул цIезаризе
ХIалкIолелъул Каримасул.

Ругъназде жал тIаделъарал
ТIутIаздаса хъантIараб къавм,
ТIаса ине сабаб гьечIо
Ислам гIатIид гьабе гореб.

Гьаби цуцалъ райзарулеб
Балканалъул кесек гIадал,
Киридитал росиялъги
Мискинзаби ралъаргъана.

Ракь угъдараб ханлъи гьабун,
Халкъ зурараб гIадло гьабун,
Зулмуялъул къула гIурав
Къосарав цо хан вукIана,

Намрузилан цIар букIана,
Ибрагьимгун عليه السلام дагIбадана,
Дур Аллагьгун вагъичIого
Рес гьечIилан къачIадана.

Къолдабаца хьезабураб
Намрузил бо гьалаглъизе,
Багьанадай БетIергьанас
Гьезде тIаде кIкIара гъуна.

Зодоб бакъул нур хьухьараб
НакIкI кинигин тIаде чвахун,
Чурхдуздаса гьез гьан бетIун
Бодул рукьбуз авлахъ цIуна.

Аллагьилан дагIба барав
Дунялалда цIар рагIарав,
ЦIарги жинде ФиргIан бугев
МалгIун - цойги хан вукIана.

Ханлъи жиндир хвезабулев
Халифа тIад вахъинилан,
ТIолалгоги тагIбирчагIаз
Макьу къотIун рахIат хвана.

Гьелдаса жив хвасарлъизе,
Ханлъиялъул таж цIунизе,
Гьарунщинал бихьинлъимал
ЛъагIалица хъойхъун рана.

Хъвараб хIукму хисуларев
Ханлъи тIокIав Мунтакъимас[1],

[1] РецIел босулев (Аллагь).

Муса хьихьун гIезавизе
ФиргIанида кодов лъуна.

Дунялалъго квер борхараб,
Капиталал сородараб,
Свинабизе чи тIагIараб
Купруялъул цIа букIана.

Би тIечIого, рагъ ккечIого,
Ракълил гореб бицинчIого,
Гарбачевги тIаде тIамун
БетIергьанас суйнабуна.

Гьеб гучаб цIа суйнабизе
Сундалъундай хIалкIвелаан,
ХIавлу[1] -къуват кодоб бугес
“Кун”- абиялъ горебани?

Кинниги гьаб гIаламалъулъ
ГIажаибаб тайпа буго,
ГIурул рагIал бихьилелде
Хьитал рахъи тIад гьабулел.

ТIилица гъойтI чурхъаниги
БарщичIого пихъ гъунаро,
Гъая ккун жиб барщаралъги
Бортаниги кеп кьоларо.

Макьу рихун, унти цIикIкIун,
Сордо чIалгIун зигардиялъ,
Заман хехлъун, хекко рогьун,
Бакъ баккулеб гIадат гьечIо.

---

*[1] Гуч.*

ГІаздал цІорой ракьулъ букІун
Бекьараб мугь тІирщаларо,
ТІаде баккун хадусаги
Саву ккани чІурхІун лъола.

ЧІахІиязул гІакълогин-лъай
Лъималазулъ букІинаро,
Лъабкъого сон байдалгІаги
Балугълъуде щоларев кин?!

Бокьаниги риханиги
Хасел ийин хІакъаб буго,
ХІалтІуде мугъ реханиги
Их щоялда щаклъи гьечІо.

Исламалъул байрахъалда
Нуранияб хатІалъ хъвараб,
Нафю-исбаталъул[1] гвангъи
Дунялалда бихьун буго.

---

*[1] Ла илагьа илла ллагь абураб калима.*

## ДИР ГУДРАЗ ККУН РУГЕЛ ЧУНДУЗУЛ РОХЬДОЛЪ

Дир гудраз ккун ругел чундузул рохьдолъ,
Чанги гьан даруяб хIайван батила.
Гьин рехун ралъдалъа дица рахъарал,
Рахьгун кунге ччугIби - загьро букIунин.

Загьроял борхьалги атIибааца
ИстигIмал гьарула мунфагIаталъе,
Лъим гьечIеб бакIалда таямум гьаби -
Гьебги шаргIалъул нух Халикъас лъураб.

Сафаралъул нухда, дир квералъ чIарал,
Кванай гъутIбудаса мусафираз пихъ,
Гъая ккараб гIаркьел гьоркьоб батани,
Гьебги къотIун рехе ахихъабаца.

Дир гьацIул хъабиниб хIе батарасги,
ХIасадалъул чIорал дида речIчIуге,
Дунги найихъабаз бахъаралдасан
Садакъа бикьулев гIамил[1] вугелъул.

ГIайибчIван наялги къабихI гьаруге,
Гьезул гIилмоялъулъ хIикмат букIунин,
Куркьбал ругелщиназ, тIад чIананиги
ТIугьдулги цIцIуларин - гьелдеги кантIе.

Гьава-бакъги борцун ракьул халгьабун,
БекьичIони хуралъ хайир кьоларо,
Хъизан-кулфаталъул хIажалъи бихьун,
БукIине рекъола рокъоб насихIат.

---

*[1] ХIалтIухъан.*

Ножор суалаца хъвазе тIамурал,
Жавабазул къадар кифаят[1] буго,
Кинаб мазгъабалде гIами[2] кканиги,
Ункъалъулго цояб бегъулин буго.

Нилъер унтабазе цIакъго хIажатал,
Таблеткаби лъуна аптекаялда,
Унти гьечIелазги сахлъи цIунизе,
Санитариялде рамзги[3] гъабуна.

Гьанжи къаламалъе рахIат гьабизин,
Рохалида таги, диналъул вацал!
ДугIа-алхIамалде хьулги букIунин,
РакIалде щвaралаз гIахьалги гьаве!

---

*[1] ГIураб къадар.*
*[2] Жагьилав*
*[3] Ишара.*

# КЪУРЪАНАЛЪУЛ АХIУДЕ ГIАВАМАЛ КАНТIИЗАРИ

(ТIОЦОБИСЕБ ТIЕХЬАЛДАСА)

## ГІУЛУМАЗУЛ ХАЗИНА – КЪУРЪАНАЛДЕ РАККИЗИН.

Гьанжи гIин тIаме, вацал, бицинин ножой хабар,
Хал гьабе, муъминзаби, баракат ножой щваял!
Баракатги рахIматги гIаламалъе бикьулеб
ГIулумазул хазина – Къуръаналде раккизин.

Къуръанги кодоб босун, цIалун магIнаги гьабун,
Гьеб ножое бицине гIалимчиги дун горо.
ГIалимзабазул чирхъал, чIахIиял аиматал[1]
Ижтигьадалъул агьло – гьале нелъер санадал[2].

Расулуллагьасул жал рацIадал варисзаби,
Зодор цIваби киниги умматалъе гвангъарал,
Агьло-суннат жамагIат жедеда нахъ рилъарал,
Жодор гIилмо-гIамалалъ гIалам бечед гьабурал.

ГIирфаналъул иццалда корщел жедер батарал,
Басираталъул бераз гьенибе нух бачарал,
Гьидаяталъул нураз зулматал рухIун хадур
Халикъас фатхIо рагьун Къуръан тафсир гьабурал.

Гьезул тафсираздасан, тавфикъ Аллагьас кьуни,
Бокьун буго дагьабго бакка-бахъи гьабизе.
Даалъул[3] къадаралда даваъ[4] хIажалъулелъул,
ХIажат бихьун гьабулеб насихIатлъун букIине.

НасихIатал, вагIзаби, рагIизе бокьаразе,
РохьгIанги гьарза руго, гьечIин абулев гуро.

---

*[1] Имамзаби.**
*[2] МугъчIвай гьабулел гIадамал.*
*[3] Унтиялъул.*
*[4] Дару.*

Гьединго букIаниги, истихараги гьабун,
Ишара лъикIаб ккедал, лъуна мажмугI хъвайзе къасд.

Рукъ-бакIалда рекъараб къай бакIарулеб гIадин,
Къуръаналъул аятал кIвар цIикIкIарал росана.
Авал-байбихьи гьабун, ахиралде щвезегIан
Щвалде щвараб таржама гьабунги лъугьунаро.

Гьарун, халкъалда гьоркьор жакъа тIиритIун ругел,
ТIолго таржамабазда мугъчIвайзе бегьуларо.
Гьезулъ бугеб гIунгутIи, гIолареб-щолареб бакI
ГIалимзаби горелаз ратIаги рахъуларо.

БатIа бахъизе гьунар гьечIел жагьилзабазе
Гьел цIаличIого тейи – цIакъго мухIканаб буго.
ХIориниса ччугIби ккун чан гьабизе лъанилан,
Ралъадго бихьичIелаз магIданал кин рахъулел?

МагIна гьабун Къуръаби къватIире реччаразе
Къол щуябго как байзе лъайзаби лъикI букIуна.
Лъай-идракалъе лъураб дазу-гIорхъи гьечIелъул,
Гьал рагIаби мекъса цIан гIакъилав кIалъайларо.

«Къуръаналъул ахIуде гIавамал кантIизари»,
ГьитIинаб букIаниги, мажмугIалде цIар тана.
Жирму[1] кIодолъиялда бараб жоги гьечIелъул,
БукIа гьабги ножое гьитIинаб сайигъатлъун.

Амин! Я Мужиб!

[1] *Черх.*

## ЗАГЬИРАБ ТУЩМАН БУГО,
## ЩАЙТІАН АБУН ЦІАР БУГЕБ...

Нелъер къуваталъ нахъчІван чІезабизе кІолареб,
Загьираб тущман буго, щайтІан абун цІар бугеб.
Адамие сужда тун, лагІинлъун[1] жиб гьабидал,
Гьесул зурриялталъе заралалъе хІалтІулеб.

ХІасадалъул цІакълъиялъ, къосинавун горони
Бусурманчи теларин тІаде жинца босараб.
ЖужахІалъул агьлолъун Аллагьас жиб гьабидал,
Жинда хадуб гІаламго цІазейилан лъугьараб.

Гьелъул заралалдаса цІунизе бокьаразе
ЦІоб гІатІидав Аллагьас гьалегури манлъулеб.
Нелъедасан Жиндие щибго жо хІажат гьечІев
ХІилмо тІокІав БетІергьан гурхІулев куц вихьулищ?

ШартІал тІорайзе гьарун, ракІ хІузуралде бачун,
«*Бисмиллагь*алда» цебе бахъе *«АгІузу биллагь...»*.
Амро гьабун бугелъул, суннатаб букІаниги,
Суннат тІобайзабизе тІадчІей гьабе, ихванал[2]!

Аллагьасул рахъалъан рахІмат-цІобалде хьулгун,
РачІа, диналъул агьло, ихлас[3] камил гьабизин.
«АгІузу биллагь...» бахъун, БетІергьанасе хІелун,
Иблис ричІад гьабеян гьариялда рукІинин!

---

*[1] Аллагьас Жиндир рахІмат-цІобалдаса бачахъараблъун.**
*[2] Вацал.*
*[3] Гьабулеб гІибадат-гІамал бацІцІадго Аллагьасе гІоло гьаби.**

# ЩУКРУ БУГИЩ-ГЬЕЧІИЩАН ГЬАБИЗИН ЦО БАЛАГЬИ.

Гьанжи нилъ тIад руссинин бицун цебе аралде,
Цинги, цIадераби лъун, цIцIан рихьизин гIамалал.
ЦIоб гIатIидав Аллагьас къунщинал нигIматазе
Щукру бугищ-гьечIищан гьабизин цо балагьи.

БоцIи къун, бичун боссе инсанасе щолареб,
Ухраялда горони къимат жиндир лъаларeб;
Лъалез бицананиги, берда бихьуларелъул,
Божулел чагIи дагьаб хазина гIемер буго.

Хал гьабе Къуръаналъул, цересел русулазде
РещтIанщинал тIахьазул магIна жаниб буссараб!
Жигиги хIикмат гьечIищ, хIалкIолев БетIергьанас,
ХIарф хисизе течIого гьеб цIунун букIиналъулъ?

ЦIуничIого, кутубал цересел умматаца
ТахIриф[1] гьариялъе нугI – Живго БетIергьан вуго.
Гьединлъидал Халикъас, халкъалде тIамичIого,
ТIаде босун, гьеб цIуни гьаб аяталъ бицуна:

---

*[1] Хисизе гьабиялъе.*

## ТIАГЬА ﷺ – ШАФИГI ВУГЕЛЪУЛ, ЩУКРУГИ ТIАЛЪИЛАРИШ?

Гьадинаб къадроялъул Къуръан жиндихъ рещтIарав
Расул ﷺ авараг вукIун уммат хиралъилариш?
Аллагьас гIаламалъе рахIматлъун жив витIарав
ТIагьа ﷺ – шафигI вугелъул, щукруги тIалъилариш?

ШаригIаталда рекъон, Къуръаналъул адаб ккун,
Дин-Ислам цIунарасе Аллагьасул цIоб буго.
Аварагасул ﷺ суннат чIаго гьабун хьвадарав,
Хьул буго, шафагIаталъ росичIого теларин.

Тадаббур рекIелъ гьечIеб кIалалъ алфазал цIалун[1]
Аллагьасул рахъалъан ажро[2] камиллъиларо.
Амро-нагью цIуничIев, лугбаз гIамал гьабичIев, –
Гьев къарилъги[3] Къуръаналъ нагIана кьолев вуго.

НагIана, цIалун хадуб, Къуръаналъ жиндий кьолеб,
Жагьилаб къавмалдаса ниж гьаруге, БетIергьан!
Гьелъул цIаларабщинаб хIарф рикIкIун анцI-анцI кири,
Аллагь, Дуца кьолезде гьоркьоре ккезе гьаре!

Рохьал къалмаллъун рахъун, ралъадал щакъи лъугьун,
Малайкзабигун цадахъ женалгин инсал руссун,
Азарго сонаца гьез магIнаби хъвананиги,
РагIалде бахъунареб АлхIамалъул хал гьабе!

АлхIамалъул магIнаги жинда жаниб буссараб,
Жиндир хасаисал[4] хъван рагIалде бахъунареб,

[1] *Ай, магIна хал гьаби, гьелъулъ пикро гьаби рекIелъ гьечIого кIалалъ рагIаби цIалиялдалъун.*

[2] *Кири.**

[3] *ЦцIалулев чи.*

[4] *Жинда хассал хиралъаби, тIокIлъаби.**

Жиб бахъизе агьлолъун Аллагьас нилъ гьарураб,
Басмалаталде[1] данде дунял цІан бащалъилищ?

Бегьулеб щинаб бакІалъ, сунде байбихьаниги,
Баркат лъезе бокьарас *«Бисмиллагь...»* гІемер бахъе!
Гьелдалъун байбихьараб иш нухда хутІуларин,
Ругьун гьабе, дир гьудул, гьелда дурго кІалгин мацІ!

Дунялгин ухраялъул хазинаби рагьулеб,
Хириябщиналдеги жиндалъун байбихьулеб,
Женал нахъе къотІулеб, марадатал тІурулеб,
Макъсудалде нилъ щолеб, щва «Бисмиллагь...» ракІалде!

Радал, къасе – къойилго къоло цо-цо абуни,
Къаил[2] балагьаздаса цІунулилан бугелъул;
Лъималги ругьун гьаре, гьелги абизе тІаме,
ГьитІинго манлъаралда лъай-гІилмо релълъонарин.

Лъаралда гІамал гьабун хьвадизеги гьел куце,
Хьоп кІверун къачІайчІони, гьойтІ лъикІаб лъугьунарин!
Гьидаят нилъ гьарурав Халикъасе щукруги
Щибаб къойил гьабизе гІемерлъун бихьун, тоге!

ГІилмо-гІамалалдаса чІухІунги бубудуге,
ЧІухІи иблисалдасан бачІараб букІинги лъай!
ЧІобогояб рагІалъги «дун-дун», – илан ахІулин,
Ананияталдаса[3] цІунизеги кІочонге!

Иман лъурал чиязул ярагьги хІалтІизабе,[4]
ХІал кІолев Аллагьасде мугъчІвалевлъунги вукІа!

---

*[1] «Бисмиллагь...» алде.*
*[2] Абурав чи.**
*[3] «Дун», «дица» абун гІемер гаргадиялдаса.*
*[4] Ай, Аллагьасде хІелун дугІа гьабе.**

Мунагь-хатIабаздаса тавбоги гIемер гьабе,
Таввабу-РрахIимасде заннуги[1] квеш гьабуге.

Занну жиндир лъикIав лагъ Сайидасе вокьулин,
Вокьулевлъун вукIине, хьул Досдаса къотIуге!
Сайиатазда хадур хIасанатал ккезаре[2] –
ХIабибас ﷺ умматалде гьедин манлъулеб бугин.

Манлъаралда нахъ рилълъун, Расуласул суннат ккун,
Сайиатал рахчизе лъикIлъабазе тавфикъ кьун,
ЧIового Аллагь ﷻ гурхIун, Иманалда тIоритIун,
Ахиру-каламина нафю-исбат гьабеги[3]!

Амин! Амин! Амин! Я Аллагь!

---

*[1] Тавбо къабул гьабулев, гурхIулев БетIергьанасдехун пикро-хивал.**

*[2] Ай, цониги квешлъи-мунагь гьабун хадуб гьеб чуризе лъикIаб гIамалги гьабе.*

*[3] Ай, нижер рухI бахъиялда аскIуб ахирисеб калам «Ла илагьа иллаллагь» гьабеги.*

# ГЬАНЖИГИ ДИР ТАВБО, ТАВВАБУ-РРАХIИМ,

Гьанжиги дир тавбо, Таввабу-РрахIим,
Такъсиралъе хIакъал мунагьаздаса,
Тохлъиялъ реччарал гъалатIаздаса,
Гъапулго гьабураб тIагIаталдаса;

Гьабизе лъай гIечIеб жагьлоялдаса,
Жагьлул-мураккабалъ ватиялдаса,
Вати лъайдалниги, лъикIаб нух ккойзе
КантIичIого араб гIумроялдаса.

Дунял-гIаламалъе рахIматлъун кьурав,
РахIман, Дуе щукру, ШафигI ватидал.
Шарик гьечIев МагIбуд, Дур ХIабибасул ﷺ
Уммат ниж гьаридал, аль-хIамдулиллагь!

АлхIам цIалиялъе агьлолъун гьарун,
Агьлу-суннаталъул гIакъидатги кьун,
ГIарифуназулгун сухIбат[1] насиблъун,
Нежей кьураб гIадаб талихI бугодай!?

ТалихI босизе лъан, мурад тIобарал
АкътIабазул кварчIен ккойзе рес щойи –
Квешал гIамалал тун, вусса-сверизе
Сабаблъун букIуна, тавфикъ кьурасе.

Расул хер гьавураб «*Гьуд*алъул»[2] аят
Умматалъе бугеб танбигьлъун[3] ккола,
Истикъаматалъул гIорхъаби рехсей –
ГIадада бицунеб хабарги горо.

---

*[1] Гьалмагълъи.*
*[2] Сурату-ль-Гьудалъул.*
*[3] КантIизе гьарилъун.**

ХитIаб ТIагьаясде ﷺ гьабунаниги,
Гьелдасанги мурад – цогиял руго.
Цойгиязде гъорлъе нилъги кколелъул,
Нелъер истикъамат кинабдай буго?

Как – диналъул хIуби, – хIузургун бани.
ХIузур ккойзе кIолел ракIал кир ругел?
РакI гъафулаб свалат[1] – рухI гьечIеб жасад[2],
ХIуби жагъаллъараб рукъалъул мисал!

Магъриб-машрикъалде щолел хивалал,
Халикъ валагьулеб рукъалъул бецIлъи,
Бакун-ссун букIунеб нуралъул чирахъ,
Нахъе чIван чIолареб иблисалъул бо.

«Уммул-Къуръанилан» сифат гьабураб,
«Суратуль-ФатихIат» – хирияб АлхIам,
Инжил, Тавраталда жаниб лъечIого,
Жаббарас АхIмадий сайгъат гьабураб.

Гьеб босун Жабраил ТIагьахъе ﷺ щведал,
ЩайтIабазул эбел – иблис гIодараб,
Умматалъе зарал гьанжиялдаса
Гьабизе кIойларин, ургъалилъ ккараб.

Элъул мугъ бекизе, Карим Аллагьас
АлхIам цIалиялъул ажро бицараб,
Тавбо гьечIониги, гьеб цIаларасул
Мунагьал чурилин, кIалги гьикъараб.

---

*[1] Гъапулго бараб как.**
*[2] Черх.**

КIудиял-гьитIинал, загьир-батIинал
Мунагь-хатIабазул цIурал нелъее
ЦIализе рес щвараб дугIа бихьулищ,
Балеб щинаб какил ракагIатазулъ!?

ГIадамалгин женал, амлакал[1] цолъун
Цадахъго тIаделъун магIна хъваниги,
РагIалде бахъине рес гьечIеб *АлхIам,*
Гьелда сверухъ лъугьун лъида хIал кIолеб!?

ХIалимлъиялъулгин ццин бахъиналъул
ГIорхъаби цIунизе гьунар кье, Аллагь!
Гьоркьохъеб хIалалъул даражаялда
Дунялги ухраги гIуцIизе манлъе!

ГIайибалъул цIурав такъсирчиясе
Тавбо – дарулъидал, хьул гьелде буго.
Гьабун бажарулеб тIагIат гьечIесе,
ГIайиб тIаде босун мукIурлъи – сабаб.

---

*[1] Малаикзаби.**

## АЛЛАГЬ! ДУЙ РЕЦЦ ГЬАБИЗЕ
## ХIАЛ ДИДА КИССА КIОЛЕБ,

Аллагь! Дуй рецц гьабизе хIал дида кисса кIолеб,
Дуца манлъухъ горони Расуласги гьабичIеб.
РахIматалде хьулги лъун Дуде кин гьарделарев,
Гьарун кIанцIизе тIокIаб бакI батула гьечIелъул.

Тавбо гьабичIогоги чара-гIамал дие щиб,
Щибаб хIаракаталъулъ кколеб гъалатI бихьидал.
ГъалатIал гIемерлъиялъ, кигIан намуслъаниги,
Рес къотIарав лагъасе Саййид горев ватилищ?

Тавбоги тавбоялде хIажатал мискинзаби,
Муттакъиназде гъорлъе, Гъафурун-РахIим, раче!
Гъайбияб иманги лъун ХIабиб ﷺ тасдикъ гьавурал,
Гьесул шаригIаталъулъ ниж ритIун чIезе гьаре!

МигIражалъул сордоялъ умматалда тIад къараб
Къол щуябго какалда даималлъунги гьаре!
Дуца кьураб боцIи-мал лъикIаб щинаб рахъалде,
РахIман, буссинабизе сахаватаб гIумро кье!

Расуласде рещтIараб хирияб Къуръаналде
Иман лъурал нежее гIамалалъе квер бакъе!
Киналго самавиял кутубул-къадимати
Дур Калам букIиналъе нугIлъиги нежер буго.

Алжан-жужахIалдаги сиратI-мизаналдаги,
Берзда бихьарабгIан щаклъиги нежер гьечIо.
ШафигI ХIабиб ﷺ вукIинги хIакълъун нежеда лъала,
ХIисаб-суалалдагин МахIшаралда ракI чIола.

Мункар-Накирасдаги хабал гIазабалдаги,
ГIалам бижарав Халикъ, ишкалго нежер гьечIо.

Аварагас рицарал ахираталъул харбал,
Иман лъун, киналниги гьелги къабул гьарула.

Къуръаналъул аятал, муташабигьатазул
МагIнабиги, я ГIалим, Дудего тIамун тола.
Дуца фатхIу рагьарал, гIилмодулъ бичIчIи щварал
ГIуламаун расихун – гьезда нахъги рилъуна.

Дур рахIмат-цIцIоб горелде хьулги нежер лъоларо,
ЛъикIлъаби гьаруниги, гьезде мугъги чIваларо,
Мун лъайи тун батIаяб мурадги нежер гьечIо,
Гьединго Мун разилъи матIлубги нежер буго.

Мунагь-хатIабазеги ниж цIакъ мукIурал руго,
МуфлихIуназда гъорлъа рахъизе бокьун гьечIо.
Гьава-нафсалъулгун рагъ балаян ругониги,
РакI разияб хIалалда гьебги лъугьунеб гьечIо.

ЛъикIалъе квер бакъиги квешалдаса цIуниги,
Куллу гIаламалъул Хан, Дудалъун гореб гьечIо!
Дуца садикъиналгун рукIайилан манлъидал,
МагIнавияб кавният гьезулгунги ккун буго.

КигIан цIакъ бахъаниги батIиниял адабал,
Аллагь, цIунун хьвадизе гьунарги гIолеб гьечIо!
ГIузраби къабул гьарун, гIайибал рахчун толев
ГIафувун-Каримлъидал, Дуда цере чIун руго.

РечIулаго гамчIалгун, къватIибе хъамуниги
Нахъ буссун байинчIого кинго гьой тIобаларо;
Квешлъабазда гIумро ун, такъсиралде кканиги,
Таввабу РахIимасде руссинчIого рес гьечIо.

*****

## ГЬАНЖИ РАЧIА ГIАДАМАЛ, ГIИБРАТАЛДЕ РУССИНИН,

Гьанжи рачIа гIадамал, гIибраталде[1] руссинин,
ГIажаибул-махлукъат – фикро гьелъул гьабизин!
Гьаб гIалам батизаби, зобал-ракьазул гIуцIи,
ГIорал, лъарал, ралъадал, лъалищ лъица рижарал?

Лъеца гъанкъулев – инсан, ракъдада холеб – ччугIа
Ракъдадаги ралъдалъги хьвадулеб цойги хIайван,
Цинги роржунел хIанчIи, хIутI-хъомор, гIалхул чундул –
ГIумро гьабизе гьазда манлъарав мугIалим щив?

МугIрул, щобал, гьойтI-рохьал, гъваридал гонгал-кIкIалал,
ГохI-щобго бихьуларел цIан ритIарал авлахъал,
Ракьул чохьонир ругел тIабигIиял магIданал, –
ТIолалго гьел рижине хIал кIвараб къуват лъилдай?

Росабалъан байбихьун, пачалихъазде гIунтIун,
Щибаб вилаяталъул цо-цо малик[2] вукIуна.
Цинги, кинабго гIалам данде жинца бачарав,
Дунялалъулго малик щивха вукIине кколев?

Щибаб радал баккулеб, бакъанида тIерхьунеб
Бакъул гордо ургъарав инженерасул цIар щиб?
ЦIвабзаз берцин гьабураб гьадаб зобалъухъ балай,
Бугищ гъоркь чIвараб хIуби – лъил къуваталъ ккун бугеб?

Къассе сордо канлъизе канлъи кьолеб моцIалде
ЦIараб телго бихьулищ, ток бачIунеб киссандай?
Кавно бижаралдаса сверулелго чIоларел,
Ремонт хIажалъулареб хIикмат щиб бакъ-моцIалъе?

---

*[1] Пикро гьабизе.**

*[2] Хан.**

Къоялъ сордо хисулеб, хасел ун, их бачIунеб, –
Унго гьадинаб низам халкъалъе гIуцIцIарав щив?
Зодосахун цIцIадал кьун, ракьулъан ризкъи бижун,
Ракьалда бугебщинаб махлукъ хьихьулеб лъица?

Цинги хадуб, хал гьабе хаслихъе къункърабазул,
Хинал улкабаздехун къокъаби ккун роржунел?
Жигиги ургъун рихье: роржиналъул берцинлъи,
Балагье гIадлоялъухъ, дол лъицадай куцана?

Цойги, тIалил наязул низамалде балагье,
Беразда бихьаниги, инсан хадув гъоларев!
Азде гIилмо манлъулев, гIадлоялде куцулев
ГIалим гьечIого рес щиб, щивха гьанжи гьев кколев?

Гьаб, бижанщинаб къойил, роолил фусулазда[1]
ТIугьдул цIцIун, гьоцIо тIезе гьал тIамурав хIаким щив?
ТIадеги, гьезул гьоцIо, гьаб гIаламалда гурхIун,
Дару бугин бицарав цо тохтор вугин, — лъалищ?

Цо балагье, бихьизе: гъабуца чIор беччала,
Мичилалда жемизе дегIеналда кин лъалеб?
Ралъдалъ ругел ччугIбузда ракь багъаризе букIин
Бихьуларищ, лъалеб куц, – кинав мухбирас бицун?

Кинабгоги тIагIел-гIучI, тIолабго алаталъул
Ургъарав, гьеб гьабурав, санигI вукIине ккола.
СанигI гьечIого алат батулеб гIадат гьечIо,
Материалистазул пикро мекъса ккун буго.

Рехсон арал суалал цо жавабалъ рорхула,
Цо Аллагь ﷻ киназулго Халикъ – Мудаббир ккола,
Халкъун гIалам бижарав, гьезул тадбир гьабулев,
Гьев хан – ВахIидун АхIад вугин, нуж кантIуларищ?

---

*[1] Сезоназда.**

КантІи гьечІеб къавмалъул мисалги рехсон индал,
Атеистал, ножойги ригьине мех щун гьечІищ?
Радал, къо къалъидалги, бакъалде инкар ккуни,
Беццав чиян горони, гьесде щибин абилеб?

Аллагьгунги дагІбадун, динги гьереси гьабун,
Гьедин живго жинцаго гуккизе чи бегьилищ?
БетІергьанги лъайчІого, лагълъиги гьабичІого,
Гьаб дунялалъул рокъов гІакъилав хьвадиларо.

ГІакъло гьечІес горони, беразе бихьи гьечІеб –
ГьечІеблъун чІезе гьабун, хабарги бицинаро.
Хонжрол ругъун лъуниги, мехтун гІакъло арасда
Унтул хІалги лъаларо, вигьун хадув горони.

Гьедин ишги бугелъул, къабул гьабе насихІат,
Рес букІаго, босун те  гІумроялдасан пайда!
Дун материалистин, гьедин къвакІун мун чІоге,
*Малакул-мавт* вачІиндал, тамахлъизе кколев чи!

Чанги жиб букІин, хІакъаб беразда бихьулареб,
Бугебин Халикъасул махлукъат, ургъун вихье!
РухІ дурго чорхолъ букІин бальго дуе гьечІелъул,
Бихьанищ дур берazда, – бице, гьудул, битІахъе?

Нахъеги, гьорол хехлъи, гьелъул кутакал гьаркьал,
Гьединго гучаб къуват борцине рес букІуна;
БукІунищ, гьудулав чи, гьелъул черх бихьизе рес,
Бихьун дуда батани, бицун те нежееги.

Жиги дуе цо суал, гІемерлъун бихьичІони,
ГІайибги дида чІваге чІалгІаде кІалъанилан;
ЧІалгІаде дуй кканиги, кколарелги ругелъул,
РекІелъ бижараб гьотІол пихъ къватІибе кьезе те!

Токги телги лъалареб лъимерцин гьанжи гьечІо,
Гьеб жаниб камураб рукъ кулабахъцин гьечІелъул,

Цинги гьеб токалъулги къуват – киловатаца,
Напряжение – вольтаз борцунеб гIадат буго.

Ток бугеб, гьечIеб лъайзе, щаклъи нелъер ккун хадуб,
Индикаторги босун балагьиги гьабула;
Лампочкаби ракула, резеткаби хIалтIула, –
ТIолалго гIаламатаз ток букIин хIакъ гьабула.

ГьедигIан букIин хIакъаб, щаклъизе бакI тIагIараб,
БитIун бице, дир гьудул, дуда гьеб ток бихьанищ?
Далилаз чIезе гьабун, букIин мухIканлъаниги,
Бихьизе имкан[1] гьечIеб токалъул хIисаб гьабе!

Токги гьелъул къуватги лъалев чияс абуни,
Инкар гьелде ккойларо, кверги гьелда хъваларо.
Кверал хъван, балъаргъани, гьелъ гьабулеб бичIчIулес
Гьелда квал-квадиялъул кайфиятги[2] цIунила.

Beралда бихьулареб, токан абун цIар бугеб
Цо къуват букIин нелъей далилаз чIезабуна.
Далилгойищха гьечIеб, дур беразда бихьулеб,
Дунял-гIалам бижарав Халикъ цо вукIиналъе?

Цогидаб жоялдехун балагьизего ккелищ,
Беразда цебе бугеб дурго черхги букIаго;
Чан лага-саналдалъун мун берцин гьавун вуго,
Гьезул цо камуниги, кин дур гьайбат сурула?

РекIелъ пикро хIалтIула, ботIролъ гIакъло букIуна,
КIиялъулго цоябцин бихьулищ дур беразда?
Щибаб пихъ, тIагIамалъул махI батIа-батIа буго,
МегIералъ гьеб босула, бихьулищ дур беразда?

---

*[1] Рес.**
*[2] КъагIида (правило).**

Вусса, гьудул, диналде, дурго БетIергьанасде,
БетIергьан лъаларев лагъ вукIине бегьуларин;
Гьабун те, гьудул, тавбо, таллагь, мун витIун ккела,
Тохлъун чIоге, дир гьарин, дуе ахират щвела!

Аллагьас мун вачаги таввабиназде гьорлъе!
Тавбоялда хварасе рохел кIудияб бугин.
РахIматалъул малайкас мугъалда цIалги кьабун
Кьеги нахъа-талихI дуй динул Ислам бичIчIизе!

## ГЬАНЖИГИ ЦО АЯТ, АХIМАД ﷺ ВОКЬУЛЕЛ,

Гьанжиги цо аят, АхIмад ﷺ вокьулел,
Аллагьас гьесие нигIматлъун кьураб.
Нахъеги цо рохел, хирияб уммат,
Ухраялда нелъей букIине бугеб.

Бижанщинаб гIалам жинде хIажатав,
ХIабибуллагь ﷺ абун цIар жиндий щварав, –
МахIшаралъул къоялъ гьабизе бугеб
Гьесул шафагIатин нелъей доб рохел!

Рохел бицаралъухъ жоги кьолелъул,
Кьезе барахщуге дийги сайигъат:
Дун хванин рагIидал, хириял вацал,
Хадуб лъабго *«Къулгьу...»* цIалун кири кье!

## ЦИНГИ ХIАБИБАСУЛ ﷺ УММАТ АБУНИ …

Цинги ХIабибасул ﷺ уммат абуни,
Умматазул бищун хирияб буго.
Хиралъи тIокI гьабун, тIаса бищараб
Умматалъул вати – талихI горебдай?!

ТалихIин абуни, нелъер гIакълоялъ
Къимат кьезе кIолеб борхалъийиищ гьеб –
БоцIи-мал, бечелъи, ханлъи, кIодолъи
Лъалез, нахъе рехун, босулеб давла.

Исламияб нухде вачIаравщинас
ЧIобого босулеб бусурманаб цIар.
Балагье Полосин ГIали вихьизе,
ГIакъло жиндир бергьун, жагьло хъамурав!

Нахъа гIажал бугеб гIумродул къоял
ГIадада тарасул талихI къосина.
Тавбоялъул гъафу рагьун букIаго,
Гьениве кIанцIарав пащманлъиларо.

Фахруль-анамасул умматалда гъорлъ
Ватиялде талихI, таллагь, щоларо;
ШафигI вокьулезул мухъилъ ратидал,
Рецц гьелъий гьабизе хIалги кIоларо.

ХIабиб- МухIаммадил ﷺ хIакъикъат лъайчIез
Лъолел бугьтаназе нугI – Аллагь ﷻ вуго,
Исламалде данде къеркьолел бугъби,
Къоял лъугIун хадуб лъала ножор хIал!

ХIакъаб хвел тIаде щун унтуца ккойдал,
Киве ворчIизедай дур хивал буго;

Хирияб рухI босзе ГIизраил щведал,
ГIарац-месед кьунищ дов нахъе чIвалев?

Дуда дун гурхIула, талихI къунгеяв,
Те гьеб дагIба-къецги, вусса диналде!
Дуда кIочаниги мун кIочонарев
Бечед дур вугелъул, кантIуларев щай?

Квеш мун хьваданиги, дуда гурхIулев
РахIманасул лъикIлъи лъайзе ккеларищ!
Куллу-гIалам жиндир цIобалъ хьихьулев,
Бегьиларо, гьудул, Разакъ лъайчIого!

Гьанжи мун гIенекке, гьаб умматалъул
Аллагьасда аскIоб хиралъи лъайзе.
Хириязда гьоркьоб бокьун батани,
Тавбо — гьелъул багьа, балагьун вихье!!!

## ХАЛИКЪАС ХАСС ГЬАВУРАВ ХIАБИБАСУЛ ﷺ ХИРАЛЪИ

Халикъас хасс гьавурав ХIабибасул ﷺ хиралъи
Халкъалъ бицун, къимат кьун, рагIалде бахъунаро!
БахIрул-мухIитIалдасан рагIа-ракьан лъаларел
Расуласул асрараз инсан хIайран гьавула.

Авалалда вижарав, ахиралда вачIарав,
Адам вижилелдего авараглъун вукIарав.
*«Аласту бираббикум?»*[1] БетIергьанас гьикъулеб
Къоялъ, тIоцобе жаваб, жинца *«Бала»*,[2] — ян кьурав.

Жиндий гIоло тIолабго махлукъат бижиналъул
Бицен тIахьазда жаниб бокьарасда батулев.
Анкьалго зобалазда, хирияб ГIарш, Курсалда,
Алжаназда жанирги, – жиндир цIар кибго хъварав.

Киналниги цересел русулазде рещтIарал
ТIахьазда жаниб рехсон, рохел жиндир бицарав.
Дунялалъул букIназда бусурманаб агьлоялъ
Азан–икъаматалъулъ исмо жиндир рехсолев[3].

Аллагь-ТагIалаясул асмаазда[4] гьоркьосан
Лъабкъоялда анцIго цIар жиндий гIахьал гьабурав.
Гьел киналго данде къан, мустахIикъал цIаразул
ГIадад[5] азаргоялде жив горесул бахинчIев.

Халикъас жив вижарав сураталда Жабраил
Жиндир бераздa вихьун, хассаисал тIокIлъарав.

---

*[1] Халкъалъул заррабазде: «Дун ножор БетIергьан гьечIищ?» – абун.**
*[2] «Вуго Мун нежер БетIергьан», – абун.**
*[3] Как ахIулагоги къамат гьабулагоги жиндир цIар рехсолев.**
*[4] ЦIараздасан.**
*[5] РикIкIен.**

ТIадеги, кIиго нухалъ Халикъ жинда вихьарав,
Хварал эбелгин эмен чIаго жиндий гьарурав.

Гьел хун жив ятимлъарав, умиявлъун[1] вукIарав,
Аллагьас кIодо гьавун, гIалимавлъун вахъарав.
Малакун-мукъаррабун яги набиййун-мурсал –
Гьезда бихьичIеб макъам – такъарруб камиллъарав[2].

Киналниги адянал жиндалъун насхулъараб[3],
Хиси жиндие гьечIеб Къуръан кодобе кьурав.
Кутубазул магIнаби киналго жанир лъураб
МугIжизатазул асло – гьеб Халикъас цIунарав.

Къад гIадин, бецIаб сардилъ кинабго жо бихьулев,
Жиндица хIацIо туни, цIам ун, лъин гьуинлъулев,
Гьуинаб мискалъул махI гIетIалдасан бахъунев,
Нахъа бугеб жамагIат цебе гIадин бихьулев.

РагIад жиндир лъугьинчIев, ретIелалда тIутI чIечIев,
Вакъун жив кьижаниги, гIорцIун тIаде вахъунев.
ГIадамазда кидаго хIажат жиндир бихьичIев,
Жив макьилъ вихьанани, – хIакълъунго вихьи кколев.

Вихьун жинде бер щварав, ракIалда унти гьечIев
Инсан – тIаса жагьло ун, гIалимавлъун лъугьарав,
ГIадамазе, жиндаса гьаракь борхун кIалъайзе,
Гьединго жив нахъа тун такъдим хIарам гьабурав[4].

МухIталимлъун лъугьинчIев, гьакIасдизе байинчIев,
Гьеб кIиялдасаго жив гIумроялъго вацIцIадав.

---

*[1] Хъвазе цIализе лъаларевлъун.**

*[2] Цониги малаикасе яги Аварагасе щвечIеб макъам — такъарруб (ай, Аллагьасде гIагарлъи) жиндие камиллъарав.**

*[3] Киналниги динал жиндалъун Аллагьас хисараб.**

*[4] Гьевги нахъа тун гьесдаса цере ине хIарам гьабурав.**

Дунял тун, жив накълолъун, уммат бесдаллъаниги,
Барзахияб чIаголъи кидаго тIаса инчIев.

Умматалъул киналго квешал-лъикIал гIамалал,
КамичIого жиндихъе малаикас рачIунев.
РачIарал гIамалазул лъикIалдаса вохулев;
Сайиатал рачIани[1] – гьел чуреян гьарулев.

Гьединго Равзаялде зияраталъ вачIарав –
ЧIаго жиндихъ зиярат гьабуравлъун вукIунев.
Магърииб-машрикъалдасан умматалъул бокьарас
Свалат-салам битIани, гьеб буссине гьабулев.

Явмул-къияматалда[2] халкъ тIаде бахъинелде,
ТIоцобе ГIизраилас хитIаб жинде гьабулев;
Жив тIаде вахъинчIого, нахъеяб гIаламалъул
Анбияал-русулал – гьелгицин рахъунарев.

Цинги гIарасаталда, сиратIгин мизаналда
Жиндир шафагIаталде гIаламго хIажалъулев.
Алжаналъул кавааби квералъ жинца рагьулев,
Жив жанив лъугьинчIого цойги чи лъугьунарев.

Гьединав ХIабиб ﷺ вуго, хIавзалъул малик[3] вуго,
ХIажаталъув ватулев ракIчIарав ШафигI вуго.
ШафагIат гьабулезул имамлъунги жив вуго,
Аллагьасе хирияв Хайрул-барийййат[4] вуго.

Хирияб жиндир уммат, цересезе рукIинчIел
Рухсаби гIатIид гьарун, бигьалъиялда тарав,

[1] Умматалъул квешал гIамалал рачIани.*
[2] Къиямасеб къоялъ.*
[3] БетIергьан.*
[4] Халкъалъулго бищун лъикIав.*

Такбир-таъминалдалъун, рукугI-сужудалдалъун,
ЖамагIатгун как бай кьун Каримас тIокI гьавурав.

Гьединго рузман къо кьун, сагIатул-ижабат кьун[1],
Азарго моцIалдаса Рамазан хира гьабун;
Хиралъи-тIокIлъиялъул бицун хIалго кIолареб
Лайлатул-къадриялъул сордоги сайгъат гьабун;

КIал беччан къо, Къурбан къо, кIиябгоги гIидлъун кьун;
ГIидалъул хIурмат гьабун кIал ккойи хIарам гьабун[2];
Кафарату-санатайн савму-гIарафат гьабун,[3]
ГIашураалъ ккураб кIал соналда барщад гьабун;

Гьарурал мунагьазе истигъфар тавболъун кьун,
ИжтимагI къосиналда ккеялдаса жал цIунун[4];
Цересел уматазе гIазаблъун жиб букIараб,
РахIматлъун ихтилафги Аллагьас жедей кьурал[5].

Ракъул балагьалдалъун гьалаг гьариларилан
Рижарав Халикъасул къотIи жедее бугел,
Жал горел, цойгидазул тущманасул рахъалъан,
Истиъсал[6] букIинарин БетIергьанас абурал.

Нисян-хатIаялдаса[7] Аллагь тIаса лъугьарал,
Дагьабго гIамалалъухъ гIемераб ажро хъвалел;
ГIамал гьабиялдаса гIажизаллъун хутIани,
Нияталда данд битIун кири жедее кьолел.

---

*[1] Рузман къоялъ дугIа къабул гьабулеб сагIат кьун.**

*[2] Ай, гIидалъул къоялъ кIал ккойи хIарам гьабун.**

*[3] ГIарафа къоялъ ккураб кIалалъ кIиго соналъул (гIисинал) мунагьал чурулеблъун гьабун.**

*[4] Ай, тIолго умматго къосараб нухалде ккеялдаса цIунун.*

*[5] Имамзабазда гьоркьоб ккарал хилафал (мисалалъе, ункъабго мазгьаб).**

*[6] Еущбабаз кьучIдасанго тIагIинари.**

*[7] КIочон, лъайчIогун гьабура жоялдаса.**

Умматазда гъоркьосан бищунго гIумро къокъал,
ГIилмо – авалиналгун ахириназул кьурал;
Ахиралде щвезегIан шаргIалъул нухда чIарал
ТIаифатун гIалал-хIакъ[1] жедер камизе гьечIел.

Гьезда гъорлъ актъIабалги, автадал, нужабаал,
Абдалал рукIиналда ракI чIезеги бегьулел;
Дунял зулмуялъ цIедал, дин-Ислам цIи гьабизе
Абулкъасим МухIаммад, Магьдиги жеделъ вугев.

Мунагьалгун жал холел, хабалъе гьедин унел,
Хадуб муъминзабаца дугIа жедей гьабулел,
Гьелъ мунгьалги чурун, рацIцIадаллъунги гьарун,
Къиямсеб къояца тIадеги жал рахъунел.

ТIаде рахъинги жедер, тIолалго умматазул
Анбияазда хадуб, бищун цебе букIунел.
Бакъ-моцI гIадал гьормалгун, гьайбатаб нур-гвангъигун,
Халкъго хIайранаб куцалъ гIарасалде рачIунел.

ГIарасат майданалда, хIисаб тIоцобе гьабун,
ТIоцоре алжаналъур жал лъугьине гьарулел.
Жал жанир лъугьинчIого, цогидал умматазе
Алжаналъур лъугьине эхтияр букIунарел.

Уммат гьединаб буго, гьезда гъорлъа нилъ руго,
Гьелда рекъараб щукру гьабизе кIолеб гьечIо.
ГьабичIого хутIараб гIибадат квеш ккун буго,
ГIадада арал къоял ракIалда къалел руго.

Къоял дагьлъун кканагIан хIинкъи цIикIкIунеб буго,
БачIин хIакъаб хвелалъул ургъалица ккун вуго,
Ургъалил гьаб донкIоги дида чIалгIунеб буго,
БетIергьангун дандчIвазе нечараб хIалги буго.

*[1] БитIараб нух ккун чIараб къокъа.**

Нечонин, хIинкъунилан ворчIизе бакIги гьечIо;
БачIун, тIаде щун хадуб, нахъ чIван хвелги унаро;
Хун, рукъулел гIадамал къойил рихьулел руго,
Къваридаб лахIдоялъул суратги цебе буго.

Цебеса лахIдо араб сагIат-минутги гьечIо,
Малакул-мавт кидаян интизаралда[1] вуго.
Аллагьасул рахIмат-цIцIоб гIорхъи гьечIеб бугелъул,
ЛъикIаб занно[2] гьесдехун мискинав дирги буго.

*[1] Балагьун чIун.**
*[2] ЛъикIаб хиял, ракIелчIей.**

## ЖАГЬЛОЯЛЪ КЪВАЛ БАЙДАЛ КЪУН ККАРАБ ТАЛИХI

Жагьлоялъ къвал байдал къун ккараб талихI
Къоял тIагIун хадуб нахъ буссинаро;
Рии чIедалниги хур бекьичIони,
Хаслихъе хIалбахъин бакIариларо.

БетIер хъахIлъун, мегеж чарлъидалниги,
Чара гьечIеб хвалий къачIазе ккела.
Къуватаб черхалъул тату холелде
Тавбоялъул шартIал цIехон лъикI, гьудул!

Дурго кIал-мацIалда кверщел букIаго
Шагьадат битIани, мун витIун ккела.
Малакул-мавт вачIун, печать чIвалелде
Пайдаялъе кIалъай, гIакъил ватани.

ГIадада Жинца нуж рижун гьечIилан,
Рижарав Аллагьас абулеб буго;
Анбияал ритIун, тIахьалги рещтIун,
ШараигIал цIуни тIадги къан буго.

ТIолго гIаламалъул заррабазухъа
*Явмул-мисакъ*алда къотIи босана,
Къудратав Аллагьас: «Дун ножор Бечед
Вугищ?» – илан гьикъун, къабул гьабуна.

Гьеб къотIиги босун, Халикъас гIалам
Хадуб дунялалда загьир гьабуна.
ГIаламул-мулкалда тагIалукъ ккедал[1]
ЛатIаифал пурччун, къотIи кIочана.

[1] *Дунялалда хурхен ккедал.*

Рахъ чIунтун, лъим къотIун, ракъван хутIарал
АлтIафазул мисал хIоразул ккана.
ХIузур жамгIияталъ рахъ ислахI гьабун,
Гьел къачIайзе лъалев чи хIажалъана.

Чорхол лугбазда тIад вехьлъун гьабураб
РекIел матIу бацIцIин фарзлъун тIад чIана.
Фирасат гвангъизе, илагьияб нур,
ГьечIого гIолареб магIданлъун ккана.

Машаихзабазе анбияазул
Варисзабиййилан, сифат гьабуна.
Гьезул тарбиятги муъминзабазе –
Агьаммул-мугьиммат[1] бугин бицана.

Цинги, дунялалде вачIун хадуса,
Инсанасул гьелда хурхен лъугьиндал,
Гьеб сабаблъун жиндир аслияб ватIан –
ГIаламул-зараги гьесда кIочана.

Гьанжи, кIочон тараб аслияб ватIан
РакIалде щвеялъе хIалтIизе ккана,
Ругел бакI лъаларел, ракъван хутIарал
ЛатIаифазе доб нур хIажалъана.

Нуранияб файзалъ рацIцIадги гьарун,
Гьел хIалтIизарулеб зикро манлъана;
Зулматал тIаса ун, ругел бакIал лъан,
РакI чIаголъарасул гьелги хIалтIана.

Гьанжи ракIалде щун, аслияб ватIан –
ТIад руссине кколеб рукъ букIин лъана.

---

*[1] КIвар бугездасаги кIвар бугеб.*

Лъан хадуб, Халикъас тIоритIанщиназ,
Щибго жо рехон тун, зад[1] хIадурана.

Заррабаз гьабураб къотIиги кIочон,
Гьелда хутIаразда Халикъ ватичIо;
ВатIанги гIалахги, хвел-чIаголъиги
ЧIаго ракIал хварал, гьезда бихьичIо.

Ижараялъ кьураб ракь-мулкалда тIад
Кверги лъун, ахIмакъаз дунял гIуцIцIана.
Доб аслияб ватIан – абадияб рукъ,
Элъул хабар гьазий маргьолъун ккана.

Маргьабазда гIумро араб къавмалда
Къуръаналъул вагIза берцин бихьичIо;
Бакъги моцIги гIадаб гвангъараб Ислам
Сардил бецIлъиялде гьазий сверана.

Аварагзабазул шараигIалги,
ЩайтIаналъ хадур цIан, гьезда рихана.
Гьавагин нафсалъ жал лагъзаллъун ккведал,
Лагълъи тIадав МагIбуд гьечIилан чIана.

Гьалги, гьал горелги, куллу гIаламги, –
Кинабго бижарав Халикъ цо вуго.
Халкъалъул тадбирги хIукму-къадарги
Досда кодоблъидал, АлхIамдулиллагь!

[1] *Сапаралде цадахъ босизе нахърател.**

## УММАТ ЛЪИКІАБ ЩИНАЛДЕ АХІУН БАЧУНЕБ БУГО …

Къуръаналъул аятаз, Аллагьасул каламалъ
Уммат лъикIаб щиналде ахIун бачунеб буго.
Исламалде райинчIел мушрикиназде данде,
Дол гIадин, лъугьунгеян саброги кьолеб буго.

Сабро – алжаналъул кIул бугилан, ХIабибасги ﷺ
ХIадис бицун, халкъалъе баян гьабулеб буго.
Баян гьабун щиналъул ургъел нелъее ани,
Гъваридал ралъадалги хIоралльун рукIинаан.

Исламалде инкар ккун, купруялда чIараздe
ЧIван-къотIун жужахIалъул агьло абугейилан,
Аллагь-РахIман-РахIимас иман лъурал чиязде,
Эбел-инсуца, гIадин манлъулеб куц бихьулищ?

Балагье, ГIумар асхIаб, Валидил вас дов Халид –
Халкъалда цIар рагIарал боязул церехъаби;
Цере мушрикиналгун купруялдаги рукIун,
РакIазулъе иман тIун, Аллагьас тIоритIарал!

Рижарасда гIадин лъикI лагъзалги лъаларелъул,
Лъил гIакъибат[1] кин ккелеб – кинха жаваб гьабилеб!
Жагьлоялъул къабихIлъи гIилмоялъ къватIиб чIвала,
ГIилму, нафигI гьечIони, гьебги добго букIуна[2].

Дин бичун дунял боссе, диналъул вац гуккулев
Гавурасул гIилмоялъ рекIелъ нух бахъуларо.
Хиянатаб харбида ругьуназул кIал-мацIалъ,
Загьро, гьоцIоги жобан, гIаламалъе бикьула.

---

*[1] Ахир (рухI бахъиялда аскIоб).**

*[2] ГIелму мунфагIатаб гьечIони, жагьиллъиго гIадин къабихIаб букIуна.**

ГIалимав, гIакъилав чи, гIаламалъе мисаллъун,
ЛъикIалщинал пишабалъ цеве вукIине ккола.
Царал махI бахъарални, цо иш жедеде ккедал,
Церени кисса горин, нахъацин ратуларо.

Цинги гьаб ахир-заман, нелъер берда бихьулеб,
Бахьи къосараб къавмалъ питнаби рагъарулеб;
Гъазаватан цIар ахIун, хIутIаму-ддуня[1] бокьун,
Дин лъаларел гъачагъаз жагьилаб халкъ гуккулеб;

Жакъа гIадин гIилмоги гIакълоги къварагIараб
ГIасроялда жанибго бачIанадай замана?!
Заялъизе течIого, бачIунеб гIел куцизе
Комек хIажалъун бугин, хIал кIварас кIвараб гьабе!

КIвар гьечIого, киназго гьаб хIалалъ реччан тани,
ХIисаб гьабе, умумул, лъималазул щиб кколеб?
Ккараб букIинебилан, ургъел тун, нилъги чIани,
Умумузда тIад бугеб хIакъалда щиб гьабилеб?

ХIакъги дида тIад гьечIин, гьебги дида лъаларин
Абулевлъун ватани, таллагь, мун мекъса вуго.
Къиямасеб къоялде инкар дур батичIони,
Дунялалда гьабураб гьениб дуда батула!

Дуца квер хьвагIун тарал лъималаца гьеб Къоялъ,
Гьас нежеде манлъичIин, мун вихьизе гьавула.
Мунги жужахIалъув ун, жалго хвасарлъиялъе
Жигар бахъун, хIал кIвараб гIамалги гьез гьабула.

ГIумро жагьиллъуда ун, гIажизлъарал умумул,
Исламияб диналда наслаби ругьун гьаре!
ГьебгIан ножор унтуе рекъараб дару гьечIин,
Дару тIалаб гьабизе боцIуда барахщуге!

*[1] Дунялалъул боцIи.**

БоцIийищ ножор холеб, харжищ ножор бахъулеб,
Рушватищ кьезе кколеб, вас вугони гIоларищ?
ГIилмо цIалараб насло нахъеги тун, хвеялда,
Хассго гьаб заманалда, инсуй щиб барщалъилеб?

Эбел-инсуца горищ лъимал лъугьинарулел
Насраниял, ягьудал, – гьелде нуж кантIуларищ?
Гьаб жагьилаб хIалалда гIумро нелъергоги ун,
Наслабиги хойзе тун, хойзе нилъ рекъон бугищ?

Къурущалъул хал гьабе – гIанчIи[1] билагьулел куц;
ГIанкIабазулгIан гьунар гьечIого, нилъ бегьилищ?
Нелъеда гIадин таклиф дозда букIараб ани,
Доз жужахIалъуб ине цо гIинчI беччайлароан.

Аллагьас тIоритIулеб гIамал-хасият кьеги!
ГIилмоялъулъ бичIчIи щун, шаригIат гьуинлъаги!
ШафигIасул нух кквезе тавфикъ даим гьабеги!
Тавбату-насухIалда рухI боссе хъван батаги!

Амин! Амин! Амин! Я Мужиб!

******

*[1] ГIанкIудал тIанчIи.**

## ЛЪИМАЛАЗУЛ ЛЪИКIАВ-КВЕШАВ КИНАВ ВУГЕВ ЛЪАЙЗЕ ГIОЛО

Лъималазул лъикIав-квешав
Кинав вугев лъайзе гIоло
ГIадат буго умумузул
Эзул цо-цо хIал бихьулеб.

ХIехьолищан хал гьабизе,
Бищунго цIакъ вокьулесда,
Бокьараб жо тIад къаниги,
ТIад инсуда щив кIалъалев?

Щибаб лъимадул гIамалги,
ГIакъло, тадбир, хасиятги –
ИнсудагIан гьеб лъикI лъайзе
Цойгиязе рес букIинищ?

Цинги лъимал лъикIал лъугьин
ъикIав инсуй цIакъ бокьула,
ЛъикIаб-квешаб баян гьабун,
Гьезие цо гIадло лъола.

ГIадло хойзе гьабурасе
Гьабун толеб тамихI бицун,
Туснахъалъур ккезе, воре
ЧIогейилан гIакъло кьола.

ГIакъло къабул гьабун, цояс
Берцин гIумро тIобитIула,
ГIайиб чIвалеб хьвада-чIвади
Киданиги гьабуларо.

Гьесда туснахъ бихьуларо,
ТамихIалде жив цIаларо,

ВацIцIадав вас хIисабалда
Инсуеги хиралъула.

Инсул гIакъло, насихIатал,
Нахъе рехун, цогидав вас,
Цебе ккара-ккараб гьабун,
Квешлъиялда ругьунлъула.

Гьелъул хIасилалда мискин
Туснахъ-сибиралде ккола,
Инсул адаб-хатир теялъ
ТалихI къосун, мекъса уна.

Мекъса гьев вас ийиналъул
Инсудайищ гIайиб бугеб,
Яги инсухъ гIенеккизе
ЧIухIарав гьав васасдайищ?

Вас, инсуда нахъги вилълъун,
Манлъарабги къабул гьабун,
Къадроялда чIарав ани
Туснахъалъув ккелаандай?

Туснахъалъув кколев гIамал,
Бокьун, тIаса асги бищун,
Инсудехун гIайиб рехи –
ГIакълоялда данде кколищ?

ГIилмогин Жив къадимияв
Къудраталъул Аллагьасги
Иман лъунин абураб, цо
РагIуда лагъ толев гьечIо.

Гьесул иман хIал бихьизе,
ХIехьолищан балагьизе,

Балагь, ургъел, къварилъаби
ТIаде реччай – гIадат буго.

ГIарац-месед бацIцIад гьаби
ЦIаялдалъун бугеб гIадин,
ГIабидасе ибтилаъги[1]
Эбго хIалалъ кколеб буго.

Балагьазул бищун цIакъал, –
Анбияал, авлияал,
Эзда хадур рачIаразде
РачIунилан, хIадис гьечIищ?

ХIисаб гьабун бихье гьанжи
Нелъер сабро-иманалъул,
«Инна лиллагь...» абулев чи,
Балагь щведал, щив вукIунев?

Лъималазул рухIи бихьун,
ехьон, сабро гьабун хадуб,
Гьезий бугеб ажро-кири
Къагътида хъван хIал кIоларо.

Куллу-гIалам[2] хIайранлъараб,
ХIисаб-суал захIмалъараб
МахIшаралъул къояца цо
Къокъа баккун бачIунила.

Бакъ-моцI гIадал гьезул гьормаз
Гьаб халкъ хIайран гьабулила,
Гьадаб къокъа анбияал,
Русулалищ, гьикъулила.

---

*[1] Балагьалде ккей, хIалбихьи гьаби.**
*[2] ТIолго гIалам.**

Къадирасул рахъалдасан
Мунадияс[1] ахIулила,
Агьлул-балаъ[2] гьадал ругин,
Гьезул хабар бицунила.

Гьезий хассаб, алжаналъуб
Макъам бугин абулила,
Эл горелаз хIетIе чIезе
ХIукму Халикъасул гьечIеб.

ХIисаб-суал гьазий гьечIин,
Гьелдаса гьал хвасарлъанин
Лъайзе гьабун, махIшаралъул
Агьло хIайран гьабулила.

Гьал жалгоги, алжаналъуб
Жедей щвараб макъам бихьун,
Бишасе рецц кин гьабилеб
Лъаларого хутIулила.

ТIадеги жал дунялалда,
ЦIадал кIвекьмаххалги росун,
Русс-руссун ран анищилан
Щивав чиясда кколила.

Наслабазул рухIалаби
ХIехьезе къо тIаде ккарал,
ТIолалгоги эбел-эмен,
Алжан щвела, сабро гьабе!

Саброялда нилъ теларин
Тущман-иблис чIолеб буго,

[1] АхIулев чияс.*
[2] Дунялалда жедеде тIаде балагь щвараб агьло.*

Нафсул-аммараталъулги
Гьелъий цIакъаб комек буго.

«Киналниги нафсалда жал
Риханщинал ахлакъацIа[1]
Алжан сверун ккун бугилан», –
Расуласул хIадис буго.

Нафсалдехун рагъги гьабун,
Гьелъий бокьанщинабги тун,
ЩайтIаналде кIалги гьикъун,
Гьабе тавбо, ккаралдаса.

Наяз хIанчIи хIехьарасе
ХIал хьезегIан гьоцIо щола,
ХIехьон бажаричIонани,
Щвараб давла борчIун ккола.

Балагье нуж, ГIумар асхIаб,
ГIусман, гьесда хадув ГIали ﵁ –
Хулафаун рашидунал,
Дозул ккараб къисматалъухъ.

Къадирасда дол цIунизе
ХIалдай кIола букIун гьечIо,
ЧIаго алжаналъул рохел
Бицаразул церехъаби.

Цинги Расулуллагьасул
Сайййидзаби – ХIасан, ХIусен, –
ХIисаб гьабе гьазде тIаде
ТIамун тараб балагьалъул.

---

*[1] ТIабигIатаца.**

ТIаде, ЯхIя – Аллагьасул
Аварагги, жиндир къавмалъ
Къурбаналъе, чахъу гIадин,
Хъун рехичIищ, гIодовги лъун?!

Хъарщи гIадин, гьесул эмен –
Закария аварагги
Аллагьасул тущбабаца,
Калги гьикъун, кIи хъухъайчIищ?!

МашитIатги Асиятги,
Аллагь живин дагIба барав,
Дунялалда цIар рагIарав
ФиргIавница рухIун, хойчIищ?!

ЧIахIиялги гIисиналги
Балагьазул къадаралда
Данд ритIунин алжаналда
Даражаби рикьулелго.

Дунялалда рахIат гьабун
РахIманасде щолелани,
ХIатIал гьоройзегIан Расул
Къиямалда чIелароан[1].

Алжаналъул даражаби
Жедей кьезе горелани,
Аллагь лъалел гIадамазде
Балагьалги щвелароан.

Балагьалги, мунагь бихьун,
Гьезий кафаратлъун гьабун

[1] *Сардилъ вахъун чIун какал рала чIелароан.**

Реччалелги гIадатлъидал, –
Гъаб лъайчIого бегьиларо.

Балагьалги реччайчIого,
Мунагьалги чуричIого,
Чурхдулги рацIцIалъичIого
Хванийищха лъикIаб бугеб?!

ЛъикIаб лъайзе, нелъер гIилмо
ГIоларого букIаниги,
БетIергьанас квешаб нелъей
Киданиги гьабуларо!

Какалъулги, хIажалъулги,
Садакъалъул агьлоялъе, –
Ажро кьезе, хIисабалъе
ЦIадераби лъолел руго.

Дунялалда балагь щварал
ГIадамалин абунани –
Эзул гIамалал цIайзени
ЦIадераби лъолел гьечIо;

Балеб цIцIадул хIисабалда,
ХIалхьезегIан ажроги хъван,
Аллагьасул рахIмат-цIцIобалъ
Алжаналде унел руго.

Дунялалда, дозде гIадин,
Балагь щвараб анийилан
Агьло-мугIафатал[1] гьезда
ХIайранлъухъе хутIулила.

---

*[1] Ай, Аллагьас дунялалда жал балагьаздаса цIунун тарал гIадамал.**

ХӀадис гьечӀищ Расуласул
«Аллагьасда данд чӀвайзегӀан,
Муъминазда тӀаса балагь
Араб мехго гьечӀебилан,

Гьесул ккараб мунагь-хатӀа –
ТӀаса ине кафаратлъун
Унта-щокълъи лъималазулъ
Я жеделъго тӀамулила».

ТӀадегӀанав Аллагьасде,
Дунялалъул, ухраялъул
ЛъикӀаб щинаб гьарун, дугӀа
Гьаби – нелъей лъикӀаб буго.

Гьединго, бачӀун хадуса,
Балагьалде сабро гьаби –
БетӀергьанги разилъулев
ЦӀакъ кӀудияб амро буго.

Балагьалги тӀаде реччан
Саброялде тӀамичӀого,
ЧӀорого нигӀматалги кьун,
Щукруялда даим гьаре!

Дур шаригӀат цӀуниялъулъ
ЗагӀифал ниж ратаниги,
Тавбо-истигъфаралдаса
МахӀрум гьарун, нахъе чӀваге!

Амин! Амин! Амин! Я, Мужиба дагӀават!

## НАХЪЕГИ МУН КАНТІЕ, ТІИНАВ ГІОЛИЛАВ,

МагІна-мурад цоял, гІуламаазул,
ГІибаратал ана нелъеца рицун.
Аллагь-РахІманасул къадаралдасан
Къавлаби[1] рехсана батІа-батІаял.

Бицине эрга щун гьечІонаниги,
Гьаб фасло мугьмалго тезе рес гьечІо;
ТавхІид – Исламалъул асло бугелъул,
Асло бичІчІичІони, шаргІ билълъанхъилищ?

Щулияб, ракІчІараб кьучІ гьечІонани,
ЧІабаралда къед бан, рукъ камиллъилищ?
Роолил цІадазгин хасалил гьураз
Гьеб хІалада телин божи букІунищ?

Божи гьечІеб рокъоб гьабураб яшав,
Гьороца хІур гІадин, ине рес гьечІищ?
Асло бичІчІичІого гьабулеб динги
Гьелдаго релълъене сунца нахъ чІвалеб?

Нахъеги мун кантІе, тІинав гІолилав,
ГІилмо гьечІолъиялъ чІван лъезе горин;
ЧІухІуге гьикъизе лъай бугелазде,
ЛъавукълъигІан гучаб факъро гьечІебин.

ЛъикІазул хьибил ккун мун ругьунлъани,
Гьеле дуе рохел кІиябго рокъоб.
КъватІул ракьаялда ругьунлъун хадуб,
Гьоялъ ватан толин, тохлъизе чІоге.

Тохтурзабаз гьанжи дунял цІун бугин,
Дуйго багъилияв валагьизе лъай.

[1] *РагІаби.**

Вичун мун восизе макро ургъулел
Гъачагъал лъайчIони, мун асирлъулев!

Аллагьасул хIукму-къадаралдасан,
ГIакъил мун ватани, бахIсал гьаруге;
*БахIрун гIамикъ*алъул[1] гъварилъиялде
*Гъаввас*ал[2] горони, раккуларел лъай!

Нелъерго гIайибги чидаде рехун,
РитIухълъи балагьун, мун дагIбадуге!
Дур зарраялъ тIаса бищун горони,
Бичас хIукму-къадар дуй хъваларебин.

Хъван букIиндал, горищ дица гьабураб
Гьаб магIсиятилан[3] дуца абуге!
Дуда хIалги гьабун, хъван доб гьечIелъул,
Гьалде кантIичIого гьечIо дуе рес.

РахIманас бижараб лъикIлъигин квешлъи,
Кинаб бокьаниги, тIаса бищизе,
Жиндаго рекъараб эхтиярги кьун,
Ракьалде веччарав Адамил лъимер, –

Азалалда жинца тIаса бищараб
Щибаб гIамалалъул жавабчи ккола.
Жаббарасда цебе гIарасаталда[4]
ГIайиб рехизе бакI лагъасе гьечIо;

Русулалги ритIун, тIахьалги рещтIун,
ШаргIалъул ахIкамал баянги гьарун,

---

*[1] Гъваридаб ралъадалъул.**
*[2] Водолазал.**
*[3] Мунагьилан.**
*[4] Къиямасеб къоялъ Аллагьасда цебе.**

Гьал щинал нигIматал чIорогоги кьун,
ЧIалгIаде вижарав чи мун горев лъай.

ЛъикIав инсуе вас квешав лъугьине
Бокьуларин горищ цебе рехсараб;
Цинги, бицаралъухъ гIин тIамичIони,
ГIайиб – васги вацIцIун, – лъиде рехилеб?

Халикъасеги мун берцин хьвадизе,
Дурго инсудаса цIикIкIун вокьула;
ЦIцIоб-рахIмуги дуе БетIергьанасул
ТIаса инго гьечIеб, даимаб буго.

Дос дулъ бижун бугеб эхтияралъул
ЛъикIабгин квешалъул батIалъи гьечIо;
Бокьараб бищизе мунго веччайдал,
Квешаб дуца бищи – Досул гIайибищ?

Гьанжи дугIаялъул дагьабго хабар,
*Къалбун салим*[1] бугез пайда босизе,
БетIергьан Аллагьас гьаб умматалъе
Сайгъатлъун гьабураб гьебги рехсезин.

Расулуллагьасде асхIабзабаца
Яги мушрикиназ суал кьун хадуб,
Гьелъий жаваб гьабун, Жабраил витIун,
Жаббарас рещтIана чIванкъотIун аят.

Гьезде бицейилан берцинго абун,
Аллагь-ТагIалаяс баян гьабуна:
Гьез Диде гьарани, жаваб гьабизе
Гьале дун гIагарда вугин бицана;

ГIагарлъиялъегин ричIалъиялъе
РахIманасе манзил букIунарилан,

---

*[1] Квешал тIабигIатаздаса бацIадаб, Аллагьасе мутIигIаб ракI.**

Бицун цебе инчIеб хабар горелъул,
Халат гьабичIого, къокъ гьабун тела.

Гьанжи, хIакимасде цо жо гьаризе
Цо мискин-факъирас къасд гьабунани,
Гьесий къварагIунел документазул
Дица хъвайчIониги, ножода лъала.

Жакъаги метерги, тIобан анкьалъги,
ТIаде комекалъе гьоркьов чиги ккун,
Кьарияб кесегун, сумка-къайигун,
Гьесул рокъобе нух бахъизе ккола.

Гьал хасияталгун ханлъи билагьи –
Гьанжи заманалъул закон лъугьана,
Заман ахирлъидал тIатине ругел
ТIолго гIаламатал берда рихьана.

Жинде гьарейилан ахIулев – Аллагь,
ХIакинзабазухъе кIанцIулеб – гIалам;
ГIаламги бижарав ризкъиги кьолев
Раззакъ кIочон тарал, – Досги теларищ?[1] .

Къаваму-дунялъун[2] ункъго жо буго,
Ункъабгоги камун нилъ хутIугеги!
ТIоцобисеб – дугIа фукъараазул,
Къадирасда цере кверал ккун чIолел;

Цинги – умараал[3], ай гьезул гIадло,
ГIалам билагьизе чараго гьечIеб;
Гьединго, рацIцIадал гIалимзабазул
ГIилмоги, шаригIат бацIцIад гьабизе;

---

*[1] Ай, Аллагьас хIакинзабаде тIамун теларищ.*
*[2] Дунял жиндалъун цIунун хутIараб.**
*[3] ХIакинзаби.**

Бечедал чагIазул сахавалъиги,
Исламияб уммат данде бачине,
Аллагьас жедее къураб боцIуда
Данд битIараб щукру гьабизе лъалел.

Щивав инсанасул имангин ихIсан
Цо даражаялда букIунарелъул,
Дунял-ухраялъул хIажатаб щинаб
ХIал кIварабгIан гьаре БетIергьанасде!

Инсанасда инсан гьардон чIалгIуна,
ГIемер гьаранагIан Аллагь سبحانه وتعالى вохула,
Гьариялъул магIна – *тавазугI*лъидал[1],
Даим Халикъасе хIели лъикI гьечIищ?

ХIелун РахIманасде гьаридал, Адам عليه السلام
Аллагьас халкъалъул эмен гьавуна,
Гьаризе чIухIараб иблису лагIин[2] –
Адамил лъимадуй тущманлъун ккана.

Шарик гьечIев магIбуд[3] лъалев лагъасе,
Досде гьаричIого, чара-гIамал щиб?
Гьаризе ккараб жо дир гьечIин чIчIани,
Рубубияталда[4] дагIба бай гьечIищ?

Гьарараб сагIаталъ жаваб щвечIони,
Жабарасдехун дур занну[5] квешлъуге.
КигIан гьараниги, кьолеб гьечIилан,
ЧIалгIун, дугIа-алхIам рехонги тоге!

Дуй жакъа тIобайзе бокьараб мурад,
МаслахIат гьечIони кьечIого толеб.

---

*[1] ай, Аллагьасе хIели.**

*[2] рахIматалдаса бачахъараб иблис.**

*[3] гIахьалчи гьечIев, хIакълъунго Жиндие лагълъи гьабизе тIадав Аллагь.**

*[4] ай, Аллагьлъиялда.**

*[5] Хивал.*

Кьолеб болжалалде хIукму щвезегIан
ЯхI-сабро гьабизе цIакъ жигар бахъе!

Жигиги, Аллагьас лагъасул дугIа
Дунялалда жаваб кьечIого толеб,
Досий хайиралъе, хазина гIадин,
Ухраялда кьезе цIунун букIунеб.

Кьезе бегьулебги бегьуларебги, –
БукIунищ сибяназ[1] гьаруларeб жо;
Гьез гьарулайилан, росун инсуца,
РекIинарун, нусал гьезухъе кьолищ?

Гьал лъавуде щвечIел лъимал кинниги,
Лъара-лъараб гьабун, нилъги бегьилищ?
ШаргIалда рекъараб къагIидаялда
ГIорхъи-рахъ цIунизе рекъараб гьечIищ?

*[1] ГIисинлъималаз.**

## ГЬАНЖИГИ ГIИН ТIАМЕ ГIОЛОХЪАБАЦА

Гьанжиги гIин тIаме гIолохъабаца
ГIалам бижарасул рахIмо бихьизе,
Бицинин цо къисса, гIакъло бугелаз
ГIадада теларин хьул-анищалда.

Аллагьас, Живги лъан, цеве чIарав лагъ
ЧIвалев гьечIо нахъе жавабалдаса,
Лагълъи хъанчий гьабун, гIумро аниги,
Гьесий хIажалъидал, ватулев вуго.

Таввабги РахIманги БетIергьанасул
Сифатал ругелъул, гьеб лъайзе ккола,
Лъан хадуб, гьелдасан пайда босарав
СагIадаталдаса[1] вахъун ккеларо.

Хъанчий лагълъиялда шайхун гьаримас[2]
Лъабкъоялда анцIго сон бахъун буго,
Нахъа цо захIмалъи, къварилъи ккедал,
Комек гьарун, гьелда цеве чIун вуго.

Цинги, жиндир бугеб мурадги бицун
Бераз магIоги тIун, цIакъ гIодун вуго,
ГIумроялъго дуде жо гьаричIев дун
Жакъа нахъ чIвагеян хIелунги вуго.

ХIелун гьараниги, гьаричIониги,
Гьасий щиб гьабизе хъанчалда кIвелеб?
КIалъайзе кIал-мацIищ, берал-гIиндулищ
Бихьизе, рагIизе гьаб пакъиралъул?

---

*[1] ТалихIалдаса.**
*[2] Херав чияс.*

Инсанлъун ракьалда вижунги вукIун,
Жиндирго квераца цо хъанчги гьабун,
Гьелъий лагълъиялда гIумро тIамулев, –
ТIованго ахIмакъав чи вукIинарищ?

Аллагь гьечIин абун цо тайпа чIолеб,
Цогидаз Аллагьлъун хъанч билагьулеб;
Бихьулищ, доб гIакъло баршат гьечIеб куц,
БутIрул киназдаго цо ругониги!

БетIергьанас бищун Жиндий вокьулев
Лагъасе жиб кьолеб жавгьарин гIакъло,
Жиндир гIакълоялда рекъон борцунин
БукIунеб гIамалги щивав чиясул.

Цинги, доб хъанчалде щайхун гьаримас
Лъабкъоялда анцIго нухалъ гьарана,
Гьелъ жаваб гьабичIо, гьари тIобайчIо,
Гьанжи лъана гьасда хъанч щиб жояли.

Хъанчалдаса тIобан хьул къотIун ккана,
ТIокIаб гьариларин, гьебгун барщана,
БетIергьан Аллагьас гьасул ракIалде
Гьанжи рахIматалъул балай гьабуна.

Гьаб санамги[1] рехун, Самадасдехун[2]
Цо гьарани щибан, херав ургъана,
Цинги, зодобехун гьомерги буссун:
«Я Самад!» – ан абун, ахIун беччана.

Гьале Дун, я Дир лагъ, гьаре дургоян
РахIманас гьеб сагIат жаваб гьабуна.

---

*[1] Хъанч.*
*[2] Аллагьасдехун (Аллагьасул цIар).*

Гьанжи малайкзаби гІода-чІвадана,
ГІажаиблъи гьабун, хІайранлъун ккана.

«Я нежер БетІергьан! ТІолабго гІумро
Хъанчий лагълъиялда жинца тІамурав
Гьав лагъасе жаваб, цохІо гьаригун,
Гьабураб кин?» – илан суал баккана.

БетІергьан кІалъана, жаваб гьабуна,
Жиндир тІадегІанлъи гьезий бицана,
Гьарарасе кьезе бахиллъуларев
Халикъ Живго вукІин баян гьабуна.

«Я Дир малайкзаби! Доб хъанчалъ гІадин,
Дирго лагъ нахъ чІвайзе Дица бегьилищ,
Дов нахъ чІваравани, санамалдагин
Самадасда гьоркьоб батІалъи ккелищ?»

ЛъикІлъи гьабурасе кираби хъвалев,
Квешлъи гьабурасул мунагь чурулев,
Махлукъат хьихьулев, ризкъи бикьулев,
Марзукъиназде[1] Жив хІажалъуларев;

ХІелун гьарарасе жаваб гьабулев,
Жиндий мутІигІасе рахІмат гІемерав,
Тавбо гьабун, Жиндир гъапудухъ чІарав
Гъуфран щун горони,[2] нахъ вуссунарев;

Инсан хира гьавун, гьесие гІоло
Гьалщинал нигІматал Жинца рижарав,
Алжанги жужахІги букІин лъайзабун,
Бокьараб бищизе нилъ реччан тарав;

[1] Халкъалде.
[2] Мунагьал чурун горони.*

Русулалги ритIун, шаргIал манлъарав,
Ширк тун, тавхIид ккоян амро гъабурав,
Амро-нагьюялъе гIорхъабиги лъун
ЛъикIабги квешабги баян гъабурав;

Бекьулеб куц манлъун, ахираталъе
Дунял мазрагIатлъун[1] Жинца гъабурав,
Гьеб мазрагIаталда бекьараб гореб
БакIаруларилан лъайзе гъабурав;

Ралъдада, ракъдада, тIад зобалазда
Живгун дагIбадулев хан-хункар гьечIев,
Ханзабазулги хан – Халикъун Жаббар,
Халкъун гIаламалъул магIбудлъун вугев!

МагIбуд цойги ккойзе хIарамлъиялъул
ХIукму жаниб камун тIахьал рещтIинчIев;
ТIахьал жедехъ кьурал анбияазда,
Умматал гьелде цIай – борчлъун гъабурав;

Бищун ахиралда, анбияазул
Хатамлъунги гьавун, АхIмад ﷺ витIарав,
Адянал, – киналго насхоги гьарун,[2]
Гьесда нахъ рилълъаян Къуръан рещтIарав!

Къуръаналъул ахIи нахъе чIванщинал
Нахъа пащманлъила, щай кантIуларел?!
Ширкалдаса вуссун, Ислам босарав,
Биллагьи, вохила, щаклъуге гьелда!

Хъанчалдаса ракI ун, херав барщигун
РахIматалъул балай,[3] хал гьабе, щвараб,

[1] Хурлъун.*
[2] Киналго диналги хисизе гьарун (ай, гьел гьариялдаса нахъги чIван).*
[3] Балагьи.*

БетIергьанасул лагъ жив вукIин лъайдал,
Жаваб бихьуларищ, ахIигун къураб?!

Аллагьасда цеве чIун гьардоларев –
Гьардохъан вукIинищ хIакъикъаталда;
Гьарун цеве чIезе чIухIун хадуса,
ЧIухIарав лагъасда саййид гурхIилищ?!

Гьанжиги хал гьабе, хириял вацал,
Хабар бугин ножой бицине бокьун,
Балагье, чIобого, боссе лъарасе
БетIергьанас кьолеб нигIмат бихьизе!

НигIмат дунялалда гIемераб буго,
Бичула, босула, багьа букIуна;
Багьа-къадар гьечIеб, даран чIолареб –
Дие бокьун буго гьелъул рехсезе.

Исламияб гореб, дин тIалаб гьаби –
Гьеб ахираталда хусранлъун ккола,[1]
Халкъалъе рахIматлъун витIарав ТIагьа ﷺ –
Гьесде инкар ккурав – капур вукIуна.

Капурзабазецин, Ислам босидал,
Цере гьарун арал хIасанатазда[2]
Данд битIараб ажро[3] хъвалин, абураб,
Аварагасдасан хIадис бачIана.

БоцIи-мал гIемерав, цIар ДихIят бугев,
Тухумги кIудияв цо хан вукIана,

[1] *дармилъ къин ккола**
[2] *лъикIлъабазда**
[3] *кири**

Цинги, Исламалде гьев вачIин бокьун,
Расуласулги цIакъ анищ букIана.

БетIергьан Аллагьас, вахIюги рещтIун,
ХIабибасда ﷺ хабар лъайзе гьабуна,
Гьеб рохелги босун Расуласухъе ﷺ
Рогьалил какида Жабраил щвана.

РахIманас рекIелъе иманги тIинкIун,
Исламалде къасд, лъун къачIана ДихIят,
Къадар тIаде щведал иш билъунелъул,
Ана Мадиналде ТIагьаясухъе ﷺ.

Масжидалде жанив ДихIят лъугьиндал,
ХIабибас ﷺ тIад чIвараб халгIат бахъана,
ГIодоб гьебги рехун, тIаде вахаян,
Халкъалъул хирияс килищ битIана.

ШафигIасул ﷺ курму жинда бихьидал,
Живго жинхъа нечон, ДихIят гIодана,
ГIодосаги босун, убачги гьабун,
Гьомер бахчизабун, ботIрода чIвана.

БетIергьан цо гьавун, ТIагьада ﷺ божун,
Шагьадатги битIун ДихIят гIодана,
ГIодиялде тIаде гIодиги цIикIун,
ЦIакъго ракI бекараб сурат лъугьана.

Гьанжи Аварагас ﷺ: «Мун щай гIодулев,
ДихIят?» – илан абун, суал гьабуна.
«Я Бишасул Расул ﷺ! Дидасан ккарал
Кабаирал[1] ругин», – жавабги кьуна.

---

*[1] ЧIахIиял мунагьал.**

«Жиндие гьездаса кафаратниги
БукӀунарищ?» – илан, тӀаде жобана.
ТӀаса гьел мунагьал кколеб кафарат
Кинаб тӀад къаниги, гьав рази вуго.

Гьале, бокьани, дун дицаго чӀвала,
Яги боцӀудасан садакъа кьела,
Сундалъун жиндие буйрухъ кьуниги,
Расуласе ДихӀят мутӀигӀав вуго.

ГӀаламул-гьудаяс ДихӀятидехун,
Дур гьел мунагьалго щал? – ан гьикъана,
Гьес жиндирго ккарал мунагьал рицун
Расуласде данде жаваб гьабуна.

Ислам бачӀинелде, вас гьавуни – тун,
Яс гьаюни – чӀаго ракьулъ юкъулеб, –
Гьеб вахӀшияб пиша гӀарабияздаз
Гьоркьоб билъанхъараб гӀадат букӀана.

БатӀаго чӀухӀарал ханзабадаги
Багьана букӀиниш ясал рукъизе,
Къадро-къимат бугев ханлъун вукӀиндал,
ДихӀятги вахъилищ гьезда гьоркьоса?!

«Я Расулаллагь!» – ан байбихьи гьабун,
Гьел мунагьал рицун, ДихӀят кӀалъана,
Лъабкъоялда анцӀго яс, дирго кверал,
Дирго наслабазул чӀванин бицана.

Цинги ХӀабибуллагь ﷺ хӀайранлъун ккана,
ВахӀюгун Жабраил жиндихъе щвана,
Дуца ДихӀятиде гьадин абеян,
Аллагьас абухъе, гьесде манлъана.

«Дун цо вукIинги лъан, ШафигI хIакъ гьавун,
Шагьадат битIидал, Дица ДихIятил,
Лъабкъоябго соналъ гьарурал щинал
Мунагьалги чурун ругеб хIалалда,

Дурго ясаллъидал дуца чIван ругел,
Дица чуричIого гьеб кинан толеб?!»
Гьале БетIергьанас, Жибрилги витIун,
ТIагьаясде ﷺ, кьеян манлъараб жаваб.

## ЖАВГЪАР-ЯКЪУТАЛЪУЛ КЪИМАТ ГЬАБУЛЕЛ!

Жавгъар-якъуталъул къимат гьабулел!
ТавхIидалъул къимат лъанищ ножода?
Щибаб ярагъалъул къуват букIунин,
Нафю-исбаталъул бихьанищ къуват?!

Бича-хисиялъул, тижараталъул[1]
Багьа-къадар лъалеб агьло батула,
Аллагь цо гьавиги нафю-исбатги, –
Гьалъул багьа цIехе гIалимзабазде!

ГIурулъе гьин рехун хармуз ккеларо,
Хур бекьун ракьулъа ччугIби щвеларо,
Чундул гIалахалда гIемер рихьула,
РечIизе лъайчIони, чIвайзе щоларо!

Ширкалдаса инсан ворчIизе ккани,
«Ла илагьа иллаллагь» абизе ккола,
Зобалазул нуцIби рагьулел кIулал, –
Гьеб, къебелъухъ гьабун, щолеб жо горо.

Шагьадатги битIун, тавхIид тIобайдал,
ТIаде иманалъул арканал ругел,
Аллагьасул Расул – ХIабиб МухIаммад ﷺ –
ХIакъав вугин, нугIлъи букIине кколеб.

КIиябго шагьадат камиллъарасде
Капурчиян аби – бугьтан букIунеб,
Бинаъги камиллъун, жанив вахъарав,
Авлахъалда вугин аби рекъелищ?

---

*[1] даран-базаралъул**

Ралъадалъеги щуб къваригIунелъул,
«Ла илагьа иллаллагь» абе киназго,
АбунагIан рекIелъ жиб щулалъулеб,
Щукру гьабун, баче хирияб зикро!

Зобал рагьулеб кIул кIочене тоге,
ТалихI-рохалида нуж даимлъаял,
Давла бугин нелъей, чIобого щвараб,
ЧIухIичIого баче бидгIачагIаца!

БетIергьан рехсезе тавфикъ кьечIони,
ТалихI къин горебищ гьеб инсанасул?
Тавфикъгин талихIалъ нилъ ралагьилищ,
Нилъго лъикIал лъугьун, балагьичIони?!

БетIергьан-Аллагь дуй къваригIинчIони,
Дов, мун гьечIониги, гIоларев чийищ
Дун къварагIунарев дийги щайилан,
Дуца абуларищ, ургъуларев щай?!

## ХIАБИБАСУЛ ﷺ ПАТIИМАТ ЦО НУХАЛДА УНТИДАЛ ...

ХIабибасул ﷺ ПатIимат цо нухалда унтидал,
Аллагь разилъи щваяв ГIали гьелъухъе щвана.
Щиб дуе бокьилебан гьелда гьикъа-бакъана,
Гьелъ, руман[1] бокьун бугин, жаваб ГIалие кьуна.

ГIалихъ, руман босизе шагьи-капек букIинчIо,
Щибдай гьабила абун, ургъалилъе тIерхьана.
ТIадеги вахъун, ГIали базаралде къокъана,
Къарзалъ[2] цо диргьамги щун, руман гьелъухъ босана.

Руманги босун, ГIали рокъов тIад вуссунаго,
КъватI бакьулъ гIодов рехун херав мариз[3] ватана.
ГIали гьесухъе ана, сагIаталъ аскIов чIана,
Унтарасул хIал цIехон, гьикъа-бакъи гьабуна.

Гьалеха, гьаб хIалалда гьанив рехун вугоян,
Херав чи ГIалидехун, ракI чучун, гаргадана.
Дуда анищан ккараб щиб бугоян гьикъидал,
Гьес, руман бокьун бугин, данде жаваб гьабуна.

Гьанжиги ГIали-асхIаб ургъалилъе рехана:
Руман гьасие кьуни, ПатIимат махIрумлъулей,
ПатIиматий аб тани, асий щвезехъин гьечIеб,
Аллагь-Аварагасде хилифлъиги дир кколеб.

Хадув ГIали ургъана, руман кIихIи къотIана,
Бащдаб гьасиеги кьун, кьабун рокъове ана.
Амма бащадаб руман ГIалица гьасий кьейгун,
Расуласул ПатIимат гьеб сагIаталъ сахлъана.

---

*[1] Гранат.**
*[2] Налъуде.**
*[3] Унтарав чи.*

Сахаб цо румангӀаги ПатӀиматий гьечӀелъул,
Гьелдаса цӀакъ намусго ГӀали рокъове щвана.
Пащманго ГӀали вихьун, щиб дуеян гьикъана,
Гьесда дандеги яхъун, каранде жинца къана.

Дуца дов унтарасе бащдаб руман кьурабго,
Дир долде букӀараб хьул нахъ буссанин абуна.
Руманго щвечӀониги, гьелдаса хьулги буссун,
Сахлъун Загьраъ ятидал, ГӀалиги цӀакъ вохана.

Хадуб, нуцӀида кӀутӀун, ГӀали тӀаде вахъана,
«КӀалтӀа вугев щив? – абун, хитӀаб жинца гьабуна.
«КӀалтӀа вугев дун вугин», – Салман данде кӀалъана,
«Дие нуцӀа рагье», – ян хадуб тӀаде жобана.

ТӀад квербацӀги бараб тӀутӀ гьесда кодоб букӀана,
Гьаб лъица битӀарабан, ГӀалица суал кьуна.
Салманул-фарисияс: «Аллагьасул рахъалъан
Расуласухъе бачӀун, дуй битӀанин», – абуна.

Цинги ГӀали асхӀабас тӀутӀалъул хал гьабуна,
ТӀаса квербацӀги босун, жаниве валагьана.
Гьелда жаниб ГӀалида ичӀго руман батана,
АнцӀго гьечӀеб кинилан, махсароде кӀалъана.

Салман данде велъана, дуда лъанин абуна,
Лъороса къватӀиб бахъун, тӀутӀалда руман лъуна.
Цо лъикӀлъи гьабурасе данде анцӀго кьолилан,
Аллагьас абуралда руманал ращалъана.

Балъго кьураб садакъа хиралъи тӀокӀаб буго;
ТӀатун кьуни, бергьунеб заман-бакӀги букӀуна.
КӀиябго рахъги борцун, маслахӀатаб гьабуни,
Гьев чиясул садакъа ГӀалил гӀадаб букӀуна.

ГІолон гьабураб лъикІлъи, – садакъа букІунаро,
Садакъа къабуллъизе ихлас букІине ккола.
Ихласги камиллъани, шурутІалги тІорани,
ТІадегІанав Аллагьас гьеб нахъеги чІваларо.

Рес бугесе садакъа гьабизе бигьа буго,
Гьабун хадуб гьеб цІуни, – цІакъго захІмат букІуна.
БадибчІвай гьабуниги, гІиваз[1] балагьаниги,
Гьеб гІадада холебин, тохлъуге муъминзаби!

Анкьнусиде щвезегІан кири цІикІкІун хъваледухъ,
Кье ножоца садакъа, Аллагьасе гІолольун;
Садакъаялда жаниб щуго лъикІлъи бугебин,
Щвезе бокьун батани, бугелда барахщуге!

Бугебщинаб бикьеян абулаги гьечІелъул,
Бикьулелъул, кьолелъул къадарги дудаго лъай.
Дуда кодоб бугеб мал дудаго лъикІ лъалелъул,
ЛъикІаб рахъалде кьолеб гІемерлъунги бихьуге!

Бечедазул сахават, умараазул гІадло,
ГІалимзабазул гІилму, фукъараазул дугІа, –
Дуниял гьаб ункъальго ккураб жоян абулин,
Аллагьас тавфикъ кьеги ункъабгоги синфалъе[2].

Садакъаялъул бугеб пайдайилан абуни:
БоцІи-мал гьев чиясул тІадеги гІемерлъила,
Балагьал нахъе чІвала, унтуе дарулъила,
Дунялалда нелъеца гьеб горищ балагьулеб!

Гьединго ухраялда, сиратІалъул кьодасан,
Пирхараб пири гІадин, вахине гьунар щвела.

*[1] Жинца гьабураб лъикІлъиялде данде цойги жо.**

*[2] Рехсараб ункъабго тайпаялъе.**

Щуабилеб пайдаги, ахираталда бугеб:
ХIисаб-суал гьечIого алжаналъув витIила.

Алжанги насиблъизе, сиратIги бигьалъизе,
Садакъа-хайраталда ниж ругьун гьаре, Аллагь!
Унтабиги сахлъулел, боцIи-малги цIобалеб,
Балагьалги нахъ чIвалеб гIамалалъе квер бакъе!

Кинниги, хал гьабуни, чIахIиял балагьазе
ГьитIинаб садакъаялъ гIей гьабилин кколаро.
Балагье, цо кIудияб кьуру тIаде гьетIани,
Гьеб кквезе къуват бугеб букIине ккеларищ тIох?

БетIергьанас дуе кьун, гIемер боцIи бугони,
ГIабсал садакъадай кьун, сахават камиллъилищ?
Сахаватав чиясул рукъ – алжанин бугелъул,
Алжан къварагIарав чи къарун гIадин вукIунге.

Къолоца борцун, месед дуца бикьананиги,
Балагь тIаде бачIунеб къагIидаги букIунеб.
Доб садакъаялъ балагь щайха нахъ чIвайчIеб абун,
щайтIаналъ дур рекIелъе вас-вас ккезе гьабулеб.

Воре, гьелъул макроялъ гуккизе мун вукIунге;
Гуккун гьелъул макроялъ чанги чи къосуневин!
Къадирасул афгIалалълъ хIикмат гIемер букIунеб,
ХIикматазда хадур нилъ дунялалда гъоларел.

Дур ратани мунагьал, гьеб горелъ чуруларел,
Гьел чурийищ дуе лъикI, чуричIого хойийищ?
Хал гьабе, тохтурасги унтарасе кьун толел
КьогIал щинал дараби, досий заралалъейищ?

Ялъунани, цо балагь тIаде беччан горони,
Ухраялда щолареб хассаб макъам батани;

Халикъасе гьеб макъам дуй кьезеги бокьани,
Дове щведал, дуе гьеб кин ккела: лъикIиш, квешищ?

Кинабго лъикIаб-квешаб – Къадирасдасан лъидал,
Къадаралда разилъи – нелъеда тIадаб буго.
ТIагьаясул ﷺ шаригIат, Аллагьас лъураб къанун,
Мекъса инчIого, ккойзе умматалъе рес щваги!

## ИСЛАМАЛЪУЛ РИТIУХЪЛЪИ ...

Исламалъул ритIухълъи, гьелъул камиллъи-тIокIлъи,
МатIу бацIцIалъанагIан, бацIцIадго бихьиларищ?
БацIцIадго гьеб халкъалда бихьизе гьабиялъулъ
БутIа лъезе ножое кIудиял ресал гьечIищ?

КIал-мацIалъе фасихIлъи, бицине, хъвайзе гьунар –
Гьеб РахIманас ножое цIакъго гьарза кьун гьечIищ?
Гьелъий щукру гьабуни, гьеб ножор талихI гьечIищ?
Тавфикъги талихIги кьун щваги нуж мурадалде.

ШаригIаталъул гIорхъи бахине беччайчIого,
Хъвадаризе ругьунлъе, гьунар кьурал гIолилал!
РагIаби рекъезарун, фасахIалъи гIоларин,
МагIнаялъул хал гьабе, халкъиял шагIирзаби!

Ножор бегIераб къалам – къуватаб ярагъ буго,
КъварагIел гьечIеб рахъалъ хIалтIизе гьабичIони.
Гьелъ хъвараб тIехь абуни, тIугьдузул ах букIуна,
Исламияб диналде данде кколеб батани.

Дунял-ахираталъе хайир жиндалъун гьечIеб
Харбида ругьунлъини, гIакъиласул иш гьоро.
ГIилмоялда рекъечIеб гIадатазул нухалда
ГIумро пана гьабурав нахъа цIакъ фашманлъила.

Нахъа гьабизейилан дунял толареб гIадин
Диналъул къимат лъалес тавбо нахъ бахъиларо.
Тавбо гьечIого хвани, букIунелда божулев
БетIергьан-Аллагьасде вуссинчIого чIеларо.

Ралъадазе щуб гIадаб дир гьитIинаб насихIат
Нил гIоралъул бакIалда чIаги шугIараазе!
Щибаб рагIи хъвалелъул хъвадарулел щиназе!
ГIилмоялда борцине комекалъе батаги!

# ХАНДАКЪАЛЪУЛ ГЪАЗАВАТ

Вижарав росуги тун, Халикъас амро гьабун,
Гьижра гьабун, Авараг ﷺ Мадиналде щун хадув,
Дандеги рахъинчIого, рекъон, цадахъ рукIине
Бану-къурайзаталгун ХIабибас ﷺ сулхI гьабуна [1].

Бану-назирилазе[2] гьебго къотIи гьабуна,
Гьал, гьеб къотIиги бихху н, ТIагьае ﷺ хилифлъана.
Хилифлъиялъе ккараб гIилла-сабаб абуни,
Авараг ﷺ рихин гореб, батIияб жо букIинчIо.

Бадруялъул къояца ХIабибуллагь ﷺ бергьиндал,
Бану-назирилазул гьесдехун божи ккана.
Гьав, Тавраталда жанив жиндир сифат бицарав,
Расул вугилан абун цуцаде гаргадана.

Цинги, гьелдаса хадув, УхIудалъул къояца,
Руматазул[3] гьалатIалъ ибтилаалде ккедал[4],
Авараг вукIиналда ракIчIей букIарал гьазул,
Гьанжи ХIабибасдехун ﷺ щакдари загьирлъана.

Гьелдаса хадув ХIабиб ﷺ, асхIабзабигун цадахъ,
*Загьират*ан абулеб гьезул росулъе ана.
Умаятил ГIамроца дозул кIиго чиги чIван,
Дият[5] бецIизе комек ТIагьай ﷺ хIажат букIана.

Бану-назирилаца  ХIабиб ﷺ тIаде восана,
Дият бецIизе комек гьабилин рагIи кьуна.

---

*[1]  Мадина сверухъ рукIарал ягьудиязул къабаилал. (Гьезулгун ракълилаб къотIи гьабуна*). Гьезул хIакъикъат ахиралда бицина инашааллагь.*

*[2]  Мадина сверухъ рукIарал ягьудиязул къабаилал. Гьезул хIакъикъат ахиралда бицина инашааллагь.*

*[3]  ЧIорречIизе тарал чагIазул.**

*[4]  Аллагьасул рахъалъан хIалбихьиялде.**

*[5]  Чи чIварас кьезе кколеб боцIи.**

Расулуллагь цо къадал ракьанда гIодов чIана,
Кьураб гьазул рагIиги уйилан ккун букIана.

Амма ягьудаз хIукму батIайиса гьабуна,
БатIа руссун, цо тайпа щурщудизе лъугьана.
ГьадагIанго санагIат нелъехъе гьав щоларин,
Щвараб ресалдаса гьал пайда боссе лъугьана.

Босун, кIудияб гамачI гьесда тIаде рехизе
Гьаб тIохде вахунев чи гьечIищилан кIалъана.
ЖахIашил вас ГIамроца дун вахинин абуна,
Машкамил Салам гьазул хIукмуялда рекъечIо.

«Ла тафгIалу[1]», – абуна, «Валлагьи», – ян гьедана,
Гьав чиясде ножор къасд бицунин, – гIакъло кьуна,
– Цинги нелъергун гьесул гьоркьоблъиги квешлъила,
Гьелдалъун, зарал гореб, къавмалъеги ккеларо.

Кинниги гьаз Саламил гIакъло къабул гьабичIо,
ГIамро, кьураб рагIи ккун, тIохде тIаде вахана.
ТIагьаясухъ ﷺ гьеб сагIат Жабраилги рещтIана,
Машкамил Саламица бицарабги у-лъана.

Бану-назирилаца ургъараб хIиллаялъул
ХIабибуллагьасухъе ﷺ тIобараб баян кьуна.
ТIохде вахун ГIамроца гьабизе бугеб бицун,
Гьаб къавмалъул макраби къватIир чIвайзе гьаруна.

Гьеб сагIат Хайрул-анам хехго тIаде вахъана,
Нахъ валагьичIого жив  цояб рахъалде ана.
Ли къазаил хIажати уневлъун ккезе гьавун[2],
Гьалмагълъиги гъоркьго тун, Мадиналде вачIана.

---

*[1] Нужеца гьеб гьабуге.**
*[2] ХIажат тIобайзе унев вугилан гьезда ккезе гьабун.**

ВачIине ХIабиб ﷺ кватIун, рахIат хун, асхIабзаби
Гьесда хадур цадахъго хабар лъайзе рахъана.
Мадиналъул рахъалъан вачIунев ражуласда[1],
Дуда данде кканищан гьикъа-бакъи гьабуна.

Гьес, Расул Мадиналда вихьанилан бицана,
Цинги асхIабзабазги гьенибе нух босана.
Бану-назирилазул букIараб къасд ТIагьаяс ﷺ
ТIолго асхIабзабазе, баян гьабун, бицана.

Гьаб, рехсараб, хIалалда ХIабиб ﷺ живго тIад вуссин,
МаслахIат гьелъулъ букIун, гьабурабги букIана.
Бану-назирилазул хиянат жинда лъайи
Балъгого хутIизе нух, гьеб горони, букIинчIо.

Гьанжи ягьудиязда жал къватIир чIвайи лъана,
Къасдалги хIорго хутIун, пащманлъиялде ккана.
Машкамил Саламица бицараб хIалалъ къавмги
ХIинкъиги тIаде бачIун ургъалилъе тIерхьана.

Аварагасе гьезул хиянат захIмалъана,
Масламатил МухIаммад гьезухъе витIун ана.
Гьаб дир баладалдаса[2] къватIире лъугьайилан,
КъвакIизабун, ТIагьаяс ﷺ гьезда лъайзе гьабуна.

Гьаз данде жаваб кьечIо, жалго жеделъ ургъана,
ИртихIалалда[3] хIукму гьабиялда рукIана.
Гьеб Мадиналде рагIун, мунафикъазул бетIер
Убаюл ГIабдулаца хабар дозде битIана:

Нуж къватIире рахъунге, ножорго рукъзабахъ чIа,
Нежерги ножой комек бугебин, рагIи кьуна,

*[1] Чиясда.**
*[2] Шагьаралдаса (ракьалдаса).**
*[3] Къокъиналда.**

Нуж къватIире рахъани, цадахъ нижги рахъунел,
Рагъ ножоргун гъабуни, нижги цадахъ рагъулел.

Цинги, гъадинал харбал мунафикъазул щведал,
КъватIир рахъиналдаса ягъудиял руссана.
Росо-рукъзал жалго тун, ниж къватIир унарилан,
Аварагасе жаваб гъазги къвакIараб кьуна.

Къурайшиязда гьоркьов Абужагьал гIадинав,
Аварагасде жиндир кутакаб хIасад бугев,
ХIуяю ибну АхтIаб – ягьудазул цевехъан, –
Гьасул хIаракат цIикIкIун, хIукму гьадалда чIана.

Гьанжи хирияв ХIабиб ﷺ хIарбоялъе[1] къачIана,
ХIадураб боги бачун, Загьираталде щвана.
Бакъанил как гьениб бан, бала-гъалай гьабуна;
Бану-назирилазул къвакIи чучун букIинчIо.

Рукъзабада жанир чIун, чIорал рехун, гамачI бан,
Бегьараб дандечIейи гьабизе жал къеркьана.
Къоло цо сордо-къоялъ Расулас сверун ккуна,
Анлъго къоялъ ккунилан абуралги лъугьана.

Мунафикъзабаз кьураб рагIи гьересилъана,
Гьезул комекалдаса хьулги жедер къотIана.
ХIинкъи ракIазулъ рехун рекъел тIалаб гьабуна,
Расулас, жалаъ[2] гореб ножой гьечIин, абуна.

Гьеб жодой къабуллъана, анцIго къо болжал цIана,
Къай-матахI данде гьабун, хIадурлъизе лъугьана,
Лъаб-лъаб рукъалда гьоркьоб цо-цо варани цIураб
Цадахъ бокьараб къайи боссе изноги кьуна.

---

*[1] Рагъуе.**
*[2] КъватIир рахъин.*

Амма къолдаби, ярагъ гъорлъа бахъизабуна,
Нухда хIарасалги тун[1], цохIониги беччайчIо.
Руччабазул кIиликI-махх, ретIараб дарай-махмар,
ТIад кIалъай гьабичIого, гьеб кинабго беччана.

Бачун щвараб балагьалъ къватIир гъезе кканиги,
Къавмалда Аварагас ﷺ зулмугин хIал гьабичIо.
РухI бугев чи течIого, жал гъуризе рес щварав
Расуласул рахIмоялъ, эркен гьарун, реччана.

АхтIабил ХIуяюги гьесда нахърилълъаралги –
Гьаб къокъа, битIахъего, Хайбаралде руссана.
Хадусеб агьалиги бакI-бакIалда риххана,
Димищкъи Куфаялъул рахъалде цоял ана.

Суфян бину ГIамирги СагIдо бину Вагьбоги, –
Гьав кIиясго абуни, Ислам тIаса бищана.
БоцIи-малги цIунана, куфруги тIаса ана,
Иманалдеги рачIун асхIабзаби лъугьана.

Гьалдалъун иш тIобайчIо, ТIагьае ﷺ хIалхьи течIо,
ХIуяю бину АхтIаб хадувги вагъарана;
Бану-назирилазул къокъаги цадахъ бачун
Цер кинниги, сихIирго, Маккаялде къокъана.

Къурайшиял ракIарун, хабар гьезий бицана,
Расуласулгун рагъде гьал гьесизе гьаруна.
Нижги цадахъ рахъинин, къотIи гьезий гьабуна,
Къисас цадахъ босилин щулияб рагIи кьуна.

Мушрикинал рохана, «МархIаба, – ян абуна, –
Нуж гIадал чи нежее цIакъ рокьулин», – кIалъана.
РакIал цуцалъе жоран, вацал гIадин лъугьана;
Вацаз вацазде гIадин, къурайшияз гьикъана:

[1] *Хъаравулзабиги тун.**

«Я магIшарал ягьуди[1], нуж *агьлу-китаб* ругин[2],
Гьаб нежер динищ хIакъаб, яги МухIаммадилищ?
Ножор дин хIакъаб бугин ягьудияз абуна,
Аллагьас аят рещтIун, жал суризе гьаруна.

Гьал Маккаялде щведал, «Щиб ножор мурад?» – абун
Абусуфян гьаздехун гьикъарданинги буго.
Гьаз, МухIаммадилгун рагъ гьабизе бокьун бугин,
Гьесулгун сулхI-рекъелги бихханин бицун буго.

Цинги, ножор рагIуда ниж божуларин абун,
Абусуфян гьанжиги гьаздехун кIалъан вуго.
Нижги цадахъ рахъине ножой бокьун батани,
Нежер хъанчазе сужда гьабеян, шартI лъун буго.

ШартIги къабул гьабун, гьаз хъанчий сужда гьабидал,
Гьанжи къурайшиязул рагъде гъира бан буго.
Дунял гIалам гвангъарав, чирахъ гIадав Авараг ﷺ
Инсул росо таниги, тезе гьазул къасд гьечIо.

Гьединаб къотIи-къайи къурайшазеги гьабун,
Ягьудиязул къокъа ГъатIфаназухъе ана.
Къурайшиялги жалгун цолъун ругин бицана,
Цадахъ рахъине, гьазги рагIи кьун, къотIи ккана.

Къурайзат, бану-назир – ягьудалги данде къан,
Къурайшал ГъатIфаназул ахIзабал[3] дандельана.
АнцIила кIиазарго чиясде гьел рахана.
Гьал киназулго бетIер Абусуфян гьавуна.

Аварагасде данде, гьеб къуватги бакIарун,
Гьанжи къватIир рахъине Къурайшал хIадурлъана.

*[1] Я, жугьутIазул къокъа.**
*[2] Аллагьас Таврат рещтIарал чагIи.**
*[3] Къокъаби.**

ХIабибуллагьасухъе ﷺ гьеб хабар щвезабизе
ХазагIатилацаги цIакъаб жигар гьабуна.

Къурайшазул хIадурлъи ХIабибасде ﷺ бицине,
Цо рекIаразул къокъа къокъидго нухаб лъуна.
Къабаилал данделъун, ягьудиялгун рекъон,
Къуват бакIарун бугин баян ТIагьахъе ﷺ щвана.

Тущманасде данде рагъ кин гьабундай лъикIилан,
Гьанжи ХIабибуллагьас ﷺ мушавара гьабуна.
Мадиналда жанир чIун, яги къватIире рахъун,
Къурайшиял нахъ чIвайзе санагIатал ургъана.

Салманул-фарисияв Расуласде кIалъана,
Фурсазул гIадат бицун, раъю[1] загьир гьабуна.
Гьез тущманасде данде хандакъал рухъулаан,
Амма гIарабияздa гьеб хIилла лъалароан.

ЛъикIаб раъю бугилан, Расул гьелда рекъана,
Мадина тун къватIибе гIаскар жинца бачана.
Тущман вачIунев рахъалъ, щулалъи ккун, тIорана,
ТIолабго гIаскаралъул лъабазар чи вукIана.

Зайд бину ХIарисатихъ – мугьажиразул байрахъ,
ГIубадатил СагIдухъе – ансариязул кьуна.
АнцI-анцI чиясе, цадахъ кIикъо-кIикъого натI кьун,
Кьабизе бай бихьана хандакъалда газа-бел.

КIикъого натI гIеблъуда, анцIго натI гъварилъуда –
Расулас гIорхъиги лъун, бухъизе бай бихьана.
Бухъизе гьелги тIамун, живго нахъегIан чIчIечIо,
Жиндирго мугъалда лъун, ракь къватIибе баччана.

[1] *Пикро.**

Ракъи бугеб, къваридаб замана букIаниги,
РекIелъ бугеб иманалъ асхIабзаби чучичIо.
Эзий бугеб захIмалъи ХIабибасда ﷺ бихьидал,
Бигьалъи гьабейилан Аллагьасде гьарана.

Салманиде цебе ккун, цо согIаб кьуруялъе,
Кьабуниги, газаялъ щибго асар гьабичIо.
Расуласде бицана, щиб гьабилеб гьикъана,
Гьединго кьуру тезе санагIатги букIинчIо.

Салманида кодоса газа жинца босана,
Бишасул цIаралдалъун, кIвараб хIалалъ кьабуна.
Кьабиялъул кутакалъ газаялда цIа бана,
Кьуруялъул сулусги[1] хъвалхьун, батIалъун ана.

БецIаб сардилъ бакараб чирахъалъул киниги,
Яманалъул рахъалъан, гвангъун, нурги баккана.
Расулас, такбир бачун, рохел загьир гьабуна,
МафатихIул Ямани[2] дихъе кьунин абуна.

Аллагьасул цIар бахъун, хадувги жив гьедана,
СангIаалъул абвабал[3] жинда рихьи бицана.
Берда цере гьаб сагIат, анябул-килаб гIадин
Киналго гьел ругилан кIалъай жинца гьабуна.

КIиабилеб нухалъги, цебего гIадин, кьабун,
Кьурул сулусги тIуна, газаялъ цIаги бана.
Румазул рахъалдасан добго нурги баккана,
Добго хIалалда такбир ШафигIасги бачана.

Шамалъул мафатихIал дихъе кьунин абуна,
Дида гьелъул хъулбиги рихьулилан гьедана.

---

*[1] Лъабил бутIа.**
*[2] Еменалъул кIулал.**
*[3] Каваби.**

Лъабабилеб нухалъги, ХIабибуллагьас ﷺ кьабун,
Кьуруялъул хутIараб миччил гIадин лъугьана.

Пирхараб пири гIадин, газаялъ цIаги бана,
Фурсазул рахъалдасан добго нурги баккана.
Расулас, такбир бачун, рохел загьир гьабуна,
Ферсазул мафатихIал дихъе кьунин абуна.

Анябул-килаб гIадин, Кисрал мадаиналги[1]
Дида рихьулин абун, Расулуллагь гьедана.
Ферсазул тах-бакIбазул сифат жинца гьабуна,
Салманица, гIин тIамун, битIун бугин абуна.

Аллагьасул Авараг ﷺ Салманиде кIалъана,
Рехсарал улкабазул къисмат жинца бицана:
«ЯфтахIу ллагьу багIди я, Салман»[2] – ин абуна,
Абухъе, хулафааз[3] гьел квердеги росана.

Гьаб рохалилаб хабар Аварагас бициндал,
Агьло-нифакъ, данделъун, жалго жеделъ кIалъана.
Ножода МухIаммадил ﷺ хабар рагIанищилан,
Хвел щваял мунафикъаз махсароде гьеб ккуна.

Кисрал шагьраби гьасда, гьанисангоги рихьун,
Хьулазухъ балагьеян, балъаргъун, шуршудана.
Хандакъ цебехун бухъун, нахъехун чIун горони,
Вагъизе къуват гьечIев гьасул къотIи бихьулищ?

Гьас гьабулеб къотIиги бицунеб гьаб хабарги,
Гьересияб жо бугин, жалго жеделъ рекъана.
Нифакъалъул цIакълъиялъ ракIал бецлъарал гьазул,
Расуласул харбида божизе гьунар гIечIо.

*[1] Кисрал (ай, Персазул ханасул) шагьрабиги.**

*[2] Ай, дун хун хадур Аллагьас гьел улкаби бусубазе рагьила, ай бусурбабаца рахъила, я Салман.**

*[3] Ай, Аварагасул халифабаца.**

Гьаб рехсараб хIалалда ХIабибасул ﷺ гъалбацIаз,
Бухъун, анлъго къоялде хандакъ тIобайзабуна.
ТIолабго гIаскаралъе щулалъаби гIуцIцIана,
МегIералъул ракьан ккун, хандакъ цебе гьабуна.

Цинги къурайшиялгун Абусуфян вачIана,
УхIудалъул рахъалде ГъатIфаналги рещтIана.
Расуласдагин гьазда гьорокьобе хандакъ ккана,
Гьеб бихьидал, гIарабал гIажаиблъун хутIана.

Хандакъалда Расулас ﷺ моцIгIан заман бахъана,
Зарал, камиял ккараб кьаба-тунки букIинчIо.
Кинниги цуцадехун чIорал, гамчIал речIчIулеб,
ЧIамучIаб, хIалхьи гьечIеб хIисабалда рукIана.

Гьаб чIамучIаб рагъ чIалгIун, чIухIарав Навфалица,
ЦIал кьабун, жиндирго чу хандакъалъубе гъуна.
Хадувго жанив кIанцIун, Асадуллагь-ГIалица
Кьабураб цо хвалченалъ малгIун кIихIи къотIана.

Хадурги, жал бодулъго машгьурал бахIарзазул
Цо тайпа, цере рачIун, чуязда хIал гьабуна.
Гьезулги хандакъалъур рещтIин мурад букIана,
МалгIун-Вуддил вас ГIамро гьев цIакъго вортанхъана.

Диде данде вахъунев чи вугищан ахIана,
Аварагас изно кьун, ГIали цеве вачIана.
«Я ибна ахи,[1] – абун, ГIамро чIухIун кIалъана, –
Мун чIвайзе дие бокьун гьечIин», – хIинкъаби кьуна.

ХIайдарица ГIамрое данде жаваб гьабуна,
Дие мун чIвайзе бокьун бугилан кIал гьикъана.
Къавмалъулъго машгьурав, бахIарчияв ГIамрода
ГIалица гьикъараб кIал кIвечIо кинго хIехьезе.

[1] *Дир вацасул вас.**

Чодаса гъоркье кIанцIун, кIутIун хвалчен бахъана,
Хвел балагьулев ГIамро ГIалидехун вортана.
ГIажлие гъурав досде данде ГIалиги ана,
ГIодосан багъарараб хIуралъ сверун росана.

ХIайдарида ГIамроца бачIинаго хьвагIана,
БетIералда букIараб даркъаталдаги щвана.
Даркъат хъвалхьун рехана, хъарсараб ругъун лъуна,
Расуласул дугIаялъ ГIалил бетIер цIунана.

ГIамрое жаваб гьабун, ццин бахъарав ГIалица
Цо кьабураб хвалченалъ хвалилаб ругъун лъуна.
Ракьалда гIодов ккана, ГIамрое ахир лъуна,
«Акбар» бачун, гIаскаралъ рохел загьир гьабуна.

Расуласда рагIана, ГIамро чIваравлъи лъана,
ГIемерго жив вохиялъ, ГIалие рецц гьабуна.
ГIали горони, – фата[1], Зул-факъар[2] – гореб, хвалчен
ГьечIилан, Аварагас гьеб мехалда абуна.

Гьалмагълъи, ГIамро чIвайдал, гIанкIал гIадин, тIурана,
ГIалида данде гьезул мубаризги[3] ватичIо.
Тущбабазулгун тунки цIакъго цIикIкIун, цо къоялъ,
Бакъанил как байчIого, гIуждаса борчIун ана.

Жедер хобалгун рукъзал цIадул цIеял мушриказ
Бакъанил какалдаса нилъ машгъул гьарунилан,
Гьезие квешаб дугIа Аварагас гьабуна.
СанагIат рекъарабго бецIун, доб какги бана.

Бану-къурайзатазул сайидлъун жив вукIарав
Асадил вас КагIбохъе малгIун-ХIуяю щвана.

[1] ГIолохъанчи.*
[2] ГIалил хвалченалда цIар.*
[3] Данде вагъизе вахъунев чи.*

ХIабибасулгун ﷺ ракълил къотIиялда вукIарав,
КъотIи бихиялде гьев вачине гаргадана.

Дида, гьев МухIаммадил, къотIи биххизе ккани,
Квешаб рахъ бихьичIилан КагIбоца инкар ккуна.
Иблис гIадин, ХIуяю гьесул ургьив лъугьана,
Гьес къотIи биххизегIан, хабар лъугIизе течIо.

Хадув, КагIбо ахIана Расулгун вагъиялде,
Вагъизе рагIиги кьун, ХIуяю разилъана.
Бану-къурайзатаца къотIи биххи рагIидал,
ГIавамил вас Зубайир Расулас витIун ана.

Эз къотIи биххиялъул хабар уяб батана,
Хандакъалда ругезе хIинкъи цIакъго цIикIкIана.
ХIарисатил Зайидги Асламил Масламатги,
Мадина цIунизелъун, Расулас ритIун ана.

Бану-къурайзатилаз къотIи бихун хадуса,
Къурайшиялгун рекъон, Мадина талагьизе,
Тохал рахъал ралагьун, хIадурлъула рукIин лъан,
ХIажалъана Авараг ﷺ къуват гьениб рехизе.

Хандакъалъул бодулъа щунусго чигун цадахъ,
Цинги ритIана гьенир дов Зайдги Зубайирги.
Зайтун-тиналъул магъилъ хIанзалаталда релълъон[1],
Гъорлъ ругел мунафикъал, – гьелги цIакъ хIалагъана.

МухIаммадица нелъей къотIи гьабун рукIарал
Къайсарил хазинаби гьанже росе абуна;
Рокъоре тIад руссине багьанабиги ратун,
Расуласдасан изно тIалабги гьез гьабуна.

*[1] Ай, пихъил гъутIбузда гъорлъ зазил хъархъазда релълъон.**

Гьединаб къваридаб хIал асхIабзабазде щведа,
Аллагьасул Расулас сулхIалде[1] къасд гьабуна.
ХIарс бину ГIавф, ГIуяйнат бину ХIасин – кIиялго
ГъатIфаназул къаидал[2], гьезухъе чи витIана.

Къурайшияздаса нуж, ратIалъун, нахъе ани,
Мадинаялъул пихъил сулус[3] кьелин абуна.
Амма нугIзал чIезарун къотIи гьабун букIинчIо,
ТIагьаяс ﷺ гьелъул хабар хадуб баян гьабуна.

ГIубадатил, МагIазил, – кIиявго СагIдудехун
Расулас мушавара, гьеб гьоркьоб лъун, гьабуна.
Гьазий гьеб къабуллъичIо, къвакIун чIарал, чучичIо,
Чармилал ракIаздалъун, кьезе гьечIин абуна.

Бичун босун, я къарзалъ кьураб горони, гьезда
Бихьулареб букIараб Мадинаялъул тамро[4];
Нилъ БетIергьан Аллагьас Исламалде тIоритIун,
КIодо гьаридал, гьезий гьеб щай кьолебан чIана.

Гьезул щулалъи, къвакIи ШафигIасда бихьана,
Саброялде гьел ахIун, тIадеги жив кIалъана.
РакIалдаго гьечIого, ГъатIфаназул рахъалъан
АшжагIияв МасгIудил НугIайм тIаде вачIана.

Ислам къабул гьабуна, Расуласде кIалъана,
Дуйго бокьараб дида тIад къайилан абуна.
Къурайшиял, ягьудал, – гьезда жив лъикIго лъалев,
ЛъикIаб гьоркьоблъи бугев гьудулги жив вукIана.

Жиндиргун рагъ гьабизе данделъарал ахIзабал
Рихизе гьарейилан Аварагас гьарана.

---

*[1] Капурзабазулгун рекъел гьабиялде.**
*[2] Церехъаби, бутIрул.**
*[3] Лъабил бутIа.**
*[4] ЧамарсакI.**

Аллагьас Расуласул дугIа къабул гьабуна,
Къурайшиял, тIад руссун, басраго ине ккана.

АхIзабал риххиялъе, дудаго хIал кIванани,
КIвараб иш гьабейилан НугIаймида тIад къана.
ТIагьаясе ﷺ квербакъи жинца тIаде босана,
Бану-къурайзатазул къавмалде тIаде ана.

Я бану-къурайзатал, ножода дун лъикI лъала,
Ножодехун рокьиги дир кидаго букIуна,
Буго гьанжи дий бокьун ножой цо гIакъло кьезе, –
Гьадинаб магIнаялъул калам жинца гьабуна.

Бану-къурайзатаца НугIайм къабул гьавуна,
Къавмалъ: Дуца бицунеб битIун бугин, – абуна.
Ниж дуда щаклъуларин, божаралги ругилан,
НугIаймие кIалъайзе изно киназго кьуна.

Къурайшал-гьатIфаналгун гьав чиясде[1] данде нуж
Рагъизе бегьуларин, гьал кантIизе гьаруна.
Рагъул хIасил ккечIони, дол нахъе тIурун ина,
Дозул гIумругин яшав кинабго доба буго.

Долги гьедин нахъе ун, нужго гьанир хутIани,
Хадусан щиб букIинеб? – ургъейилан абуна.

ГьатIфанал-къурайшияз рагьноялъе[2] цо къокъа
Ножохъе кьун горони, рагъугеян манлъана.

Бану-къурайзатазе гьаб гIакъло цIакъ бокьана,
БитIараб буго абун, тIолалго разилъана.
Рази гьарун гьалги тун, гьанжи НугIайм къокъана,
Къурайшиязухъе ун, Абусуфян данд чIвана.

---

*[1] Ай, Аварагасде ﷺ.**
*[2] Гьоркьлъалие, божилъиялъе.**

Ашрафал[1] ракIарана, НугIайм гъазде кIалъана,
Гъаб хабар балъго теян аманатги гъабуна.
«Нужода ракI букIиналъ бицунеб буго» ,– абун,
Цинги къурайшиязде гIин тIамеян абуна.

Бану къурайзатилал, МухIаммадгунги кьаллъун,
Нужгун рекъеялдаса рекIекъ ругин абуна,
Рагьноялъе ашрафал ножоца кьун горони,
Нужгун цадахъ рагъизе гъозул ракIалда гьечIо.

Ножодасан гъоркьлъалий ашрафал тIалаб гьарун,
Дозул чапар вачIани, цо чи кьоге абуна.
Кьуни, гьел къурайзатаз балъго, МухIаммадихъе
ЧIвазе кьелин, гьабураб къотIи бугин бицана.

Ножоргин гъатIфаназул ашрафал гъурун хадур,
ХутIаразде цадахъго, дол тIаделъизе ругин, –
ТIобараб гьерсил къвачIа гьазие чIехьонги тун,
Гьанжи НугIайм къокъана жиндирго къавмалъухъе.

Ва гъатIфанал, дир агьло, дирго тухумгин кьибил!
Щаклъи гьечIого дида нуж божулелги лъала,
Бицине хабар бугин къавмалдехун абуна,
КъватIиб бицунгейилан, балъго тей шартI гьабуна.

Бану-къурайзатилал Къурайшазегин ножой
Гьади-гьадин гьабизе ургъун ругин бицана.
Гьездаса цIодорлъеян лъайзе жинца гьабуна,
Лъайзе гьабиялдаса ГъатIфаналги рохана.

ГъатIфанал, къурайшияз гIакъло гьанжи данд бана,
НугIаймил хабаралъул хIасил тIалаб гьабуна.
Абужагьлил ГIикримат бетIерлъунги чIезавун,
Къурайшал, ГъатIфаназул цо къокъа хIадурана.

---

*[1] Церехъаби.**

Гьеб къокъагин ГІикримат къурайзатазухъ щвана,
Щамат сордо букІана, хІукму гьезий бицана,
МухІаммадилгун къитал[1] метер букІине бугин,
Рахъине къачІайилан, чІванкъотІун лъайзабуна.

Ягьудиязул, щамат – щибго жо гьабулареб,
РахІматалъул къо кколин къурайзатаз абуна,
Метер къо ун хадубги, цадахъ рагъизе ккани,
Цо шартІ ножой бугилан, рагьноялъул бицана.

Нуж, МухІаммадилгун иш тІобан хадур горони,
ТІад руссунгутІиялъе божи нежей букІине,
Ножор ашрафаздасан цо къокъа рагьноялъе
Нежехъе кьезе ккелин, къвакІун, гьазги абуна.

Гьаб хабаргун ГІикримат къавмалъухъе вуссана,
Къурайзатазул жаваб жинца гьазий бицана.
Цинги къурайшиялги ГъатІфаналги кІалъана,
НугІайманил насихІат хІакълъанилан абуна.

Бану къурайзатазухъ гьанжиги чи витІана,
Гьедун, цохІониги чи кьеларин, лъайзабуна.
Рагъизе къасд батани, рахъайилан абуна,
БатичІони, бокьараб гьабеян жалго тана.

Гьаб хабар босун чапар къурайзатазухъ щвана,
Къурайзатазги НугІайм цІакъго ритІухъ гьавуна;
Гьесул насихІат нелъей хІакъаб букІун бугилан,
БукІаралде тІадеги божи гьазул цІикІкІана.

БетІергьанасул макро кІияздаго жемана,
НугІайманил хІиллаялъ ахІзабазул гуч хвана.

*[1] Рагъ.**

АсхIабзабазде тIаде бачIун букIараб хIинкъи,
ХIавло гьабун,[1] Къадирас къурайшазде тIамуна.

Къурайзаталгун цолъун, ТIагьаясул ﷺ гIаскарал
ТIаде кIанцIиялдаса мушрикинал хIинкъана.
Къудраталъул Аллагьас тIадеги, гIарабазде
БецIаб, цIорораб сардилъ гучаб гьури беччана.

Гьелъ, чудрул рахъ-рахъун ран, хьагал регизе гьарун,
Ракарал цIаялги ссун, гIала-гъважа лъугьана.
Гъоркьгоги хIинкъарал гьал хIалагъине рекIана,
ХIарбоялъе[2] къачIараб къуватги чучун ана.

Авараг, гьеб бициндал, цаби рихьун хьимана,
Цинги асхIабзабазде, рохел бицун, кIалъана,
КIвараб-тараб къай-цIагун, бакIаб щинаб гъоркьги тун,
ГъатIфаналгин къурайшаз къасего нух босана.

Расуласдасан къисас босичIого чIеларин,
ЧIухIун къватIир рахъарал капуразул гIаскарал,
Малайкзабаз сверун ккун, балагьалъул гьури пун,
РакIазулъ хIинкъи тIамун, тIурана, цIогьал гIадин.

ТIагьа ﷺ чIаго теларин, жал къватIире рахъарал
Къурайшиял Аллагьас рагъде регIизе течIо.
Рагъги кьалги кIочон тун, кIудияб рогьо-ничгун,
РухIал цIунун, хандакъ тун, басраго нахъе ана.

Аллагьас Жиндир лагъзал басраги гьаруларо,
Басра гьарулеб гIамал хIалтIизе гьабичIони.
Гьабураб къотIи тIобай – Къуръаналда рехсараб
Къанун буго халкъалъе, Халикъасго жиб лъураб.

---

*[1] Сверизе гьабун.**
*[2] Рагъуе.**

Хиянат-рекIкI гьабиги манзил къокъаб жо буго,
Ахир-къадги ритIухълъи бергьин – хIакъикъат буго.
ХIакъикъат гьечIеб бакIалъ ритIухълъи букIунаро,
РитIухълъиялъ горони, сагIадатги[1] щоларо.

ШаригIаталъ горони, инсанги гьавуларо,
Аллагьасул нух тарав, талихI кьун, вохуларо.
Тасавуфалъ[2] горони, батIинги къачIаларо,
БатIин бацIцIалъичIесул суфиги лъугьунаро.

Суфизабазул матIлуб – БетIергьан лъайи буго,
БетIергьанго лъаларев лагъ вукIине рес гьечIо,
Лагълъи гьабизе ккани, магIбуд[3] лъайи – шартI буго,
ШартI камуни, гIибадат гIадада хвараб буго.

ГIадада холеб гIамал гIакъилас гьабиларо,
ГIакълогIан къимат тIокIаб жавгьарги бижун гьечIо.
Жагьлоялъе гIиллалъун гIакъло дагьлъи букIуна,
ГIакъло бергьани, жагьло, къун, жибго нахъе уна.

Жагьло къунеб гIакъло кьун, гIилмоялъулъ бичIчIи кьун,
ГIамалалъе тавфикъ кьун, тавбоялъе гьунар кьун,
Вагьбияб гьидаят[4] кьун, гьава къунеб ихIсан кьун,
Аллагь, Дуца тIоритIе ниж битIараб нухалда!

* * * * * * *

Мунагь ккечIин, тавбо тейи, – тохлъиялъул гIаламатин,
Тохав чилъун мун вукIунге, рекIелъ иман щулалъаяв.
ЩайтIаналъги гьелдаса мун цIакъго гъапул гьавулевин,
Гъапуллъизе вукIинчIого, кIвараб бахъе тавбоялъе.

*[1] ТалихI.**
*[2] ТIарикъаталъ.**
*[3] Жиндие лагълъи гьабулев чи.**
*[4] Аллагьас чIобого битIараб нухалде тIоритIи.**

## КЪУРЪАНАЛЪУЛ АХIИ БУГО, ГIИН ТIАМЕ ..

Къуръаналъул ахIи буго, гIин тIаме,
ТIагьаясул ﷺ дагIват бугин, нахъ рилълъа!
Рогьа-роцIцIун дунял бугин, квалкваде,
ЦIад-бакъ рекъон гьава бугин, хур бекье!

Ахир заман бачIун бугин, тохлъуге,
Тавбоялде хивал ккарав, кватIуге!
Хасел тIаде щвезе букIин кIочонге,
Щивав чияс жиндийго рукъ хIадуре!

Дуньялалъул ханлъиялда божуге,
Хойзе вукIин ракIалдаса беччаге!
РухI бахъулеб сагIат цебе чIезабе,
ЧIаго даим хутIуларев лъан букIа!

ЛъикIаб агьло гьудуллъун ккой кидаго,
Квешаздаса цIунизеги цIакъ бахъе,
ЩIаялдегIан гьезда аскIовги къаге,
Къасаваталъ мехтараб къавм жибго те!

Алжан-жужахI букIиналда щаклъуге,
СиратI-мизан букIиналда ракIги чIа!
РекIелъ иман хIакълъунго дур батани
Къадирасул Каламалда мун божа!

Кавно жиндир нуралдасан бижарав,
БетIергьанас ХIабибилан ﷺ цIар тарав,
Расулас жал рицун тарал хIадисал –
РитIухълъиялъ чIел босараб хIукму дуй.

Дунял-ухра берцинлъизе бокьарас
Босе гали Исламияб нухасан,

Халикъ жинда лъалев лагълъун ватани,
Тоге абе лагълъиялъул адабал!

Дурго жагьиллъиялдаса ракI бакъван,
Къадирасда цебе вукъуф гьабуни,
ГьебгIан дуе пайда-хайир цIикIкIараб
Даран-базар киданиги щвеларо.

Куфру-нифакъ рекIелъа къватIиб гъезе
Къуват дагьаб яргъидалъун кIолареб,
Ярагъалъул бищун къуват цIикIкIараб –
Къойил баче «Ла илагьа иллаллагь»!

Аллагь – магIбуд цIохIо вукIин бицунеб,
Цо абунги гIемер мунагь чурулеб,
ГIемер бачун кIалгин мацI ругьун гьабе,
Гьелъ рекIелъе нух бахъулеб дагь-дагьккун!

Дару тIалаб гьабулев чи! ТIабиб ккой,
ТIабибасда унтабазул хIал лъалин,
ХIалбихьиго гьечIев тохтор вугони,
Гьесги дару мекъса кьолеб, кантIе мун!

Курсал лъугIун, гIелму щвечIев вугони,
Варачасул унтарасе пайда щиб?
Пайда гьечIев тохтургун дандчIвайзегIан,
Дуцаго дуй дару гьаби – гьеб гъулай.

Гьанжи гIадаб, ялгъанчагIи гьарзаяб
Заманаго букIанадай, лъаларо,
БитIараб нух тIарикъалъулъ манлъулев
ТIагьал ﷺ варис валагьизе захIматаб?

ХIасан афандиясул таснифаца
Таждид гьабун гореб ани, тIарикъат,

ТӀутӀу-сусун бараб партал кинниги,
Инкар чагӀаз гьабилаан лъугӀизе.

Амма асло хисичӀого хутӀараб
ТӀагьаясда ﷺ рохьен жиндир бухьараб
БацӀцӀадаб гьаб Накъшубандил тӀарикъат
АкъвтӀабазул баракаталъ цӀунана.

## ЖАКЪА ДУНЯЛАЛДА ДИН ИСЛАМАЛЪУЛ ...

Жакъа дунялалда дин Исламалъул
Исмо[1] гореб гьечIин кин абилареб?
Агьалиялда гъорлъ гIалимзабиги
Рихьула ругелъул, бицун пайда щиб.

Цинги масжидазул гIуцIи абуни,
ГIалица абухъе ﷺ рихьулел гьечIищ?
Гьединго хирияб Каламун-къадим –
Къуръаналъул гIадло лъий бокьун бугеб?

БитIараб нух ккурал гIалимзабиги
ГIибадат бацIцIадал муъминзабиги,
БидгIа-гIадатазул дуниял цIедал,
КъанцIилъ хIурпул гIадин кин рукIинарел?

РекIелъ иман гьечIел мунафикъзабаз
Дин чурук гьабидал, чара хвеларищ?
ШаригIат рихарал фасикъзабазул
Фискъо гIемерлъидал, гIалам лъикIлъилищ?

ГIадло диваналда къоно тIамидал,
ТIасан рорчIиларищ намус-яхI гьечIел?
Гьавагин нафсалъ жал квегъун хадуса,
Квеш гIолилал хьвади – тамаша горо.

Тавбоялъул гъапу рагьун букIаго,
РачIа гIолохъаби, гьенир кIанцIизин!
Гьидаяталъул нур кодоб букIаго,
Босе, гьудулзаби, гьелдасан пайда!!!

Гьаб дунялалъул рукъ дагьаб жо бугин,
Динул-Исламалде, воре, мугъ кьоге!

---

*[1] ЦIар.**

Метер гьабизеян  тавбго нахъ бахъи,
Таллагь, гIакъиласул пиша гьеб горо.

Шагьи-капекалъулъ паналъарав чи!
Чанги мунгIадасги гьеб бакIарараб.
БукIани щиб, тIолго гьебги нахъе тун,
Нахъвуссинго гьечIеб сафарарлъ арав.

Аллагьас тIад лъураб къол щуябго как
Кин толеб мугьмалго муъминав лагъас?
Расуласул суннат нахъеги рехун,
Нахъе щиб хутIулеб дур иманалъул?

Иман, Исламалъул къимат лъаларeб
Къавмалдасан дуе пайда щвеларо;
Къавлоги фигIлоги[1] данде кколарев
Диналъул базарган ричIадегIан те!

ЧIагIдал цIувухъе рагI дур батичIони,
Дир вагIза-насихIат дуй гьоцIо буго.
ЦIал сахаб чуялъе кIутIун гIолелъул,
ГIакъилав ватани, талихI дуего!

[1] Бицунебги гьабулебги.*

## ВА МУНГО ДУДАГО ВИЧIЧIУЛАРЕВ ЧИ

Ва мунго дудаго вичIчIуларев чи,
ВорчIизе мех щвейчIищ дуй макьидаса?
Макьоги якъзатги[1] лъаларев гIадан,
Лъалеб гьечIо дида дуда лъезе цIар.

Дур гIадалнахалъулъ гIей батичIони –
ГIурулъенигин щай мун кIанцIуларев,
ЩайтIабаца ккурав мажнун ватани –
МугIрулгин щобазда кинан чIоларев.

Дарвинил харбазда хадув ватани –
Халкъ унеб рахъалде бер щвезе гьабе,
Гьесул маргьабаца гуккун ватани –
Тавбоялде вусса, кьерилал гIадин.

Кьурал нигIматазе щукру гьаби тун,
Гьалаглъи щваразул хабар рагIичIищ!
Халикъас ритIарал русулазулгун
Рагъ гьабидал, къинчIеб къавмго букIанищ.

Бергьингин къиналъу хIасил гьабулев
Судияв нужеда жеги вихьичIев,
Жюри бугеб нелъер, очкаби хъвалеб, –
Огь, эзул дуруслъи, дуда щиб лъалеб.

ДиванчагIазухъе чурхдул ритIулев
Чапар вугев цойги, ГIизраил абун, –
Эсул тептералда сияхI камураб
РухI бугеб махлукъат ракьалда гьечIеб.

ЧIаголъиялдаса мун вахъиялъе
Гьес, тахIкъикъги гьабун, санкция кьедал,

---

*[1] МакьоялдаСа ворчIиги.*

Дур берал къанщулел, лугбал щвакулел,
Щолеб гьанжи эрга росонив лъезе.

Росдал будун-дибир дандеги руссун,
Дур жаназа гьанжи, чурун, къачIалеб,
Къвалал-габур гьечIеб, лъутIи сурараб
Руччабазги дуе горде букъилеб.

Рукъ бакьулъ, чIарбида, гьебги тIибитIун,
ТIад, восун мунги лъун, данде бачинеб,
Бералгин гIундузда, хIатIал-кверазда
Квас-квасги букIинеб, берцин тIупараб.

ТIара-ахадаса чIалицаги къан,
КъватIиве восизе мун хIадурилев,
ХIенехI щван, махI гьабун, мун тIован хадув,
МахIрамиял дуде тIаде реччалел.

Рукъалъул агьлоялъ, сверунги руссун,
Сабро тIагIун, дуда кверал рахъилел,
Нахъго вуссунарев сапаралъ ине
ХIадурлъарав дуде тIаде гIодилел.

ГIодун, руцIцIун агьло гьедин рукIаго,
Гьанжи гIолохъабаз цо чу бачIинеб,
БетIер-бохдол гьечIеб, чIолохъжо байчIеб,
Жиги мун рекIинчIев, цIулал гьабураб.

Гьанжи мунги тIад къан, ункъгоясги ккун,
Инеб гьеб чу бачун макъбаратакде,
Макъбаратал абун росаби ругел
Ракьул чохьонир, жал хвараз гIуцIарал.

Хобилан цIар бугеб, бецIаб, къваридаб
Рукъ дуеги гьениб бухъун батилеб,

Вахъун чодасагун, жанивги вегъун,
Гьенив парахат мун рекъезавилев.

Рекъезабун, дуе къачIараб лахIдо
Къаналги тIаде чIван, щула гьабилеб,
Гьанжи гIолохъабаз, хъормаца гIадин,
Хъван тIаде ракьги бан, тIупа-куцилев.

ТIаде заниги чIван, мухIкан гьабилеб,
Мун кантIизавизе талкъен  цIалилеб,
ТIолго хIазируназ, дандеги руссун,
Дуй сайгъат гьабизе зикро бачинеб.

Гьанжи ахиралда, фатихIа тIамун,
ТIобайзе гьабилеб дургунисеб иш,
ВахIшаталъул рокъов гIицIго мунги тун,
ГIадамал тIолалго тIад руссун инел.

Эркенаб дуниял чIагоязе тун,
ЧIегIераб хоб дуе мустахIикълъараб,
Къазеги рагьизе нуцIа-баб гьечIеб,
Гьанжи щулалъарав мун туснахъалъув.

Туснахъ-сибиралъул болжал букIунеб,
Болжал тIобан хадув тIад жив вуссунев,
ТIад вуссинго гьечIеб агьвалазул рукъ
Абадалъго дуе хасс гьабун кьураб.

Хасслъи гьаб рукъалъул цойгиги бугеб,
Бицун тезин гьебги, гIин тIамун бихье,
ГIайиб-такъсир ккечIев туснахъалъуве
Кколеб гIадат гьечIеб гьаб дунялалда,

Гьаб рукъин абуни, халкъалъе гIаммаб,
ГIайиб-такъсир ккейи шартI гьечIеб бугеб,

Шуббанал, щуюхал, атIфалал, лъимал, –
ЛъикIалгин квешазе батIалъи гьечIеб.

БетIергьан Аллагьас тIаса рищарал
Халкъалъул хириял – аварагзаби,
Эзулги МустIафа – ХIабиб-МухIаммад ﷺ
ЛахIдоялъув лъурав, халкъалда релълъон.

Дуда, рихьичIого, рицун лъаларел,
Берцинлъи-сурукълъи гIорхъолъа арал,
Аллагьасул кIиго чапарги вачIун
Чанго суал кьелеб мискинав дуе.

Дур Аллагь, Авараг щиван гьикъилеб,
Щиб диналда хварав мунан цIехелеб,
Ахирияб хIохьал тавхIидалдалъун
Бахъарав ватани, тавфикъ дуй кьелеб.

Дуца, суалазе жавабги гьабун,
Жавгьар гIадаб рукълъун хобги лъугьинеб,
Жавабалъе тавфикъ дуе кьечIони,
Дур хоб жужахIалъул донкIлъун сверилеб.

Исрапил малайкас суралъубе пун,
ТIаде рахъинегIан, гьаб кIиябго рукъ,
КIиябго синфалъе гIазаб-рахIматлъун,
ТIаса ийин гьечIеб, гьалда щаклъуге.

Гьанжи гIарас майдан, сиратIгун мизан,
Хадуб – алжан-жужахI, хIурулгIинзаби,
Забаниятазул гIадлогин диван, –
Дагьаб ургъел гьечIеб нелъеда хадуб.

Аллагь къотIиялъе хилифлъуларин,
Къуръаналъул ахIи дуца нахъ чIваге,

Цинги ХIабибасул ﷺ нубувваталда[1],
ТалихI дур къосараб, инкар гьабуни.

Инсан, хун хадуса, чIаголъуларин
ЧIараб къавмалде мун къаге аскIове,
Къуръангин хIадисалъ баян гьабураб,
Гьелда божичIони, мун гьалаглъулев.

Жиги, алжан-жужахI букIин хIакъабин,
ХIакълъунго дуца ракI гьелда чIезабе,
КIиябго рукъалъул цояб дуеги
КъачIан батулебин, гьебги кIочонге!

*[1] МухIаммад ﷺ – Аллагьасул авараг вукIиналда.**

## ЧIУХIАРАБ ХIЕЛЕКО ХIАРЩУЛЪ КЪАН, ХОЛИН …

ЧIухIараб хIелеко хIарщулъ къан, холин,
Халкъалда жанибго кици батана;
Кициги биценги, гIибрат бугесе,
ГIуламааз лъолеб дарслъун букIуна.

Дунял-ухраялъул лъикIаб щиналде
Лъай бугез, кантIизе, кици тIамула;
Квешабщиналдаса нахъегIан къайзе
Ният бацIцIадасе ярагълъун чIола.

Нусалда бичIчIизе ясалде аби –
Сиясат лъалезул гIакълолъун ккола;
ГIакъилас гьабулеб насихIат-вагIза
ГIарацгин меседалъ данде цIаларо.

«Дун», «Дица» абураб рекIел чIухIиялъ
ЧIвала чанги ахIмакъ, расги лъайчIого;
Расмиял гIулумаз загьирги къачIан,
ЧIаго хавараб рекIей хIаят[1] щоларо.

ШаригIат къачIайзе тIарикъат гьечIес
Гьава-нафс квегъизе кинго рес гьечIо;
Расулуллагьасул ахлакъал[2] кквезе
Комек къварагIарас – ирсилав цIехе!

ЦIаличIебги гIилмо лъайзе бокьани,
Лъаралда рекъараб гIамалгун хьваде!
ГIирфаналъул иццде щвезе хьул лъурас,
Щваразул хьибил ккун, нух тIалаб гьабе!

Халикъас вижарав лагълъунги вукIун,
Лагълъун чIеларилан, чIухIун хьвадуге!

---

*[1] ЧIаголъи.**

*[2] ТIабигIатал.**

ЧIухIараб хьвадиялъ ханлъи щоларин,
Ханлъи ъварагIарас ракьалде гIин бай!

Бихьулищ Лукъманил васият бицун,
БетIергьан-Аллагьас аят рещтIараб?!
Аварагасулги ﷺ хIадис байинчIищ,
ЧIухIарал чагIазе алжан гьечIилан?!

Ананият[1] какун, кисса-кибего –
Кутубазда жаниб бицунеб гьечIищ?!
Цинги гьеб баккараб асло цIехани,
Аллагьасул тущман-иблис батула.

Иблисалда рекъон хьвадулев гIадан,
ГIайиб гьечIищ дуе гьеб цIар босизе?!
Расуласул хIадис, Къуръаналъул насс,
Такъва дулъ батани, бугищ иттибагI?![2]

Бичун босичIогун щолеб букIундай
Дунялалъул чIухIи тIаса бищулеб;
БоцIи-мал хвечIого бачIунелъулдай,
Данде кIанцIун, гьелда гьаз къвалал ралел?!

Ибну ГIаванатил гIамал бугев чи,
ГIакъло дур батани гIодове вусса!
ГIадамал релъараб дурго хасият
Сурун бихьуларев, мунго щив инсан!

Мун зодоса гъоркье вачIунги гьечIин,
ЧIухIун хьвадиялъе далилгIаги щиб?
Дур эбел-эменги малайкал горин,
Кида мун ворчIилев гьеб макьидаса.

---

*[1] «Дун» «Дица» – ян аби, ай живго жиндаго кIодого вихьи.**
*[2] Нахъвилъин.**

## САГІЛАБАТ КЪОСИН

ХIабибуллагьасул ﷺ масжидалъув жив
Релъедаги къадги даим вукIунев
Ансарияздаса ХIатIибил валад
СагІлабатин абун цо чи вукIана.

Цинги СагІлабатий асхIабзабаца
ХIамаматул-масжид[1] – цIаргицин кьуна;
Ракьалда суждаби гIемер гьариялъ,
Ка рукбатиль багIир[2] нодо лъугьана.

Рогьалил какдаса салам кьурабго,
СагІлабат рокъове унев вукIана;
Азкаралгин дугIа Расулуллагьас ﷺ
ГьаризегIан чIолеб гIадат букIинчIо.

Дур, мунафикъзабаз гьабулеб гIадаб,
Гьаб гIадатго щибан, Расул кIалъана ﷺ;
РахIманасдасан дуй хIажатаб жого
ГьечIогойищилан, гьесда гьикъана.

Цинги Расуласе СагІлабатица,
ГIузру загьир гьабун, хабар бицана;
Рокъов гIедегIизе далилллъун гIураб,
ГIилла баян гьабун, жавабги кьуна.

Жинца тIад ретIараб гьаб горде, бахъун,
Хъизаналъухъ кьезе кколин абуна;
КьечIони, как байзе гъолъий рес гьечIин,
Гъаятул-факъроги[3] цебе рехана.

---

*[1] Масжидалъул микки.**
*[2] Варанияльул накаби гIадин.*
*[3] Жиндир мискинлъи.*

Хадуб ХIабибасде ﷺ: «Дий боцIи кьеян
ДугIа гьабе», – абун гьарун кIалъана;
Расулас: «ВайхIака, я СагIлабат», – ан[1]
МаслахIат гьечIолъи бичIчIизабуна.

Гьанжиги тIад вуссун, СагIлабатица
Расуласде: «Дий мал гьаре», – абуна,
«Мун Аварагасда релълъон вукIине
Рази гьечIищ?» – илан ХIабиб ﷺ кIалъана.

«Дир нафс кодоб бугев АллагьасхIаги,
Меседгин гIарацлъун гьал мугIрул дида,
Дий бокьани, цадахъ рильлъанхъула», – ян
Расулас хадубги тIаде жобана.

Жигиги СагIлабат, боцIи-малалде
ЦIан араб хивалалъ, хадув вачIана;
Хирияв ХIабибас ﷺ гьабураб калам
Гьасул къалбоялъе[2] рекъонго ккечIо.

Расуласде вуссун, лъабабизеги
БоцIи жиндий гьари тIалаб гьабуна;
Гьеб кьунани, хIакъал тIорайзарилин,
ТIаде босун, факъир, гьедун, кIалъана.

Гьанжи СагIлабатил мурад тIобайзе
ТIаде ккеялъ, ХIабиб ﷺ хIайран гьавуна,
«Гьав СагIлабатие боцIи-мал кье», – ян,
БетIергьанасдехун лъабцIол ахIана.

Аварагас гьарун, Аллагьас кьуна,
СагIлабатил гIиял Мадина цIуна;
ГIияде хьвадизе хIажалъи ккана,
«ХIамаматул-масжид» вехьлъун вахъана.

---

*[1] Балагь буго дуеян абуна, ай боцIи кьуни.*

*[2] РакIалъе.**

Мадина тун, къватIив вахъине ккана,
Как жамагIатгун бай къанагIалъана;
Къадегин бакъанил гIужалъ горони,
Масжидалде ине регIел лъугьинчIо.

Гьанжги гIи боргьун, гьанив хIебтIичIо,
Дагьавги ричIаде вахъине ккана;
Рузмангин жамагIат рехонго тана,
МегIер-гIалахалда СагIлабат чIана.

СагIлабат тIагIиндал, асхIабзабаде
Аварагас, цIехон, гьикъа-бакъана;
«Гьав нелъер СагIлабат киве ккарав?» – ян,
Ккара-тараб лъайзе тIалаб гьабуна.

Гьанжи асхIабзабаз, Расулас кьураб,
«Гьев гIиги гIемерлъун, гIалах къварилъун,
ГIатIилъи балагьун, ун рагIулилан»,
РагIарабги бицун, суал борхана.

СагIлабатил къисмат Расуласда лъан,
«Я вайхIа СагIлабат!» – жинца абуна;
Иблисалъул гIадаб гIакъибат бихьун,
ГIазаб щванин абун, гурхIун кIалъана.

Хадув ХIабибасухъ ﷺ, закат тIад гьабун,
ТIасан, аят босун, Жабраил щвана;
Аллагьас манлъухъе гьеб бакIаризе
КIиго чи Расулас вакил гьавуна.

БоцIул бетIергьабаз кIиявго вакил,
Кирехун аниги, тIаде росана;
ТIадаб закагIатги, ракI разилъун кьун,
Роха-хинлъиялда тIадги руссана.

СагIлабатидеги эрга гIунтIана,
ТIагьаяс ﷺ гьесухъе рисалат хъвана,
Рисалатгун цадахъ кIигояв ана,
КIудияб амрогун къватIир рахъана.

Къуръан-хIадисалъул хIукмуги босун,
СагIлабатихъе жал лебалго щвана;
ШафигIасул калам-кагъатги цIалун,
Кинаб жавабдаян, гIенеккун чIана.

ГIиядаса закат кьезе кколилан,
Кагътил мурад лъайдал, гьав хIалагъана,
Гьаб жо жизят[1] бугин, данде кIалъана,
Я гьелъул бацц бугин тIаде жобана.

Жинца Халикъасе гьабураб къотIи
Гьав къобухIадида кIочонго тана;
КIкIалал цIураб боцIи жиндие кьедал,
Жизяталда закат релълъенабуна.

Расуласе къураб рагIиги хвана,
РекIелъ къарарлъараб нифакъ тIатана;
Дун ургъун вихьилин, цойги рачIаян,
ЧIового кIиявго нахъе витIана.

ТIагьаяс ﷺ, чIорого гьел тIаде щведал,
«Я вайхIа СагIлабат», – кIицIол абуна;
БетIергьан Аллагьас аятги рещтIун,
Эв мунафикъ вукIин лъайзе гьабуна.

Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабас,
СагIлабатихъе ун, хабар бицана;
Цинги дур хIакъалъулъ аят рещтIанин,
БадибчIвайги гьабун, хъачIго кIалъана.

---

*[1] ХIалица бахъулеб магъало (налог).**

КIвара-лъараб яхIалъ гьанжи СагIлабат
Садакъатул-мали кьезе ургъана,
Аварагасухъе гIиялги рачун,
Чара къотIун ккедал, ккана вачIине.

ВачIун тIаде щведал, Расулуллагьас
СагIлабатил закат къабул гьабичIо;
Къабул гьабизе дун нахъ чIван вугилан,
Нахъе рачун аян лъайзе гьабуна.

ЗакагIат нахъ чIварав чийилан абун
АсхIабзабазда гъорлъ гIар[1] жиндий щведал,
ГIодоса босун ракь сагIлабатица
БетIералде тIаде квераца бана.

Рогьо щвей захIмалъун, ракь бухъичIого,
 РакI бухIараб тавбо гьабурабани,
Тавбоялъул гьафу СагIлабатие
Таввабу-РрахIимас рагьун телаан.

Расулуллагьасе къадар щун хадуб,
Халифалъун тана Сиддикъун акбар.
СагIлабат гьесухъе, закатги босун,
Къабул гьабейилан, гьарун вачIана;

Расулас нахъ чIвараб закат босизе
Дида кIоларилан, къабул гьабичIо;
РакIалда нифакъгун кIал гаргадиялъ,
Диналъулъ СагIлабат витIизавичIо.

Сиддикъ накълолъидал халафаталъе
ХатIабил ГIумарий къотIи гьабуна.
Гьесда аскIовеги, закат босеян,
СагIлабат вачIана, амма нахъ чIвана.

---

*[1] Рогьо-нич.**

Аллагь разилъаяв ХатIабил ГIумар
Шагьидлъун хадуса, ГIусман вищана ﵁
ГIусман халифалъун тIамун хадувги,
Закатул-мал босун СагIлабат щвана.

Расул, Абубакар, ХатIабил ГIумар –
Гьаз нахъ чIвараб закат гьесги босичIо.
Гьалда СагIлабатил базар къокълъана,
Нифакъалъул цIаргун хабалъе ана[1].

*[1] ГIусман асхIабас ﵁ гьесул закат босарабинги буго цо риваят* والله أعلم .

## ЛЪАБГО ЧИ ВУГИЛА НАГІАНА КЬОЛЕВ …

ТIоцобе Аллагьас, хадуб Расулас ﷺ,
Цинги малайкзабаз, тIолабго халкъалъ
Лъабго чи вугила нагIана кьолев,
Кьогеги нелъее гьединаб гIамал!

Гьале гьезул цояв, цеве рехсарав
СагIлабат кинниги, бахилав гIадан,
Хадув, иблис гIадин, гIилла гьечIого,
ГIадада чIухIарав гIакъло гьечIев чи;

Чехьалъул горони, ургъелги гьечIев,
Кванан гIорцIуларев, хьвани гIадинав,
Дунялалъ гуккарав, хъантIи бергьарав, –
Гьавги лъабабилев, хIайвану-натIикъ[1]

ТIагьаясул ﷺ буго цойгиги хIадис,
Бечедал чагIазе факъираздасан
Къиямасеб къоялъ букIине бугеб
Къваридаб хIалалъул бицен гьабураб.

Гьел фукъарааца БетIергьанасде
ГIарз гьабулеб буго бечедаздасан,
Дуца жедеда тIад фарзлъун гьабураб,
Зулму гьабун, нежер хIакъ тIобайчIилан.

ХIакъ ножор тIобайчIел ричIадги гьарун,
Нуж Дица Дидего гIагар гьарилин,
Гьедин БетIергьанас фукъараазе
Рохел бицунила гIарасаталда.

Бечедав чиясда лъайзе тIад буго,
БетIергьанас жиндий кьураб малалъулъ

---

*[1] КIалъалев хIайван.**

Мискин-факъирасул, къо бухIарасул
Къисмат букIунеблъи, гIакъло батани.

Къиямасеб къоялъ бецIизе кколин,
БетIер бугев чияс налъи тIад тоге!
Тавбоялъ чияр хIакъ тIаса кколарин,
ТIад буссинабизе цIакъ жигар бахъе!

Нахъа кьезейилан садакъа толев,
Тохлъукье гIажалалъ ккуни, щибилеб?
Щвейцариялъул банкалда лъурал
Долларал махIцани, цIам лъица щвалеб?

ШафагIат хIажатаб, хIинкъараб къоялъ
Къудратав Аллагьас ричIад гьавуни,
Гьанжи мун аскIове гIагар гьавулев
ГIадан ватуларин, тохлъуге гьудул!

Дуда лъикIаб-квешаб лъалеб батани,
Лъоге, воре, гали квегIаб рахъалде,
Кверал гIатIидасул рукъ – алжанлъидал,
Къарумавлъун вукIун, жужахI босуге!

Садакъа гьарун чи кIалтIе вачIани,
ЧIового витIуге, гIабаси къунги!
ГIабаси кьезеги рес рекъечIони,
Къавлун-магIруф бицун[1], ракI батун витIе!

[1] *Берцинаб рагIи бицун.**

## ВУКІАРАВИЛА ЦО ЦІАКЪ БЕЧЕДАВ ЧИ …

ВукIаравила цо цIакъ бечедав чи,
Бежараб гIанкIоги куйне хIадурун
ХIалилатгун[1] цадахъ гIодор чIолаго,
Рагьдохъан чиясул иш лъарабила.

Щивда вуго абун, ххал гьабейилан,
Гьас хъизан къватIие йитIарайила,
КъватIив нуцIил кIалтIа, эхетун чIарав,
Гьардохъан вугин, гьалъ бицарабила.

Цинги гьав, гьардохъан дида лъаларин,
ЛахIлъизаве абун кIалъаравила,
Росасул буюрухъ тIобайзе гьабун,
Гьалъги гьардохъан нахъ витIаравила.

Вакъарав гьардохъан нахъеги витIун,
Гьаз бежараб гIанкIо кIутIарабила.
Батун багьанаялъ, гьелдаса хадуб,
Гьасул боцIигин мал чурарабила.

Мискинлъиялде ккун, чара хванила,
Хадур лъадигин гьав ратIалъанила.
Гьанжи, гьардохъанлъи гьабун горони,
Гьасие хъат байзе бакI хутIичIила.

Халкъалда цевесан къватIахъ хьвадизе
Гьав мискин, намуслъун, росу танила.
Росу бахун, къватIив, къвачIагун, тIилгун,
ТIобан гьардохъанлъи гьас гьабунила.

Гьадин хьвадулаго, цо сордоялъ гьав
Цо чиясул кIалтIа эхетанила.

---

*[1] Лъадигун.**

Агьло-байталдехун, садакъа гьарун,
Гьардохъан вугевлъи лъайзабунила.

Бежараб гIанкIогун тIутIги цебе лъун,
Цо рос-лъади рокъор рукIарарила.
КъватIиб сас рагIидал росас лъадуде
Дов чи щиван бихье абурабила.

Амро тIобайзабун, къватIийги яхъун,
Гьардохъан вугин, гьалъ бицарабила.
Гьаб гIанкIоги босун, досий кьейилан,
Росас хадуйги гьай йитIарайила.

Гьардохъанасухъе гьеб гIанкIоги кьун,
ГIодилаго рокъой ячIарайила.
Росас: «Мун гIодулей щай?» – абунила,
Гьадинго йикIанин гьай кIалъанила.

Гьадинго гIодулел гIадат гьечIилан,
ГIилла бице абун, рос чIаравила.
Рукъалъ риххиялде иш ккола букIун,
Бихьараб хIикмат гьалъ бицарабила,

Гьадав гьардохъан дир цеве вукIарав
Рос ватанилан, гьай къварилъанила.
Къварилъахъдиялъе гIилла гьикъидал,
ГIилла бицунги, гьалъ жаваб кьунила:

Гьадав чиги дунги, къассе нилъ гIадин,
Бежараб гIанкIогун, тIутIги цебе лъун,
Кванайзехъинаго, рагьда иш рагIун,
Дуца гIадин досги къватIий йитIана.

КъватIив эхетарав гьардохъан вугин,
Гьадасеги дица баян гьабуна,

Гьардохъанго щиван, лахIлъизавеян,
РахIмо гьечIеб калам досги гьабуна.

Гьедин гьардохъанги, щибго кьечIого,
ЧIового тIад вуссун нахъе витIана,
Нахъа ниж ратIалъун, дун духъе ккана,
Досул ккараб къисмат къассе бихьана.

Рес бугев, бечедав чиги дов вукIун,
КIалтIа дов ватидал, тамашаго ккун,
Досда ракIги бухIун, гIодизе бачIун,
МагIо дир бераца ккойчIин абуна.

ЧIужуялъ гьеб къисса бицун бахъиндал,
Цинги, гьеб кIочараб, гьасги бицана,
Ножоца чIового нахъе витIарав
Гьардохъан дун вугин рагьун абуна.

Гьанжи муъминзаби, ххал гьабун бихье,
Халикъас гьабураб гьаб гIадлоялъул;
Гьардохъан чIового нахъе витIидал,
Досда бихьун бугеб баркат гьечIолъи!

ЧIужугин боцIи-мал кодоса босун,
Бихьулищ Аллагьас дов тун вугев куц?!
Цойги хIикмат гьечIищ, дос нахъе чIварав
Гьардохъанасде гьеб кинабго буссин?!

Аллагьасул нигIмат, щукру тун, квани,
Щаклъизе бакI гьечIо, нахъе босула,
Нахъе босичIого нагагь хутIани,
Истидраж букIуна, божун рукIунге!

Бер биххараб боцIи кодобе щведал,
Щукру тун хьвадиялъ гьебги паналъун,

Гьардохъаби гIадин, гIицIго хутIарал
ГIолохъаби жакъа дагьалищ ругел?!

Дунял-ухраялъул рохел бокьарас
Кьурал нигIматазе щукру цIакъ гьабе!
БоцIигин малалъул къиматго гьечIеб
Къо бачIунеб лъалес, – хIукъукъал тIорай!

ТIад налъи бугони, гьеб бецIичIого
ВорчIулищ гьудул мун кида-къадниги?!
Дуйго хайиралъе Халикъасухъе
Хьихьизе кьолелда кин барахщулев?!

## АВАРАГАСУЛ ﷺ МУГІЖИЗАТАЛ

ГІали асхІабасул вац ГІукъайлица бицараб
Бицун тезин цо хабар, баркаталъе букІине;
Боссе лъарав чиясе Расуласул баракат ﷺ,
Кидагоги кибгоги, камиго гьечІеб буго.

Гьесда Расуласдасан, сафаралъ цадахъ ккедал,
Цо нухалда бихьараб лъабго мугІжизат буго.
Гьеб лъабабго мугІжизат жиндир ракІалда жаниб
Иман щулалъиялъе сабаблъунги ккун буго.

Сабабалъе гьабги ккун, гьал нелъер ракІаздаги,
Расуласул баркат щун ﷺ, иманалъул нур байги!
Иман-Исламги бичІчІун, игІтикъадги щулалъун,
Аллагьасул хІукъукъал тІоралеллъун гьареги!

ХІажат жинца тІобайзе ТІагьаясе ﷺ бокьидал,
Сверухъ ругел гъутІбузда аскІов ГІукъайл витІана;
Аллагьасул Расулас ﷺ сатро жиндий гьабизе
Нуж ахІулел ругилан абейилан манлъана.

Манлъухъе, гьел гъутІбузде жив кІалъан вахъинелде
Кьолблъа рахъун, гъутІби ТІагьада ﷺ аскІор щвана.
Сатроялъе, гьев сверун чали гьабун, гьел чІана,
Гьес хІажат тІобан хадуб, тІад руссун нахъе ана.

Нахъеги ГІукъайлиде къечалъул хІал бергьана,
ХІабибас ﷺ ГІукъайлида мегІер бихьизабуна;
МагІарде тІаде вахун, дир салам долда бице,
Духъ батани, гьекъезе лъим кьейиланги абе.

Аварагас манлъухъе, магІарде тІадеги ун,
ГІукъайлица аманат гьелъухъ щвезе гьабуна.
Гьеб сагІаталда мегІер фасахІатго кІалъана,
Расуласде абеян, жиндирго хІал бицана.

ТIадегIанав Аллагьас: «Я иман лъураб агьло!
Инсалгин гамчIаздалъун боркьулеб цIаялдаса
ЦIуне», – йилан рещтIараб аят рагIаралдаса,
ГIодун, дида жаниб лъим хутIун гьечIин абуна.

Ххал гьабе мегIералъул, жужахI боркьулел гамчIал
Жиндир ратилин хIинкъун, гIодун, магIо тIагIараб!
МугIруз тIаде босичIеб Аллагьасул аманат
ТIадеги босун, инсан, инкар ккун, тIоваладай?

ТIадаб налъи кьечIого чи ворчIулев ватани,
ВорчIила мун, инкарчи, Аллагьасул налъукьа.
Налъиги бецIичIого рахIат бокьун батани,
Батиларо дуда гьеб берал къанщун хадуса.

Расуласул ﷺ бихьараб лъабабилеб мугIжизат –
ГIукъайлица бицараб, – гьебги баян гьабизин.
Бицинегин манлъизе чи камун хутIуларо,
Манлъулелде гIин балев гIолилав ватун хадув.

Нухда уна рукIаго, ракIалдаго гьечIого,
Гьелун хадуб бачIунеб цо варани бихьана.
ЦихIиндаго тIаде щун, Расуласе ﷺ салам кьун,
Аман гьарун, гьаб факъир фасахIатго кIалъана.

КIалъан гьеб бахъинелде, бахъун кодоб хвалченгун,
Ралъдал карачел гIадин, цо гIарабавги щвана.
«Щиб гьаб мискиналдасан дуй къварагIараб?» – абун,
Аварагас гьесдехун ﷺ гьикъа-бакъи гьабуна.

Гьикъаралъе жаваб кьун, гIарабияв кIалъана:
Я Расулулллагь! – абун бицине бай бихьана, –
Дица цIикIкIун багьа кьун, бичун босунги букIун,
Дие гьаб мутIигIлъулеб гьечIилан, гIарз гьабуна.

Гьабги хъун, гьаналдасан пайда босизе дие
Бокьун бугилан абун, мурад баян гьабуна.
Гьанжи варааниялъе суал ШафигIас кьуна,
«Щай мун мутIигIлъулареб, бице», – йилан абуна.

Аварагасул ﷺ суал вараниялъ борхана,
Берцинаб калам гьабун, гIузру бачун, кIалъана:
Я Аллагьасул Расул ﷺ! Гьав чи вугев къабилат
Богол какги байчIого, кьижулилан бицана.

БетIергьанас гьелдалъун гьезде балагь беччани,
Гьоркьоб дунго ккеялда хIинкъанилан абуна.
Къабилаталда гъорлъа жиб гьедин тIуранилан,
Гьеб хIайван ТIагьаясде ﷺ тIобанго мукIурлъана.

ТIадеги Расуласе ﷺ вараниялъ шартI лъуна:
Щибаб богол как байзе гьас дуе рагIи кьуни,
Гьесие мутIигIлъизе дицаги рагIи кьолин,
РагIа-ракьанде щвараб кьучIаб хабар бицана.

Цинги ТIагьаяс ﷺ гьазда гьоркьоб калам гьабуна,
Богол как байзе тIаде гIарабияс босана,
Гьесий мутIигIлъиялда вараниги рекъана;
Рекъараб маслахIат-сулхI гьазда гьоркьобги ккана.

Гьаб вараниялдагIан гIакъло гьечIин абуни,
Унго, как баларев чи, квеш дуда букIинадай!
Квеш дуда букIаниги, букIинчIонаниги щиб,
Вугелъул мун гьединав, – гьабулареб щай тавбо?!

Тавбо гьабеян горищ ахIи нилъеде бугеб,
АхIи рагIунгутIизе гIинкъал нилъги гьечIелъул.
ГIинкъасдаги бичIчIула бицунеб жо, бокьани;
Бокьун батани талихI кватIун гьечIин, ургъе мун!

## ДУНЯЛ-УХРАЯЛДА ХАНЛЪУН ГЪАВУРАВ ХАЛКЪАЛЪУЛ МУСТIАФА …

Дунял-ухраялда ханлъун гъавурав
Халкъалъул МустIафа, русулазул таж,
Рисалат, нубувват камилав инсан –
АхIмад нежей кьурав, рецц дуе Аллагь!

Реццгиму хIамдалъе хIакъав БетIергьан,
ХIукъукъал тIорайзе гIажизал нежер,
ГIафво-рахIмоялъул гъафуги рагьун,
Гъафлатал, гъалатIал тIаса лъугьун, те!

ТIагьаясе ﷺ хIакъаб хIурмат гьабизе
ХIал кIвечIел нежее гIадло гьабуге;
ГIадлоялъе хIакъаб агьлолъаниги
Ахир-заманлъидал, бечча-бехъан те!

БетIергьан Аллагьас, Къуръанги рещтIун,
Къадро тIокI гьабурав Саййидул-анам,
Самавияб лутIфу[1] тIадеги чвахун,
ТIолго гIаламалъе баракат щварав;

Ширкалдаса лагъзал хвасар гьаризе
Халикъас витIарав Баширун –Назир,
Бусурман халкъалъе нигIмат бикьизе
Бокьухъе веччарав Къавийюн-Амин!

Цересел адянал насхоги гьарун[2]
Ахиралда щварав Халилу-РахIман,
Русулаз: «Нафси», – ян ахIулеб къоялъ
«Уммат», – ан ахIулев Насирун-Мансур!

---

*[1] Зобалазул рахIмат.**

*[2] Цересел аварагзабазул шаригIатал жиндир шаригIаталъ хисун.**

Макка-ХIарам жиндий хIалалги гьабун,
ХIурматалъул рахъалъ тIокIлъи босарав,
Сидратул-мунтагьа сайгъатлъунги кьун,
Гьоболлъун Халикъас тIаде ахIарав!

Агьло-кабаирал[1] жужахIалдаса
Жиндир шафагIаталъ къватIир рахъулев,
ШафагIат гьабеян гьаранщиназе
Гьабизе Аллагьас, изно кьун, тарав!

Адам аварагас живги гьоркьов ккун,
Гьаридал, Халикъас къабул гьавурав!
Къварилъи гIемераб гIарасаталда
ГIаламалъе комек жиндалъун кколев!

Жанисангин тIасан тIабигIат-гIамал
ТIобан Къуръаналда жиндир релълъарав,
Балъгоял асрарал рекIелъеги тIун,
РахIманас ХIабибин ﷺ цIар жинда лъурав!

Жиндир илагьияб нуралда сверухъ
Свараб чирахъалда гIамал релълъарав,
ГIаламул-мулкалда, малакуталда
Таватур борхарав[2] СвахIибул-бургьан!

Сулукалъул агьло къалъулеб бадро[3],
Къулубал гвангъулеб Нурул-гьидаят[4],
Адам, НухI, Ибрагьим, Мусагин ГIисал
Машрабазул магIдан, Далилул-хайрат!

*[1] ЧIахIиял мунагьазул агьло.**
*[2] Зобалазулги ракьалъулги агьлоялда гьорлъ жиндир цIар тIибитIарав.**
*[3] ТIарикъатаалъул агьло гвангъулеб цIураб моцI.**
*[4] РакIал гвангъулеб тIоритIиялъул нур.**

Дудасан нечараб хIал бугониги,
ХIабиб ﷺ, дур бицине анищ букIуна,
ШафагIат щвеялде хьул букIунелъул,
РекIел хивалаца цIан ун ватула.

Халикъун-Жаббарги гьесул Расулги
Рес гьечIо, гIадамал, лъайчIого нелъей;
Лъалез цуцахъе кьун, нелъехъе щварал
Гьесул фазаилал, цIализе ккела!

Заман бахъанагIан тIатуна ругел
ТIагьал ﷺ мугIжизатал кин рихьуларел?!
ГIасраби свериялъ суйне гьабичIеб
Самавияб чирахъ гвангъула гьечIищ?!

ЧIаго хвараб халкъалъ бекьананиги
Халикъасул нохда заз бижинаро;
Бахьи гьечIеб къавмалъ хъуб гьабунилан,
БацIцIадаб дин Ислам чуруклъиларо!

Чуруклъи тIад бахун, кьер свераниги,
Месед бацIцIалъула, лъеца чуридал;
Лъин меседил бахун, къачIаниги, махх
Маххлъунго хутIула, – балъголъи горо!

ЛъикIлъаби чвахулеб баркаталъул накIкI,
Баракат дур къотIун, ниж хутIугеги!
Нахъе дуца тарал варисзабазул
Ирсилал камураб къо бихьугеги!

Къуръан-хIадисалда гIамал куцизе
Комек дуца гьабе, я Расулаллагь!
Суннат чIаго гьабун, шаригIат ккведе
РухIияб къуват кье, къудратав Аллагь!

# КЪУРЪАНАЛЪУЛ АХІУДЕ ГІАВАМАЛ КАНТІИЗАРИ

## (КІИАБИЛЕБ ТІЕХЬАЛДАСА)

## РЕГЬЕЛ ГЬЕЧІЕБ РАКЬУЛЪ МУГЬ ТІИЩАЛАРО

Регьел гьечIеб ракьулъ мугь тIищаларо,
ТIогьолъ саву ккани, пихъ пасалъула,
Сордогин къоялъе бащалъи гьечIо,
Гьабаб кIодолъидал доб гьитIинлъула.

Гьава рекъон хадуб цIад къотIаниги,
ХIалбахъин холарин аби букIуна,
Умумузул кици, лъикIал гIадатал
ГIилмоялде данде дурусги ккола.

Дунялгин ахират – тавъаман буго,
Тезе ккола гьабаб доб къварагIарас.
Добги гьабги бокьун рокьуд вихарав
Гьоркьов хутIиялда хIинкъи букIуна.

КIиябго рахъалъул цояб борхани,
Цогидаб рахъ чIалул гIодоб хутIула,
ГIилмоги жагьлоги батIа бахъизе
БетIер къваригIуна гIакъло бацIцIадаб.

ЦIцIад гьечIеб накIкI гIадаб тавбоги гьабун,
Гьедин тIоваладай тIадмагIарул вас,
ТIокIкIараб иццул лъим беццун гIоларин,
ЦохIо кIалниги чIвай тату бихьизе.

Тохторзабаз хъвараб гIилмоги цIалун,
ГIей гьабилищ, гьудул, дур унтабазе?
Дару-сабабалъул биценги гьабун,
Цониги унтарав сахлъун вихьанищ?

Вехь гьечIони, рехъен хъормица толищ?
Ҭушман лъайчIони мун шивгун вагъилев?
Щивав инсанасде данде къеркьолеб
Къосараб нафсищха дур гьудул кколеб?

Дунялалъул гореб кIвар-агъаз гьечIел
Гьудулзаби дуца гIагар гьаруге.
ГIибадат, диналъул агьлоги цIехон
Элгун цадахъ вукIа, нахъа вохила.

Нахъарукъги рагьун, гьудулзабиян,
Гьурщуге дозие дурго балъголъи,
Дудаго лъайчIого бокьараб къоялъ
Гъоркье мун рехизе рес букIунебин.

Балканалда сверун чудказул мисал
Чванта биццатасул гьудулзабазул,
Гьудуллъиги бичун, чванта хIажатаз
Чанги гьудуласда могоро балеб.

Мун, гIалхул чундузде чанахъан гIадин,
ГIемерал хьулалгун хьвади лъикI гьечIо,
Хьулал халалъиялъ гIадада хварал
ГIолилазул сияхI дагьабищ бугеб?

Дуда гьаб дуниял алжанин ккоге,
Алжаналъуб гIадин рахIат гьабизе.
РахIат туснахъасе букIунаребин,
КIвараб жигар бахъе гIибадаталъе.

ГIибадат-гIамалалъ гIуцIичIонани,
ЧIобого батулеб алжаналъул рукъ.
Алжанал къачIайзе къуват бергьараб,
Къойил баче зикро ракIалъул, гьудул.

Дурго гIакълоялда гIей гъабун чIоге,
ГIакъиласул пиша – мушавар гъабе,
ГIилмоялдасаги воре чIухIуге
ЧIухIиялъин иблис басра гъабураб.

Гъаб дунял гIуцIулел чIухIухъабазул
ЧIахIиял хъулбузда мун бахиллъуге,
Хвалде цере никIкIал хъантIулел гIадин,
ХъантIараб къавмалда къолъикIан абе.

Эзда чIухIун гIуцIцIе дуца ахират,
Давла гьелъулъ бугин муъминчиясе,
Мунагьаздаса цIакъ тавбоги гъабе,
Гьебги нелъей кьураб нигIмат бугелъул.

НигIмат, щукру тани, тIаса унебин,
ТIаде босун гъабе мунгIимасе рецц,
МунгIимги лъаларев, шукруги гьечIев
Гьединав фасикъгун воре вукIунге.

Фискъо-нифакъалда къоялги тIамун,
Гьедин тIобалеб жо чIаголъи горо,
ЧIаго хвараб ракIалъ вехьлъиги гъабун,
Лугбал цIуниялда божиги гьечIо.

БахIарчи вугилан дагIба батани,
Дуца ццин бахъиндал сабро гъабулищ?
Сафаралъ вахъиндал гъалмагълъиялъул
ХIал баччун хьвадизе таваккал гIолищ?

Барщаразда гьоркьоб рекъел гъабизе
Ракълил хабар бицун мун гаргадулищ?
Мун вокьулесеги рихарасеги
РагIи дур чан бугеб – цойищ, кIигойищ?

Буголъи хIехьезе, факъро[1] бахчизе,
РухIияб бечелъи дур чорхолъ бугищ?
ДагIба-рагIиялда гьоркьове ккани,
Гьенив къинеги чIун, чIел боссе кIолищ?

Бищунго бакIаб гьир - вакIав мадугьал,
Гьев ваччизе дуца цониги кканищ?
Цинги гьевгун цадахъ мун кин вукIунев –
Квешаб гьой гIадинищ, вац-вас гIадинищ?

БоцIи бикьулелъул гьоркьове кканищ,
Гьениб дур нафсалъул сас кин букIана?
БитIун гIакъло бугин, мекъса аб бугин
Цуцалъ тенколелъул кинаб бергьана?

Бицараб рагIуда мун нахъа чIолищ?
Гьабун хадуб къотIи тIобайзабулищ?
Заман цIцIан босараб налъи бугони,
Болжал тIаде щвейгун гьеб нахъе кьолищ?

Гьобол вачIанани,хIакъал тIоралищ,
Гьудул вугонани, вацлъи цIунулищ?
Гьардохъан вачIани, мурад гьабулищ,
Мискин-факъирасе рахIмо-цIоб бугищ?

РахIманас тIад лъурал фарзал тIоралищ,
ТIагьаясул ﷺ суннат ккун бажарулищ?
Кинабниги гIамал- гIибадаталъулъ
Чорхой рухIгIадинаб хIузур букIунищ?

ХIузургин жамгIият рекIелъ даимал
Агьлуллагьаздасан мисал босулищ?

---

*[1] Мискинлъи, ресукълъи.*

Усватун-хIасанат[1] ирсалъе тарав
Аварагасулгун ﷺ магIият бугищ?

ГIагарлъиялда гъорлъ силату-рахIим[2]
РахIманасе гIоло дуца гьабулищ?
Гьелъул хиралъиги ажро-кириги
Аллагьасда аскIоб бицун хIал кIолищ?

Бицине бигьаял, гьарун лъугьинчIел
Гьал умуразул дуй ургъелго гьечIищ?
Амро-нагьюялъулъ тарал адабал
Тавбоян ахIизе хIужалъун гьечIищ?

ХIажат гьечIебщинаб пиша-ишалда
Арабщинаб гIумро квеш букIунарищ,
ГIадада рорчIарал сардал-къоязда
Къварилъараб рекIей рахIатго бугищ?

Къварилъи щварасе, санагIат ккани,
Квербакъи гьабизе дуе бокьулищ,
Гьабураб лъаларев чи дов ватани,
Дурго мацI къулчIизе къуват дур гIолищ?

Къуваталъул магIна чурхдузул горо,
Чи ватIа вахъулеб рухIияб буго,
РухIияб гьечIого чорхол къуваталъ
Чанги питнаялде цIайзе бегьула.

Гьанжи, тIадмагIарул вас мун ватани,
Суалазе жаваб гьабизе ккела.

---

*[1] Нахърилъине берцинаб нух, мисал.*
*[2] ГIагарлъи хурхине гьаби.*

Жавабяли дуца «У», - ян гьабила,
Гьебха дуе мисал цIцIад гьечIеб накIкIул.

ЦIарлъун, магIарулав, мун рехсаниги,
Миллатазул дие батIалъи гьечIеб.
Бокьани вукIа дов англичанав,
Эвги бутIадулав дир суалазулъ.

Дунгоги суалал рорхизе кIварав
КIудияв чи горо, бесдалав вуго.
Бесдаллъи тIаса ун, рахIат бихьичIев
Вехь вуго, кодобе тIилги кьун тарав.

ТIад бегараб накIкIалъ ракI къварилъарав,
Рехъадул ургъелалъ бетIер хъахIлъарав,
БетIергьан Аллагьас гьадин вижарав,
Гьесул загIифав лагъ – диеги дугIа.

# БЕЧЧАН ТУН РУГЪУНАБ ГЬОЙ-ГІАДАБ КІАЛ-МАЦІ

Беччан тун ругъунаб гьой-гIадаб кIал-мацI
КIутIбигун цабзаца кколайищ бугеб?
Квелъ байзего кIвечIеб бартичу гIадин
ГIумро араб гьалда гьанжи щибилеб?

ГьитIинго бачида босараб гIамал
ГIакдада толареб уяб батана.
Иман – Исламалъул дарсал цIаличIеб
МацIцI-кIалалъ гьацIцIулъе цIцIам балеб лъана.

Балагь кIал-мацIалда хурхун бугилан
Хирияв ХIабибас ﷺ хIадис бицана.
ХIадис Къуръаналъе шархIлъунги букIун,
КIиябго лъайчIесул цо рахъ камуна.

Цинги гьабулелъул гьуинлъи бихьун,
ГьоцIцIоги гъибаталъ кIоченабула.
КIалги сокаларо, чIалгIенги гьечIо,
ЧIунтараб хоб гIадин ракIги лъугьуна.

ЛъикIабщинаб гIамал досийги битIун,
Мискинасул къвачIа чIобоголъула,
ЧIалгIаде бицунеб харбил тIагIамалъ
Мунагьалде ккейи кIочонго тола.

КIал-мацIалъе гIадло гьабизе кIварал
Гьардарал дахIалал дол гIарифунал,
РагIи-каламалъул гIорхъи цIунарал
ГIукъалааздехун рекIел хIайранлъи.

ХIакъикъияб нигIмат, исламияб дин
Аллагьас кьеялъе шукру-рецц гьечIел,
Гьал бугъатал рехсей, гъибат ккунгутIи –
Гъаят гьечIеб[1] рохел муъминзабазе.

Зоб роцIараб къоялъ бакъгIан мухIканго
КъватIиб загьирлъана балъгояб нифакъ.
«Бисмиллагь» бахъизе лъалареб къавмалъ
Лъуна Исламалда цойги чIегIер тIанкI.

ЧIухIараб гьаваялъ, гьагал доллараз
ГьазулгIадин бутIрул сверун рихьичIо.
БатIулаб дагIбаялъ, гIадалаб къецалъ
ГIалам цуцахъ бараб похъ багъарана.

БетIергьан, дицани хIикмат гьабула
Гьазий Исламалъул гьечIеб кIваралда,
РекIел тIинде щвечIеб тIадагьаб иман,
ТIутI багъараниги, хIапургъунеб куц.

ХIакъикъияб иман ножолъ батани,
Тавбоялде русса, росу-жамагIат;
Жакъаги метерги къо букIин лъалев,
Бералъан валагье нух-бакI бихьизе.

Нахъа бугеб ургъел лъаларев инсан,
Унго, жагьлоялъ дуй гьабулеб питна.
Паналъизе бугеб дунялалъул рукъ,
Дуде элъ гIуцIцIизе манлъун толеб куц.

Лъецца горони цIа ссуйнабуларин,
Саброялде рачIа, гIанчIал гIолилал.

[1] РагIа-ракьан гьечIеб.

ГIилмоялъ горони чи цIунуларин,
ЦIализаре лъимал, херал умумул.

АнцIила ункъабго гIасро аниги,
Асло-кьучI хисичIо дин – Исламалъул.
Данде рахъун къавмал къеркьананиги,
Къуръаналъул цо хIарп кIвечIо хисизе.

Халкъалъе Аллагьас тIаса бищараб
БацIцIадаб шаригIат чурук гьабизе
Чан мунафикъзабаз щибаб заманалъ
Заралалъе хIалтIун квал-квал гьабичIеб.

Кавно[1] жиндий гIоло бижарав ﷺ
Агьлу байтлъун[2] кколел муршидзабазде
ЩайтIанияб хIизбо[3] дандеги гьусун,
Гьезий хIалхьи тараб заман букIинчIо.

ЧIегIерабгин хъахIаб, лъикIабгин квешаб
Кидаго багъула цуцаде данде;
Добаб гьечIонани, гьаб лъаларелъул,
Гьебги къанун буго, къадирас лъураб.

Къассе-къад чIечIого тIагIатги гьабун
Гьелдаса чIухIарав – иблис вукIуна.
Иблислъун вукIине бокьуларев чи
Ракьалде валагьун хьвадизе ккола.

Дунги муридилан абун гIоларин,
Остар дур ватани, адабал цIуне,

*[1] ТIолабго гIалам.*
*[2] Рукъалъул агьлолъун.*
*[3] ЩайтIаналъул къокъа.*

Адаб теялъ мурид гъоркье рехулин,
Рехизе бокьичIев гIадлоялда чIа.

ГIадло гьечIев инсан инсанцин горин,
Инсаният цIуне щибаб хIалалъулъ,
Шагьи-капекалъухъ динги бичуге,
Диналъул БетIергьан лъалев ватани.

Магъриб-машрикъалда гьоркьоб ракьалда
Гьаб питна-кьалалъе ахир батула,
Хаселги рииги батIа гьабизе
Гьоркьоб их гьечIого рес букIунаро.

Хасалил гIазо бан, роолил цIцIад бан,
Радал накIкI лъунани, къалъуда бакъ щун;
Гьеб ихдалил къоял хисардулел куц
Халкъалдаго лъалеб тIабигIат буго.

Хаселги тIаса ун, ихдалилъ ругел
Исламияб агьло, босе мунфагIат, –
БачIинеб рииги барщилеб пихъги
ЧIаго хутIаразда бихьилеб гьебги.

Дида гIадамазул гIемер чи лъана,
ГIакъло бугел, гьечIел гьелги рихьана,
ГIемер милаталгун дандчIвайги ккана,
Дица цониги чи ватIа гьавичIо.

Гьаб рокъор жанире лъугьанщиназул
Щивав чи гьелъие дир нугIги вуго.
Дида лъураб бугьтан, гьарурал мацIал
ЦIехолеб къо хадуб бачIине буго.

БачIун рии бихьун мурад тIобарал!
Магьди имамасде воре дир салам!
Дин бичараб къавмгун къацандилаго
Къадар щварав дие кугIаян абе.

Дунял тIалабалъе рагIи бицинчIеб,
БетIергьан, дир кIал-мацI дуда бихьула.
Бицине тIамидал гьабураб калам –
Гьелдасаги тавбо, мун тIаса лъугьа!

## ХIАКЪАБИН ЦIАРГИ ЛЪУН, МЕКЪАБ БИЦУНЕБ ...

ХIакъабин цIарги лъун, мекъаб бицунеб
Цо хасият буго халкъалъулъ баккун,
Хабарги маргъоги батIа гъабизе
Гъанжисеб гIелалда лъалебго гъечIо.

ЛъикIалъе къимат кьун кIалъайзе ккани,
Квешалъул гIорхъаби лъайзе ккеларищ?
Лъайзего лъалареб лъикIабгин квешаб
Кин батIа гъабилеб, жагъил вугони.

Жедерго къосункке дидеги бугъун,
Дун капур гъавизе азул гIедегIи,
ГIисяналъул накIкIукь хьвадулеб къокъа
Дие щвараб бакъгун къец балел руго.

Къацандизе щвани мурад тIобалез
ТIаде босун буго дунгун къеркьезе,
Мекъал ругониги, къине чIоларел
Марадатал руго диде данде чIун.

ДагIба-рагIиялъул агьло дун горо,
Аллагьас гьеб гIамал дие кьун гьечIо.
ГIилмоялъулъги дун мужтагьид горо,
Мунагь-хатIабазулъ гъанкъунги вуго.

Бугъби рухъардула, авлахъ сверула,
Оцаз гьоко цIала, церехун уна,
Цурдуз макро гъабун, гьаби гуккула,
Гьава-нафс бергьарав иблисалъ ккола.

Ле гьудул, дун вуго цIакъ гьитIинав чи,
ГьитIинлъиялъ тIокIаб нахъе бакI гьечIев,

Буго дие кьураб цо кIодолъиги -
Дунго дида лъаялъ бечед гъабураб.

КIалалъ дихъан ругел хъормазул рехьед
Ракъарал, гIорцIараб къого бачIунищ?
КъватIул ракьаялда ругьунал хъундби,
Бергьараз къаразул кIалдиса бахъе.

БацIалги гъабиги цуцалъ жорараб
ЦохIо рехъен буго, авлахъал цIураб.
Нохъалги гонгалги, гохIал, щобалги, –
Щулалъи аз кквечIеб бакIго хутIичIо.

Дирго факъроялъул ургъелги гъабун,
Аман цо вахчизе бакI бугеб анищ.
Бокьа-бокьаразе бокьарабги тун,
Кьурул нохъогIаги жанив тIепизе.

Нохъодаги вахчун тIоваларевлъи
Лъаларого горев дун гаргадулев,
Лъедал хIамица гьир баччизе кколин
Цебего дий лъураб дарсги букIараб.

Дун халкъалъ вищарав хIаким кколаро,
ХIалица бахъараб ханлъиги гьечIо.
Ханлъи кодосезе рушваталги кьун,
Рищабазулъ хIарав ягIсубги горо.

ГIазу-цIцIад нелъеде гьикъун баларо,
Гьелъул тадбиралда БетIергьан вуго.
Балагь-къварилъиги лъан бачIунаро,
Лъалев Аллагьасул кверщаликь буго.

БитIарабщиналда тIад рекъоларел,
ТIекъабщиналъул рахъ, рухI бичун, кколел,

РухIдакъаб черхалда иман релълъараб
Агьло буго, гъудул, гьанжи гIемерлъун.

Амро-нагьюялда нахъ рилълъунарел,
РагIи – каламалъулъ гьерсал гIемерал,
ГIадло-низамалъулъ ритIухълъи гьечIел
Гьанжи гIолилазул бицун пайда щиб.

Чабхъад вахъинчIони, давла щоларин,
Диналдехун вусса, гIакъил ватани.
Дуца бекьичIони, хур бачIунарин,
Хасел бачIунеблъи кIочене тоге.

Ханасе мутIигIлъун хьвадуларесе
Туснахъалъуб рукъ щой щакаб жо горо,
Щвараб давла босе гIумроялдасан, –
ГIазабалъул рокъов даимлъиларо.

Дуниял махIцарал алигархазул
Интересал цIунун щай, вац, хьвадулев,
Дурго умумузул ракь – милкги динги
Доллаpазухъ бичи битIунищ бугеб?

Нелъей гъураб къоралъ къан жалго ккоял
ЖужахIалъур аян тезе ккеларищ,
ТалихIги къун жалго чIалие лъеял
Лъайзе гьанжиниги заман щун гьечIищ.

## БУДУНГИН ДИБИРЗАБИ ДИР ЛЪИМАЛГИ ГОРЕЛЪУЛ

Будунгин дибирзаби дир лъималги горелъул
Диде гIарзал гьариялъ гьабизе жо щиб бугеб?
Гьезий гIадло гьабизе диванчиги гьечIелъул
Дица гьабизе кколеб гьанжи ножоца манлъе!

Манлъаниги, гьабулев чи ватичIев мехалда
Чара хварав дун факъир къалам-кагътида вала,
Къарно хисидалниги хадуб гIолеб гIелалъе
ГIибраталъе букIине дунго диде чучула.

Дару гьечIеб унтулъе ккарал гьал ихваназул
Ургъел тIаса босараб сордо-къо дие гьечIо,
Далай диеги бачун, чидае хIалтIулезул
ХIал дида тIаса араб сагIатцин букIунаро.

Сулукалде лъугьинчIел тIарикъаталъул агьло –
АлгIан дие захIматал хIухьдулги рукIунаро,
ХIукму-къазаъ жедерго нафсазе гьабуларел
ГьазулгIан бакIаб раччи баччизеги кколаро.

Бицине тIамуразда тIасаги лъугьунаго,
Гьанжиги магIна гьечIеб кIал рагьизе ккун буго,
РахIманасул цIобалде мугъчIвайги гьабулаго,
Агьлолъун гьечIониги, гьабулеб буго калам.

КIалдиб мацI фасихIлъиялъ хIаким вахъунарилан
ХIукамааз абураб. Бицине кколеб буго
Бицунелда рекъараб гIамал чорхолъ гьечIони,
Гьев гIалим вукIунарин абичIого рес гьечIо.

Исламалъул ритIухълъи беццасда бихьуларо,
Басиратго гьечIеб къавм хIакъалдаса тIурула.
ХIакъаблъун гьесда аскIоб жиндийго гIадаб чIола,
Жив бергьинчIев хIукму-шаргI гьесий данде кколаро.

Гьединищха, дир гьудул, динул-Ислам цIунулеб,
Дуего бокьулареб цойгиязеги гьабун,
Цинги Къуръан-хIадисалъ гьединищха манлъулеб,
ГьедагIан тIаде босун гьибат, бугьтан гьабизе?

Гьабе, гьудул, тавбоги, те гьел будун дибирги,
Дурго ахираталъул вусса ургъалидеги.
Амро-нагьюги тоге, хIал кIун суннатги цIуне,
Суннаталъул агьлогун вацлъиялдаги вукIа.

Гьаваялде вахине халкъалъ гьавунаниги,
Халикъасул лагъ вукIин кIочене бегьуларо.
КIал-мацIал сокайзегIан гIаламалъ вецканиги,
ГIамал жиндирго чорхол чиясда лъайзе ккола.

Дунялалъул гьава-бакъ цо хIалалда чIоларо,
Роччада хадуб роцIцIен букIунеб гIадат буго.
РагIи-хер гIемерасе хасалил ургъел гьечIо,
Гьанал нахъарукъ цIурас чIобого хинкI кунаро.

Нахъарукъгин гьор бугев гьудул дие вокьула,
Гьор горони гьечIесда мугъчIвайзе бегьуларо.
МугIрузул гьаваялъул гьуърузе асар щвечIел
Шагьаралъул халкъалда къимат долъул щиб лъалеб?

Къиматаб магIданилан кIалалъ бицун горони,
Берда жавгьар бихьичIез багьа долда кин чIвалеб?
Ножой хIукму къотIизе къадиги дун горелъул,
Къун чIезе бокьуларев дида аскIов вачIунге.

## ОГЬ, ЖАГЬИЛЛЪИ, ЖАГЬИЛЛЪИ

Огь, жагьиллъи, жагьиллъи, унго алъул гъарзалъи,
Унел рахъго лъаларел жакъа нелъер факъирлъи.
МагIнавияб ракъиялъ хIалакълъун ругин, Аллагь,
РухIанияб бечелъи беччай ниж чIаголъизе.

ЛъикIаб гьабун, квешаб тун, тавбоялде руссине
Тавфикъ вагьболъун гьабе, къудраталъул БетIергьан.
БитIарабги тIекъабги батIа бахъизе лъалеб
БетIералъе гIакъло кье, гIалам бижарав Халикъ.

ГIилмоялъулъ бичIчIи кьун, гIамал гьабизе тIамун,
Мун разияб нухаре раче, ФаттахIун ГIалим.
ТалихI къараб къавмалъе бакъ гIадин гвангъаниги,
Бегьула гьечIин Ислам, Аллагь, Дуцаго цIуне.

Дунищ гIадаллъун вугев, гIадамалищ ахIмакъал,
ГIадамго данд чIвалареб Дагъистанищ гьаб кколеб?
Дунялищ херлъун бугеб, халкъищ гIисинго бугеб? –
ГIакълогин тадбиралъул роцен хисун бихьулин.

Хаселищ бачIун бугеб, риийищ квачан бугеб? –
Роолил аваданлъи ургъеллъун сверун бугин.
Унтаби тIиритIунищ, атIиббаал дагьлъунищ? –
Унти чорхолъ камурав чиго ватулев гьечIин.

ГьечIогодай ритIухълъи, ялъуни тIепун чIундай? –
БитIараб каламалъул хIохьалго рагIуларин.
ХIалихьалъи бергьунищ, бахIарчилъи къуркьунищ? –
КъулчIулеб цциналъулги гIорхъи-рахъго хун бугин.

ГIадлойищ биххун бугеб, нилъищ инжилъун ругел? –
Адаб-хатиралъулги хутIараб жого гьечIин.

ЧIагогодай хун руго, хвелдай кIочон тун буго? –
Халикъасде руссунеб суратго азул гьечIин.

ЧIахIиял хъулбуцадай, нахъе лъураб малалъдай,
Малакул-мавт щоялъул ургъелго азий гьечIеб?
Яргъил къуваталдедай, чорхол гьунаралдедай
Гьазул мугъчIвай букIина, бачIун тIаде хвел щведал?

Дунги мунги – кIиялго кIигъажалда лъелаан. –
КIикIуниса ГIусманил букIараб цо къаркъала.
БукIани щибха, гьудул, ГIизраил тIаде щведал
ГIужилгIан кIудияб черх чапун ракьалда лъедал.

Чан кутакав речIухъан, ГIали ГIалиев гIадал,
ГIумродул къоял тIагIун, къанабакье руссарал.
Рельс квераца кьурарав къуваталъул бетIергьан –
Балагье ГIали-Гьилич вачун арав хвалица.

Чан бечедал бизнесал,банкирал, казначеял,
Кинабго нахъеги тун, гIолохъанго къанщарал;
Бищун тохаб гIужалда гIажалги гьезие щун,
ГIисинал лъимал-хъизан бесдаллъуда хутIарал.

ЧIаго нахъе ругелги, – щиб гьезий щвезе бугеб,
Шагьадат битIун, тавбо гьабун, руссинчIонани?
Гьеб давла боссе лъани, лъие щолеб талихI гьеб,
Тавфикъ Аллагьас кьеги кантIи гьечIел васазе.

Хал гьабе гIолилазул, гъачагъазул цIаралда
Черхалда ярагъги бан, гIумро пасат гьабулел.
ГIарцуда бахиллъиялъ квер биххун ругьунлъарал
Гьезул чамазда хадуб умумуз магIу тIечIеб.

Гьанже бугеб гьаб чIвай-хъвей – тIобараб фитна буго,
ТалихI насиб бугев чи гьелда гъорлъе ккеларо.

Кинаса борцаниги, мегIер-гIалах беццараб,
Бицен цебе гьабураб заман камиллъун буго.

Зулму бакIлъун угьдулеб Аллагьасул мулк буго,
Фискъо-нифакъ гIемерлъун гIодулел зобал руго.
ГIадло бугев ханилан халкъалъул ахIи буго,
Халикъасул хIукмаби хъвавухъе унел руго.

ХъвачIеб жо дунялалда лъугьине ресго гьечIо,
Сабро берцинаб кьеги исламияв чиясе.
Магьди имамги вахъун, гIадло-низамги лъугьун,
Зулму тIаса босараб бачIинеб цо замана.

# ШИГІРАБИ ХЪВАЛЕЗУЛГУН БОХ ДИЦА БУХЬУНАРО

ШигІраби хъвалезулгун бох дица бухьунаро,
Дозулгун бахІс гьабизе ресги дир рекъоларо.
Къедалда лъолеб гамачІ, квартІа кІутІун, къачІала.
КІалзул рагІи къачІалеб къебелъи дозухъ буго.

Къубдулги махщелалъулъ ращадал рукІунаро,
Щивасулъ жинди-жиндир цо-цо хасса букІуна.
Цинги шугІараалги гьездаго релълъон руго,
Гьазулги пикро цІалел цо-цо рахъал рукІуна.

Цинги щибаб жоялъе рекъараб къимат кьола,
Къимат кьолеб мехалда пайда-хайир борцуна.
Хайир дагьаб батани, босулев нахъе къала,
Бичулесул гъийинги учузаблъун лъугьуна.

Инсанас жиндаго лъан холеб загьро кунаро,
ЛъайчІого ургьиб ани, лагІизабизе ккола.
ЛагІизабизе чІухІун, эхІединго танани,
Тохлъун ккей гІузру бачун, гІумро хвасарлъуларо.

ГІизраилги, вачІиндал, бадивго вуссунаро.
Бекун зоб кьунаниги, рушватги босуларо.
РухІ бахъун горонани, нахъги жив вуссунаро.
Нахъвуссин гьечІеб сафар гьасги бухьине ккола.

Гьанжи чІаголъиялде лъилха тІокІаб хьул лъолеб,
ТІадбуссун, бахъун хадуб рухІги бачІунарелъул.
ЧІегІераб лахІдо гореб ватанги гьанжи кисса,
Гьебги – жужахІалъул донкІ, яги алжаналъул ах.

Алжаналъул ах гІадаб хоб батизе бокьарав
БетІергьан Аллагьасде гІасилъун бегьиларо.
ГІаси-фасикъзабазе букІунеб лъалев чияс
ЛъикІал гІамалаздалъун гІумро тІамизе ккела.

ГІорхъи-рахъ камураб жо кинго букІунарелъул,
Калам-рагІиялъулъги цІуничІого рес гьечІо.
Нафсалъ цІара-цІаралъуб мацІ-кІал беччан танани,
ГьацІцІул бакІалда загьро гьелъ тІейи хІакъаб буго.

Гьедин ишги бугелъул, шагІирзаби, нуж кантІе,
Каламгин рагІиялъулъ гІорхъаби цІунизе лъай.
ЛъикІал чагІи какуге, квешазе къимат кьоге,
Кьер релълъон бихьунилан пахь меседилан ккоге.

Нуж рагІул остарзаби, тохлъизе бегьуларо, –
Турараб цохІо гІечалъ таргьа фасат гьабула,
ФасахІатги магІнаги байталъулъ дагІбадани,
МагІна – асло бугелъул, фасахІат нахъе рехе.

Нахъа жив фашманлъулел шигІраби хъван пайда щиб?
Пайда цІикІкІараб горищ даран-базар гьабулеб?
Зайтунгин тиналъул ах гьабизе ресги букІун,
Гоганалъул гъутІби чІей битІараблъун букІинищ?

ШигІраби какаралгин реццарал рукІиналъе
Расуласул хІадисалъ нугІлъи гьабулеб гьечІищ?
Гьаб гІолеллъун ратани, гІолохъанал шагІирал,
ШаргІалъул цІадерабаз цІайчІого рагІи тоге.

РахІманас какаразда гъорлъа рахъизарурал,
Расуласги ахІизе асхІабзаби тІамурал,
РечІчІараб чІоралдаса ккаралъур хекко щолел
ШагІирзабазул байтал учузал жалин ккоге!

Аммаха, шагIирзаби, нуж дие цIакъ рокьула,
Рокьулелъул вуго дун ножоде кIалъалевги.
КIал-мацIалъ бицарабги лугбаца гьабурабги, –
Гьелъул жаваб кьечIого рорчIунгутIи кIочонге!

«Чехь, Аллагьас какарал шигIрабазул цIезегIан,
Хьордол цIей лъикI» абураб хIадис ракIалда цIуне,
ХIабибасул ﷺ кIалдисан бачIараб рагIи-калам
ГIадатияв чиясул хабариланги ккоге.

Халкъалда амро-нагью, Аллагьас манлъичIого,
Аварагас гьабичIеб,Гьалдеги воре кантIе.
Гьава-нафсги щайтIанги ТIагьае ﷺ мутIигIлъараб,
ЛъикIаб горони гьезда досде манлъизе кIвечIеб.

КIвараб хIалалъ ХIабибгун ﷺ магIнавияб кавният[1]
Ккойзе жигар бахъарав нахъа фашманлъиларо.
ШигIрабиги досие данде кколел хъванани,
Диван гьабулеб къоялъ гьормада кьабиларо.

[1] РухIияб гьалмагълъи.*

## МЕГІЕР ПУРЧЧУН БУГОНИ, ЧИЯСДА МАХІ ЛЪАЛАРО,

МегIер пурччун бугони, чиясда махI лъаларо,
МагIидат[1] унтарасе нигIматазул кеп гьечIо,
Канлъи дагъал беразда дакъаикъал[2] рихьилищ?
Къулубазул[3] нур суйндал асрарал[4] загьирлъилищ?

Иблисалъ хадув цIарав Халикъасде щолевищ?
Хуриб чIар хIалуциндал хIалбахъин гъанкъиларищ?
Гъваридаб ралъдал тIинде гъавасал[5] горел щвелищ?
Щакъи-къалам гьечIого хъвадарун хатI лъугъунищ?

Харицел бекIкIуларев вецарухъан вукIинищ?
Рехъен хьихьизе ккани, «вехь» абураб цIар гIелищ?
ЦIаларав щинав инсан гIалимав вукIуневищ?
ГIилмо данде бачине бетIер хIажалъиларищ?

ХIикмат жиндий кьечIесе кьураб жого бугебищ?
Кьуралъе щукру гьечIев гьелда даимлъулевищ?
Дунял хиралъарасда ахират кIоченарищ?
Аллагь тарав мунафикъ Аллагьасги теларищ?

Авлияал рихарас фасикъзаби кквеларищ?
Кесе бугев алигарх лъиего вокьиларищ?
Лъеца инсан гъанкъулев, ччугIа – ракъдада холеб.
Къадирасул хIалкIойи, хIикматазул гIемерлъи!

---

*[1] Кванирукъ.*
*[2] ГIисинал жал.**
*[3] РакIазул.**
*[4] Балъголъаби.**
*[5] Водолазал.**

## ЛЕ, ГЬУДУЛАСУЛ ЧИ, ГЬАБЕ ЦО ТАВБО

Ле, гьудуласул чи, гьабе цо тавбо,
Бетоналъ къед бараб къасро гІадинаб,
Къанщун цо бералгун лъе кьабун гали,
Гъоркье ккараб гамачІ хъурилеб хІалалъ.

Нахъа талихІ кьурал кьерилазулъе ,
Кьурул лачен гІадин, кІанцІун вихьея.
КІудияб гъазават бокьун батани,
Кьабея нафсалда бухІизабун цІал.

БахІарчи босада кьижун чІоларин,
Кьолоя матІият мадрасаялде,
МагІракат бихьичІев – рагъухъан горин,
Вахъа хехго тІаде, тІалиб ватани.

ТІотІоца билъараб гъойс бецциччІого,
ТІалил нияз цІулеб гьоцІо балагье,
Гьаваялъул чое кІалцІи байчІого,
РекІел унтабазул дараби гьекъе.

Дин балъаргъулезул хьолбохъ чІечІого,
ЧІараб ралъад гІадал гІалимзаби ккой,
ГІарцухъ дин бичулел дорегІанги тун,
ГІарифуназ лъураб нухаве лъугьа.

Гьидаят бокьараз тІаса бищараб
ТІарикъатги какун, харбал рицунге,
Халикъас жал рецщун аят рещтІарал
АсхІабзабаздехун занну лъикІ гьабе.

ЛъикІаб гьалмагълъигун гьудуллъарасе
Гьездасан кидаго квешлъи бахинчІо,

Квешал чагIаздасан лъикIлъиги бахун,
Вохарав инсанги жиги рагIичIо.

ГIабдалги гIакъилги данделъанани,
Дудаго лъай, гъудул, гьелъ кьолеб хIасил.
Нафсалъ квегъулевги нафс квегъулевги, –
Кинас речIчIараб чIор чIчIелалда щвела.

ЧIегIераб нохъилги хъахIаб маккилги
Куц-кьер цохIойилан цо-цоял чIола.
Царал сихIирлъигин хIамил оборлъи
Умумузго бицун кици тун буго.

ШаргIалъул чIолохъжо кIалдиб байчIесул
Беччан тараб мацIалъ гьоцIо тIоларо,
ТIогьода рекIелъе хIапара ккараб
ПастIан, барщаниги, кьогIаб батула.

Тавбоялъул бицун дунги сваканин,
Кидадай ворчIила мун макьидаса.
КьечIеб талихI боссе хIалги кIоларин,
ХIал кIолев Аллагьас насиб гьабеги.

## АЛЛАГЬАС КЬЕЧІОНИ, ТІАЛИХІ ЩОЛАРО

Аллагьас кьечIони, тIалихI щоларо,
Тавбо гьабичIесе гьидаят гьечIо,
Гьава-нафс бергьиндал, бугъа киниги,
Бубудиялъ инсан учуз гьавула.

Чан какгин кIалалда гIумру арав чи,
Ахир мекъсаги ккун, къосун холарев.
Хал гьабе фиргIавнил сахIаратазул,
СахIихIаб тавбоялъ алжан босарал.

Араб гIумроялъул куфро чуризе
Калимату-тавхIид бихьулищ гIураб,
РакI-ракIалъ битIараб шагьадаталъулъ
Ширк-нифакъ бухIулеб хIарарат буго.

ХIикмат БетIергьанас, тIалаб гьабуни,
ТIовитIичIого лагъ толевго гьечIо,
Тавбо гьабурасе гьидаят щвейи
Щун бихьараздасан якъинлъун буго.

Якъин щулалъидал шаклъи тIагIуна,
ТIаса хIур бацIцIиндал матIу гвангъула,
МатIу бацIцIунебги цIцIер къотIулебги
КъагIида лъайчIони, хIасил кколаро.

ХIалкIолев Аллагьас абадиялъе,
Алжан-жужахI абун, кIиго рукъ бана,
КIиялъулго цояб тIаса бищизе
Щивав инсанасе изноги кьуна.

Алжан бокьаразе швезе ресалъе,
Русулалги ритIун, тIахьал рещтIана,

РахIманас манлъухъе тIахьазда рекъон
ТIолазго рисалат таблигъ гьабуна[1].

Тушман иблисалда хадур аразе
Ахират гьечIилан лъайзе гьабуна,
Алжан-жужахIалъул хIукму-хIал бицун
ХIакъикъат халкъалъул кодобе кьуна.

Кавнуялъул гIуцIи, махлукъат бижин
Халикъ ватиялъе далиллъун чIана.
ЧIаголъи гьабизе шибаб рухIалъул
ХIикматаб гьунаралъ къудрат бицана.

Цинги, жагьлоги къун, гIакъло бергьарас
Гьидаяталъул нух тIалаб гьабула,
ТIалаб гьабун хадуб халикъас гьесий
Сабаб рекъезабун нухги рагьула.

Гьанжи гIажаибаб, гIин тIамун бихье,
Бицине бокьараб цо къисса бугин,
Цинги пикро гьабе, босизе лъани,
Бигьаго батулеб талихI бихьизе.

Абубакар сиддикъ ﵁ накълолъун хадув
Халифалъун ккарав гIумарул фарукъ ﵁,
ГIараб-гIажамазул улкабазде щун,
Исламалъул байрахъ жинца борхарав.

Цо нухалъ кутакаб гIаскарги гIуцIун,
ГIабдуллагь – жиндир вас бетIерлъунги тун,
ГIажамиязул цо къавм Исламалде
АхIеян тIадги къан, къватIиб бахъараб.

*[1]  Аллагьасул дин халкъалъухъе щвезе гьабуна.**

Къуватаб сангаралъ сверун жиб къараб,
Хайбаралъул гIадаб шулалъи бугеб,
Бахъизе кIвеялда божиго гьечIеб
Батараб цо хъала борхалъуда тIад.

ЧIорбутIаз речIчIизе сангар борхатаб,
Хвалчабаз рагъизе магIракат гьечIеб,
РекIаразул гьаб бо – ункъазарго чи
Ургъалилъ тIерхьарал хIалалде ккана.

Куфаразул боги жаниб гъамалун,
ГъалбацIаз гьанжи рагъ лъилгун гьабилеб?
Гьаб куфруялдаго къавмги жибго тун,
Жал тIад руссун ине ресги киб бугеб?

Гьадинал фикрабалъ, къварилъиялда
Къасро[1]сверун кквеялъ сокайзаруна,
Ракълида сулхI гьабун, я давла босун,
Ислам гьезухъ щвезе анищ букIана.

Сабаъ Еменалда Билкъис кинниги,
Къасроялъул ханги маръат[2] йикIана,
Манзаратаалдалъун[3] цо къояца гьалъ
Къасроялда сверун бер щвезабуна.

Бодулъ гIарабияв цо гIолиласул
ГIажаибаб гьайбат гьалда бихьана,
Гьай маръат жийгоги хIаснаъ[4] йикIана,
ХIал хисун кIудияб хIохьал беччана.

---

*[1] Хъала.*
*[2] ЧIужугIадан.*
*[3] РикIкIаде балагьулеб алат (прм. бинокль).*
*[4] Берцинай гIадан.*

Щиб дуй ккараб абун гъаравашаца
Маликаталдехун[1] хитIаб гьабуна,
Гьаб къасро хIакълъунго дов цо гIолилас
Босизе бугилан гьалъги абуна.

Гьанжи гъаравашал гIажаиблъана,
«Кайфа залика?» - ян[2] рихун хутIана.
«Хадусан лъала гьеб ножода», – абун,
Жаваб маликаталъ мухIканго кьуна.

Кагъат хъван жиндирго мурадги бицун,
Цинги гIолиласухъ расул витIана,
Рисалаталъулъги цIакъго берцинаб
Бицун хIал кIолареб гIакъло букIана:

«Дица къасроялъуб дуй нух гьабилищ
Мун дийги, дун дуйги рукIине?», – абун.
РакIалдаго гьечIеб рисалат щведал
КIиго шартIалдалъун жаваб гьас кьуна:

«Дуца дурго къасро къватIисан – нежехъ,
Жанисан – досухъе кье», – абун хъвана.
Авалаб бичIчIанин, дов чи лъаларин,
Лъай гьабеян гьарун, гьалъги битIана.

Гьанжи гIолиласги тафсир гьабуна[3]
«Дуца дурго ракI кье Аллагьасухъе,
Аллагьги цо гьаве, гьесдеги юсса;
Гьесдехун гIагарлъи тIалабги гьабе!!!»

---

*[1] Ханалдехун.*
*[2] Гьеб кин - абун.*
*[3] Баян гьабуна.*

ГIолиласул тафсир[1] маликатица
Кутакалда бокьун къабул гьабуна.
«Баб[2] дица рагьанин, дурго гIаскаргун
ВачIа жаниве», - ян изноги кьуна.

Рагъ-кьал гьабичIог, рекъел-сулхIалда
ХIисноялда[3] жаниб гIаскар лъугьана.
ГIакъло бергьун, жагьло къарай маликат[4]
Къавмалъего баркат щварай лъугьана.

Гьанжи дов гIолилас маликатие
Исламалъул рахъалъ хабар бицана.
Бицун цебе араб, кIоченабураб
Берцинаб рагIигун гьайги кIалъана:

«Гьаб къавмалда жаний къадро-асс бугей
Гьиммат-кIвар цIикIкIарай ханги йигелъул,
Вугищ дур гьаб бодулъ дудаса кIудав
Дица жинда цебе Ислам боссе чи?»

ГIаскаралъул амир – нежер кIудияв
Ибну ГIумар вугин гIолилас абун,
ГIабдуллагьиде жий аскIой ячиндал,
Эсги гьалде Ислам бакка-бахъана.

«Бусурбабазда гъорлъ дудаса кIудав
Дица жинда цебе Ислам босизе
Вугищ цойги чи?» - ян маликатица,
Цебе гIадин, суал гьанжиги кьуна.

---

*[1] Баян.*
*[2] НуцIа.*
*[3] Хъала.*
*[4] Хан.*

Гьасги, жаваб гьабун, жиндирго эмен
Амируль муъминин вугин бицана.
Иманалъ ракI цIурай Маликатица
Цинги «Гьесухъе дун яче», – абуна.

Ибну ГIумарица гIаскаралдасан
ГIолилазул къокъа хIадур гьабуна,
Гьезул цIуниялда, цIакъ хIурматалда
Мадинаялде жий нухай регIана.

ГIумар асхIабасда رضي الله عنه аскIое щвана,
Адаб» хатиралда хитIаб гьабуна,
«Гьанив цохIониги дудаса кIудав
Чиго вугищ?», – абун жинца гьикъана.

Гьелъий жаваб гьабун, ГIумар асхIабас,
Аллагьасул Расул МухIаммад вугин ﷺ,
Гьесул Равзаялде килищги битIун,
Хоб доба бугилан бихьизабуна.

Бишас кIодо гьаюн гьидаят щварай
Гьалъ: «Дун равзаялде яче, – гьарана,
Расулуллагьасда цебе горони,
Ислам дица боссе гьечIин», – кIалъана.

Ибну ХатIабица, жавабги гьабун,
Ячун Равзаялде щвезе гьаюна,
ШафигIасе хIакъаб хIурмат-адабгун
Берцинаб хIалалда жий гIодой чIана;

ГIаламалъул Халикъ – Аллагь ﷾ цойилан,
Цинги МухIаммадун расулуллагьан,
Ислам къабул гьабун, шагьадат битIун,
ТIаса ийин гьечIеб давла босана.

Бечелъи-ханлъиялъ данде цIалареб
Даруль-бакъаалъул кIодолъи щвана,
Щукру-рецц гьабизе жинда кIолареб
Жавгьар кодобе щун, мурад тIобана.

ТIагьадехун ﷺ юссун, мунажат гьабун,
Жинда бугеб ургъел эсде бикьана.
Имсудехун юссун ясалъ кинниги,
ИгIтикъад щулияб калам гьабун:

«Куфругин ширкалъул бецIлъиялдаса
Нуралде гьанжи дун яхъун йигелъул,
Нахъа магIсиятаз гьаб дирго иман
Чурук гьабиялда хIинкъулей йигин.

Гьеб чурук гьабизе бокьунги гьечIин,
Гьаб бакIалда дир рухI босеян абун
Дуца Аллагьасде гьарун те», – йилан
Гьарун ХIабибасде ﷺ ахIи гьалъ бана.

Гьанжи Равзаялъул нуцIихъе ячIун,
РатомахIоялда тIад бетIерги лъун,
Ракьалда хьибил бан, гIебеде чIвайгун
ГIизраил малайкас рухI босун тана.

ХIабибасде ﷺ юссун бараб ахIуе
РахIманасул жаваб хеккого щвана,
Ширкалдаса тIурун бухьараб сафар
БацIцIадаб имангун гьаниб тIобана.

Гьанжи маликатил талихI хал гьабун,
ХатIабил ГIумарил ﵁ магIо чвахана,
Чурун, мусраби ран хIадур гьаюна
ХIурулгIин киниги къачIа-кIатIана.

БакъигIалде йосун, асхIабзабазда
Гьоркьоб хобги бухъун, юкъа-юхьана.
Якъин бацIцIалъидал дунялги рихун,
Ахираталъул рукъ тIаса бищана.

Бокьарав чиясда гьадинаб талихI
Батизе рес буго, тIалаб гьабуни,
ТIолабго гIумроялъ гьабун тараб ширк,
Шагьадат битIидал, кин чурун буго.

Чанги батIулаб дин добегIанги цун,
ГIукъалааз Ислам босулеб буго.
Исламияб гореб дин БетIергьанас
Къабул гьабулареб гьезда лъан буго.

Лъай тIалаб гьабизе ресалги ругин,
Ралагье бералъан канлъи-лъай бугел,
Куфруялда хвани, талихI къунебин,
Тавбо гьабун, русса нуж Аллагьасде.

Дин гьечIони, гIадан хIайван вукIунин,
ХIайванлъун вукIине лъие бокьилеб?
БитIараб нух кквечIев мусафирасе
Сафар битIуларин, кантIе нуж гьалде!

БитIараб нухалъул бакьулъги хутIун,
Бесдаллъарав дие дугIаги гьабе.
Дирги дугIа-алхIам, къабул гьабуни,
Къойилго ножое, диналъул агьло.

## КЪАРУМАСУЛ БОЦIИ ЧУМАРТАС КУНИН

Къарумасул боцIи чумартас кунин,
Чанта биццатав чи, мун барахщуге,
Барахщун ккунагIан дуеги кколин,
КкойчIого беччан те бишасул рахас.

Бахилав чиясул рукъ – жужахI бугин,
ЖужахI дуца бокьун тIаса бищуге,
БухIи хIехьелилан хьул дур батани,
ХIалбихье цо килищ цIадаб бегьизе.

БетIергьан Аллагьас духъе кьунщинаб –
Дур милк букIунарин, кантIуларев щай?
Мискин-факъирасул, ятимзабазул
Аманатал ругел, дуда тIад къарал.

Дурго керщалида мунго вукIаго
КIвараб жигар бахъе табарругIалъе,
Нахъе тараб боцIи дуй батуларин,
Цебе регIе, гьудул, гIакъил ватани.

ГIарац-меседалъул гьунар букIаго,
Гьаре садакъаби рес бугев чияс,
Балагьал нахъчIвайзе бищунго цIакъаб
Къуватги гьеблъидал, тохго рукIунге.

## ЧІАГОЛЪИ-САХЛЪИЯЛДА САГІАТАЛЪГИ БОЖУГЕ ...

Воре, гъудул, мун кантIе, макъидасаги ворчIа,
ЧIаголъи-сахлъиялда сагIаталъги божуге.
Сахлъиялде мугъги чIван, чIалгIаде хъвадилаго,
ЧIурканав чан гIолилав гIажалалъ вачун арав?

Чан лъикIал эбел-инсул манлъараб босуларел
Лъималазул ургъелалъ унтун босада лъурал?
Умумузухъ гIинтIами гIадлъун бихьарал васал,
ГIарцухъ намусги бичун, чанги гIадада хвана.

ГIакъло кьезе чи щведал шукру гъабизе лъайчIев
ЩайтIанияб гъаваялъ гьалаг чанги гьавуна.
Гьабураб вагIзаялъухъ гIинтIамичIев чIухIухъан,
Нахъа ишги гIакса ккун, гIодун чанги вихьана.

ГIодизеги кколаро, гьалаглъиги щоларо,
ШаргIалъул гIорхъиги тун, авлахъал сверичIони.
Умумул унтуларо, босадеги кколаро,
Наслабаца ургъалил лълъар гьекъезабичIони.

Унтаби сах гьаризе сабаблъун жал тIамурал
АтIиббаазе щукру щивав чияс гьабула,
Чара къотIараб бакIалъ комекалъе ватарав
Кидаго кIочонарев вац-вас гIадин лъугьуна.

Гьеб касбони квеш гьечIо, квеш ккараб жо цо буго –
Комекалъе дол кьурав магIбуд лъайзе ккеларищ?
МагIбуд жинда лъаларев, досий щукруги гьечIев
Гьесулалда релълъараб хьвади дуца гьабуге.

ГьечIолъи хъатIарабго хъомор гIадин терола,
Хъат байзе бакI щун хадуб ракьхъвай тIезе гьабула.
РакIалъул биццалъиялъ хIакъиде вачIунаро,
Вакъун хойзе горилан ахIи нафсалъги бала.

Иблисги нафсги рекъон, факъро гьесий какула.
Мискинлъизе чIогеян кIиялъгоги манлъула,
Лъади-лъимал гуккула, гьасде тIаде тIамула.
ТIолгоял цадахъ лъугьун, асирлъуде восула,

Аллагь рехсей дагьлъула, дунял гIуцIцIи цIикIкIуна,
БоцIи гIемерлъанагIан бахилавлъун лъугьуна,
Бер балагьун букIаго мискинав факъирасе,
Къарунида киниги, квер беччайзе кIоларо.

Мискинлъи бахчуларес бечелъи хIехьоларо,
Бачида бугеб гIамал гIака лъугьун толаро.
ГIакъло-лъаялъул рахъалъ мискинай йикIун хадуй,
Ясалде абуниги, нусалда бичIчIуларо.

Нус-нус вагIзачи вахъун, насихIат гьабуниги,
ХIасадалъ унтаразул курмузе сахлъи гьечIо.
Квер босун рекъел гьабун загьир берцинлъаниги,
БатIин бацIцIалъичIони, ажроги букIунро.

Ургъел гIемер гьабиялъ къварилъи борхуларо,
КъурчIизе хIал кIварасе ццин рахIатлъун сверула.
БетIер хIалтIуларесул хIатIазда къо бихьула,
ХIилла-макро ургъулев Аллагьас къинавула.

Гьереси - рачIчI къокъаб жо, къватIиб гьеккого чIвала,
Къине чIун бергьарасе давла цIикIкIараб щола.
Шагьи-капек хирияс хиянатал гьарула,
Гьабураб къотIи кколев къадирасе вокьула.

Кьураб рагIи холарев халкъалъулъ аминлъула,
Аманатал тIоритIи – ТIагьаясул ﷺ нух ккола.
СидкъулхIадисгунцадахъгьелъЛукъманмашгьурлъана,
Мисаллъун Къуръаналда Аллагьас жив рехсана.

Хиянатав базарган дармилъ бергьананиги,
БетIергьанасда аскIов кидаго къарав вуго.
Капурав вугониги, ханасул гIадло-низам
ГIадилав Аллагьасе кутакалда бокьула.

Бокьа-бокьараб гьабун дунялалда хьвадарав
Бокьараб гъапудухъан жужахIалде витIула.
ЖужахI тIадал гIамалал гIумроялъ цадахъги ккун,
ГIафвоялде хьул гьаби - гьебги ахIмакълъи буго.

Унтилелде бетIер къай – гIакъиласул иш буго,
РакъичIого кванади – кутузул пиша буго.
Квер мекъав чиясдаса учузаб хIара гьечIо,
ХIалалъ боцIи бахъулев хъормида релълъон вуго.

ХъантIарал гIадамалги гIункIкIалги – цохIо руго,
Цуцалъ хIасад гьабиги – исламалъул нух горо.
Иман гьечIеб бакIалда боцIи-мал цIикIкIаниги,
Баракат чIолареблъи балъгояб жо кколаро.

Жибго жинца хахулеб гIакаялда релълъараб
ГIемер букIун боцIиялъ щиб пайда кьезе бугеб?
Рушваталъе цояб ун, цогидаб капурго хун,
Пайда гьечIебщиналъуб щвала-хъвала букIунеб.

ХIарщ буцун гьабураб къед бетоналъулин чIани,
Берал ругев чиясда гIайиб чIвайчIого телищ?
ЧIалоялъул бакIалда рахи хIалтIизабуни,
ХIалбихьи бугев чияс гьебги къабул гьабилищ?

ГIакъло чидае кьезе нелъехъго батаниги,
Нелъейго къваригIиндал чидахъ горищ батулеб?
Чидар кIалдисан горищ гIилмо-загьир босулеб,
Борхьил загьрогицини тIиббалъулъ[1] хIалтIуларищ?

ТIабибасул манлъа-хъвай унтарасе лъикI гьечIищ?
ЛъикIаб жо манлъулелъул босичIого бегьилищ?
ЧIобого щолеб давла даимго букIунебищ,
Данд чIвайдал гьеб босизе лъангутIи гIайиб гьечIищ?

ГIантав, тохав чиясда тохторго вичIчIуларо,
Тохтурасул даруги данде гьесий кколаро.
Гьадиясул рахъалъан тавфикъ щварас горони,
Тасавуфалъул агьло къабулги гьабуларо.

Къуръаналъул аятгIан битIараб бугониги,
РитIухълъи бокьуларез калам мекъса цIацIцIала.
Къурбаналъул гьан гIадаб гьуинаб букIаниги,
Гьезие вагIзаялъул лазатги букIунаро.

Зодир цIваби киниги, гвангъарал гIалимзаби
Гванзал инкарчагIаца манлъиго гьаруларо,
Ралъдалъ гамул киниги, гIилмоялъулъ лъедарал
ГIарифуназдеги гьез жагьилзаби абула.

Жагьиллъиги гIилмоги батIацин бахъуларес
Бицунеб хабаралда цо букIунареб дангъва,
Дунялалъул горони ургъел гьечIеб къавмалда
Такъваян абулеб жо лъалебго батуларо.

Тавбого гьабичIого мунагьал чуруларин,
Гьабе радалгин къассе, къо гьоркьоб беччайчIого.

---

*[1] Дару гьабиялъул.**

ГӀамал гьабун горони ажро-кириги гьечӀин,
ЧӀалгӀинчӀого яхӀ бахъе гӀибадат-тӀагӀаталъе.

Тавбо гьаби бицунел гӀаламатал рукӀуна:
Гъибат, бугьтан, гьереси, мацӀцӀ гьаби жибго тейи,
РекӀелъ хӀасад-тушманлъи лъидего букӀунгутӀи,
Квешаб гьалмагълъиги тун, гьезда гъорлъа ватӀалъи;

Гьединго гьарун арал мунагьазда ракӀ бухӀун,
Тавбоялда даимлъун, ниналъе жигар бахъи;
Бокьараб сагӀаталда тӀаде щвезе рес бугеб
БачӀин хӀакъаб хвелалъе хӀадурго къачӀан вукӀин.

ХӀасил, жал гьарун арал какарал тӀабигӀатал
Тун, нелъеца рехсарал дозул бакӀалда ккойчӀев
Дос тавбо гьабунилан кӀалалъ бицараб маргьо
Меседил лълъелъ жиб ччураб маххалда релълъон буго.

Хадубги, тавбо гьабун, Аллагьасде вуссарав
Бусурманав чиясе вокьизе тӀадаб буго.
ТӀадегӀанав Аллагьас, гьабураб тавбоялда
ЧӀезе гьавегийилан гьариги берцин буго.

Гьарун арал мунагьал, тавбо гьабун хадуса
Таибасда[1] бадиб чӀван рогьо бай бегьуларо,
Гьедин бадиб чӀвай гьабун гьев нечезе гьавуни
Доб мунагьалдаса гьеб гьасий кафаратлъула[2].

Гьединго жинца рогьо барав чиян абуни,
Аллагьас гьев гьавула гьеб мунагьалъулъ ккезе,

---

*[1] Тавбо гьабурасда.*
*[2] Мунагь чуризе гьабулеб жолъун чӀола.**

Гьеб къватIиб чIвайзе гьабун, суризеги гьавула,
Расулас хIадисалда гьедин абулеб буго.

Тавбоялде вуссарав Аллагьасе вокьула, –
Гьелде данде босизе бугищ батIаяб нигIмат?
ЩайтIаналдасаги гьев цIунаравлъун вукIуна,
Хвалда аскIоб гьесие хIинкъиги букIунаро.

ХIисаб гьабе, гIадамал, загьирал унтабазе
Сайдалатго[1] рагIанищ, дарман чIобого кьолеб?
ЧIобого щолелъулдай батIиниял унтаби
Сахлъулел дарманазул халкъалъе кIварго гьечIеб.

*[1] Аптека.**

## РИЗКЪИЯЛДА ЩАКДАРИ – ИМАНАЛЪУЛ ЗАГIИПЛЪИ,

Ризкъиялда щакдари – иманалъул загIиплъи,
Аллагь горесде мугъчIвай – ширкалъулаб гIаламат,
ГIибадат бакIлъун бихьи – мунафикъасул унти,
Къо бихьун дунял гIуцIи – ахират чIунтизаби.

ЧIухIдае хъулби райи – ахIмакълъи загьир гьаби,
Къадазда накъищ бахъи – боцIи-мал исраф гьаби,
Мискинлъиялда хIинкъи – таваккалалъул дагьлъи,
Налъи тIадгун гьавуди – пакъирлъи тIаде цIцIайи.

Рукъ бакъараб сахават – Ислам дин бичIчIунгутIи,
Бечедасул къарумлъи – Къарунил пиша-гIамал,
МагIишат понцIезаби – ракIал чIунтулеб ургъел,
ЧIаголъиялда божи – хьулхалатил тIабигIат.

ГIилмоялъул адаб тей – гьацIцIулъе чIагIа жобай,
ГIалим абун цIар бокьи – жагьлоялъул камиллъи,
Жиндирго жагьиллъи лъай – гIилмоялъул натижа,
ГIайибалъе мукIурлъи – Иманалъул бацIцIалъи.

Эбел-имсул адаб ккой – ахираталъул рохел,
Лъималазде дин манлъи – хазина нахъе тейи,
Къуръаналда нахъвилълъин – Аллагьасе мутIигIлъи,
Суннатал чIаго гьари – ХIабибасда ﷺ нахъвилълъин.

ХIарамалдаса цIуни – Къадирасдаса хIинкъи,
ХIинкъун гIибадат гьаби – магIбудасул къудрат лъай,
ЛъикIал гIадамал рокьи – муъминчиясул хасса,
Мадугьал рази гьави – Расуласул аманат.

АхIраразул судурал – асраразул къубурал,
АхIмакъав гъудул ккойи – живго къватIивчIвайзави,
Къадирасул афгIалал – хIикматазул ралъадал,
ХIукмабазда разилъи – Иманалъул цо рукну.

Квешав лъугьиндал гIадан – гIалахалъул жанавар,
Жагьлоялъ ракI чIунтарав – чIагого хварав мискин,
Хваразул гIибрат гьечIев – гIадада вугев гьаим,
ГIумро учузав инсан – ахират лъаларев чи.

Умумул хун фаналъи – лъималазде эрга щвей,
Эргадулаб можоро кидадай дихъе щвела,
Комек хIажалъунилан хIалай чи ватуларев
Хвалил мехталилъ ккедал кинаб хIалдай букIина.

ХIалкIолев БетIергьанас рахIмо-цIоб гьабичIони,
Гьеб лахIзаталъул захIмат лъица бигьа гьабилеб,
ХIабибасул ﷺ ирсилал аскIоре райинчIони,
Аманилан гьаризе гьенив щивха ватилев.

Щайихзабада аскIов къабулавлъун ватани,
Къварилъи-захIматалъул ургъелго гьабиларо.
Аллагь! Дур ццинбахъин щун нахъе гьез къотIичIони,
Нахъеяб жоялъул дий кIварго букIинароан.

Аллагь! Дукьа хIинкъизе ракIалда кинан лъалеб,
Лъадарараб махх гIадин къвакIухъе чIун бугелъул,
Лъелъе бараб цIцIан гIадин аб биинареб кинан,
Иманалъул гъварилъи тIиналде щун гьечIелъул.

Щукру гьабизе ккани, нигIмат лъайзе кколелъул,
НигIматго лъалареб алъ щукру кинан гьабилеб,
ЩайтIан нахъе къотIизе къуватги алъул гIелищ,
Акъвияаз манлъухъе рагъ гьабулеб гьечIони.

РахIманасул цIобалде хьулни цIакъ лъолеб буго,
КъвакIараб Досул гIадло гIадахъго босуларо,
ГIилмогин гIамалалъул кIвар-агъазги гьечIого
Аллагь разилъи щвезе щивасе цIакъ бокьула.

БекьичIого тараб хур хасалихъе щвеларо,
ЧIаго гьабичIеб гIамал хун хадуб батиларо.
Тавбо гьабизе лъайчIев, дунялалъ чIварав пакъир
Къанабакье вуссиндал сундалъун бечелъилев.

# ГЬАНЖИГИ ЦО НАСИХIАТ, НАСЛАБАЗЕ ВАСИЯТ

Гьанжиги цо насихIат, наслабазе васият,
Босизе чIухIичIезе чIобого кьолеб сайгъат,
Кьураб боссе чIухIани, ахIмакъав чи вукIунин,
АхIмакълъи тIаде босун тIир-тIирун чIоге, гьудул.

ЧIахIиял ралъадалги щубалде хIажалъулин,
ХIикматаб кици гьечIищ, кантIизе мустахIикъаб,
Мисал бачун рицунел кицаби умумузулъ
Кидагоги рукIиндал, рачIа гьанжи кIалъайзин:

ГьитIинаб кьучIалда тIад кIудияб мина баге,
КIал, мацI, рагIи хал гьабун, чиясе къимат кьоге,
Чулпадалъе цIам рехе, гьоцIо нахулъе жобай,
Нух, сафаралъ унаго, эбелаб тIаса бище.

Кьвагьилареб батилин туманкI чвархъезабуге,
Чанахъан мун ватани, цо речIаралъ кIиго чIвай.
КIал-мацIалъе гIурхъи чIвай, чIалгIаде гаргадуге,
Гама гьечIого ралъад бахине къасд гьабуге.

Бекьараб хур щвезегIан хандал нахърател цIуне,
Хун ракьалде инчIого инсан воре веццуге.
Беццав чи далиллъун ккун сафаралде вахъунге,
Нахъа ургъел гIемераб эркенлъи ричIад гьабе.

БецIизе хIалкIолареб налъукье ккезе чIоге,
Нарт гьечIеб чирахъ бакун, канлъи тIалаб гьабуге.
Квешал квешлъиялда те, мунго лъикIалде вусса,
Лъин гьечIеб гьабихъе ун, тIорщел ххине лъугьунге.

Лага борцун ххам лъутIе, бетIер борцун тIагъур лъе,
ТIомол хьитал щолаго калушалги ретIунге.
ГьитIинал-кIудиязе вагIза рекъараб гьабе,
Бакъвараб гъойтI лъалъаге, лъим хIажаталъуб тIаме.

ХIажат бихьун насихIат гьабичIого вукIунге,
ЧIобогояб гьечIони, рагIиниб гьоцIо тIоге.
ГьоцIо тIолеб тIалил най, чакарги кьун, гуккуге,
Чияр хIакъал раччизе хIамалиявлъун чIоге.

Лъеда хIапара барал чераби къуркъбузе те,
Чвахун унеб иццул лъин рокъо-рокъобе баче.
Чед-хинкIалъул къиматги КъуръаналъулгIан гьабе,
Гьелъулъ исраф гьабизе Аллагьасдаса неча.

Аллагьасул диналъулъ хиянатал гьаруге,
Хиянатал гьарулел гьудулзабилъун ккоге.
Пайда гьечIеб хабар те, хайир бугеб чIалгIунге,
Хвалил кьогIлъи кIочонге, кIвахI тун гIибадат гьабе.

Изно босун горони, чияр рокъов лъугьунге,
Гордонисан кIанцIани, цIогьор вукIуневги лъай.
ЦIогьорасул рокъосан къутги тIалаб гьабуге,
Гьес халкъалъе гьурщулеб рохьил пихъги бищуге.

Рушват кьун батIулаб иш битIизабизе лълъунге,
БитIараб-хIакъалъул рахъ бихьинчияс гIадин ккой.
Бералда бихьичIелъе нугIлъи гьабун кIалъаге,
ГIиналда рагIичIони, бицаралда божуге.

Жанисан мун чарлъуге, чаран-хъазан гIадин чIа,
Чарлъараз лъураб бугьтан дуда рекIине гьечIо.
РакIги дуца духъго те, тохтор горесухъ кьоге,
КьогIабилан, дос кьураб, даруги нахъе чIваге.

Дунял – ахираталъул мазрагӀат[1] букӀинги лъай,
МазрагӀатго лъаларев чӀового хутӀулевин.
ЧӀаголъиги рагӀалго гъечӀеб майданин ккоге,
Дурго умумул араб ахират ракӀалде щва.

Аллагьасул шаргӀ цӀуне, шафигӀасул суннат ккой,
Суннаталъул агьлогун эмен-вац гӀадин вукӀа.
Иблис – тушман букӀин лъай, гьелъ гуккизе вукӀунге,
КӀалалъ мун данде къеркьон, доб къунареб кӀочонге.

## ГЬАБ ВАГӀЗА ГӀОЛАРЕЛ ЗАЛИМЗАБАЗДА ЗАЗ БЕКЬЕЯН АБЕ

Гьаб вагӀза гӀоларел залимзабазда
Заз бекьеян абе пихъ бакӀаризе;
Бахьи къосиналъул къоринир ккарал,
Къоял тӀагӀинегӀан кепалда рукӀа!

Купру-нифакъалда къвал жемун чӀарал,
КъвакӀарал чучуге, чилъи холебин.
Чанар хьвадилаго гӀумро аниги,
ГӀанкӀцин ккойзе щвечӀел, щиб пайда ножор!

Щалай бахъичӀого нахъе гӀорги ун,
ГӀадада хутӀарал нуж пакъирзаби,
Къо радал букӀаго макьица ккурал,
РорчӀуларел кинал къаденахъеги!

Нахъа талихӀилан цӀар жинда бугеб
ЦӀоб рещтӀун кантӀаги кинабго уммат.
КватӀун бекьаниги, гьава-бакъ рекъон,
БачӀараб хуралда релълъаги мисал!

---

*[1] Хур бекьулеб бакӀ.*

## РАЦІАЛЪИЯЛЪУЛ БАРАКАТ

Цо бечедав чияс, хIежалде унев
ХIажиги валагъун, абурабила,
АнцIазарго диргъам гъесухъеги кьун,
Гъаб доба бикьеян тIад къарабила.

ГIакъло камиласул кинабгоги рахъ
Кидаго букIуна щвалде щвараблъун,
БачIунеб хайирги кколеб заралги,
Базарган вугони, борцине ккола.

Бекьулеб хьодуйги ракь къварагIуна,
Ракь чехIалъуб хьани, пайда кьоларо,
Пайда-хайир цIикIкIун щойзе бокьарав,
Ракь лъикIаб балагъун, свердизе ккола.

Аллагьас лъикIалде кантIизавурав,
Камилаб гIакълоги жиндие кьурав,
Кьураб боцIиялъухъ щукру гьабизе
Гьав бечедасулги ургъи гIеларищ.

Азарго диргъамги чIартиниб бухьун,
ГIодобе рехеян манлъарабила,
Хадуб гьеб батарав цIехон вачIани,
ХутIарабги досий кье абунила.

Азарго диргъамги гIодобе рехун,
Хираб ХIарамалъув хIажи чIанила.
ХIужажазда гъорлъан лукъатIат[1] цIехон,
АхIулев чиясул хал гьабунила.

*[1] Чиясухъа гIодобе бортун, билараб жо.*

Гьеб азарго диргьам дарман тIагIарав
Цо мискинчиясда батарабила.
Босун кесенибе гьебги ккезабун,
ГьебсагIат рокъове жив аравила.

Рукъалъе хIажатал хIаваижазе
ХIалхьун чиргъичалъе боцIи щванилан
«Бушра лана»[1] – абун рохелги бицун,
Цинги чIужуялде кIалъаравила.

ЧIужуялъ, гьасдехун хитIабги гьабун,
Гьаб кисса щварабан гьикъарабила,
Гьасги ХIарамалда жаниб батанин,
Жигиги цIакъ вохун, бицарабила.

Цинги иман бугей гьасул хIалилат
ХIеренго кIалъайзе лъугьарайила,
Гьединан батараб боцIи-мал куйне
Бегьуларин гьасда лъай гьабунила,

Гьеб хIалаллъиялъе шартI букIунилан
ШартI тIобайзабизе тIад къарабила,
ТIаде гьебги босун, кантIарав мискин
КагIба-ХIарамалде тIад вуссанила.

Диргьамал рортарав чи вугищилан
ШаргIалда рекъараб ахIи банила,
АхIула рагIидал, дов хIажи вачIун,
Дир рортун рукIанин абурабила.

Диргьамазул къадар цIехарабила,
Гьикъа-бакъи гьабун кIалъаралила,

[1] Рохел буго нелъее.

КIиясулго рагIи цуцадеги ккун,
Диргьамал мискинас нахъе кьунила.

Нахъе рачIаралгун кодор рукIарал
Киналго диргьамал дандеги гьарун,
Гьал дуй хIалаллъанин дов хIажичияс
Росун мискинасул кодор лъунила.

Кара-вихун лъугьун гьас хIажиясде
Гьаб хIикмат щибилан гьикъарабила,
ХIикмат бицун къисса баянги гьабун,
Гьанжи рокъов аян витIаравила.

АнцI-азарго диргьам кесенибги лъун,
Мискинас рокъове хайзабунила,
Хазинадай гIурал диргьамалги щун,
Доб мискинлъиялда мал барабила.

Баркат бугей лъади къавулъ йикIиналъ,
Факъроги тIаса ун, бечелъанила,
Азарго хIарамаб диргьам нахъчIвайдал
ХIалалаб анцI-азар тIаде кьунила.

ХIалалаб боцIи-мал рокъобе цIайзе
МакънатIисал руго лъикIал руччаби,
ЛъикIаб яшавалда гIумро тIамулел
АгIваналги[1] руго муъминзабазе.

Рокъор лъималазе тарбият кьезе
Такъва бугей Эбел – мугIалим йиго,
Тарихалда жаниб бакI жинца ккурай
БахIарчIужуги гьей къимат лъалезе.

[1] КомекчагIи.

Гьединал ругони, руччабазулги
ГӀакъло дандбаниги, бегьизе буго,
Балагьун хал гьабе Умму-салматил,
Расулас жиндиргун гӀакъло дандбарай.

ГӀакъло дунялалде буссинабурал,
БоцӀуда хадур жал хвезеги унел,
Даран-базаралда къисмат бухьарал
Бахьи къосаралгун къадар хъвагеги.

Халикъас гьабураб хӀурмат гӀоларел
Лъудбуз россабазул сси хойзабула,
Халикъас жедее цӀараб хӀущалда
ЦӀан битӀараб нух ккун ине лъаларо.

Хирияв Расулас холев сагӀаталъ,
Россабазда тӀад къан, васият гьарун,
«Воре руччаби» - ян абунаниги,
Аз гьабулареб куц жедерго къимат.

Алжаналде ине ресги букӀаго
Бокьун жужахӀ тӀаса бищулеб кинан,
БетӀергьанчиясда тӀадал умурал
ТӀаде щай росулел, шаргӀги хвезабун.

Гьекъолдухъанасе гӀаракъи каки
ГӀонкӀкӀое загьрогӀан данде кколаро,
Дидаги руччабаз гъвел балеб лъала, –
ЛъикӀ гьел хьвади гореб мурад дир гьечӀо.

Гьаб рехсараб къисса маргьоян ккоге,
Маргьабазулъгицин батулин хӀикмат.
Тоге кӀалалъ цӀалун, беччай рекӀелъе, –
ЛъикӀал руччабазул мухъилъе ккела.

## БАНУ ИСРАИЛАЗУЛ ЗАМАНАЛДА ЛЪУГЬАРАБ ГЬАБ КЪИССАГИ ХЪВАН ТЕЗИН

Бану исраилазул заманалда лъугьараб
Гьаб къиссаги хъван тезин, танбигьалъе букIине.
Нелъер гIамал хал гьабун, халикъасул хIукмаби
Хисулел рукIиналъул хал гьабе, бусурбаби.

Исраилазда гьоркьов доб заманалъ вукIарав
Аварагасде вахIю РахIманас гьабунила,
Исмоги баян гьабун, цо пуланав чиясе
БукIинесеб къисматги баян гьабурабила;

Дов пуланасе бугеб гIумро кIийиде бикьун,
Бечелъигин мискинлъи гьесие кьурабила,
Гьеб кIиялъулго цебе кинаб босилебилан
Досде гьикъеян абун, тIад жинда къарабила.

Жиндего тIадги ахIун, дудехун БетIергьанас
Гьадин абула бугин баян гьабурабила,
Бечелъигин мискинлъи – кIиялъулго бокьараб
Цебе тIаса бищеян эхтияр кьурабила.

Исраилияс гьелъул фикро гьабурабила,
Кинабдай цебе босун лъикIин ургъаравила.
Абизе жо лъайчIого, чIужуялда данги бан,
Дун хадув вачIинилан рокъове аравила.

Рокъове щведал гьейгун кIалъа-ралъаравила,
КIиязго цадахъ рекъон гIакъло данд барабила.
Бечелъи цебе боси лъадуй бокьарабила,
БетIергьанчи хадусан босун лъикIин чIанила,

«Бечелъи тIасан индал факъро хIехьезе нилъей
ЗахIмалъиларищ», – абун тIадеги жобанила.
ТIир-тIирун чIун чIужуялъ къабул гъабичIебила.
Бечелъи цебе боси тIаса бищарабила.

ТIад кIиялго рекъараб хIукмуги къабул гъабун,
Гъанжи исраилияв къватIив вахъаравила,
КъотIараб хIукмуялъул данде босараб хIасил
Дов Аварагасе гъас баян гъабурабила:

«Бечелъиго нежеца цебе ккезе гъабунин
Гъеб къуни бокьилаанин», – мурад бицарабила.
Цебеккун бечелъи аз тIаса бищанин абун,
Аварагасги сияхI Аллагъасухъ кьунила.

Аллагъасул хIалкIолъи гIорхъи гъечIеб бугелъул,
ГIемераб боцIиги кьун, гьел бечед гьарунила,
Гьеб бечелъи дуй кьурав БетIергьан Аллагьасе
Гьанжи щукру гьабеян чIужуялъ манлъанила.

ЧIужуялъул гIакъло гьас къабул гьабурабила,
Къойил садакъа-хайрат камизе течIебила,
Камилго МунгIимасе щукру гьабурабила,
Гьеб хIалалъ бащдаб гIумро ахиралде щванила.

Хадусеб бащдаб гIумро байбихьараб мехалда
Халикъас жиндир хIукму хисизабурабила,
Мискинлъи дов чиясе кьезе болжал гIунтIидал,
Жиндир Аварагасде вахIю гьабурабила:

«НигIматазе, щвалде щун, щукру жинца гьабурав
Гьав лагъасул бечелъи Дица хисуларила,
ХутIараб гIумроялъги мун гьединго танилан
Гьесде дуца абе», - ян амро гьабурабила.

Аллагьасул буюрухъ илчияс тIобанила,
ТIадеги ахIун досде гьеб рохел биццанила.
Баракат бугей лъадул гIакъло битIун кканила,
ГIумроялъго бечелъи гьезухъ хутIарабила.

Гьай горедай хIурулгIин, дунялалда йижарай,
Алжан горищ гьеб очахъ, гьей гIадан жаний йигеб.
ЖужахI горищ букIунеб гьеб балагьун горони
ЧIеларилан лъугьарай лъади муъминчиясе.

Лъади лъикIав – лъикIилан, лъади квешав – квешилан
КигIан битIараб аби умумузул батараб.
Улка гьечIев хан гIадин, хважайинги чIезавун,
Ханлъи гьабун хьвадизе руччаби бегьиларо.

БегьарабгIан куцалда комек россасе гьабе,
Гьебги бегьуларилан абулев дунги гьечIо,
Амма щибаб жоялъулъ гIорхъи-хIад камуларо,
ГIорхъодаса борчIани, ритIухълъи букIунаро.

БитIарабги тIекъабги шаригIаталъ борцуна,
ШаригIаталъ нахъчIвараб нелъее хIарамлъула.
ХIарамаб боцIи-малги – жужахIалъул цIул буго,
Жиндийго гьеб боркьизе къо бихьун бакIарулеб.

БетIергьанасда Жиндир лагъзал кIочон толаро,
Ризкъи гьезие кьезе гъоркьеги Жив чIун вуго.
Жив горевасе лагълъи гьабулеб бугониги,
Гьезийги РахIманасул рахIмо гIатIидаб буго.

Дуниялалъул рокъор гьел ратIа гьаруларо,
ТIадеги гьарзаяб кьун, бокьухъе реччан тола.
«РахIман» – алда хадубго «РахIим» – абун бугелъул,
Ахираталда гьезий рахIмо-цIоб букIунаро.

Бищун хIажатаб къоялъ гIазабалъе батулеб
ГIакъло бугес гьаб дунял, динги тун, гIуцIиларо.
ГIарасат майданалда хIисаб кьезе тIамулеб
ХIарамаб боцIи-малги цIодорас гьабиларо.

РахIману-РахIимасул нигIматазда данд битIун
Щукру гьабизе лъалел агънияал[1] цIикIаги.
Исламияб тарбият лъималазе гьабулел
ЛъикIал улбузул баркат киназего гIаммлъаги.

ГIакъло бацIцIадаб кьеги, боцIи хIалалаб кьеги,
БацIцIадго динул-Ислам цIунизе тавфикъ кьеги.
Тавбо ризкъи гьабеги, такъваялда хутIаги,
Тавабу-РахIимасул рахIмо-цIоб гIатIилъаги.

РакIазе хIаят[2] щваги, чурхдул нуралъ гвангъаги,
Нафсул-амараталда кьили лъезе хIал кIваги.
ХIасадалъул нух къайзе къуватаб иман кьеги,
ИхIсан камил гьабизе квер Аллагьас бакъаги.

Купру-нифакъалдаса рацIцIадаллъун гьареги,
РакIги мацIги хилифаб[3] къавмалдаса цIунаги.
РацIцIадал умумузул ирсилал камугеги,
Агьлу-тасавуфалъул силсилат къотIугеги.

БатIинияб гIилмо щун, магIрифат ризкъилъаги,
Къуръаналъул асрарал[4] каранда расхулъаги
Расуласул хIадисал ричIчIулеллъун гьареги,
РичIчIаразул нух ккурал атбагIаллъун[5] хутIаги.

---

*[1] Аллагьас жедее бечелъи кьурал гIадамал.*
*[2] ЧIаголъи.**
*[3] РакIалда бугебги кIалалъ бицунебги данде кколареб.**
*[4] Балъголъаби**
*[5] Нахърилълъараллъун.**

Абул-Къасим[1] вахъиндал сухIбат[2] досулгун ккаги,
МасихI[3] гIодов рещтIиндал рохалида дандчIваги.
Рохалилал горони хабарал рагIугеги,
РагIарабгин бихьараб хIехьезе сабро кьеги.

Сакратул-мавт[4] бихьарал, дунялалдаса арал
Умумузул арвахIал барзахалда ратаги,
БетIергьан Аллагь ﷻ гурхIун, рухI иманалда бахъун,
Эзда хадуб унеб къо нелъейги рохеллъаги.

Хадуб бачIунеб гIелги Аллагьас тIобитIаги,
Исламияб шаригIат цIи гьабулел ратаги.
ЦIияб гIасродул авал ахир кида лъалареб,
Агьло-къиблат цолъулеб заманалъун букIаги.

Амин! Амин! Амин!

---

*[1] Магьди-имам.**
*[2] Гьалмагълъи.**
*[3] ГIиса авараг.**
*[4] Хвалил кьогIлъи.**

## БУСУРБАБИ ЧIУХIАРАВ ЧIОХЪА ГЪАВСУ-САКЪАЛАЙН …

Бусурбаби чIухIарав чIохъа Гъавсу-сакъалайн,
Росо-жамагIаталда мун щайда кIочон тарав?
Муъминзаби рохарав ахираталъул гIалим,
Гьал хъвадарухъабазда дур цIар батулареб кин?

ЦIар бахъун вецциялде хIажатав чи мун горо,
ХIажат буго дур баркат Дагъистан агьлоялъе.
Дур лъалкI кIочон таразда гIайиб чIвалевги гьечIо,
ГIирфаналъул иццлъидал, мун лъайзе бокьун буго.

ЛъикIал чагIи рокьарал дозда гъорлъа кколелъул,
Гьеб пайда ножой щвезе анищ ракIалъул буго.
Аллагьасул Авараг ﷺ жинде тIаде вачIарав
Васасдаса чIухIизе, чIахъал, ножой рес буго.

Расулуллагьас хассал ﷺ даиратал манлъарав
Муршид Дагъистаналда дов горони рагIичIо.
Дин Исламалъул хIубал, ХIабибасул ﷺ варисал
Ирс щвеялъулъ цуцада релълъарал рукIунаро.

Цоязе кьураб макъам цойгиязе кьоларо,
Цо-цо хасслъи щивасулъ камунги букIунаро.
Кинаб исму-Ллагьалъулъ фанаъ хIасуллъаниги,[1]
Гьеб тIабигIат-хулкъ гьесул сифатлъунги лъугьуна.

Сидраталде щвезегIан таракъиги[2] букIуна,
Вилаятал нахъа тун, вилаятазде щола.
Щибаб вилаяталъул машраб батIаяб буго,
Бихьараздa гIадин гьеб нелъеда бичIчIуларо.

---

*[1] Аллагьасул цIараздасан киналъулъ фаналъаниги.**
*[2] Макъамал тIадегIанлъи.**

БичIчIаралгин бихьараз бицин гIадат билълъинчIеб,
Бицаниги, агьлолъун гьечIев нахъ гIунтIуларев,
БатIинияб гIилмоян гIибарат лъун горони,
ГIарифунал горезда махIцин жиндир чIвалареб.

ЧIагIдал цIураб рагIиниб гьацIуй бакI батаниги,
ИстигIдад гьечIеб рекIелъ бакI жиндий батулареб.
ДагIбадул агьлоялъе Аллагьас бутIа кьечIеб,
Кьурасул лъикIлъиялда кверщел бати якъинаб.

Берал къанщун хадубги къалбоялъе хвел гьечIеб,
Къанал тIаде чIваниги чIаголъи барзахияб.
Халикъас, тIаде босун, балагьарав жиндир гIабд
ГIорхъи-хIадго гьечIого босизе веччан толев.

ВеччайчIого ккурав чи цониги нелъер гьечIин,
Гьабе ножоца гIамал гIилмо-нафигI цIализе.
ЦIаличIебги Аллагьас гIилмо кьезе бокьарас
БацIцIадаб ихласалда гьабе гIибадат, тIагIат!

Дурго бецIаб рукъалъе канлъи хIажат батани,
ХIубалги чIван, телги цIан ток бугеб бакI балагье.
Бакъуца бухIун холеб ах чIаголъи бокьарас
БахIрул мухIитIалдасан лъин щойи тIалаб гьабе.

Лъин жанисан бачIунел рахъалги чIунтизе тун,
ЧIаголъи ах-хуралъе лъай дуда щолареблъи.
Щалаялде буссараб ракъдал чериялдасан
Месед-гIарцол лъе рогIрал, – лъин щун мун вохиларо.

ШаригIаталъул ралъдал тIиналде рахсал щварал
ТIарикъаталъул гамул къанагIатал жал руго.
Жавгьаргин якъуталъги, – макънатIисалъ горони –
Махх-чаран тIаде цIайи букIунареб жо буго.

Жагьло нелъер цIикIкIиналъ цIар жакъа рехсоларел
Хавассал умумузул хIалхьезегIан рукIана.
Заманаби хисидал халкъалда кIочаниги,
Чанги кIудияв къутIбу вахъана икълималда.

АкъутIабазул баракат даимлъизе бокьани,
Дозул гIазизал рухIал ракIалде щвезе гьаре.
РухIаниял умумул хIажалъулел наслаби,
СухIбат дозулгун гьабун, магIияталда рукIа.

## НАСИХІАТ ГЪАБИЯЛДЕ «ДИН» АБУЛЕБ ЛЪАЛАРИЩ!

Рижарав Аллагьасе, халкъалъул Расуласе ﷺ,
Расуласухъе кьураб Каламун-къадималъе,
Исламалъул бутІрузе, тІолго бусурбабазе
НасихІат гьабиялде «дин» абулеб лъаларищ!

Щуябгоги насихІат гьабулеб куц бичІчІанищ?
БичІчІарабгин лъаралда гІамал гьаби дулъ бугищ?
ГІамал дулъ батичІони, бичІчІиялъги лъаялъги
ЛъикІаб хІасил кьун нахъа вохиялда божулищ?

БетІергьанасе хІакъаб насихІат дур батани,
Дуца гІибадат, тІагІат бацІцІад гьабизе ккола.
ВацІадав Аллагьасде шарик гІахьал гьавураб
ГІамал бахунареблъи лъайзеги дуда ккела.

ЛъайчІого ресго гьечІел Аллагьасул сифатал,
Эзулъ мекъса ккани, дур гІакъидат фасалъулеб.
ГІаршалда тІад БетІергьан вугин абулеб къокъа –
Эзда аскІов мун къаге, къол нухалъ ричІад гьаре.

Гьединав мугІанидгун[1] дагІба-рагІи дур ккани,
ГІарш бижинелде Аллагь ﷻ кив вукІаравин гьикъе.
Мекъав вугониги дов, къинеги чІоларевин,
Къо лъикІилан довги тун, дуего рахІат гьабе.

Расуласе насихІат ﷺ гьабулевлъун ватани,
Гьесул сунат цІунизе цІакъ бахъун тІаде босе.
ТІадеги хІал кІванагІан гІадамал гьелде ахІе,
ГІамалалъулъ халкъалъе мисаллъунги мун вукІа.

---

*[1] Инкарчигун, дагІбадухъангун.**

Сунатал ратибатал фаризаял каказда
Цере-хадур раялъул хиралъаби кIочонге.
Хассго рогьалил какда цебе кIиго ракагIат,
Цогидаб жо жибго тун, жигаралда тIобитIе.

Жаниб бугебщинабгун тIолго дунялалдаса
Расулас гьеб лъикIилан абиялъул хал гьабе.
Аллагьасе битIулеб гьадиятин цIар тарал
Нафилатал[1] къачIайзе чIалгIинчIого яхI бахъе.

Бакъанил какда цебе ункъго ракагIат бани,
Аварагас гьабураб ﷺ дугIаги дуе щвела.
Щибаб ракагIаталъулъ «Вал-гIасриги» цIалани,
ЖужахIалъул цIаялъе гьанги дур хIарамлъила.

Гьелдаго релълъон бугеб къаде какда цебегин
Хадуб ункъго ракагIат камизе дуца тоге.
Цебесеб ункъалъулъго «Аятул-курс» цIалани
Аллагьас мун цIунизе лъеберго малайк тела.

МаркIачIол какда хадуб калам-хабар жибго тун,
Хехго кIиго ракагIат ГIилиюналде битIе.
БетIергьан Аллагьас гьел ГIилиюналда хъвалин
ГIаламалъул хирияс бицаралда щаклъуге.

Богол какалда хадуб ункъго ракагIат байзе,
Иблисалде кIал гьикъун, кIвахIаллъи нахъе рехе.
Лайлатул-къадриялъул сордо чIаго гьабураб
Гьел раялдалъун щолеб ажро борчIизе тоге.

Ралъдада тIад полопгIан гIемерал ругониги,
Мунагьал чурулилан хIадисалда рачIарал,

*[1] Суннатал гIамалал.**

ЧIалгIинчIого щуябго фаризаяб какалда
Хадуб тасбихIгин тахIмид, такбир камизе тоге.

Киназулго гIададги[1] роцада чIезе гьабе,
Роцен чIезабиялъулъ цо хIикмат камуларин.
Кирит рагьизе ккани, кIулалъул цаби данде
Ккейи шартI букIиналъул мисалги кIочон тоге.

Суннатал гIамалазулъ кIарчанлъи гьабунагIан
Гьеб унти фарзалдеги швечIого хутIуларо.
Хадуб суннат теялде дагьа-дагьав ккун цIала,
Дудагоцин лъайчIого фарзалъе кIвахIаллъула.

РакIги дур бицалъула, иманги загIиплъула,
Фарзги рехун теялде ишги ккезе бегьула.
Гьелде гIумро ккарасул гIакъибат[2] мекъса ккела,
Суннаталъул агьлоги гьесдаса ричIалъила.

Суннатал жал гьаризе кколарилан абулел
Гуккизе нуж рукIунге мекъса ккараб агьлоялъ,
Аллагьасде гIагарлъи гIорхъи гьечIеб бугелъул,
ГIагарлъи тIад гьабулел тIад чIа навафилазда[3].

Навафилалин кколел лъикIалщинал гIамалал,
ГIицIго ратибатал ран, тохго заман беччаге.
Зикро-салаваталъул хиралъаби рицеян,
Лъаларев чи ватани, цIехе дибирзабаде.

Зобалги гьал ракьалги жаниб бугебщинабгун
Босун цIадирабазул цояб рахъалда лъуни,
Цинги бацIцIадаб ракIалъ цохIо нухалъ абураб

*[1] РикIкIен.**
*[2] РухIбахъи.**
*[3] Суннатазда.**

«Ла илагьа иллаллагь» гьелде дандеги лъуни,

Гьелъул бакIлъи цIикIкIунин цIадерабаздайилан
Муса Аварагасде عليه السلام Аллагьас бицун гьечIищ?
Аллагь, Авараг ﷺ рехсон гIуцIараб мажлисалъул
Нур ГIаршалде щвеялда щаклъуге, муъминзаби.

ГIемер саназ гьабураб гIибадаталдасаги
СагIаталъул тафаккур[1] хириябилан гьечIищ?
Садикъиналгун цадахъ рукIайилан нелъеде
Манлъун рещтIараб аят Къуръаналда бихьичIищ?

Къуръан-хIадисалдаса жал кьуруларин чIарал
Жагьилал гIадамазухъ гIин баге, бусурбаби!
Бицунебгин гьабулеб гьезул данде кколищан
Щивав чияс хал гьабе – хIакъикъат загьирлъила.

Къуръангин хIадисалда цере рехсарал щинал
Навафилалги тунищ гIамал гьаби букIунеб?
Гьелдеги кантIичIев чи чIаго хварав вукIина,
ЧIаго хварасе бицун харбил пайдаги гьечIо.

Къуръаналъе насихIат гьабулелльун ратани,
Гьеб цIалун тун гIоларо, гIамал гьабизе ккола.
ГIамал гьечIони, къариъар фасикъавлъун вукIуна,
Фискъо-нифакъалдаса, Я, Рабби! Дуца цIуне.

ЦIалараб Дур каламалъ керен-ракI гIатIид гьабе,
ГIамалалъе тавфикъ кьун, гьидаяталде раче.
Гьелъул хIурмат цIунизе дуцаго ругьун гьаре,
Дунял-ахираталъул лъикIабщинаб нежей кье.

---

*[1] Аллагьасул махлукъатазулъ фикро гьаби.**

ЛъикIаб хабарги бицун, халкъ квешалде ахIулеб
Иман гьечIеб къавмалъул макро къватIиб чIвайзабе.
Макроялъе горони каламго гьабуларел
Гьал мунафикъзабазул мацIалги Дуца рухье.

МацI-кIал гIарабиязул, гIамал занадикъазул
ГIадамазул женалги дуцаго кантIизаре.
Дунялалъул букIназда зулмучилъи гьабулел
Залимзаби квегъизе Абул-Къасимги веччай.

НасихIатул-аиммат умматалда тIад буго,
Эзда нахъ рилълъайилан Расулас абун буго ﷺ
Эзде данде рахъине нахъги нилъ чIварал руго,
ДугIа эзий гьабиги нилъей рекъараб буго.

ГьабичIони, насихIат нелъер тIобалеб гьечIо,
ТIагьаясул ﷺ хIадисги ﷺ тараллъун кколел руго.
ХIадисги нахъе рехун, нилъ кIанцIизе бакI гьечIо,
Гьава-нафсги къезабун, икътидаъ[1] тIаса бище.

Аимматазул бакIалъ гIелму-гIамал рекъарал
ГIалимзабиги жакъа манлъизе рекъон руго.
Районал, шагърабазул, гьединго росабазул
Дибирзабахъ гIин бани, гIадан мекъса ккеларо.

ГIадло-динги цIилъила, цIоб-рахIматги рещтIина,
ЦIи бачIунеб гIелалъе мисаллъунги букIина.
ЛъикIаб кодоб босун гьез квешаб гIодоб рехила,
Дунял-ахираталъул талихIги насиблъила.

ТалихI кьун нуж рохаял хириял жамагIатал,
ГIалимзабаде данде дагIбадизе рахъунге.

*[1] Нахъвилъин.**

Дунял буголъанагIан баркат тIаса унгеял,
ТIагьаясул ﷺ шаригIат цIунизе жигар бахъе.

Жакъа, аиматазул бакI жедеца ккун букIин
КIочон, дибирзабиги хьвадизе бегьиларо.
Вехьасул гIадло хвани, гIиги пасалъулелъул,
ГIилмоялда рекъараб гIамал букIине ккела.

ГIалламул-гъуюбасда дур ракIги бихьулелъул,
КIалалъ вагIзаги гьабун, гьедин мун тIоваларо.
Гьабуниги дур вагIза гIаламалъ босиларо
БатIиналде хилифаб загьир дур букIун хадуб.

БетIергьан Аллагьасул фазлогин цIобалдалъун
Факъирал нелъер загьир батIиналда рекъаги.
БитIарабгин хIакъалда къулубалги[1] чIезарун,
Къудраталъул Аллагьас гьидаят нилъ гьареги.

Амин! Амин! Амин! Я, Мужиб!

НасихIатул-гIаммати, гIемеразда кIочараб,
КIудияб бакI жиндица диналда жаниб кколеб,
Диналъул вацлъиялъе гьечIого жиб гIолареб,
Жиндалъун Исламалъул берцинлъи загьирлъулеб;

Загьиралгин батIинал унтабазе даруяб,
Дарманалъул бакIалда хIалтIизабуни, чIолеб,
ХIабибас ﷺ умматалъе бицун баян гьабураб,
Гьесул варасатаца[2] даимго жиб цIунараб;

ЦIунизе хIал кIварасе рахIат жиндалъун бугеб,
РахIматалъул БетIергьан жиндаги разилъулев.

---

*[1] РакIал.**
*[2] Ирсилаца.**

РачIа, ле бусурбаби, гьаб насихIатун гIамат,[1]
ГIадамас хутIичIого, бетIералде босизин.

БатIаго, боцIи-мал кьун, босизе гьеб кколаро,
Гьелъий къваригIунеб жо гIаданлъи цIуни буго.
ГIаданлъиги намусги – Исламалъул нух буго,
Инсан хIайваналдаса ватIа вахъизе лъураб.

Воре, дир диналъул вац, дуца намус-яхI цIуне,
БоцIуда гьоркьобин дур гьелъие къимат кьолеб.
Къине чIани, Аллагьас мун бергьине гьавулев,
Гьедин щвараб бергьенлъи дуй хазина букIунеб.

Диналъул вацасдехун дуца хIасад гьабуге,
ХIасадалъ ккараб унти сахлъулареб букIунин.
Хасго мадугьаласе хIал кIвараб лъикIлъи гьабе,
ХIал дур кIолеб гьечIони, зaралниги гьабуге.

Мадугьаласдасанин къиямасеб къояца
ХIисабгин суалалъул байбихьиго гьабулеб.
Гьесда аскIовги мунго бергьаравлъун вукIине,
КIванагIан бачче, гьудул, бугони досул бакIлъи.

КIудиясул адаб ккой, гьитIинасда мун гурхIа,
МаслахIат-рекъелалъе, кьал ккани, гьоркьов хьваде.
Кьижараб фитна дуца борчIизеги гьабуге,
Гьеб борчIизе гьабизе мацI гьабунги хьвадуге.

Мискингун факъирасде цIцIобалъул кверги бегье, –
ЦIцIоб гIатIидав Аллагьас рахъас дуе беччайла.
Диналъул вацалазе комекалъеги вукIа, –
Махлукъ бижарав Халикъ мунгун цадахъ вукIина.

---

*[1] Киналго бусурбабаз цуцае гьабизе кколеб гIаммаб насихIат.**

Цинги дозул гIайибал, хадув лъугьун, рикIуге,
Рихьани, лъикIалдехун таъвил гьабун, рахчун те.
Гьедин дуца гIуюбал гIадамазул рахчани,
ГIарасат майданалда рахIманас дур рахчила.

Дуца гьаб ракьалда тIад зулмучилъи гьабуге,
Залимасул гIакъибат нахъа битIун кколарин.
БатIулаб нухалдалъун чияр боцIи кванаге,
БетIергьанас дуе гьеб хIарам гьабун бугебин.

ХIалалабгин хIарамаб лъалаdensлъун ватани,
Лъалеб къо дуде тIаде щвечIого чара гьечIеб.
Черхалъул рухI босизе малакул-мавт вачIиндал
ВорчIулев макьидаса кьижун гIумро арав чи.

Аллагьас тIоритIаги тIолалго бусурбаби
НасихIатул-гIамати «дин» кколеблъи лъаялде.
Лъаралда гIамал гьабун хьвадизе тавфикъ кьеги,
Тавбоялде руссине тохлъун ккарал кантIаги.

Амин! Амин! Амин!

## АЛЖАН НЕЛЪЕЙ ЩОЯЛЪЕ АВАРАГ ﷺ ГЪОРКЬЕ ЧIАРАБ АНЛЪАБГО ФИША …

Алжан нелъей щоялъе Авараг ﷺ гъоркье чIараб
Анлъабго фишаялъул кIвар гьабичIого тоге,
КIалалъ бицунебщинаб – битIараб, хIакъаб букIа –
Гьабун хадуб къотIиги мухIканго тIобайзабе.

Аманат гьабун кьураб тIад буссинеги гьабе,
Гьелъий хиянат гьабун, чи угьдизе гьавуге.
Зина-хIарамалдаса цIунаравлъунги вукIа,
ХIажат гьечIеб бакIалде бер буссине гьабуге.

Гьединго кIиябго квер мекъаб рахъалъ бегьуге,
Регьизе хIалалалъур хIалтIизарун ругьунлъе,
Ругьунго гьаричIого бокьухъе реччан тани,
Чияр гIорхъи гьез бахун, хадув мун пашманлъулин.

Мунагь дихъа ккечIилан чIухIги дуца гьабуге,
ЧIухIгIан хIажатаб гIамал тавбоялде гьечIебин.
Тавбоялъул бугеб кIвар кIочон нилъ тIораларин,
ТIагьаясул ﷺ кIиябго хIадис цебе чIезабе.

ХIасанатул-абрари саййиаталлъун ккарал
Тавбо мукъаррибуназ бихьулищ гьабулеб куц.
Гьездасан мисал босун, сагIат гьоркьоб течIого,
Тавбоялда рукIине нилъ толарев чи вугищ?

Тавбо къабул гьабулев БетIергьанги вукIаго
Бегьилищ, гьудулзаби, гьадагIанго тохлъизе?
Гьарун арал мунагьал чуризе гъоркье чIарав
Гъафурун-РахIимасул ахIийищ рагIулареб?

## АВАРАГАСУЛ ﷺ АГЬЛОЯЛЪУЛ БАРАКАТ

Гьанжиги гІин тІаме, цо къисса бугин
Къалмикь бачинчІого чараго гьечІеб,
Чанта бицатазе цІакъго хІажатаб,
ХІавло-къуват кьеги къабул гьабизе.

РекІелъ иман бугев, кодоб мал бугев,
Багъдадалда чІарав цо базарганас
Цо пуланаб къоялъ, масжидалде ун,
ЖамагІатгун цадахъ как тІобан буго.

Какдаса салам кьун тІоран хадуса
ТІаде вахъун вуго цо гІалавияв,
Цинги масжидалъул жамагІаталде
Жиндирго къварилъи гьес бицун буго:

Рукъалде яс кьезе рес гІолеб гьечІин
Рес бугес хІал кІвараб комек гьабеян.
Квер байзе бакІ щвечІев гьав гІалавияс
«Би-хІакъкъи жадди», - ян тІад жобан буго.

ТІагьаясул ﷺ насло гьедин ватидал
Тажирасул[1] рекІел рахІат хун буго,
Расул ракІалде щун ﷺ, досухъа, нечон,
Намус-яхІ тІокІав гьас квер беччан буго.

Базаралъе кодоб букІарабщинаб
Щунусабго диргьам досий кьун буго,
Дурго яс рукъалде гьалдалъун кьеян,
Гьебги сайгъат гьабун, рокъов ун вуго.

[1] *Базарганасул.**

Къассе Аварагас ﷺ, макьилъги вачIун,
Дур сайгъат дихъ щванин лъай гьабун буго,
«Гьанжи мун Балхалде Ибну ТIагьирихъ
А - ян тажирасе буйрухъ кьун буго. –

Досде дир рахъалъан саламги бице,
Дица витIун щванин лъайзеги гьабе,
Щунусго динар дуй кьеянги абе,
Гьебги босун рокъов тIадги мун вусса».

Макьидаса ворчIун тIаде вахъиндал
Хъизаналде макьо гьас бицун буго.
Балхалдеги ун мун тIад вуссинегIан
Нафакъа кисса», - ян гьалъ абун буго.

Гьанжи мадугьалихъ цо хаббаз[1] вукIун,
Хабар гьесий бицун лъикIин ккун буго,
Цинги, аскIовги ун, кIалъайги гьабун,
Гьесие жиндирго хIал бицун буго:

Дун, Балхалдеги ун, тIад вуссинегIан
Дир агьалиялъе нафакъа кьуни,
Дица, рокъов щведал, цо диргьамалъухъ
Динар дуе кьелин рагIи кьун буго.

Гьанжи хаббазасул харбихъ гIенекке,
Хирияв ХIабибас ﷺ, вачIун, бицараб.
Цинги фикро гьабе, дунял таниги,
Толеб бугищ рехон хирияб уммат.

«Балхалде айилан дуда тIад къарас,
ТIад вуссун, доваса мун вачIинегIан

[1] Чед бежулев чи.

Дур агьалиялъе нафакъа кьеян
Дидаги тIад къанин», – гьас абун буго.

Хаббазил рагIиялъ вохарав тажир
Воржун зодов ине дагь хутIун вуго,
Балхалъул рахъалде гъира-шавкъалда,
ШафигIас абухъе, жив къокъун вуго.

Шагьар рагIалде жив щун вахъинелде
ГIабдуллагь бин ТIагьир данде чIван вуго,
ВачIарав лъикIилан, «мархIаба» гьабун,
Гьавги вачун, рокъов тIад вуссун вуго.

Дуй комек гьабеян аварагасул ﷺ
Амро дийги бугин лъай гьабун буго,
Лъабго сордо-къоялъ гьоболлъи гьабун,
Гьабизе нахъе ккун хъулухъ тун гьечIо.

Хадуб ШафигIасул амроги тIобан,
Щунусабго динар «ма», – абун буго,
Дос витIун вачIарав гьобол вукIиндал,
ГьедагIанго тIаде жобанги буго.

Садакъадай кьураб щунусго диргьам,
Динаразде сверун, алфа[1] гIун буго,
Азарабго доллар щунусго гъурщихъ
Щваралда релълъараб мисал ккун буго.

Расуласул баркат тIаде чвахарав
Хункар-паччагIадин кIодоги гьавун,
КIудияб жамагIат хIарасазулгун[2]
Багъдадалъул тажир нухав лъун вуго.

---

*[1] Азарго.*
*[2] Хъаравулзабгун (охрана).*

Рехун араб чIорги тIурараб чанги
ТIад буссун бачIунеб гIадат гьечIелъул,
ГIакъло бугеб бетIер дуда батани,
Босе, гьудул, пайда рес щун букIаго.

Самаркъандалдаса амирас гIадин,
ГIодоб рехун тоге талихI, данд чIвани.
Дуде тIаде жибго бачIунеб давла
Даим букIунарин, тохлъизе чIоге!!!

Тохлъукъе данд чIвараб давла босизе
Бихьулищ лъан бугеб мажусиясда,
Бесдалалгун щварай гIалавияталъ
ГIураб талихI гьечIищ досде тIаде цIан.

## ДУНИЯЛ КЪАЧIАЗЕ ГIАКЪЛО ДУЙ КЬУРАС

Дуниял къачIазе гIакъло дуй кьурас
Кьурунищ бахъулеб духъа ахират?
Анивго телилан къотIи гьабунищ
Къадирас ракьалде мун веччан вугев?

РикIкIун сардал-къояз гIумро гьабулеб
ГIалах буго дунял дин гьабулесе,
Дарул-бакъаалда[1] божулев чияс
Бихун паналъулеб кIалгIа кин балеб?

Каранде рухI щведал щивав чиясда,
Щаклъуге мун гьелда, лъала унев бакI.
Алжан-жужахIалъул дуе къачIараб
Якъинго бихьула, божа гьалдаги.

Гьалде амро щведал иман лъоларев
Инсан вукIунаро капуразулцин,
Амма фиргIавние щвечIеб киниги,
Щвеларо дуеги гьелдалъун хайир.

Сах вукIаго дуца босичIеб пайда
Босаде ккун хадув киссан бачIинеб?
ЧIагояб гIумроги гIадада беччан,
ГIизраил щведалищ мун вортанхъилев?

Рукъалъул букIнилъго батараб давла
Дуда боссе лъайчIин, лъидаха гIайиб?
ЛъикIазул тарбият – гьебги дуй щванин,
Гьелъийниги щукру щайха гьабичIеб?

---

*[1] Ахираталда.**

Щайихзабаз дуде нухги манлъанин,
Манлъараб нухдасан щайха унарев,
Аллагьас чIобого гIилмоги кьунин,
ГIамал гьабизе мун лъица нахъ чIварав?

ЛъикIаб чуялъе цIал хьвагIараб гIола,
ГIадан ватани, мун кантIизе ккола.
ГIадамазул хабалъ мун вегуларин,
Манлъараб босизе хIаракат бахъе!

Мунго мунан абун дун кIалъаниги,
Дуде эрга щвараб хIал дирги гьечIо.
ХIалихьатаб дирго нафсгун гьабулеб
ДагIба бугин, гьудул, мун тIаса лъугьа.

## ЖУЖАХI ТIАД ГЬАБУЛЕБ ГIАМАЛАЛДАСА …

ЖужахI тIад гьабулеб гIамалалдаса,
ГIакъил мун ватани, цIунизе ккела.
ЦIадул гIазаб щолеб пиша жибго тун,
Алжаналъубе нух цIехон лъикI горищ?

Халикъас тIад лъураб налъи дуй гIоло
Лъица, гьудул, кьелеб, кьижун мунги чIун?
БекьичIеб мугьалда тIор бижунарин,
ТIаде вахъани, дуй лъикI букIинарищ?

ЛъикIабщинаб дуе бицунеб мехалъ
Бегьиларищ, гьудул, дагьаб гIин байзе,
ВагIза-насихIаталъ бер бахъуларин,
Нахъе къан чIечIого, вачIа цевегIан.

ЧIобого бикьулеб хазиналъидал, –
Халикъасде цере ккуни щиб кверал.
Ккарабщиналдаса тавбо гьабуни,
Гьавайин щвела дуй нуруль-гьидаят.

ГьитIинаб лъимадул гIакълоялдаго
ГIолилав хьвадизе рекъон букIинищ?
БотIролъа жагъалас беццарабщинаб
Берцин бихьаравги довго ккеларищ?

Дурго бетIералъул гIакълодул чирахъ
Чияца бакунищ гвангъизе кколеб?
ЧагIиги киналго цохIо горелъул,
ЛъайчIого бегьилищ ратIа рахъизе?

ХIамида кьили лъун, чода гьир къарав
Чанги ахIмакъ вуго гIакъилин чIарав,

ГIарац-меседалъул цIурал чвантаби
Чамас чIехьоларел халаалъуре[1].

Хайир кколеб базар гъабизе лъалес
Гьоринибги лъуницщ жавгьар цIунулеб,
Жагьло бергьун, гIакъло къун батичIони,
Къаруние малалъ щиб пайда кьураб?

ШаргIалъул берцинлъи сурун ккеларищ
Сурукъабщиналда гIумро арасе,
Аллагьасул гIадло досий бокьилищ,
Бокьа-бокьаралъуб цIан бачIунареб,

ЦIогьаз веццун цIогьор вацIцIалъуларо,
РацIцIадал чагIазул нугIлъи гьечIони.
ЧIегIераб сундукъалъ рагьун горони,
Рагьулареб чанги балъголъи буго!

*[1] ХIажатханалъуре.**

## АЛЛАГЬЛЪУН ККУН, ЖИНДИЕ КЪАВМАЛЪ ЛАГЪЛЪИ ГЬАБУЛЕБ ГЪВЕТІ БИХЬИДАЛ

Аллагьлъун ккун, жиндие къавмалъ лагълъи гьабулеб
ГъветI бихьидал, цоясул ццин цIакъ багъарун буго.
Цинги, рокъове щвейгун, босун лъикIаб гIащтIигун,
РекIун хIамидагун, гьав гьеб къотIизе ун вуго.

Инсанасул сураталъ дандеги лъугьун, иблис,
Унев кивехунилан гьасде гьикъардун буго.
Гьасги, доб гъойтI къотIизе къотIи Аллагьасулгун
Гьабун къватIив вахъанин, гьикъидал, бицун буго.

Гьанжиги малгIун иблис асдехун буссун буго,
НасихIат хIисабалда хабарги бицун буго,
Цинги, доб гъойтI къотIиго дуе щайилан абун,
Ав рокъов тIад вуссине бакъанги бачун буго.

Аллагьасе гьабураб къотIи асул бугелъул,
Рокъове тIад вуссине асие бокьун гьечIо.
Гьелдалъун гьазда гьоркьоб дагIба-рагIи ккун буго,
РагIуда хутIичIого цуцалъги речIун руго.

Лъабго нухалъ гьас иблис бигьаго гьоркь лъун буго,
Гьолъул гьавгун къеркьезе къагIидаго ккун гьечIо.
Къиндал, чараги тIагIун бергьунареблъиги лъан,
Гьанжиги гьав гуккизе бахьикъос лъугьун буго;

ЛъикIаб-тIокIабги бицун, мун рокъов тIад вуссани,
Къо рикIкIун ункъ-ункъ диргьам дуй бугин абун буго.
Унго-унголъунги дун рокъове тIад вуссани,
Дуца дий гьеб, кьелищан, хьул лъун гьас гьикъун буго.

Гьеб дица кьезе бугин рагIи алъги кьун буго.
Рокъове тIад вуссине авги разилъун вуго.
Лъабго-ункъо къояца ункъ-ункъ диргьам къаданиб
Асдаги лъун, бахьикъос къотIуй хилифлъун буго.

ТIокIал гьасул къаданир диргьамалги лъун гьечIо,
Макроялъ чIван гьавги лъун, гьаб малгIун тIагIун буго.
Гьалъ гуккиги квеш букIун, кутакаб ццинги бахъун,
Нахъеги гъотI къотIизе гьавги вагъарун вуго.

Гьанжиги добго бакIалъ иблис чIун батун буго,
Унев киве мунилан додинго гьикъун буго.
Добго гъойтI къотIизе дун унев вугилан абун,
Асги бахьикъосалъе къвакIун жаваб кьун буго.

КъвакIун мун кIалъаниги, гъойтI дуца къотIуларин,
КъотIун асул рагIигун иблис данде чIун буго.
ДагIба алъ байбихьидал хIехьон авги вукIинищ,
КIиялго цуцада тIад гьанжиги речIчIун руго.

Гьанжисала иблисалъ ав гIодов тIамун вуго,
Данде вайзе течIого, лъабцIол гъоркье ккун вуго.
Лъабабго нухалъ цебе жиндаса къунги букIун,
Жакъа гьаб бергьиналда гьав гIажаиблъун вуго.

Гьелъул хIикмат иблисалъ гьасие бицун буго,
Цебеккун жиб къиналъе гIиллаги рехсон буго:
ГъойтI къотIизе букIараб бацIцIадаб дур нияталъ
Дир къуват хун букIанин гьасий мукIурлъун буго;

Гьанжисала дур ният диргьамазде буссиндал,
Духъа дун къунарилан бахьикъос кIалъан буго;
Берцинго мун рокъове жакъа тIад вуссинчIони,
БетIер дур къотIилилан къвакIун лъайзабун буго.

Къарав лъайдал пакъирги рокъов тIад вуссун вуго,
ТIокIаб гъойтI къотIиялде къасдги гьас гьабун гьечIо.
Гьаб хIикаятги нелъей – кIудияб вагIза буго,
ГIакъло-тадаббур бугес тоге кIвар гьабичIого.

Гьабулеб гIамалалъулъ ихлас камиллъанани,
КигIан гьитIинабниги, кIудияблъун букIуна.
Нафсаниял мурадаз ихлас фасад гьабула,
Ихлас гьечIеб гIибадат Аллагьас нахъе чIвала.

Масала, дур цIаралда цогиясе хIалтIани,
Цо фуланав чиясе дуца ажро-мухь кьелищ?
Ажро-мухь тIалаб гьабун дов чи аскIов вачIани,
Досде дуца абизе мустахIикъаб рагIи щиб?

«Мухь тIалаб гьабизе мун хIалтIаралъуве а», - ян
Абизе дуца букIин бакъ гIадинаб жо гьечIищ?
БацIадго Жиндий гIоло гьабураблъун гьечIони,
Гьеб гIамал БетIергьанас тIадего босуларо.

ТIоцобесеб нухалда бацIадаб ният-ихлас
Дов чиясул букIиндал, бихьулищ иблис къараб.
Ихлас фасалъун хадуб, хал гьабе, доб малгIуналъ,
Данде вайзе течIого, дов хIакъир гьавурав куц.

ХIакълъунго, иблис ножор тушман бугилан абун,
Аллагьас Къуръаналда нелъеде бицун буго;
Ножор эмен Адамги гьелъ къосине гьавунин,
Гьелдаса цIунейилан амроги гьабун буго.

Ункъоялда анцIила ичIго лъикIлъиги манлъун,
Нусабилеб нухалда гьелъ нилъ гъоркье рехула.
Гьединаб макро гьелъул букIунеб лъаларого
ЛъикIлъи гьабулайилан чанги чи мекъса ккола.

Мекъса ккарав чиясда витІун ккарав рихани,
Рихиналъе гІиллалъун гІицІго хІасад букІуна.
ХІасадалъул унтигІан дару-дарман гъабизе
ЗахІматаб унти гьечІин имамасги абуна.

Аллагьасулги тушман, – иблисги бохизабун
Иман-ИхІсан камилас, хІасадго кин гьабулеб.
ХІасадалъулъ гъанкъарав мугІанидлъун вугесда
МагІрифаталъул гъафу батизего кІоларо.

Билагьун тІад кверги лъун, лъикІ сверун къан гьечІони,
Саяхъаб хІайван-хІетІалъ хур-хер пасад гьабула.
Пайдаялъе хІалтІизе гьабичІони, гІилмоги
ГІазабалъе батулин хІадисалъги бицуна.

ХІасад Адамидехун ﵇ иблисалъги гьабуна
Гьабулеб гІамалалъулъ ихлас букІунгутІиялъ.
Ихлас гьечІеб гІамалалъ зобал-ракьал цІуниги, –
Мискъалу-заррагІанаб хайир гьелдасан ккечІо,

Гьабуге бусурбаби, цуцада гьоркьоб хІасад,
ХІабибасул ﷺ шаригІат цІунулеллъун ратани.
ЦІуне, вацал, хІукъукъал, Къуръаналъ тІад гьарурал, –
Гьелдалъун бугеб баркат ножодаго бихьизе.

## БУСУРМАНАВ – ЦОЯВ, КАПУРАВ – ЦОЯВ ЦО ПУЛАНАБ КЪОЯЛЪ РАЛЪДАХЪ УН РУГО

Риваят бачIараб ножой бицине
Цо хабар бугин дир, гIин тIаме, вацал,
ГIибрат бугелазе харбидасанги
Хайир камуларин, балагьун рихье.

Бусурманав – цояв, капурав – цояв
Цо пуланаб къоялъ ралъдахъ ун руго,
Цинги ччугIбуздехун чанал гьаризе
Гьав кIиясго цадахъ байбихьун буго.

Хъанчил цIарги ахIун, реханщинахъе
Щибаб нухалъ гьасий ччугIби ккун руго,
Гьеб хIалалъ, рехун-ккун, къо инелдехун
КъвачIа капурасул ччугIбуз цIун буго.

БетIергьанасдехун гьари-ахIигун
Гьеб сахабго къоялъ рехананиги,
Гьав муъминчиясе, ччугIани кисса,
ЧчугIаялъул рачIцин торалъ ккун гьечIо.

Кинги ахиралда бакъанил гIужалъ
Ккураб цо ччугIаги борчIун ун буго,
ЧIового – муъминги, цIун – капуравги
РачIарабго нухалъ тIадруссун руго.

Цинги муъминасда тIад тун вукIарав
Малакун муваккал пашманлъун вуго,
Пашманаб хIалалде гьалмагъ ккеялъул
Гьасул нафсалъеги асар щун буго.

Гьелда хадув малайк зодов вахиндал,
Халикъасул шаъно гьесда лъан буго,

Хойдал дов муъминчи вуссине вугеб
Маскан бихьизабун, хIикмалъун вуго.

Валлагьи хун хадув гьаб алжан щолев,
Щиб къварилъи жинде чIаго щваниги,
Щибго ургъел гьесий букIинарилан
КIалъан вуго малайк живго жиндаго.

Жиги БетIергьанас дов малайкасда
Капурасул маскан бихьизабидал,
Добго хIалалъ гьедун, гьелдаса гъанцIун,
Гьадинаб магIнагун кIалъалев вуго:

«Дунял тун хадуса жив вуссунев бакI
Гьаб жужахI бугесе, чIаго вукIаго,
КIодолъи-ханлъиги бечелъи-малги
БукIун пайда щиб?» – ин гьас абун буго.

Алжанги жужахIги – кIиябгоги рукъ,
КIиялъулго цояб нелъее буго,
Цоябцин щойчIого гьоркьов чи хутIи
БукIунареб гьениб, гьелда хIинкъуге.

ХIинкъизе ккараб жо цо буго доба:
Месед-гIарацалъул иш билълъунгутIи,
ГIарас-майданалда соталъ гьабураб
ХIукмуялда рекъон бикьулеб букIин;

Бечедал чагIаца чунтбиги рагьун,
Бигьаго тIобалеб сот букIунгутIи,
Судияв гъоркьанго вичунги восун,
Рекъезе гьабизе бажарунгутIи;

КIалалда мугъру чIван, лугбазда гьикъун,
Гьез гьабураб щинаб бицине букIин,

Балъго дунялалда хутIарабщинаб
Гьурщун къватIибегун нечезе вукIин.

Нечараб рахъалде тIагъурги бачун,
Гъачагълъун тIуризе рес букIунгутIи,
Рес къотIарав чияс хвел босулелъул,
Хойзе бокьаниги гьебцин щунгутIи.

Алжан щвезе бугел шартIалги рицун,
РахIманас зодосан тIахьал рещтIана.
ТIахьаздасан бичIчIи халкъалъе кьезе
Ракьалда русулал чIезе гьаруна.

Рисалат жедехъе щварал умматаз
Жаваб кьезе ккола Бишасда цебе,
Бищун ахиралда вачIарав ТIагьа ﷺ
ТIолабго халкъалде витIарав ккола.

ВитIухъ гьевги гьавун, Ислам цIунани,
Алжаналъул багьа – гьеле ножое.
Гьаб дуниял данде багъананиги,
Буго хадуб рохел муъминзабазе.

Меседгин гIарацалъ хъулбиги гIуцIцIун,
ГIумро дунялалда гьабунаниги,
Динул Ислам ккочIеб агьалиялъе
ГьечIо руссунеб бакI, жужахI горони.

Жаниса къватIире рахъинго гьечIеб,
РахIмо-цIцIобалдаса хьулго къотIараб,
РухIулел, чIурхIулел, чIаго гьарулел,
Гьеб хIалалъ рукIунеб бакI буго жужахI.

РахIман! Алжаналда кверщел батарал
Абраразул мухъилъ нижги чIезе гьаре,

ЖужахIалъе хIакъал фужараздаса[1],
ХIалкIолев БетIергьан, дуца гьаруге.

ХIамим гьекъезе кьун, закъум куйне ккун,
Забаниятазул гьоболлъи бугел
Борхьал-гIанкърабазул къуват кутакаб,
Киндайха хIехьолеб гIазабалъул рукъ.

Аза-азар соназ боркьараб жужахI
Бокьун дунялалда тIаса бищизе
БутIрулищ рагьарал, гIакълойищ гьечIеб
Къуръан-хIадисалде мугъ рехулезул.

Мунагь-хатIабазулъ ниж тIерхьаниги,
ТIадегIанав Аллагь, Мун цохIо вуго.
ЦохIо Мун горони, лагълъи гьабизе
МагIбуд тIокIав гьечIо, ниж гьелда руго.

Гьабулеб гIибадат дагьлъананиги,
Дур гIафву-цIобалде хьул цIикIкIун буго.
ЦIун байинчIониги, хьон хьвараб хурул
Хайир камиларин рохелги буго.

РахIмо Дур гьечIони, рорчIулареллъи
Лъаялъулъ жобараб щаклъиги гьечIо,
ШафагIаталде халкъ хIажатаб къоялъ
ХIабибасдехунги ﷺ занну лъикI буго.

ЛъикIаб занну бугел музнибиназе
Мунагьал чурулеб тавбо кье, Аллагь,
Тавбату-насухIалъ ракIалги чурун,
Бечед гьаре, Вагьгьаб, ниж факъирзаби.

*[1] Къосарал чагIаздаса.**

## ШАРГIАЛЪУЛ ЦIАДИРАБИ…

ШаргIалъул цIадираби – гIелмугин гIамалалъе
ГIумроялъ цадахъ ккурал дин Исламалъул хIубал,
ХIабибасул ﷺ суннат тун сагIат минут беччайчIел,
РачIунел гIасрабазе мисаллъун цере чIарал;

Манлъаниги лъаниги нелъеца гьаруларел,
ЛъикIалщинал ахлакъал щвалде щун тIоритIарал,
Щибаб сордогин къоялъ нафсазул хIисаб гьабун,
МахIшаралда нечезе чурхдузда мунагь течIел;

Мунагьалде жал кколеб рагIи бициналдаса
Цаби-кIутIбузда нахъа мацI щулаго цIунарал,
РахIманасе гьабулеб гIибадат-тIагIат гореб,
ТIокIаб дунялалдасан кеп жедеца босичIел;

Кванайзе тIохол гореб тIокIаб ургъел гьабичIел,
Гьава-нафсгун къеркьезе къуват гьелдалъун щварал,
Къуръан-хIадис горелда хIукму къотIизе лъайчIел,
ХIакъаб рагIи бицине кIал-мацI хвалчаби гIадал;

Хиянатгун рекIкI гьаби ракIаздаго хъатIичIел,
РитIухълъи цIуниялъулъ цIар жедеца босарал,
Дагьаб магIишаталда гIей гьабун ругьунлъарал,
ГIемераб тIалаб гьабун гьелда хадур хьвадичIел;

Халикъасде таваккал кутакалда букIиналъ
Баракат лъун, дагьалъги гIемералъул бакI ккурал,
ГIелмуялъ жагьло хъамун, жалго жедеда лъарал,
Жаббарасдаса хIинкъун, босада хьибил лъечел;

Берал кьижун кканиги, ракI борчIун ругьунлъарал,
Расуласул ахлакъал ирсалъе жодой щварал,

Аллагьу ТагIалаяс жал кIодо гьарунагIан
ЖалгожедейхIакъирлъун,халкъалдамашгъурлъарал;

РухI бахъиялда аскIор мекъса ккеялда хIинкъун,
МагIо тIагIун бераца би тIеледухъ гIодарал,
БетIергьанас тIад лъурал фараизалги тIоран,
ТIаде навафилазда даимго машгъуллъарал;

Мадугьал квешлъанагIан данде лъикIлъи гьабурал,
ДагIба-рагIулъе ккедал, къине чIун, чIел босарал,
Къилагин къвалаялда[1] хадурго жал лъугьинчIел,
Халкъалъул хIалал раччун хIамул гIадин хьвадарал;

ХIабибасул ﷺ шаригIат шагьра гIадин къачIарал,
ШафигIасул суннатал ясбер гIадин цIунарал,
БидгIагин гIадаталде гIумроялъ аскIор къайчIел,
Амрогин нагьюялда даим тIадчIей гьабурал;

Дарангин базаралъулъ восулев рази гьавун,
Борцунебги цIалебги тIасан чвахизабурал,
Халкъалда рахIмо-гурхIел ХIабибасда ﷺ релълъарал,
ХIайванцин, макро гьабун, киданиги гуккичIел;

Кашфо-караматалъул тIалаб-агъаз гьабичIел,
Аллагь разилъи гореб матIлуб жедер букIинчIел,
Алжан щвеялъе гIоло гIибадат-дин гьабичIел,
Диналъул церехъаби гьадиналин рукIунел.

Долги нилъго гIадинал гIадамал рукIанилан
ГIакъло бугеб агьлоялъ абизе рес букIинищ?
Аллагьас рижиналъулъ ращад гьарунаниги,
Гьабулеб гIамал нелъер дозулалда релълъенищ?

*[1] Къила-къвала – къватIул хабар.**

Дуниял хиралъиялъ ахират кIочон тарал
Ахяразул рагIдукьцин чIезе бакI нелъей щвелищ?
ЛъикIал чагIи рокьиги гьитIинаб иш горелъул,
Гьел рокьулеллъун рукIин кIудияб давла гьечIищ?

Дозда гIадин гIибадат гьабизе кIойчIониги,
КIвараб жигар бахъизе тIалъичIого букIинищ?
ТIадаб налъи кьечIого инсан ворчIуларелъул,
Аллагьасул налъуе хилифлъизе бегьилищ?

Хиянатчи какичIев бакIги букIунарелъул,
Бокьун гьеб цIар босизе инсанасе рекъелищ?
Ихлас гьечIеб гIамалги гIадада хун унелъул,
ГIадада гъийин хойзе бокьулев чи вукIинищ?

Нафсалъе бокьанщинаб гьабуни, къосунелъул,
Мекъаб нухаве ккарав нахъа пащманлъиларищ?
Пашманлъи нахъа бугеб эхтилат-кепалдаса
Эркенлъи нахъа бугеб захIмат баччи лъикI горищ?

ЗахIматго бихьичIого рахIатги щоларелъул,
Щойзе бокьун батани, кьижунги тIоралелищ?
ТIадгIанав Аллагьасул лагъзаллъунги рукIаго
Лагълъи гьабизе чIухIи ахIмакълъи букIинарищ?

Исламалъул ахIуе жавабги гьабичIого
ЖужахIалъув инилан абизего бегьилищ?
Аварагасул ﷺ суннат умматалъе лъураб нух,
Гьеб чIунтизе танани, талихI къунеб лъаларищ?

ТалихIалъе мугъги кьун, кьун хадусан тIурарав,
Кьурулъан кIанцIаниги, зарал кколев чи вугищ?
Зарабаца хIалтIараб хIукму лъикIаб батаги,
ЛъикIабщинаб гьабизе къуват гьарзаяб кьеги.

Къуръангин хIадисалъул магIна-мурад бичIчIаги,
БитIарабгин тIекъалъе къимат кьезе лъай щваги,
Лъаралда гIамал гьабун, хьвадизе тавфикъ кьеги,
Тавбату насухIалда даималлъун гьареги.

Дунялгин ухраялъул умурал бигьалъаги,
Иман рекIелъ щулалъун шаргIалъухъ рокьи ккаги,
ШафагIат ХIабибасул ﷺ умматалъе гIаммлъаги,
ГIарасат майданалда авлияалгун таги.

Аллагь рехсей гьуинлъун закиринал лъугьаги,
Загьир-батIин бацIцIалъун макъамалде рахаги,
Муракъаби ругезе натижат хIасуллъаги,
ХIафсу нафас гьабулел тавхIидалъулъ тIерхьаги.

ГIуламаул-ахират тIалибинал гьареги,
ТIарикъаталъул агьло рокьулеллъун лъугьаги,
Лъимал эбелгин имсул адаб ккун ругьунлъаги,
Аллагьасул рахIмат-цIоб цIцIадлъун тIаде чвахаги.

Чурхдузе сахлъи кьеги, ракIазе къвакIи кьеги,
Абулкъасим вачIиндал хьолбохъ чIезе ратаги,
Тавбоялде руссине бусурбаби кантIаги,
Исламалъул хIакъикъат халкъалдаго бичIчIаги.

Хириял муъминзаби, диналъул вацал, яцал,
Дуниял кIочон тараб ахират насиблъаял,
Ножор дугIаялдаса хьул дир къотIуларебин,
РакIалде щваралаца «Мунагь чураги» абе.

## ДИДА ТАВБО ГІАДАБ НИГІМАТ БАТИЧІО,

Мунагьал чуризе дарулъун кьураб
Дида тавбо гІадаб нигІмат батичІо,
НигІматазул базар тункун цІун буго,
Тавбо бичун боссе бакІ батуларо.

## ГЬАБ МАХЛУКЪАТАЛЪГО КІАЛ ГЬИКЪУЛЕЛЪУЛ,

Гьаб махлукъаталъго кІал гьикъулелъул,
Къиямасеб къоялъ кин вахъун чІелев?
Кавну фасалъулеб хьвадиги гьабун,
Элъул жаваб кьезе мун хІадур вугищ?

ХІакъикъатги рехун, загьир бокьарав!
Кьоларо дуй талихІ, дида гьеб лъала.
Дунял гІуцІулаго гІумроги лъугІун,
ГІурдаде вуссиндал дур чара хола.

Дин Исламги бичун, бечелъарав мун
Чванта багьун хадув лъий къварагІунев?
ЛъикІаб рецц-бакъги кьун, мун сверун чІарал
Сундуй гІоло ругел кин ургъуларев?

Кесе биццатасе гьудулзабаца
Гьабулеб хиянат бицун рагІинчІищ?
Бищун дуй хІажатаб къо тІаде щведал
Щивасул батулеб гІузру лъаларищ?

ГІарацгин меседалъ Ислам цІунараб
Ахбаразда жаниб бицен рагІичІо.
БацІцІадаб иманалъ керен цІечІесул,
Капкал рихьун хадуб, пахьал раккула.

Рихьун гІадамал лъан чара хварав дир
ГІадат буго билълъун кагътиде чучи.
Кинниги ракІалъул анищал лъалев
Аллагь РахІман вати дир талихІ буго.

Дир къалам-кагътица фронт ккунилан
Тылалда чІарасе хайир щвеларо.
Хвалчен бахъун данде рагъ гьабичІони,
РахІаталда нафсалъ чиги теларо.

Тавбоялъул къимат лъаларев гІадан
ГІакъиллъун рикІкІине дида кІвеларо.
КІвараб гІанасеб гьир мугъзада лъечІев
ЧІаго хваразда гъорлъ хъвайзе бегьила!

## ТIОЦОБЕ РАКЬАЛДА ТIАД ЗАГЬИРЛЪАРАБ ПАСАЛЪИ …

ТIоцобе ракьалда тIад загьирлъараб пасалъи –
ХIасадалъ Къабилица вац Гьабил чIвайи ккана.
Гьединго, халкъалъухъа зулмуялъ гамул рахъун,
Залимав ханасдасан ралъдалъги тIибитIана.

Ралъадазулъ фасалъи жиндасан загьирлъарав
Гьев ханасде ХIажажил насаб гIунтIи бицана.
ХIажажидагин гьесда гьоркьор ккарал умумул
Лъабкъоялда анцIиде рахинеги гьаруна.

Гьабил чIвайдал байбихьун пасалъи ккаралдаса
Дунялалда лъугьана батIаяб хиса-баси.
ТIад пихъ балеб горони, ракьалда гъойтI букIинчIо
Ралъадазул лълъималги гьуиналлъун рукIана.

Гьединго чахъабазде бацIал гьесулароан,
БоцIи-панзалъ цуцаде лълъарги хьвагIуларoан.
Лъим гьарзаяб ракьалда гьабураб ахил гIадаб
Гьайбатаб мисал-сурат дунялалъул букIана.

Къабилица вац чIвайдал хIал щоялъ ракь букIкIана,
Ралъадазул лълъималги цIамгIалаллъун лъугьана,
БоцIицIуца цуцадехун тенкезе байбихьана,
БацIалги чахъабазде гъури байзе лъугьана.

ГъутIбузда заз бижана, батIаяб хIал лъугьана,
Баракат ракьалдаса дагь-дагьккун нахъе ана.
Аллагь ТагIалаясул гIатIидаб рахIму-цIцIобалъ
ЦIунун нахъе хутIараб нелъееги щун буго.

ТIоцобе Адамица дунялалда бекьидал
Ролъул мугь тIавусалъул хоногIан букIун буго,
Хадусанги гьеб хIалалъ Идрис аварагасул
Заманлде щвезегIан цо кепалда чIун буго.

Цинги магIсияталде гIалам гьетIун хадуса
ГIанкIодал хоноялъул къадаралде ккун буго,
Къоялдаса къоялде гьитIинлъизе лъугьараб
Гьедин маккил хоногIан хутIарабин абула.

Хадубги гьеб ролъул мугь фарс-цIулакьогIан хутIун,
ГIузайр аварагасул замана бачIун буго.
Гьесул заманалдаги гьеб баркаман, гьитIинлъун,
ЛъехалогIан хутIанин хабар тIахьаз бицуна.

ТIадегIанав Аллагьас кIудияб рахIму гьабун,
Гьеб ролъул мугь нелъее ризкъилъун хутIун буго.
ТIагIаталъе къутлъун кьун, баракат гьарза гьабун,
Гьеб камураб къо бачIун, къварилъи бихьугеги.

Гьалщинал мунагьазулъ тIерхьарал ниж гьаримал,
ТIаса Мун лъугьинчIони, лъида цере рачIинел?
ЛъикIлъаби дагьлъун ккеялъ дудадаса хIинкъун ругин,
ГурхIел дур щвечIонани, щибха нежер букIинеб?

ШафагIаталъул къоялъ ХIабибасги ﷺ нахъчIвани,
ХIайранлъун хутIарал ниж тIаде лъица росилел?
СиратIгин мизаналда остарги ватичIони,
Забаниятаздаса хвасар лъица гьарилел?

Хвалил мехталабалъе лъугьарал заманалда,
Дуца тавфикъ кьечIони, шагьадат кин битIилеб?
Куфруялда рухI босун, шакъияллъун лъугьани,
Къун тараб талихIалда цинги щибжо гьабилеб?

Гьал мунагь-хатIабазда чIаголъи гьабизегIан,
ГьитIинго хваравани, талихIав вукIинаан.
Тушман иблисалдаса бергьине хIал кIолареб
ХIалихьатаб къаркъала чIагойищ ракьулъ лъелеб?

Рихьулел щайтIабаца хIапургъине гьабураб
ХIузуралъул асарги рекIелъ хутIулеб гьечIо.
Лъолелщинал бугьтаназ чIунтараб кереналда
Ругъун цIилъичIеб къоги къанагIатго букIуна.

РакIалъ дир гьанги кванан, кIалалъ тавбо гьабулел, –
Гьадинал гьечIонани, муридазул пайда щиб.
Малаикзаби гIадин дида цереги рачIун,
Царал макро хIалезул хIукму щибдай букIина.

БукIа абе, кIвар гьечIо, гьеб дий хIажалъиларо,
Живго жинца гуккулев Аллагьасда вихьула.
Вихьудагин тIерхьуда бацIцIад гьабичIеб тIагIат
ВацIцIадав БетIергьанас тIадего босуларо.

ТIадегIанав Аллагьас нахъе чIвалел гIамалал
ГIемерал гьаруниги, дагьабцин пайда гьечIо.
Дагьабго букIаниги, бацIцIад гьабураб тIагIат,
ЦIадерабазда лъедал, тIохьигIадин бакIлъула.

ТIутIаб квас-квасул цIурал гIемер харабаздаса
ГIарац-меседил цIураб цохIо хъап бергьинарищ?
Бергьуневги къуневги къойилго лъаларелъул,
Лъалев къо бачIинелде къачIадизе ккеларищ?

Хун хадуб талихIалъе нахъбуссинги гьечIелъул,
Нахъа чIун бугеб хвалил сапар лъияб батаги.

Сапаралъ вахъунесе задги[1] къварагІунелъул,
Задалъул бищун лъикІаб такъва[2] насиб гъабеги.

Нафсазул къуват хваги, ракІал иманалъ цІеги,
Аллагъасе гъабураб къотІиялда хутІаги,
Бусурманаб хІал кьеги, хІалалаб ризкъи кьеги,
ХІабибасул ﷺ шаригІат щиб жояли бичІчІаги.

Беразе канлъи кьеги, курмул нуралъ гвангъаги,
БитІарабги тІекъабги батІа гъабизе лъаги;
БатІин гІилмо цІикІкІаги, гІирфаналъулъ тІерхьаги,
ТІагъал ﷺ машрабалде щун, щивав мурид вохаги.

ХІабибасул ﷺ шафагІат щолездаса гъареги,
Шайихзабазул назрат даималлъун хутІаги,
Дунялагин ухраялъул умурал бигъалъаги,
Абадияб сагІадат умматалъе гІаммлъаги.

Аллагъас гІафву гъабун, гІасилъаби чураги,
ГІафувун Каримлъидал, я Рабби мун гурхІаги.
Амин! Амин! Амин! Я Мужиб.

*[1] Зад – нахърател.**
*[2] Такъва – Аллагьасдаса хІинкъи, Гьесие мутІигІлъи.**

## ГЬАНЖИ ПИТНАЯЛДЕ РАГЬАРАБ КАВУ

Гьанжи питнаялде рагьараб каву,
Магьди вахъинчIого, къайи щак буго.
Щибго гIайиб гьечIеб гIалам гъурулеб
Рагъул хIасил лъайзе жиги хех буго.

Халкъалъе бижараб гьаб кавноялда
Квер лъун, рохалида хан даимлъичIо.
Хвел гIагарлъанагIан хъантIиги цIикIкIун,
Хъамалчилъи гьаби – гьезул нух буго.

Халикъасде данде бахъараб хвалчен
Чанги кафирасул кIихIи бекараб,
ХIабибасул ﷺ уммат къварид гьабураб
Къавмалда хадубги цо балагь бугеб.

БетIергьан саброяв, гIедегIуларев,
ГIажизлъиялдаса вацIцIадав вугев,
ЗулмучагIаздасан къисас босулеб
Къо метер бачIинеб, ричIад бихьуге.

Бихьараб хIехьезе бусурбабазе
Сабро берцинаб кье, къудратав Аллагь!
РахIмо гьечIел къавмал къине гьаризе
Зодосан РухIуллагь ракьалде веччай!

ХIукмуги гьабулев, хIикматги лъалев,
ХIалкIолев БетIергьан, Дуе рецц буго!
Дуй бокьараб бокьун, рихараб рихун
Хвезе гьаре Дуца дин Исламалда!

Аллагь лъалеб къавмалъ Досул нух тедал
Дос Живго лъаларел тIаде тIамула.

ТIахьаца бицуна, Къуръан кIалъала,
Къадирасул гIадат доб букIин лъала.

Яги, шагьидзаби жиндий рокьидал,
Рокьаразе жигъад сабаблъун кьола.
Сабаб хIакъикъияб рагъда чIваразул
Гъазизаби рахъун рухIал рохула.

РахIмо-цIцIоб гIатIидав, гIадло битIарав,
Бижилелде цебе щибго жо лъалев,
Жиб-жиб заманалда маслахIат бихьун,
Макнунияб гIилмо загьир гьабулев.

Зарабаз къотIи кьун, явмул-гIагьдалда
Мун БетIергьан вугин гьабураб жаваб,
Гьаб дунялалъ гуккун, кIочон хутIиялъ
КIудиял балагьал тIаде рачуна.

Рачун гьел балагьал нелъер беразда
Дагьалищ рихьарал, щай кIочон толел?
Чвахун ран цIцIадаца, щун рачIун гIораз
ГIалам бижарасул къуват бицинчIищ?

Бицун божуларел, бихьун гIоларел
ГIаламалъулъ бугеб гьаб унтиго щиб?
Гьалдаги нилъ тани тамаша буго,
Тавбоялде русса, Бишасул лагъзал!

РагIичIищ ножода Юнус аварагعليه السلام
Къавмалъ нахъе къотIун, тIаде беччазе
ТIадгIанав Аллагьас къотIи гьабураб
Балагь, тавбо гьабун, тIаса босараб.

Бихьулеб макьоги гьаб чIаголъиги –

Гьазда гьоркьоб бугеб батIалъиго щиб?
Бижулеб, бакъвалеб херги гIаламги,
ГIакълоялда борце, цохIо жо гьечIищ?

Цинги мугIрул ччукIун, гIансал тIаде тIун,
ГIадамал гъоркье ккун, ккечIищ балагьал,
Гьурал кутакал пун, ракьал рагъарун,
Росаби чIунтичIищ, рохьал рухIичIищ?

Рицине лъаларел гIиллабаздалъун
Ралъдалъ, гьаваялда гьечIищ балагьал?
Багьана сабаблъун машинаби ккун,
Мавтул-фужъаталъул[1] гIорхъи-рахъ бугищ?

ГIарацалда хадур хвезе регараз
Халкъалъулъ бекьулеб питна бихьулищ?
Балъгоги тIатунги гьеб жаниб камун
Улка батиларин пикро хIалтIула.

Фасалъабазул рахъ цебе тIун буго,
ТIобанго ракьалда загьирлъун буго,
Зулмабаз халкъалъул чара хванагIан
Ханзабазул бугъби ццулъула руго.

Ццидал къали гьекъон къо хIехьарасда
Къанабакье индал алжан батила,
Аллагьас тIад лъураб налъи тIобарас
ТIагьал ﷺ хIавзалдаса шараб гьекъела.

Къуръан-хIадисалда гIамал гьабурас
ГIазаб чIамиларо ахираталда,
Агьлу-суннатазул гIакъида ккурав

*[1] Мавтул-фужъат – тохлъукье бачIараб хвел.**

Къиямасеб къоялъ гьез валагьила.

Къварилъи гIемераб гIарасаталда
Тавбоялда хварав хвасарлъун ккела,
Халидунал абун цIар таразулъа
ТавхIидалъ квер бакъун къватIив вахъила.

Къудратав БетIергьан, Дурго рахIмоялъ
Динул-Исламалда ниж хвезе гьаре,
Ахирисеб хIохьал, хIал Дур кIолелъул,
Нафю-исбаталда[1] лъугIизе гьабе!

---

*[1] Нафю-исбат – «Ла илагьа иллаллагь» абураб рагIи.**

# КЪУРЪАНАЛЪУЛ АХIУДЕ ГIАВАМАЛ КАНТIIЗАРИ

## (ЛЪАБАБИЛЕБ ТIЕХЬАЛДАСА)

## ГЬАВА КЪИНАБИЗЕ, КЪУВАТ БУГЕСЕ,

Гьава къинабизе, къуват бугесе,
Якъияги гІела гІилмодул рахъалъ.
ГІамалалъулъ ихлас тІокІкІун хадуса,
ТІалибасе тадрис гьечІониги щиб.

ЩайтІангун вагъизе гьунар бугони,
Гьеле унгогояв Аллагьасул лагъ.
Амро-нагьюялъул гІорхъи цІунани,
ГІалимги гІакъилги гьев гурищ кколев?!

Гьава-нафсалъ квегъун оц лъугьарасул
Аллагьасда аскІоб щиб къимат бугеб!?
ШаргІалъе мугъги кьун хурзал рекьарас
Ахираталъе къут бакІариларо.

РекІел къасаваталъ асир гьавурас
Аб дунялалдасан щибжо босилеб?
Ширк гъорлъе жобараб гІибадат гьабун,
ГІазабалдаса чи хвасарлъиларо.

Талкъен[1] гьечІеб зикро вирдлъун ккурасе
Варид букІунгутІи тІахьаз бицуна;
ТІарикъат манлъулев остар гьечІони,
Гьесие чІумазул хайир дагь буго!

Хайир цІикІкІун щолеб базарги букІун,
Бакъал бакІаризе гІакъил лъугьинищ?
Къуръаналъ реццарал наялги какун,
НикІкІазе къимат кьей данде кколаро.

---

*[1] Остарас манлъичІеб.**

Диналъе къучI лъурал акътIабазул нух
ТIаса бищарав чи мекъса ккеларо,
Сайру-сулукалъул автадал лъайзе
Аллагьас тавфикъ кьей – сагIадат[1] буго.

Свалат салам лъеяв Аварагасул
Варисзаби рати – талихIазул хан,
Гьезда нахърилълъине агьлолъун гьари –
Гьабун щукруялъе гIей гьечIеб нигIмат.

Тавбо гьабуразе гьалмагълъиялъе
ГьазулгIан ракIчIараб хIизбо киб бугеб?
ХIизбу-щайтIанги[2] тун, тIурун щварасе
ТIагьаясул ﷺ варис – щулияб хъала.

Щулияб хъалаги бихьуда букIун,
Хьорол чалиялда мугъ чIвай – гIакълойищ?
ГIаламго хьвадулеб шагьраялдаса
Сохъмахъалищ лъикIал, цIогьаз рахъарал?

ЦIоралъул гIаракъи[3] гъобахъаги бан,
ГIодоса семучка бищуге, гьудул;
Бакъ-моцIалда, канлъи гIолеб гьечIилан,
ГIайиб дуца чIвани, релъанхъиларищ?!

*[1] ТалихI.**
*[2] щайтIаналъул къокъа.**
*[3] Фарс-цIулакьо.*

## ВАГIЗА-НАСИХIАТГИ ДИНЛЪУН БУГЕЛЪУЛ...

ВагIза-насихIатги динлъун бугелъул,
Дагъалго рагIаби, хал гъабуразе,
Халкъалъулъ жагьлоги бергьун бугелъул,
Бугищ дие изну кIалъай гъабизе?

КIицIол ажро боссе ресги букIаго,
Босизе лъангутIи лъил гIайиб кколеб?!
Лъайги гIакълоги кьун ракьалде инсан
Аллагьас веччарав сундуе гIоло?!

Дунялалъул гIадат хал гъабунани,
Ханзабаз рагIият хIалтIизабула,
Гьелдалъун жедерго тахбакI цIунизе,
КIвараб жигар бахъун, пайда босула.

Жедерго мурадал тIорайзе гIоло
ГIемераб хIилла-рекIкI ургъизе ккола,
Абадиялъго гьеб кодоб хутIизе
Законал къанунал рекъезарула.

РагIияталдасан хIинкъи нахъчIвайзе
РакI чIарал къуватал даим гьарула,
РагIи данде кколел вазирзабазул
ГIакълаби данд райзе шура гIуцIула.

Тушманзабадаса улка цIунизе
Куцарал гIаскарал гIорхъада лъола,
ГIаламалда гьоркьоб гIадло гьабизе,
Гъунар бугел рищун, шуртIиял[1] тола.

---

*[1] Милиция.**

ШуртIиял чучани, рачел туркIизе
Таманча балъгоял гъорлъе реччала;
Гъоз гIадло гьабула, гьал хадур чIола,
Халкъалъул пикраби ханасухъ кьола.

Ханлъиялда хIинкъи хъатIулелъубе
Хъатамасан гучаб къуват рехула,
Къо кканани, ярагъ цебеги бахъун,
«Цо гали цебехун бахъе», – абула.

Цебехун гали аз кинан бахъилеб,
Бахъани, букIунеб азда лъалелъул.
Азий гьанже дару – дагIба къецги тун,
Рокъоре тIад руссин, тIокIаб рес гьечIо.

Гьалдаги азул иш къотIун толаро,
Такъсир-чагIи цIехон хадур лъугьуна,
Хадусанги бетIер тIаде борхизе
ТIокIаб рес гьечIелъур ккезе гьарула.

Гьадинаб куцалда тахбакIги цIунун,
Ханзабаз рагIият къварид гьабула.
Къварилъи баччизе гIаламги тIамун,
ГIумро рахIаталда азги тIамула.

РахIатал чекулев авги вукIаго,
БачIун тIаде щола цо чIегIераб къо,
Къварилъуда бугеб рагIияталъул
ДугIа къабуллъараб хIал загьирлъула.

Гьале асул ханлъи хараблъараб къо,
Хвалил чапар вачIун чара хвараб къо,
РахIат-кеп, гIоркьалда гIумру араб черх
Чуризе росониб лъезе бугеб къо;

Ханзабазул ретӀел тӀасаги бахъун,
ХъахӀаб ххамида гъорлъ ав жемулев къо,
Жипалги фордалги гаражалъур тун,
ЛъикӀаб цӀулал чода ав рекӀунеб къо;

Агьло-хъизамалъе къолъикӀги гьабун,
Къваридаб хобалъув ав лъунгьуев къо,
Къанабакь авги лъун, тӀаде ракьги хъван,
ТӀолабго гӀагарлъи нахъбуссунеб къо;

Нахъе тараб боцӀи варисзабаца,
Гьоркьоб бан, бикьизе эрга щвараб къо,
Эсул тахбакӀалда керщел гьабурас
Гьудул-гьалмагълъигун лълъар борхулеб къо;

Халкъалъул нагӀана цадахъги баччун,
БетӀергьан-Аллагьгун ав данд чӀвалеб къо,
Дунял паналъарав, ахират хварав
Хабзалалъ асие лахӀто щвараб къо;

ГӀакълаби данд райзе шураги гьечӀеб,
ШафагӀат гьаризе чиги щолареб,
Чванта-кесеялъул мехги лъугӀараб
Мункар-Накиргун ав данде чӀвараб къо;

Динул-Исламалъул магӀнаги бичӀчӀун,
ГӀумруялда хадув ав хаполев къо,
Ханлъиялъ жиндийго гьабураб бихьун,
Гьанже асда чӀараб Къиямасеб къо;

Гьадинал ханзабаз халкъ зурулаго,
Ахир гӀагарлъараб фанаяб дунял!

Фискъо-нифакъалъул агьло кидаго
Исламалде данде хIалтIараб дунял!

ХIалихьатаб пиша тIаде босараз,
Дин бичун, кидаго кванараб дунял!
Капказухъ рухI кьолел жагьилал къавмаз,
ЖужахI тIаса бищун гIуцIараб дунял!

ГIакъло-лъай бугелаз къиматго кьечIеб,
АхIмакъаз къвалги бан данде бачараб,
Муъминчиясе жиб туснахълъун кьураб,
Кьер меседилаб пахь – тушман-дуниял!

Дин-Ислам лъалареб агьло гуккизе
Алжанлъун гьабураб чIунтаяб дунял!
ЧIагояб ракI бугез пайда босизе
МазрагIатлъун[1] кьураб баркаман дунял!

Дунялалда тIадго квер лъурасдаги
Лъайзе ккола бачIин доб чIегIераб къо,
ЧIаго вукIагоги хирияб тахбакI
ГIодилаго тола чанги хIакимас.

Чин тIокIас, тIаделъун, рахIат хойзабун,
Рехон хIалтIиги тун, чамав унарев?
Чванта бицатасул рушватги цIикIкIун,
Расги гIайиб гьечIев чанав хъамуларев?

Гьанже нуж гIенекке, дица бицинин
Цо горони гьечIев Ханасул хабар.
Ханзабазулги Хан – Халикъун-Жаббар,
Халкъалъул умурал кодосев ХIаким;

*[1] Хурлъун.**

ХIукму-къазаалъулъ гIакъло данд байзе
Вазирзабазде Жив хIажалъуларев,
ВахIданияталда[1] къидамгин бакъаъ[2]
Живго Жинда чIейи Жинда хаслъарав;

ХIавадисаздехун хилифлъи бугев,
Жинда релълъараб жо щибниги гьечIев,
Гьаб тIолго махлукъат Жинде хIажатав,
Жив щибго жоялде хIажалъуларев;

ХIикмат жаниб букIун зоб-ракь бижарав,
Жаниб бугеб щинаб мухIкан гьабурав,
ХIилмо цебе ккарав, ццин нахъе ккарав,
«Кун» абураб лафзалъ хIукму тIубалев;

Суфлияб-гIулвияб[3] махлукъаталъе
Халикъ Живго вукIин баян гьабурав,
Явмул-мисакъалда[4] къотIиги босун,
Инсан тIолгоязда тIаса вищарав;

ТIолгоязул эмен Адамги гьавун ﷺ,
Гьезий дунялалда чIаголъи къурав,
ЧIаголъи гьабизе хIажаталщинал
ХIирфаталги[5] манлъун, гьел реччан тарав;

ХIалал-хIарамалъул гIорхъабиги лъун,
ГIадло-низамалъул тартиб гIуцIцIарав,
ГIумрогун дуниял ахираталъе

[1] *Жив цогоявлъун вукIин.**
[2] *Жиндие авал гьечIолъи, Жив тIаса унгутIи, ахир гьечIолъи.**
[3] *Ракьалда ва зобалазда ругел.**
[4] *«Дун нодор БетIергьан гьечIищ?» – абун заррабазухъа къотIи босараб къо.**
[5] *Пишаби (махщелал*).*

Хур бекьизе гIоло кьейи бицарав;

Цинги тавхIидалде[1] гIалам ахIизе
Анбияъ-русулал тIаса рищарав,
ШараигIал манлъун гьел тIоритIеян,
ТIахьалги кодор кьун, амро гьабурав;

Алжан-жужахIалъул хабарги бицун,
Ахират халкъалда бичIчIизабурав,
КIиялъулго цояб тIаса бищизе
ТIобараб эхтияр эзухъе кьурав;

Гьал зобал, гьал ракьал, бакъ-моцIгин цIваби,
Балагье гIадамал, лъица рижарал?
Лъица харжги гьабун, щал хIалтIизарун,
Щив мугьандисасул[2] нухманлъиялда?

Гьал рорхатал мугIрул, гьал керчал рохьал,
Чабхилъан чвахулел иццазул лъимал,
Гьал лъарал, гьал гIорал, гьал гIодорлъаби,
Гьал ралъадал-хIорал, – лъугьарал кинан?

Лъица, кисса, кинан ракь-чабах баччун,
Рорхизе гьарурал гьал мугIрул-щобал,
Гьал ралъадазул лъим цIамгIал гьабизе
ЦIамухъ гIарац кьурав спонсорго вугищ?

ЦIцIадал – зодосахун, ризкъи – ракьулъан,
Рекъезабун кьурав хан-хункар кинав?
Хинлъи – риидалда, квач – хаселалда
Хасс гьабизе кIвараб къуват бугев щив?

Къоял – хIалтIиялъе, сардал – кьижизе
Сордо-къо бикьарав къасим рагIанищ?

---

*[1] Жив цо гьавиялде.**
*[2] Инженерасул.*

Щибаб пишаялъе агълоги бижун,
Гъаб гIалам хIебтIарав тIадчиго щивдай?

Гъаб щинаб махлукъат, хIикматгун цадахъ,
Ралъдада, ракъдада лъица хьихьулеб?
Цинги инсанасе мусаххар гъабун[1]
Гъаб кинабго кьурав кисра-къайсарищ?

Кисрабаца гIадин, ханлъи цIунизе
Халкъалдасан пайда босуларев щив?
Боял гIуцIцIичIого, гIаскар гьечIого,
Гъаб кавно хьихьулеб къуватго лъилдай?

Къуват букIунилан зулму-хIал гьечIев,
Залим фасикъасе гIадло бащадав,
ГIавфо рахIмуялъе гIорхъиго гьечIев,
Гьадинав ханасул хабарго лъалищ?

Халкъ жеде-жедейго хIалтIизе тIамун,
ТIаде мухьги кьолев сахаватчи щив?
Сайгъат хIисабалда, гьелде тIадеги,
Гьадиятал кьолев карим рагIанищ?

Щибаб суалалъе, ле гIолохъаби,
Жаваб цохIо бугин, борхе лъалес квер.
ЛъайчIого рес гьечIеб масъала бугин,
Бице, чиядаса нечон чIечIого!

ЧIорого халкъалъе нигIматал кьолев
Хан цо горев гьечIин, ургъун вихьея!
Гъаб махлукъат-гIалам Жинца бижарав
Халикъ ватулевин, тохго вукIунге!

---

*[1] МутIигI гьабун.**

Халикълъун кидаго Жив тIаса инчIев,
Жиндир назраталда кавно даимав[1],
Кваранаб-когIабан, гъоркьа-тIасаян,
Цебе-нахъа абун рахъ Жиндий гьечIев;

Жиндир гIажаибал рихьизе гIоло,
ГIаршалдеги ахIун – ТIагьаясдехун ﷺ,
ТIурасайнаалда – Мусадехунги عليه السلام,
Рахъ гьечIеб кIалъаялъ калам гьабурав;

Маканалъул[2] рахъалъ зобал-ракьалги,
ГIаршги, Курсги Жиндий батIалъи гьечIев,
Агьлу-суннаталъул гIакъидаталда
ГIаршалда тIад чIейи бегьизабичIев;

Гьаб гIалам батиялъ Жив вукIин чIарав,
Жиндир мисал-сурат лъайзе кIоларев,
Жиндие бегьулел сифатаздалъун
Лъайзе халкъалдаго тIадаблъун ккарав;

Рехсарал сифатал Жиндие ругев,
Жалла жалалугьу, – гьале дов Аллагь,
Жив цо гьавиялде лагъзал ахIизе
Русулал ритIарав ЛатIифун-Хабир!

Халикъги лъайчIони, динги гьечIони,
ЧIаголъиялдасан щиб пайда бугеб?
Дин гьабулездехун кьалги ахIани,
Ахираталде чи щиб босун инев?

Ширкгун нифакъалда гIумро тIамурав
ГIазабалъе хIакълъи – хIакъаб жо буго,
ХIакъав БетIергьанас лъураб шаригIат
ГIадада тарасе талихI кьеларо.

*[1] Жиндир балагьиялда гъоркь тIолабго гIалам даимав.**
*[2] БакIалъул рахъалъ.**

Тавбоялъул гъапу къанги гьечIелъул,
РачIа, гIолохъаби, босун те давла!
Исламияб динги цIилъун бугелъул,
ЦIияб гIумроялде тIаме галаби!

БитIе цо шагьадат бихьиназ гIадин –
Бахьи къосаразда гъорлъа рахъила,
Рагъе гьава-нафсгун бахIарзал гIадин –
Бахьи кьуразда гъорлъ асмаал[1] хъвайла!

Жалгун гIодор чIарал къосун кколареб
Къавм тIалаб гьабуни, гьелги ратулел.
Гьезулгун бухьен ккун сухIбат гьабуни,
Гьидаяталъул нур рекIелъе щолеб.

Гьадинаб къавм гьечIеб къо бачIунгеги,
Къосун ккараб агьло ричIад гьабеги,
РахIманасул цIобал цIадлъун чвахаги,
Хвалда ритIунги ккун ахират щваги!

Амин! Амин! Амин! Я Мужиб!

---

*[1] ЦIарал.**

## ИБРАГЬИМИЛ ГІАДАБ ВАРАГІ ГЬЕЧІОНИ,

Ибрагьимил гІадаб варагІ гьечІони,
Гьаб дунялалда тІад вукІун пайда щиб?
Пайда-хайир бугеб боссе лъайчІони,
Базар гьабиялъул магІна щиб кколеб?

МагІнавияб чилъи цІунарав гІадан
ГІасрабаз рехсола бахІарзазда гъорлъ,
Заманалъ къотІарал бидгІачагІазул
КъотІун ккола хабар хабалъе ингун.

Хабалъе аниги, гІалимзабазул
Зодор цІваби гІадин цІарал гвангъула,
ЦІвабилъун ракьалда хьвадананиги,
Диналъул цІогьазул цІарал кІочона.

КІочен гьечІел «цІарал» халкъалъеги тун,
Хараблъула гІумро фасикъзабазул,
Фискъуялъ мехтарал мунафикъазда
Къанабакье ккедал ватула МагІбуд.

## КЪАЛМИДЕ ЧУЧИ – ДИР ТІАБИГІАТ БУГО...

РекІел къварилъиялъ къвал банщинахъе,
Къалмиде чучи – дир тІабигІат буго.
ТІаде шугълабаца машгъул гьавидал,
ШигІрабазул кІкІалахъ лъугьине ккола.

Квачалъ цІоролесе печ-рукъ бокьула ,
Бакъалъ вухІулев чи рагІдукь кІанцІула,
РагІадги печ-рукъги, бакІ-заман бихьун,
Балагьулеб гІадат – гІадамазул нух.

ГІадамалин абун аскІорги рачІун,
Ургьимес кваналел борхьал ратидал,
Бицине рес гьечІеб балъгояб унти,
Тептералъ горони, дир хІехьоларо.

Ракьхъвай царал бугеб «гьудулзабада»
Гьабилесеб дарман дида лъаларо,
Дунялалъ гуккарал цІалунчагІазде
ЦІар гІалимзабиян лъезе рекъелищ?

Рекъа-рекъаразе рекъараб бицун,
Къавмазе лъай кьолел лъелал гІаскарал,
ГІисян-фискъуялъул цІар бугеб гІасро
ГІадада беччаге, борчІун кколебин.

Беразул пайда щиб, канлъи гьечІони,
ЧІаго хвараб ракІалъ лугбал цІунилищ?
Лугбал реччан толеб авлахъ къваридаб
Къарно гьаб горелъул, харбил пайда щиб?

Къоязул бакІалда моцІал лъуниги,
Инсанасул гІумро къокъаб жо буго,

Ракъи-къечалъул рахъ хIисаб гъабуни,
СагIат-минутгицин лъагIеллъун чIола.

ЧIаголъи цIунизе къут бижун буго,
ЦIолеб борцунелъе роценлъун буго,
Роцодаса цIикIкIун гIорхъи бахиндал,
Хадуб цо рецIцI букIин бихьулеб буго.

Цинги, ХIабибасе ﷺ кьечIеб бечелъи
Кьунилан чIухIизе ресго киб бугеб?
Кьуралда рекъараб сахават гьечIес
Хабалъ босе абе мусругун цадахъ.

Месед-гIарацалъе лагълъи гьабулев,
Лагълъи Аллагьасе гьабизе ккола!
Иблисалъгин нафсалъ асир гьавурав,
Вусса тавбоялде, рес щун букIаго!

ШаргIалда чIоларев, чIаго хварав чи,
ЧIаголъиялъул дуй щиб пайда бугеб?!
Бусурман динги тун талихI къосарав,
Къадроги дур гьечIеб беццаб капкилгIан.

Дудасаго мунго чIухIарав ахIмакъ,
ЧIухIизе жогIаги щибдай дур бугеб?!
Щибаб хIал-бакIалъулъ цадахъ баччулеб
Чохьониб хIажатхан – гьебцин горебищ?!

Цойги нилъ чIухIизе рес бугеб гьунар, –
Гьебги бице гьудул, бугеб батани,
Беразул канлъийищ, кверзул махщелищ, –
Щибизе кьун ругел жиги лъаларел.

Бицунеб гIилмоялъ, гIамал гьечIони,
ГIей гьабулареблъи берда бихьана,
Бихьуда-тIерхьуда тIагIат бацIцIалъи –
ТIолго нигIматазул хан букIин лъана.

Ханлъиялда кверщел батун хадуса
Щукру гьабизе ккей – рукну батана,
НигIмат, щукру теялъ, тIаса иналъе
Сабаблъун нафс ккейи – далиллъун чIана.

ДагIба-къец хирияв магIна гьечIев чи,
Мун къун чIезе кколеб къо нахъе бугеб!
Къун чIей хIехьоларев ахIмакъав инсан,
ГIакъло дуе кьезе чигойищ гьечIев?

Чанги мун гIадинав чIухIухъанасул
ЧIунтун паналъараб бакъул дуниял,
Къого бихьичIого данде гьабураб
Давла-хазинаги хIурудахъ арав.

ХIалал-хIарамалъул батIалъи гьечIев,
Гьеб куцалъ хьвадани, дур талихI къуна!
ТалихIги рохелги бокьун батани,
БитIараб ккой дуца гIумроялъул нух!

ГIалхул хIайваналда хьвади релълъарав,
ЛъицагIаги дуе тарбият кьураб?
Терроризмаялъул гIилмо цIаларав,
ГIадан мун ватани, кантIизе ккела!

Каранда хахулел, хадур гIодулел
Лъималазул улбул асир гьарурал,
Аллагьасул лагъзал – гIайиб гьечIеб халкъ
Къварид гьабейилан хъвараб бакI гьечIо!

Роддомалде тIаде гьабураб гьужум
Гьаз кIоченабуна, унго балагье?!
Школалде арал лъималазда тIад
Лъураб рагъ бихьулищ «багьадурзабаз»?!

Дунял-гIаламалъул рогьо горони,
Гьазий щвезе бугеб давла лъаларо,
Дунялалъул икъбал данде багъарал
Гъаринзаби руго, талихI къосарал.

Босуге, гIолилал, гьаздасан мисал,
Гьабуге фасалъи гьаб ракьалда тIад,
Гьабилги чIван Къабил къосарав гIадин,
Къосун ккезе горин, цIодорго рукIа!

РахIман ризкъи кьезе гъоркье чIунлъидал,
Досда хIал кIолебин, хIалалаб цIехе.
ХIаракатгунлъидал баракат бугеб,
КвалквадичIогоги нуж тIораларел!

## АНБИЯЪ-РУСУЛАЗУЛ ИРС ЖЕДЕЦА БОСАРАЛ,

Анбияъ-русулазул ирс жедеца босарал,
Эзул нух цIуниялъулъ цебесеб кьерда чIарал,
Исламалъул байрахъал рорхун жедеца ккурал
Хулафаазде данде дица чи восуларо.

Дин манлъизе гьунарги гьезул гIадаб бихьичIо,
Гьава нафсгун рагъулеб ярагъги гьезухъ буго,
Гьезда аскIов къарасул къо гIадада унаро,
ГIумроялъул къиматги гьезда гIадин лъаларо.

Гьел лъаларев чиясул Ислам-дин роцIцIунаро,
Дунял-ахираталда рохелги гьесий гьечIо,
Рохелалъул магIнаги гьел лъайчIесда лъаларо,
Лъараб къо бачIун хадуб хайир гьелъги кьоларо.

Ракьалда тIад Аллагьас уманааллъун тарал,
ТалихI къараз горони къец гьездехун байларо,
РекIелъ нифакъ бахчарав мунафикълъун гьечIони,
Гьездехун рагъ гьабизе гIакъилав вахъинаро.

# КІАЛ-МАЦІ ФАСАХІАТАЛ ХІАРАМЗАТАЦА

КІал-мацІ фасахІатал хІарамзатаца
ХІабургъинабуна халкъалъул пикро,
Хиянат гІемерал суфагьаазул[1]
Асло гьечІел харбаз халкъ бикь-бикьана.

Мунафикъзабазул къуват хойчІого
Къоял роцІцІунарин, саброялда чІа!
Исламалъул байрахъ борхун горони,
Борхьал тІагІунарин, гІенеккун рукІа!

МугІрузде бачІараб гІаздал цІороялъ
ГІодоблъиялдаги асар гьабула,
Арал санабазго рехараб гІонсокь
ГІурдал тІом бугелъул, тІугьдул рижинищ?!

РахІат цІикІкІанагІан гІамалги квешлъун
ГІаламалда бугеб хІал бихьуларищ?
ХІарамаб боцІуца чунтби цІунагІан
Бачазул лъугьунел бугъби рихьулищ?

Бугъбуца, бачазул кІалдиса бахъун,
ХъантІун талагьулеб кІалцІухъ балагье!
КІудиял гІункІазе, гІисиназда тІад
ГІарцол босенги лъун, бугеб ургъел щиб?

Щибаб гІалхул хІайван хъоморинги чІчІун,
Чахъабазе дунял къварилълъун буго,
Хъормазул тІанчІиян гІунгрулги лъугьун,
ГІанкІаби-хъазалцин тезехъин гьечІо.

[1] *АхІмакъзабазул.**

Тамаша, гьал гIункIал, кутул рихьидал,
Кутакалда цере тIурахъдулаан,
ТIурияли киса, гьанжи кIиялго
Эбел-эмен цоял ваццалин ккола.

Цуцалъ рекъоларел къавул гьабицин,
БацI бихьидал, цадахъ рортун унаан,
Амма гьанжи гьаби, бацIалгун рекъон,
Рехъабалъ речIчIизе ругьунлъун руго.

Гьабигун рехъаби хьихьизе тарал
ГIухьби рукIунаан мухь хIалаллъарал,
Мухьни киса гьанжи, квенцин хIарамал
ХIарамзатал руго гIи-боцIуда тун.

МугIрулгин хъутаби хьихьизе тарал
Хъаравулзабаца борч тIобалаан,
Борч тIобайни гьанжи кисса букIунеб,
КIварас кIвараб бичун, чунтби гьарула.

Гьезулгин гIухьбузул ургъел тIад бугев
ТIадчи вукIунаан, одоман абун,
Эсул хIукмуялда гъул басунарес,
Сордо къавулъ бахъун, хинкI кунароан.

Хабар-анищалъул пайда щиб бугеб,
Одоманаслъидал къайи биххараб,
Къайиялъул гIухьби гвамалахъги ран,
Рехъаби цIунизе бацIал тIамурал.

БацIалги циялги цолъизаризе
Цурдуца гьабуна гIемераб хIалтIи,
РагIа-ракьан гьечIеб мугIрузул авлахъ,
Эзул хIилла бергьун, хIурудахъ ана.

Хъартазул сагацин, тIанкI хутIичIого,
ЧIорого кьун ана аманхвадаца,
Арсахъ-сухъуралда, хух-бурутIалда
Хурхарал хIакъалцин мацI бахъун тана.

Нахъа рачIунеца загьро квагиян,
Загьро тIун, борхьаца ракьги чIурана,
Ракьул мугъалда тIад тIокIал, ниж горел,
ТIутI боржинарилан пикроги буго.

Пилазул вахIшияб къуваталдаса
ХIинкъун, боцIи-панзги рахIат хун буго,
РахIатго гIоларел жанаваразул
Зулмуян угьдулеб дунялги буго.

Дунял гIицIго ножой бижунги гьечIин,
Ниж теян ахIулеб хIинчI-гъедо буго,
Толищ-толарищан бихьила абун,
Балагь хIехьолезул саброги буго.

Сабро гьабуразул ахир битIулин
ТIадегIанав Аллагь ﷾ кIалъалев вуго,
Авал битIун, ахир бигъиялдаса
ГIаксаго лъикIилан лъалез абула.

## АНИЩАЗУЛ ХУР БЕКЬУН, ЧИ БЕЧЕЛЪУЛЕВ АНИ…

Анищазул хур бекьун, чи бечелъулев ани,
Халкъалъул, дун нахъа тун, цеве чи ккелароан.
ВачIа, гьудул, дуцаги тавбоялдеги вуссун,
Таввабинал унеб нух хал гьабе кисандаян!

Кибритул-ахIмар дуда нух-нухаб батуларин,
Батулеб рахъ-бакI лъалел ракI унтун тIалаб гьаре.
ТIегь балебщинаб гьотIол пихъ цохIо букIунарин,
Пайда цIикIкIараб лъайзе лъай щваразде гьикъарде.

Рохьил пихъалъул гореб тату лъайчIев гIалхулас
ГIаламалъго кунелъул хабар дуй бицинаро.
Дурго унтараб рекIей дару бокьун батани
Дарабазул хIал лъалев лъикIав тохтор валагье.

Тохторзабиййин, гьудул, гьанжи гьаб гIаламалъе
Унтабазе гIиллалъун гIемерисел ккун ругел.
ГIадамазул женаца жанисанги тIасанги,
Гьаб гIасроялъулъ гIадин, халкъ фасат гьабурабищ?

Фасалъаби гIемераб, гIадамаз яхI рехараб,
РитIухълъи бокьарасул бакьулъа мугъ бекараб.
БачIине буго абун ХIабибас ﷺ бицун тараб,
Питнаялъул рагьаби рагьичIеб улка бугищ?

Рагьун, дин-Исламалде данде рагъ балеб гьечIищ?
Дажалил агIваназул зулмуги цIикIкIун гьечIиш?
ЗулмучагIаз кIойкIулеб гьаб гIалам бихьуларищ?
БутIрул цIунун хIалтIулел тIадчагIазухъ валагье!

Гьаб кинабго ахIвал-хIал хIалкIолев БетIергьанас
ХIукмугин къадаралда къотIухъе унеб буго.
Ислам тIаса бищеян амроги гьабун буго,
Амма лагъзадерихъа эхтияр бахъун гьечIо.

ТавхIидалде ахIизе, хIужа къотIун букIине,
ТIадкъай гьабун русулал ритIиги хIакълъун буго,
ХIакъаб-батIулаб лъайзе лъай-гIакълоги кьун буго,
Бокьараб тIаса бище, гьанжи гьеб дур иш буго.

Дунги, анищал рекьун, бекьичIого хурги тун
Хайир щолареб лъайзе кватIун ккарав вугелъул,
КватIунин абичIого, иблисги къине гьабун,
Къуват Аллагьас кьолин, кьабе, гьудул, газа-бел.

Газа-бел кьабичIого кьучI лъолеб гIадат гьечIин,
ГIеларищ, гьудул, дуе гьанлъизегIан кьижарав?!
«Гьа» абичIони, оцалъ гьокоги цIаларелъул,
ЦIалал махI бахъинабе хIалихьатаб нафсалда.

Нус-нус ражуласда тIад бергьенлъи босаниги,
Нафсалдаса хIинкъарав – бахIарчи вукIунаро.
ХIинкъун, нечон чIейиялъ дунги гуккун ватанин,
Тавбо гьабун вуссине сагIаталъ нахъ вахъуге.

ГIасроялъул абнааз хадув цIайзе вукIунге,
Хадуб магIирукъ бугеб бертадулъ гIахьаллъуге,
Бартерилан цIар бугеб даран-базар гьабуге,
Долларазда бахиллъун, налъукье ккезе чIоге!

Налъулал хадур рараб гIумроялдаса цIуне,
ГIадамакьа нечараб пиша тIаса бищуге,
Рушватал кьун, батIулаб битIизабизе лълъунге,
БитIараб-хIакъалъул рахъ къавло-фигIлоялъулъ ккой!

Къуръаналъ мухIкан гьабун, хIарамлъи чIараб риба
ХIалалаб базаралда дуца релълъенабуге,
Даругин дарманалде данде загьро босизе
Бегьулищ-бегьуларищ, – гьабе дуцаго жаваб?!

Дажалил гIасроялде жанир лъугьун ругелъул,
Божи бугев гьудулги гьанжи дуе щоларев,
ГьебгIан жакъа батизе захIматаб жоги гьечIеб,
ХIалалал шагьабиги гьелдаго релълъон ругел.

ЛъикIал чагIи камураб заманги букIунареб,
РакI беццал гIадамазда гьел лъайзеги кIоларел,
Лъан гьезул хьибил ккурав гIададаги холарев,
Дуца тIалаб гьабуни, гьел дудаги ратулел.

Ратун хадур гьел тани, талихIги дуй кьолареб,
Кьуралъе шукру тани, нигIматги тIаса унеб,
Такъва гьечIони, ракIалъ дин-Ислам цIунулареб,
Дару гьаби унтуе – сабаблъунги кьун бугеб.

Ракьаялъ гьаналдасан сурсат босизе гIоло,
Гьеб кIиялдаго гьоркьоб цIил васитIа гьабураб,
Гьединго, цIа гIатIгояб цIулалда хурхиналъе,
ЦIа бакулев чиясе бакъвараб хIажалъараб.

Рехъалъ чIолареб чахъу хъормица гьекко чIвалеб,
Гьудул-гьалмагъ хал гьавун чи лъайзе рес букIунеб,
Чияр рагIуда божун дагIбадулъе лъугьани,
Дурго къадро хой гореб, хайирги дуй шолареб.

Хасго мадугьаласул хIакъ дуца тIобайзабе,

Зулму досул батани, къине чIун, тIалъи босе,
Исламалъул берцинлъи дуца бихьизабуни,
БетIергьан-Аллагьасул разилъи дуе щвела.

ШаригIасда хурхараб силсилат дур бугони,
Садатазул баракат камун мун хутIиларо[1],
Кумалазул гамида рекIине дуда лъани,
Ралъад гьалаглъаниги, гьелъул дуй ургъел гьечIо.

Эмен гьечIел наслаби бесдалаллъун рукIуна,
Бихьаразда горони, гьелъул кьогIлъи лъаларо,
МагIнавияб бесдаллъи – бищун захIматаб буго,
Тарбияталъул агьло гьечIого хутIугеги!

Гьезул гIадаб щулияб хъала дида батичIо,
Тушманасе квер байзе кисанго нух къотIараб,
ТIасанги жанисанги бащад гьабун къачIараб,
Къарнаби свераниги, аслоялда хутIараб;

Расулас кьучI тIамураб, Сиддикъас къадал рараб,
Салману-Фарисица тIох бан жаниб свērараб,
ЖагIфару-Свадикъица къачIан тIад квер бахъараб,
ТIайфурида кодобе аманат гьабун кьураб;

Аманат гьабун, цояс цоясухъе кьолаго
Гьоркьоб халал[2] ккечIого нелъеда кодоб щвараб,
Накъшубандил цIаралда дунялалда рагIараб,
Дин-ислам цIунулезе гьечIого жиб гIолареб.

Гьанжи дирги, абуни, – оцазцин жиб цIалареб
ЦIамул гьакида бараб гьитIинаб бачил мисал,

*[1] Ай, Аварагасда ﷺ силсила хурхарав устар дур вугони, гьезул баракат дуе щвела.**

*[2] Жагъаллъи, ками.**

Рече букIа, оц букIа, чу букIа, хIама букIа,
ХIакимас тIад къараб гьир баччичIого чара щиб?

Баччизеги цIайзеги, къудраталъул БетIергьан,
Къуват Дуца кьечIони, боссе ниж кире инел?
КигIанго гьунар гьечIел загIифал ругониги, –
Заманалъул абнаал, Аллагь, нежеда гурхIа!

Мунагьал гIемер руго, гIайибалде ккун вуго,
ГIумро къокъулеб буго, къоял дагьлъулел руго.
Дунял хиралъун буго, хваликьа хIинкъун вуго,
Халикъгун дандчIваялъул кIудияб ургъел буго.

Араб гIолохъанлъиян гIодулел берал руго,
ГIибадат-тIагIаталъул лъугьунеб жоги гьечIо.
Жигьадун-акбаралъе[1] ярагъ кодоб щваниги,
ЩайтIабигун рагъ байзе заман батулеб гьечIо.

БихьичIого лъалареб херлъи тIаде щун буго,
Щибаб лага-саналъул гIузраби тIатун руго.
Унтабаз, сверун лъугьун, «КъачIай», – абулеб буго,
Сафаралда вахъине хIадурлъизе ккун вуго.

ХIадурун цадахъ боссе жоги батулеб гьечIо,
БоцIи-мал, бечелъиги аниб хутIулеб буго.
Ханлъи-тIадегIанлъиги тIаса инехъин буго,
Ахираталъул рокъоб щиб ккелебги лъаларо:

Квешал гIамалал цIикIкIун, гIазабалдейищ ккелев,
ГIафуввун-Карим гурхIун, рахIмо гьабунищ телев?
ХIабибасул ﷺ шафагIат щваразулъищ хутIилев,
Шакъиявлъунги ватун, талихI къосунищ ккелев?

*[1] Гьава-нафсгун къеркьеялъе, гьелде данде рагъ гьабизе.**

ШайтIанун-лагIинальги гIайиб дидаго чIвайдал,
Горин, дуда букIанин дун чIаниги щиб ккелеб?
Дунялалде тIад вуссун веччайилан гьарани –
Гьебги букIунареб жо, вукIа гьанжи бокьухъе.

Гьале, ГIизраил малайк аскIов щванилан ккола,
Кинаб сураталда гьев вачIиневги лъаларо,
ЛъикIазухъе вачIунев берцинаб сураталъищ,
Балагьун дун хIинкъулев квешаб сифаталдайищ?

Кинаса вачIаниги, нахъчIван чIолев чи ани,
Чанта цIун гIарац кьезе дун барахщилароан.
Дие гIумроги бичун, холев чи щолев ани,
Хараби цIун кьуниги, жолъунги ккелароан.

Унго гьал анищазул щвалде щвейи бихьулищ,
Хьул халатаб дир нафсалъ хвел рихиналъ гьарулел?
Гьадинал анищазул хурзал рекьиялдаса
Халикъасде буссани, нафс, дуе лъикIаб буго.

ХвечIого ракьалда тIад инсан хутIуларелъул,
Хвалие къачIадани, дур иш мекъса ккеларо.
ГIасрабаца чIаголъи дуца гьабунаниги,
Доб хвалил лълъар гьекъолеб къо дуда тIаде щолеб.

Щварал гIорал нахъруссун мугIрузде чваханиги,
ГIизраил вачIун хадув хвасарлъи дуе гьечIеб.
Дунялалъул боцIи кьун атIибаал ккуниги[1],
Эзул дару-дарманги дур черхалъ босилареб.

Чан дуда гIел бащадал гIолилал паналъичIел,
Панаяб дуниял тун, ахираталде инчIел?

*[1] Ай, дунялалда бугебщинаб боцIи кьун тохтурзаби ккуниги.**

Анибго тезе бугеб хIара мунги горелъул,
ХIал кIвараб жигар бахъе гIибадат-тIагIаталъе.

ГIибадат-дин гъабичIел чIорого хутIулеб къо
ЧIаго вукIаго лъани, лъикI буго гIакъиласе.
ЛъикIаб жинде манлъидал босизе лъайи – талихI,
ТалихI бугел ратаги бусурманал наслаби!

Балагьазде сабро кьун, нигIматазе щукру кьун,
Щивав муъминчиясул чурхдузул хIал лъикIлъаги!
ХIакъаб рахъал бергьаги, батIулаб рахъал къаги,
БатIиниял-загьирал, унтаби тIаса аги!

Исламалъул нух ккойзе камилаб тавфикъ кьеги!
Тавбоялде руссине гIисинаб гIел кантIаги!
ГIилмоялда тIад чIезе тIалибинал лъугьаги!
ТIарикъат-агьлоялъе натижат хIасуллъаги!

ХIалалаб ризкъи кьеги, рукъалда баркат лъеги,
Баркат гьечIеб магIишат гьабизе тIамугеги!
Гьидаяталъул нухал бигьаяллъун лъугьаги,
ЛъикIабщинаб гьабизе щулияб сахлъи кьеги.

Самавиял, арзиял[1] балагьаздаса цIунун,
БетIергьан-Аллагьасул назраталда[2] хутIаги!
Абадияб рукъалъе къачIазе гIакълоги кьун,
ГIадатазе гьабулеб лагълъи рихинабеги!

Лагълъиялъул куцги лъан, БетIергьанги цо гьавун,
Цогидазе хIелулеб хIалихьалъи лъугIаги!

---

*[1] Зодосан ва ракьалдасан рачIунел.**

*[2] Благьиялда, цIуниялда.**

ХIакъав МагIбуд ватичIел, чIаго хварал гIадамал,
ЧIаголъун ракIалги ун, Исламалде рачIаги!

Исламалъул къимат лъан, Къуръаналъул адаб лъан,
Агьлу-къиблаталда гъорлъ ижтимагI[1] берцинлъаги!
ГIумроялъул магIна лъан, гIилмоялъул пайда лъан,
Лъимал мадрасабаде умумуца ритIаги!

Имамзабазул баркат икълималда[2] хутIаги!
АкътIабазул балагьи щивав чиясде шваги!
Дин рихарал къавмазе къудраталъул Аллагьас
Къагьроялъул цIал кьабун, гIадло-низам гьабеги!

* * * * *

Ширк-нифакъалдаса, гIисяналдаса,
ГIаламалъул МагIбуд, Дуцаго цIуне!
Дурго ХIабибасул ﷺ умматгилъидал,
Эсий гIоло чуре нежер мунагьал!

## РАЛЪДАЛ ГЪВАРИЛЪУХЪА ГЪАВАСАЗ РАХЪУН,

Ралъдал гъварилъухъа гъавасаз рахъун,
Ракъдаде росарал магIданаллъидал,
МагIна-мурад цоял гIибаратазул
Бицен халалъанин, нуж тIаса лъугьа.

ТIогьол авлахъазда сверулев мехалъ
МахI берциналщинал тIезе рокьула,
ТIолалго ракIарун, данде гьаризе
Гьунарги гIоларо, ресги щоларо.

---

*[1] Цолъи, данделъи.**
*[2] Улкаялда.**

Щварал-кIваралниги ракIаричIого
РакIги букIунаро кIвахIаллъун чIезе,
Гьимат-кIвар кIудияб истигъфар-свалат
Тезеги бегьилищ баян кьечIого.

БетIергьан-Аллагьас гьаб гIаламалде
«Тавбо!» - йилан горищ ахIула бугеб?
АхIиялъе жаваб гьабичIилазе
Гьабуларищ хIукму жужахIалдалъун?

Радал-бакъанида нус-нус истигъфар
Расулас гьабураб, гьалъул хал гьабе,
Гьалъго бицунарищ тавбоялъул кIвар,
КIвар гьечIого тоге талихI бокьарас!

Метер кванайзеян жакъа чIоларин,
Къойил гьабе тавбо мунагьаздаса,
Мунагь-хатIабазулъ тIерхьарал нелъей
ТIокIаб дару гьечIин, гьелда даимлъе!

Дунял бокьиялъул унти абуни –
ТIолго унтабазул эбел бугелъул,
Элъулъе ккечIев чи нелъерги гьечIин,
ЧIалгIун кин тIобайлеб тIиб хIалтIизаби?!

# КЬЕ, АЛЛАГЬ, НЕЖЕЕ ТАВБО РИЗКЪИЛЪУН!

Дин бокьаншинаца кьучI жинда лъолеб –
Кье, Аллагь, нежее тавбо ризкъилъун!
ТавхIидалде гъафу гIатIид гьабулеб –
Даим гьаре, Аллагь, ниж тавбоялда!

Жагьлоялъул бецIлъи тIаса рехулеб –
ТIаме факъирал ниж тавбо гьабизе!
Гьидаяталъул нух бацIцIад гьабулеб –
БацIцIадаб кье тавбо хIажатал нежей!

ЖужахI тIалъаралги тархъан гьарулеб –
Тавбоялде нежер кIвар бусинабе!
Ислам бокьаразе нигIматлъун кьураб –
Тавбоялде гIалам кантIизе гьабе!

ГIаламалъул эмен – Адамил гIадин عليه السلام, –
Гьабуралщиназул къабулги гьабе!
Къабул гьабиялъе ругел шурутIал
Щивав инсанасда лъайзеги гьаре!

Гьараж-маражги, тун тавбо гьабизе
Тавфикъ гIолилазе насиблъун гьабе!
ТавхIид тIаса бищун, Исламги бичIчIун,
Инкаралъул агьло нухабе баче!

Нух мекъса ккаразе шагьра бихьизе,
Шагьадаталъул нур чирахълъун гьабе!
Ширк-нифакъалдаса ракIал цIунизе,
Расуласул файиз къотIизе тоге!

Къоялги сардалги чIаго гьаризе,
РухIанияб къуват вагьболъун кьеги!
Къавлоялде фигIло хилифлъуларел[1]
Хавасазул[2] баркат гIор гIадин шваги!

ШафагIат гьабизе ХIабиб ﷺ веччайдал,
МахIшаралда гьевгун гьалмагълъи ккаги!
Гьаб дунял кIочараб ахиратги кьун,
Алжаналде руссен нелъер батаги! Амин!

*[1] Жедеца кIалалъ бицунебги черхалъ гьабулебги данде кколел.**
*[2] Макъам тIадегIанал вализабазул.**

# АЛЛАГЬАСЕ БОКЬАНИ, БОКЬАРАБ ИШ БИЛЪЛЪУНА,

Аллагьасе бокьани, бокьараб иш билълъуна,
«Иншааллагь» - ан аби – гьелъий мукIурлъи ккола.
Гьаре наслаби ругьун гьаб берцинаб рагIуда,
Расуласде Халикъас гьабураб амроялда.

Амро тIобайзе гьабун, ТIагьаясда ﷺ нахърилълъун,
РачIа, вацал, босизин, рес щун бугелъул, давла.
«Иншааллагь» абизе агьлолъун гьаруралъухъ
Гьабизин бацIцIадаб рецц рижарав Халикъасе.

Дос Жиндий лагълъиялъе рижунги нилъ ругелъул,
Лагълъиялъул шурутIал тIорайзарун хьвадизин.
ТIадеги тавхIидалъе нугIлъи щула гьабизе,
«Ла магIбуда илла ллагь» ракIгин мацIалъ абизин.

Макъамул-ихласалъул даража камиллъизе,
Вужудги нафю гьабун, Къадирасде руссинин.
Къуръангин хIадисалъул ахIиги къабул гьабун,
Гьава-нафсгун рагъизе яргъида кверал лъезин.

Яргъица гьабулареб гьунар жиндилъ батулеб
ДугIа гьабун гьаризин гьанжи БетIергьанасде.
Гьардохъан нахъчIваларев Вагьабун Каримлъидал,
ЛъикIаб занну-хьулалда цере эхетун чIезин.

Илагьиял анвараз латIаифал гвангъизе,
Зикрун-хафиялда тIад тIобараб къуват лъезин.
Иблису-лагIиналъул бакъулъа мугъ бекизе,

Керенгин ракI бухIулеб хIабсунафас гьабизин.

ХIабибуллагь ﷺ цевегун магIияталдаги чIун,
Макъаму-тавхIидалъул натижа хал гьабизин.
Нусабгоги логода сири балеб хIалалда
ХIузуралда бачинин халатаб нафю-исбат[1].

Нафсул-амарат[2] нелъей – тушбабазулги тушман
Тавфикъ Аллагьас кьеги, кьили лъун, гьеб рекIине[3]
Гьелъул квешлъиялдаса кинабниги рахъалъан
ЦIунун хутIилелилан хьул буго, иншааллагь.

---

*[1] «Ла илагьа илла ллагь».**

*[2] Квешалдалъун амро гьабулеб нелъерго нафс.**

*[3] Ай, гьелда рекIине.*

## КЬУРАБ РАГІИЯЛДА НАХЪА ЧІОЛАРЕЛ, НАХЪ-ЗАМАНАЯЛЪУЛ ЛЪИМАЛАХЪ БАЛАЙ.

Кьураб рагIиялда нахъа чIоларел,
Нахъ-заманаялъул лъималахъ балай.
Лъараб гIелмоялда гIамал куцичIев,
ГIанчIлъи бихьуларищ гьав тIалибасул.

ГIолохъанго вугин чIухIун ватани,
ЧIа! Духъ валагьизин, гьудуласул вас.
Гьеб дур гIадаб гIумру гIададаги ун,
ГIодулев дидайищ мун бахиллъарав?

Херлъиялъ кIойкIарав цо кIудадаца
Бицуна рагIичIищ гьабураб анищ:
«Гьай аман, араб дир доб гIолохъанлъи
Нахъ буссунеб анищ цо сагIаталъ», - ян;

Цинги мун гIадинав «гIалимас» гьасий
«Гьеб дуй щибизе?» - ян суал гьабидал,
Гьаб херлъиялъ дийго гьабурабщинаб
Гьелъий бицинеян жаваб гьабураб.

Жакъа гьабуни дин – дуе хазина,
Хадуб гьабилин тей – гIакъло гьечIолъи.
ГIакълоги батани, лъайги батани,
Босе, тIалиб, пайда заманалдасан.

Дин-Ислам гьукъараб къарну букIана,
Балъго, бокьахъ рахчун Къуръан цIалулеб,
Къуръан манлъулев чи тIад ккойзе щвани,
ТIад хIалтIиги гьабун, жанив тIамулеб.

Жакъа мун валагье, беразул канлъи,
Босизе лъарасе къун бугеб талихI.
ТалихI-рохелалъул их тIаде щведал
ТIурулеб гIадатищ гIолохъабазул.

ТIагьал ﷺ умматалъе чирхъаллъун ккураз
Чарал жал гьаризе данде ккеларо,
Диналъул хIубаллъун сифат гьабураз
Суннат мугьмалго тей бегьулеб жойищ?!

Бокьанщинаб гьабун мунги хьвадани,
Мисаллъун щив чIелев жагьилзабазе?
Жигьадун акбарги дуца танани,
Цинги нахъеязда щиб жо абилеб?

Щвараб бакI гвангъулеб бакълъун гьечIого,
КенчIеро гIадин щай вукIине кколев?
ГIаламалъ пихъ кунеб гъветIлъун чIечIого,
ЧIегIерзазлъун вукIин беццараб жойищ?

Жакъа дунялалда дур мисал – хIаррас[1],
Гьабулеб гIамалги – ракьалде хьон хьай.
Дунялги – мазрагIат,[2] хIалтIизабулеб,
РухI бахъулеб гIужги – хур лъилъулеб къо.

Хабалъа вахъиндал ГIарасат-майдан –
Дур хIалбахъин байзе къачIараб гьоцIу.
Гьениб данде гьабун, дур лъикIаб-квешаб –
Кинабгоги цIалеб ЦIадерабазда.

*[1] Хурухъан.*
*[2] Хур.*

Гьобо чIун бугилан хабар бициналъ
Ханжу  кьоларебин, лълъел рахъал къачIай.
ЧIунтизе дуца тун, бакъван хадусан,
Бакъулал нигIматал ахикь рижинищ?

Алжанги жужахIги букIинчIеб ани,
ВукIинчIевищха мун Халикъасул лагъ?
Лагъас сайидасде гьабураб хIалтIухъ
Ужра гьаруларин, гьелде мун кантIе!

Гьабураб лъаларев согIав чиясе
Саламатаб къимат къавмалъ кьоларо.
Къанун-законалъе мутIигIлъичIесе
ЧIваялде гIунтIараб гIадло гьабула.

ГIадада вижинчIев лъанги бугелъул,
Лъил гIакълоялдедай мун хIажалъарав?
Лъималазул эмен лъугьунгилъидал,
ГьитIинав чиянги мун кинан телев?

БетIер чарлъидалги чи лъугьунарев,
Черх чIунтидалищха мун балугълъилев?
Бартиги, квегъидал, чулъун сверулин,
Вусса мунги гIодов, гIадан ватани.

ГIадамалали нилъ киналго ругел,
Камилав инсанин дие вокьарав.
Бокьидал гьабизе, чIалгIиндал тезе
ЧIанда гореб дуе гьаб динул-Ислам!

Сардилъ рахъиналъул рехсей гьабуни,
Харбида рогьунел сардал данде цIай.
ЦIвабилъун рукIине хIални кIеларин,
МоцIлъунгIаги рукIин рекъараб гьечIищ?

Гьеб кIудияб давла боссе кIоларев
Бакълъунги гьечIони, гьев чи гIаданищ?
ГIазо балеб – хасел, цIад балеб – рии
Бище дурго рекIей бокьараб тIаса.

Бокьухъе хьвадиялъ кьалде вачуна,
Кьурулъан хьвадани, бох-квачI бекула,
ЧIахIиязул гIакъло гIадахъ босани,
ГIантал пишабазде нухал къотIула.

Къуръан-хIадисалъул хIурмат гьабурав
ХIалкIолев Аллагьас кIодо гьавула.
ХIабибасул ﷺ суннат нухлъун ккурасе
Ухраялда досул шафагIат щола.

ШафагIат щоларин ахIи балезухъ,
АхIмакъ ватичIони, мун гIенеккуге!
ГIавно-комекалъе васитIа ккойи –
Куфруян чIаразул рагIдукье къаге!

ГIалимин цIар бугев диналъул цIогьор
Дуца ватIа гьаве пиша хал гьабун,
Хиянатаб рекIелъ бахчараб нифакъ
КъватIиб рехичIого букIунаребин.

БачIинеб цо заман муъминзабазе
Зодосан цIад гIадин рахIмат чвахараб,
РитIухълъиялъ тIекълъи хIатIикь мерхьараб,
ХIабибасул ﷺ шаргIалъ дунял гвангъараб;

ДагIбадул агьлоялъ кверал рорхараб,
Куфруги нифакъги гIодоб речIараб,
ГIадло-диваналъул къуват лъугьараб,
Къуръанги хIадисги хIакъаблъун чIараб;

ХIакъаб агьлоялъул рагIи билълъараб,
Абул-Къасим вачIун, гIалам боххараб,
ГIиса – РухIулагьги зодосан рещтIун,
Ширкалдаса гьаб ракь бацIцIад гьабураб;

БацIцIадаб диналде халкъ тIобитIараб,
БатIулабщиналъул асло лъугIараб,
Атеистазулги калам къотIараб,
Къудраталъул Аллагь ﷾ – МагIбудги лъарав.

Дажалгин гьесул къавм басраги гьабун,
Байтул-Макъдисалда байрахъал чIвараб,
Магьди-имамасул тарбияталда
Тасаввуфалъулги нур загьирлъараб.

Зулму-къварилъиялъ сверун росарал,
Сабро кье, БетIергьан, бусурбабазе!
Ислам цIуниялъулъ тохлъи кканиги,
ТавхIидалда ругел къавмазда гурхIа!

Амин! Амин! Амин!

## ДИНУЛ-ИСЛАМАЛЪ ГІАДИН ГІАДАМАЛ КУЦУЛАРО...

Динул-Исламалъ гІадин гІадамал куцуларо,
ГІаданлъиги намусги, гьелъ гІадин, манлъуларо,
ЛъикІабщиналде каву кидаго гьелъ рагъула,
Гьелде куцун гьечІони, гІадан камиллъуларо.

ГІадан хІайваналдаса ватІа вахъизе ккани,
ХІакъаб дин тІаса бищи тІоцобесеб шартІ ккола.
ШартІ камуни, камиллъи сундулъго букІунаро,
Исламалда гьечІесул гьоко цебе унаро.

Гьес гьабураб гІамалги гьородахъ босун уна,
Далил къварагІарасе Къуръан-хІадисги буго.
Къуръаналъул ахІуе жаваб гьабурав инсан
Жагьлоялъул ралъдалъа гъанкьичІого ворчІула.

Гъаргъараталда цебе[1] тавбоялде канцІарав
ТавхІидалъ абадияб жужахІалъув толаро,
Таввабу-РрахІимасул хІилмоялъ хвасарлъула,
ХІабибасул ﷺ шафагІат щваразулъеги ккола.

ЩайтІаналъул макроялъ гуккизе рукІинчІого,
РачІа нуж тавбоялде, тавфикъ Аллагьас кьеял!
Кьураб нигІматалдаса нахъе кІанцІун рукІунге,
Нахъа хутІани, чахъу хъормица гьекко чІвалин.

Гьидаят тІалабалъе тІаде босун яхІ бахъе,
ХІабибасул ﷺ шаригІат щибго жо тун балагье,
Балагьани батулин, тохлъизе нуж рукІунге,
Тох гІумроги тІамуге, нахъа ракІбухІулебин.

---

[1] *РухІ мукъулукъалде щвелелде цебе.**

РакIбухIун гIодарасул беццаб берги чвахулин,
БетIергьан-Аллагьасде ихлас бацIцIадго гьаре.
Гьарани, жаваб кьелин Жинца къотIи гьабурав
Къадирасда цере нуж шурутIал камун чIоге!

Шагьадат – Исламалде баб рагьулеб кIуллъидал,
РакIги мацIалда рекъон – битIе щибаб гIужалда!
Ширкгин нифакъалдаса вацIцIалъизе бокьарас
БарахщичIого баче «Ла илагьа илла ллагь»!

## ЛЕ ГЪАЛМАГЪИР ЧАГIИ, НУЖГО ЩАЛ ЧАГIИ

Ле гъалмагъир чагIи, нужго щал чагIи,
Щиб ножой бокьараб гьаб ракьалда тIад?
Ракьал зигардараб, зобал угьдараб
Гьаб вахIшилъиялда щай нуж хьвадулел?

Дунял къварилълъунищ, гIумро чIалгIунищ,
ГIаламалъ гьабураб зарал-зияницщ?
РетIине камунищ, куйне тIагIунищ,
Улка-ракь рихунищ, халкъ бадиб къанищ?

Борхьал къинлъундай нуж гьарун рукIана, –
ГьадагIанго иман бахъун рукIине.
РакIалги ножода хъормил ратила, –
Хъормазул бихьулин кинабго гIамал.

ГIагарлъи-кьибилгун кьал ахIаралъухъ
Кьурал доллараца чи цIунуларо,
Чан гьабун гIадамал гIужийги росун,
ГIумро-ризкъиялда баркат лъоларо.

Баркат гьечIеб гIумро гьабугейилан
Гьазий гIакъло кьезе чигодай гьечIо,
Гьал рохьахъги рахчун, гъачагълъи гьаби, –
Гьаз тIаса бищараб пиша бихьулищ?!

Фашистазул улка абги горелъул,
Кавказалда бугеб гIайибгIаги щиб?
ГIайибго гьечIеб халкъ кьалде ахIулел!
Кьолищ ножой талихI? Щай ургъуларел!

Дагъистаналъ гьазий гьабураб щибдай,
Гьадин тIаде босун тушманлъун ккойзе,
Тушбаби рихьаял макрочагIазда
ГIалам гьадагIан цIакъ щайда рихараб?

Ле, гьал гIолохъаби, Дагъистаниял!
Доллараз гуккизе щай нуж рукIунел?
Долларал раккидал баккараб диналъ
Дунял-ухра ножор пасат гьабула.

Жакъаги метерги къоялда гьоркьоб
Къудратав Аллагьас сордо лъун буго,
Сордо рогьинелде щиб ккезе бугеб, –
Вугищ ножода гъорлъ гьеб лъалев инсан?

Ислам рихаразул налъукье ккарал!
Налъи бецIизейищ гIакъида ккураб?
ГIакъидаги хисун, налъиги бецIун,
РацIцIалъаралищ нуж Бишасда цере?

Изно босун, салам кьун горонани,
Кьабун, чияр рокъов лъугьунгейилан, –
Лъиде гьаб Къуръаналъ ахIула бугеб,
ХIисаб гьабун бихье, инсан ватани!

Инсанасул къимат лъаларев залим!
Зулмучи Аллагьас бергьун толаро.
Тушман чIваялъулъги низам цIунулеб
ЦIакъаб гIадло буго БетIергьанасул.

БетIергьан лъаларев вахIшияв лагъас
Лагълъиялъул адаб лъихъан босилеб,
Ислам бичIчIуларев жагьилав чияс
Жагьилаб горони хьвади гьабилищ?

Дунялалъул гореб ургъел гьечIесда
Ахират кIочон тей – тамаша горо,

ШаргӀалъе мутӀигӀлъи сурун бихьарас
Бищиларищ тӀаса щайтӀаналъул нух.

НухтӀа мекъса ккарал мусафирзаби[1]
Мурадалде щвейи – щакаб жо буго,
Тушманги гъудулги лъаларев чияс
Чанги балагь цӀала жиндаго тӀаде.

Жакъа гӀолилазда кин гурхӀиларев,
РухӀияб чӀаголъи жедее щвечӀел,
Пашманлъиларищ ракӀ гьал гъаримазда,
ГъалмагъирчагӀаца кверде росарал.

Гъазаватан абун «Акбар» бачине
Наркоманал руго тушбабаз тӀамун,
Какил арканалцин дурус гьаричӀел
ДалайчагӀи гуккун, чиналцин кьуна.

Ракьалда тӀад рекъел теларин чӀарал,
Те гьаб гӀалам жибго, гӀакъло батани!
Питнаби гьаризе бижараб агьло,
Батила ножода гьабурабщинаб!

Жигьадалъул бицун халкъ балъаргъулел,
Лъалелищ ножода гьелъул шурутӀал?
Шура данде гьабун тӀаде рахъарал,
ТӀахьазда ралагье кинда бугоян!

Доллараз хӀал гьабун гъоркье рехарал
ХиянатчӀагӀазда, воре, божуге!
Бицунеб рагӀуда гӀамал релълъенчӀел
ГӀакъло бугев чияс аскӀор реччаге!

---

*[1] Нухлулал.**

## ГІУНКІАЛ ЦІОГЬОРДУНИЛАН, РУКЪ ГІОДОБ РЕЧІУЛАРО ...

ГIункIал цIогьордунилан, рукъ гIодоб речIуларо,
Мунафикъал данде чIун, дин-Ислам чIунтуларо,
Дин чIаго гьабулезде данде рагъ гьабунагIан
Гьаваялъ мехтараб къавм къоринир жалго ккола.

Квешлъи лъикIалде данде багъичIого чIоларо,
Бугъатал[1] данде хIалтIун, хIакъаб агьло къунаро.
ХIинчI-гъедоялъ мугъ бищун, щвараб хур тIагIунаро.
ТIутIал рилълъун, жилаялъ хъухъари махIцунаро.

Рахъ-рахъалъан жанире чурукал лъарал чвахун,
Ралъдал бацIцIадаб лъее хиса-баси кколаро.
Басралъараб цIулакьо, цIиябги тун, кунаро,
ЦIа хъвайчIеб найил гьоцIо цIолболалъухъ кьоларо.

ЦIоралъул хормаялда гIалхул хIанцц релълъонаро,
ГIурдал хIан, гIиялги тун, гIадамас босуларо,
Меседалъул кьер бихьун, пахьалъ гIакъил чIваларо,
ЧIегIерабги хъахIабги ахIмакъ гореcда лъала.

ГIазаби ран, цIцIадал ран иццазул лълъимал цIикIкIун,
Лъарал-ихал рахъуна, гIурулъе данделъула,
ГIораз, къанатал[2] рахъун, авлахъал лъалъаниги,
Ралъдалъе чвахичIого чара дозие гьечIо.

Дунялалда хIалтIулел тIолго динал, гIадатал
ГIадамазда ричIчIараб бачIина цо замана.
Зулмугин къварилъиялъ къвал барал муъминзаби
Абул-Къасим вачIиндал рорчIила къориниса.

---

*[1] ХІакъаб агьлоялде [имамасде] данде бахъараб къокъа.**
*[2] Каналал, рахъал.**

Къавмал цуцаде гъусун, гIарцул базар гьабулел
ГIаламалъул тушбаби шаргIалъ ритIизарила.
ШаригIатги лъаларел, законги цIунуларел
ЦIогъазул хIукмучагIи, хIикмат, ножор талихI къин!

Ножоца биххун дунял паналъунги унарин,
Паналъизе рижарал ножорго ургъел гьабе!
Рагъал-кьалал гIемерлъун гIаламги тIагIунарин,
ГIалам пасат гьабулел питнабазул каву къай!

Мекъаб, тIекъаб горони къабуллъулареб агьло,
Унго, ножор гIадалнах сундасандай бижараб?
БитIарабги хIакъабги рекIелъго рекъоларел,
РакIалги хъормазулдай ножор каранда руго?

Аллагьас Къуръаналда какараб куфру-нифакъ
КакичIого вукIине рекIел гьунар гIоларо,
Гьидаяталъул[1] нохде гамачI балеб къавмалде
ХIакъаб рагIи абиялъ инсафги[2] дир хвеларо.

Мискиназ сабро гьабе, садакъа бечедаз кье, –
Бечедав Аллагьасул рахIмат тIаде чвахила.
ТIад ругел хIакинзабаз халкъалъе гIадло гьабе, –
ГIадло битIарав Халикъ жедеда разилъила.

Рушваталде регьулел кверал къокъ гьаруразе
Къадирасул рахъалъан хIалалаб боцIи щвела.
ХIарамлъиялда ругел тавбоялде руссани,
Тавабу-РрахIимасул гъуфраналъулъ[3] тIерхьина.

---

*[1] Инсан Аллагьасде вачунев битIараб нух.**
*[2] РитIухъльи, хIакъаб жо баянлъизе бокьи.**
*[3] Мунагьал чурулеб рахIмат-цIобалъулъ.**

ТІолалго жамагІатал, миллатал данделъани,
Дунял-ахираталда талихІаллъун рукІина.
ТалихІ, боссе лъарасда, бигьаго батулилан
Бицун цебеги индал, цойги рехсон шибилеб.

Херазул адаб-хІурмат гІолохъабаз гьабуни,
ГІумрогин ризкъиялда гьарзаяб баркат лъела.
Лъималазе тарбият чІахІиязул бугони,
ХІабибасул ﷺ нух ккурал муъминзаби рукІина.

РахІманасдаса хІинкъун хІарамаб пиша тани,
Ширкгин нифакъалдаса цІунизе гьунар щвела.
ЦІалараб гІилмоялда гІамал гьабун хьвадарав
ГІирфаналъул[1] иццухъе Аллагьас щвезавила.

ГІалимзабаз шаргІ манлъе, шайихзабаз тІарикъ кье,
ТІалибинал битІараб нухаре ккезе гьаре!
Халикъасул лагъ вукІин щивав инсанасда лъай,
ЛъайчІони, Досий лагълъи гьабун лъугьунаребин!

Гьидаят тІалаб гьаби нелъеда тун бугелъул,
Тавбоялъул гъапудухъ нахъе къайчІого кІанцІе!
Нахъе ккарасул талихІ цеве ккарас унебин,
Ккезе чІоге мун нахъе, нахъа пашманлъулевин!

Нахъа пашманлъи бугеб жакъа рохелалдаса
Рохел хадуб батулеб пашманлъиго бокьила.
Пашманлъи дунялалъул – тІаса унеб жо буго,
ТІаса унареб рохел ухраялда[2] батула.

Тавбоялде кантІи кьун, квешлъи тезе гьунар кьун,
Гьидаяталъулаб нух шагьралъун бихьизабун,
ШаригІат гьуин гьабун, хІакъикъат бичІчІизабун,
ЗагІифаб умматалъе рахІмо-цІоб гьабе, Аллагь!

---

*[1] Аллагь лъаялъул гІилмо.**
*[2] Ахираталда.**

## АЛЛАГЬ ТАГIАЛАЯС РАКЬАЛДЕ ИНСАН БОКЬУХЪЕ ХЬВАДИЗЕ ВЕЧЧАРАВ ГЬЕЧIО,

Аллагь ТагIалаяс ракьалде инсан
Бокьухъе хьвадизе веччарав гьечIо,
Вехь гьечIев гIи-боцIи гIалхуда гIадин,
ГIадамал хьвадизе данде кколаро.

Динул-Исламалда ракIчIей гьечIони,
КIал-мацIалъул гьури – гьабаъун мансур[1].
Гьава-нафс бергьарав «багьадурасе»,
Буракъ рекIаниги, хIурият кисса.

ХIасадалъул цIурал курмулги росун,
КурубиюназгIан гIибадат гьабе –
ГIамал хъварал кагътал цере рахъидал,
Цинги ГIарасалда лъала хIакъикъат.

ХIоринир къуркъбиги къвакъвазе тIамун,
Къадалъе рорчIула хIурайжи-борхьал.
Къадако -IанчIазе маргьоги бицун,
Цурдуз нух бахъула гъудузде гъорлъе.

Дие бокьилаан гьаб ракьалда тIад,
Кьалде нуцIаги къан, рекъел цIунизе,
Рагъул базабиги чIунтизе реччан,
ЧIагояб халкъалъе рахIат гьабизе.

ХIалимав вугелъул къудратав Аллагь,
Къисас босулезде гIедегIуларо.
ГIадилав вугелъул, саййидги гIабдги[2]
ГIалам бижарасе батIалъи гьечIо.

---

[1] КIалалъ бицунеб хабар – пайда гьечIеб жо.*
[2] Ханги лагъги.*

ГӀакълоялъул къадар роцаде щвечӀес
Щиб пайда босилеб гӀилмоялдаса?
ГӀилмоги швечӀони башги[1] гьечӀони,
Гьесул фатваялъ халкъ цӀадабе гьола.

ЦӀа, рекӀун хадуса, суйне гьабизе
Бигьа букӀунарин, кантӀе гӀадамал!
БетӀер унтилелде къараб лъикӀ бугин,
ЛъикӀ ургъе, киналго канлъи-лъай бугел!

БачӀин хӀакъаб амро, багӀидлъаниги[2],
ГӀакъло-лъай бугезда аскӀоб бихьула,
Иман гьечӀев ахӀмакъ божичӀониги,
Буго Алжан-жужахӀ ахираталда.

Балагьал гӀемераб гӀасрогилъидал,
ГӀедегӀуге, вацал, ццидай бокьухъе.
Ццин бахъаравщинас питна гьабуни,
Гьелъ щивасул рокъоб магӀирукъ лъолин.

Щибаб алаталъул хаслъи букӀуна,
Хаслъиялда рекъон багьаги чӀвала,
Бечедас, мискинас, ресалда рекъон,
Босула, бичула, даран гьабула.

Дармида лъолареб, багьа чӀвалареб,
Бокьарав чиясе чӀобого щолеб,
Щун хадуб горони къимат лъалареб,
Метералде тоге тавбо гьабизе!

[1] БетӀерги гьечӀони (ай, гӀакъло гьечӀони).*
[2] (РичӀалъаниги).

## Я ГЬАЛ ГІОЛОХЪАБИ, СУАЛАЛ РУГИН …

Я гьал гІолохъаби, суалал ругин,
Бугищ дие изно рагІи абизе?
ГІайнул-хІаяталъул бицен гьабуни,
ГьечІищ ножода гъорлъ тІул бухІарав чи?

БахІрул-МухІитІалъул тІино гвангъараб
Маргъалалъул сияхІ щванищ ножохъе?
Алжанал хІайранав, хІурал урхъарав,
ХІакъав Расуласул ﷺ рагІаниш хабар?

Халкъул-гІаламалъул бищун хирияв –
Хатамул-анбияъ лъалищ нужеда?
ЛъикІал тІабигІатаз тІалъи босарав,
Инсанун-камилин лъиде абулеб?

Дунял бижиналъе жив сабаблъарав,
Лъил авараг кколев ГІаламул-гьуда?
ГІулумазул асло, русулазул хан,
Халкъалъе рахІматлъун витІарав чи щив?

ТІолалго адянал насхоги гьарун,
Ахиралда Къуръан лъихъе рещтІараб?
Алжаналъул Буракъ рекІинеги кьун,
РахІманас гьоболлъухъ ахІарав лагъ щив?

Инжил-Тавраталда тасдикъги гьавун[1]
Таватур[2] борхарав халифа лъалищ?
Хандакъ-УхІудалъул захІматал къояз
Тушбабазда лъарав Мансур[3] лъил кколев?

---

*[1] Ай, жив витІухъ гьавун, хІакъав авараг вукІин баянги гьабун.**
*[2] Халкъалдаго гьоркьоб машгьурлъи, жив вахъине вукІин лъай.**
*[3] Аллагьасул рахъалдасан жиндие комек-квербакъи бугев.**

Макка-хIарам жиндий хIалал гъабурав,
ХIираъ мегIералда «Икъраъ» рештIарав,
Инсалги, женалги, жанаваралги
Жиндие мукIурав Мубашир[1] кисса?

Алжаналъул кверщел кодобе кьурав,
Кавноялда жиндир дин тIибитIарав,
ТIолго гIаламалъе нигIматлъун кьурав
ГIизул-гIарабасде дур балагьи щиб?

Ширкалъул агьлоялъ тIалаб гьабидал,
Кверaлъ ишан гьабун, моцI лъий хъвалхьарб?
Магърив-машрикъалда, КагIба-рукъалда
Амлаказ[2] байрахъал, щив гьавун, чIварал?

ЧIухIарал кафурал квердеги росун,
Басра гьарун хъанчал лъица гъурарал?
Гьавазин-Сакъифал[3] мукIурги гьарун
Гьидаят гьезие лъидалъун швараб?

Шавкат-къуваталъул хабар рагIараб
Хайбаралъул хъала лъица бахъараб?
Ханзаби, къайсарал, кисрабазухъе,
Исламалде ахIун, кагътал хъварав щив?

Килщазда гьоркьосан баккараб замзам [ай лъим]
ГIаскаралъ гьекъарав къаид[4] рагIанищ?
Жабир-асхIабасул дагьа-макъаб койн,
Квер жинца тIад лъейдал, бодуй гIурав щив?

Бадроялъул къоялъ Къадирас битIун,
Къуват зодосахун лъие бачIараб?

---

*[1] Аллагьасе мутIигIлъаразе алжаналдалъун рохел бицунев.**
*[2] Малаикзабаз.**
*[3] Макка сверун рукIарал гIарабазул къувватал къабилаби-тухумал.**
*[4] Бодул бетIер.**

ЛъабцIол данде цIарал къурайшиязул
Шавкат[1] хойзабурав Расулуллагь щив?

Сахратуллагьалда Буракъги бухьун,
Акъсаялда жаниб анбияъазе
Имамлъи гьабизе жинда тIад къарав,
Жибриласул гьудул, гьев лъалищ дуда?

ШафагIат гьабеян ГIарасаталда
ГIаламалъго ахIи лъидедай бала?
Улул-гIазмабиги хIайранаб къоялъ
Халкъалъе ватулев Матин кинавдай?

МахIшаралъул агьло гIажизлъун ккедал
ГIаршалда гъоркь сужда лъица гьабулеб?
Гьезие бигьалъи жиндалъун кколев
Алжаналъул кIулин лъиде абулеб?

Берал щапаниги ракI кьижуларев,
РагIичIиш бицуна МустIафал хабар?
РагIад лъугьунареб хIикматаб жасад[2]
Жиндие букIарав СиратIулагь щив?

Гьаваялда накIкIалъ рагIад гьабурав,
ГIалхулаб ритIучIалъ аман гьарарав,
Иман жинде лъезе халкъалда тIадав
Хайрул-бариятил исму[3] чан бугеб?

Асмаал[4] гIемерав гIулумазул ицц
ГIарабазда гьоркьов лъил кьибилалъул?

---

*[1] Къуват, гуч.**
*[2] РагIад лъугьунареб черх.**
*[3] Халкъалъулго хириясул цIар* (тIаса бищараб рагIиялда рекъон, 201 цIар буго).*
*[4] ЦIарал.**

Кьолбода жанибги тIаса рищарал
Къурайшазул Амин лъил вас вукIарав?

Эбелалда ургьив бесдалги хутIун,
Халкъ иршад гьабизе гьунар лъий кьураб?
ГьитIинго Аллагьас адабги манлъун,
Анбияъаздаса тIокI щив гьавурав?

ТIокIлъаби рицине нилъ гIажизлъарав,
ГIаламалъ хъваниги, гьел тIагIунарев,
ТIаса рищаразул саййидлъун гьавун
«СиратIун-мустакъим» – цIар лъие щвараб?

Шаймаил[1] баракат жедей насиблъун,
СагIдиял[2] тархъарав Матин рагIаниш?
Хъанчал аллагьлъун ккун, гIасраби арал
ГIарабазде тавхIид лъица манлъараб?

ЛъикIалдалъун дагIват къабул гьабичIел
Къабаилазда тIад хвалчен лъурав щив?
Халикъасул амро таблигъги[3] гьабун
Тавбоялде гIалам лъицIа ахIараб?

Магъриб-машрикъалда, тIолго ракьалда
ТIобан Исламалъул каву рагьизе
Зодор цIвабзазулгIан цIар борхалъарал
Хулафаалги тун, накълолъарав щив?

Нахъзаманаялда халкъ пасалъидал
Ислам цIи гьабизе вачIине вугев

*[1] Аварагасул ﷺ рахьдал яц.**
*[2] Рагъулъ кверде росун рукIарал Гьавазин тухум.**
*[3] Халкъалъухъе щвезе гьабун.**

Абул-Къаси – Магьди – МухIаммад-имам
Анбияъаздасан кинасул кколев?

Куфруялъгин ширкалъ чурук гьабураб,
Чурун тIолго кавно бацIцIад гьабизе
Зодосан гIодове ГIиса-РухIулагь عليه السلام
Кинаб диналдалъун рещтIине вугев?

Рехсарал суалал цохIо жавабалъ
Цадахъго рорхулин, ургъел гьабуге.
Гьикъарасде абе: «Гьев чи – МухIаммад ﷺ
ХIабибулагь, нежер Авараг ﷺ вугин!»

«Иман жинде лъуни, чи хвасарлъулев
Сайидул-мурсалин[1], Сиражун-мунир[2],
Мунагьал чуризе Набию-тавбат
Ниж гьесул уммат», - ан, рецц гьабун кIалъай.

Улул-гIазмабазул тажлъун гьаврав,
ТавхIидалде каву жинца рагьарав,
ТалихI батаразе чIового щварав
ШафигI вугин абе нежер хазина.

Жинде иман лъезе халкъалда тIадав,
Халикъас тIокI гьавун къадро борхарав,
Дунял-ухраялъул ханлъи кодосев
Саййид вугин абе нежер Авараг.

Баркатал чвахулеб сахIаб[3] гIадинав,
Судурал гвангъизе[4] нурлъун ватарав

---

*[1] Аварагзабазул саййид, гьезул бищун кIудияв.**
*[2] Нур кьолев чирахъ.**
*[3] Баракат чвахулеб накIкI.**
*[4] РакIал гвангъизе.**

Расул авараглъун нелъее кьедал
Рецц киндай гьабила БетIергьанасе?

ЖавамигIул-калим[1] каранда лъурав,
Лъида, вацал, лъалеб ТIагьал ﷺ хIакъикъат?
ТIолго гIаварифал, гIулумал, хIикмат
МигIражалда шварал, – щив хадув гьолев?

Шаънун-жамигI жиндий тажалилъарав,
ТавхIидалда цебе пардав хутIичIев,
Халкъул гIаламалъе рахIматлъун кьурав
Расулуллагь вуго – гьеле дир макъам.

Дин-Ислам жиндалъун камил гьабизе
Каримас, нахъе лъун, цIунараб жавгьар,
Боржалалде щведал загьирги гьабун,
Гьаб кавно гвангъараб бакъ-моцIлъун чIана.

Бакъ-моцIалъул канлъи бераз босула,
Расуласул нуралъ курмул гвангъула,
Каранда жаниб ракI чIагоги гьабун,
Гьидаяталъул нух батизе кIола.

Халкъ бижилелдего зарра бижарав,
Жив анбияазе хатамлъун[2] ккарав,
Хиралъи-тIокIлъиялъ тIалъи босарав
МустIафал асрарал[3] лъица рагьулел?

МигIражалъул сордо, дол гIажаибал,
ГIарш-курсалъул харбал, къаба-къавсайни,

---

*[1] РагIаби дагьаб, магIнаби гIемераб, гъваридаб калам.**
*[2] Аварагзабазул ахирисевлъун.**
*[3] Балъголъаби, хIикматал.**

Сидратул-Мунтагьа, Байтул-Мукъаддас,
Босен цIоройчIого тIобараб сафар.

ТIадегIанав  Аллагь! Къудратав Аллагь!
Унго,  ХIабибасул хIикматаб вижин!
ХIисаб гьабун инсан хадув гъоларев,
Хал гьабе, гIадамал, гьав Расуласул.

Гьидаяталъул нух тIалаб гьабулез
ТIоцобе битIулеб иман-шагьадат,
Аллагь цо гьавидал цинги, «МухIаммад–
Расулуллагь» аби шартIлъун гьабурав.

Гьесде рокьи гьечIеб рекIелъ бижараб
ГъойтIалда пихъ байи – букIунареб жо.
Жиндир нафсалдаса гьев тIаса вищи –
Бусурман чиясе рес гьечIеб амро.

Аллагьасе вокьи бокьарав чияс
Рокьи хурхинабе Аварагасда,
Досде рокьи гьечIеб унтулъе ккарав
Тохторасухъе а дару гьабизе!

Дару-сабабалда махлукъат хурхин –
Халикъас Жинцаго лъураб нух буго,
Лъай жиндие гьечIеб лъалесде гьикъи –
Къуръаналъ гьабураб манлъа-хъвай ккола.

ЛъикIабщиналде нилъ жинца рачунеб
РахIманас лъураб нух – шаригIат цIуне!
ШайтIан-нафсалдаса цIунулеб ярагъ –
ГIицIго Исламалъулъ, лъикI ургъун вихье!

Агьло-суннаталъул гIакъидаялда,
ГIакъил мун ватани, диналъе кьучI лъе.
Дурго аслияб рукъ лъалеб батани,
Лъара-лъараб гьабун, квешго хьвадуге!

Квешго хьвадарасул ахир мекъса ккей
Къуръангин хIадисалъ хIакъ гьабун буго.
ХIакъалде мугъги кьун, кьурун вуссарав
Кьурса гъоркье унев цо къо бачIуна.

Масафат[1] къотIизе бигьаго лъалев
ЛъикIав далил ккуни, дур талихI гьечIищ?
Шагьранухги какун, сохъмахъ беццулев
Беццав вукIиналъе далил гIеларищ?

БекьичIого хурги бачIунарелъул
Рии-ихалъ кьижун инсан тIовалищ?
Аллагьас кIалдиб лъун ризкъи кьезегIан
Марзукъинал чIейи шаргIалъул нухищ?

ШаргIалдаса тIурун, нух къосарав чи,
ТIадвусине дуе ресгойищ гьечIеб?
РахIматалдаса хьул къотIун ватани,
Тавбо гьабе, гьудул, гьеле дуй сабаб.

[1] *Нухлул манзилал.**

## АЛЛАГЬАСУЛ КАЛАМ – ХИРИЯБ КЪУРЪАН …

Аллагьасул Калам – хирияб Къуръан –
Халкъул-гIаламалъе гIаммаб нух ккола,
ГIадло-диваналъулъ дуруслъи бугеб,
ДагIабадулав къунеб къанунги ккола.

Къанун-законазе аслолъун ккараб,
Инсаниятальe хIужаги буго.
ХIабибасул ﷺ уммат нухда тIамизе
Суннат шархIлъун ккараб далилги буго.

Диналъул ахIкамал мухIкан гьарулеб,
Муъминаб халкъалъе дарслъунги буго,
Дунял-ухраялъул хал гьабуразе
Хабарал рицунеб Китабги буго.

Таврат-Инжилалда тасдикъ бачIараб,
Насхо[1] жиндий гьечIеб жавгьарги буго.
Жаниб гIулумазул магIдан бахчараб,
БахIрул-мухIитI гIадаб ралъадги буго.

Лъайгин гIакъло бугел хIайран гьарулеб,
ХIикматал раккулеб иццлъунги буго.
Инкар жинде ккурал мункириназул
Курмул къварилъулеб къорлъунги буго.

КантIи гьечIел къавмал асир гьаризе
Расуласухъ кьураб хвалченги буго.
Рисалат-нубувват щула гьабизе
ШаригIас цIунараб къуватги буго.

---

*[1] Ай, Къиямасеб къо чIезегIан жиндир хIукмаби хисулареб.**

Гьидаяталъул нух тIалаб гьабулес
ТIоцобе квер балеб кавуги буго.
Керен гIатIилъидал гIирфан цIунизе
ГIарифас ретIунеб къолденги буго.

Воре, гIолохъаби, гIакъло ножоца
ГIилму-нафигIалъе[1] хIалтIизе гьабе!
Гьаб дуниялалъухъ ахират кьурал
АхIмакъаб къавмалда нуж бахиллъуге!

Ахир-заманлъидал, диналда жанир
Жакъа рикьалаби камиллъун руго.
Кепказ цIар босана, цIогьалъ бакI ккуна,
БацIил цIакал ххураз дин балъаргъана.

Балъгоял гъачагъаз чунтби гьаруна,
Чиновниквзабаца дунял гIуцIцIана,
ГIакъилавщинав чи ахIмакъ лъугьана,
Гьересигин мацIалъ ритIухълъи чIвана.

РитIухълъиялъул нух къосун ккаразда
Къуръан-хIадисалъул хIукму кIочана.
ХIалал-хIарамалъул гIорхъи лъаларел –
ГIалхул хIайваназда релълъон хьвадана.

Давла-хазинаги хараблъизе тун,
Хайирго щолареб базар гьабуна,
Бераздa бихьулеб гъуршица гуккун,
Щвезе рес букIараб жавгьар кIочана.

Жавгьар-якъуталъул къимат лъаларел,
Къец бан, пахь-маххалда хадур лъугьана.

[1] *Ахираталъе пайдаяб гIилмоялъе.**

Халикъ гъоркье чIарав ризкъи гIечIого,
ГIемералде лъурал хьулаца чIвана.

Хьул халалъиялъул унти ккарасе
Тохторасул дару сабаблъуларо,
Санаториязги турбазабазги
БатIиниял ругъунал цIилъизарула.

БатIинал-загьирал ругъналги сахлъун,
Сахлъи бокьарав чи, цо дару буго!
Дуда гьелъул къуват гьекъедал лъала:
Гьабе, гьудул, тавбо, вусса Бишасде!

## ЧIАХIИЯЛ МУГIРУЗУЛ, ГОХIАЛ-ЩОБАЗУЛ ...

ЧIахIиял мугIрузул, гохIал-щобазул
Щибалда рекъараб борхалъи буго,
Борхалъи борцинчIеб, гIорхъи-рахъ лъайчIеб
ГьечIин абуниги, мекъса ккеларо.

Цинги ралъадазул, океаназул
ТIиналде раккула, гъварилъи лъала,
Гъавасал квалквадун, техника хIалтIун,
Киб щиб хIикмат бугеб мухIкан гьабула.

Гьаваялде рахун, тIасан ралагьун,
ТIолго дунялалъул сурат бахъула,
Ракьулъ бахчун бугеб бечедаб магIдан
Бугеб бакI хал гьабун, тIад кверал лъола.

Кавнуялъул тIолго гIалимзабаца
ГIулумазул тIахьал къватIир реччала,
«КъватIиб загьирлъичIеб, халкъалда лъайчIеб,
ЦIияб рагьи» – абун къиматги кьола.

Къудратав Аллагьас гьаб гIаламалъе
Гьадиятлъун кьураб Каламун-Къадим –
Къуръаналда жаниб лъун бугеб гIилмо
ГIалимазда жеги рагьизе кIвечIо.

Чан академикал, чан профессорал,
Философиялда гIумро тIамурал,
ГIулумазул иццги цояб рахъалъ тун
Рахъ-рахъалда свердун сонал рехарал.

Ахир-къадги доб ицц – Къуръанги батун,

Къудраталъул Аллагь ﷻ цо вукIинги лъан,
Цинги мискинав лагъ живгоги ватун,
Исламалде вачIун муслим лъугьарав!

Инсаниялъул гIакъло хIайранаб,
ГIилму-нафигI кьурав кантIизавулеб,
Кавно бижиналъул, ахираталъул
Харбал рицунелъул нилъ гIажизлъулеб;

Лъай бугелаз хъвараб цIалун горони,
ЦIивурзабаз хIетIе лъезе бакI течIеб,
Борхалъи, гъварилъи лъайзе кIолареб
Ралъадги мегIерги – гьале доб Къуръан.

Даран гьабулесе хайир балагьи,
Хал гьабе гIадамал, – рогьо-нич бугищ?
Багьа тIадегIанаб къай-цIа бихьидал
Базаргаби гьелде кин тIаделъула?!

Гьагав чи кьурулъан гъоркье кIанцIани,
Гьев хвараралъур хойзе хадур нилъ унищ?
Унта-щокълъиялъе дару балагьун
Дунял свеpуларищ рес бугев чияс?

Ислам жибго хадуб бачIунарелъул,
РачIа тIаде рахъа, дин къварагIарал!
Къуръаналъул ахIи рагIун гIоларин,
ГIакъло хIалтIизабун, гьабе анализ!

Аллагьасул Калам хIакъ гьабуларев
ХIакъаб диналдаса ватIалъун ккола.
ХIакъикъат бичIчIизе тIалабго гьечIес
Гьидаяталъул нух кин балагьулеб?

Гьабе дуца пикро, гIабдал горев чи,
ГIадамазул балай кибехун буго?
КантIе мун харбиде, вусса гIодове,
НасихIат лъезе дур къвачIа батани!

# КЪУРЪАНАЛЪУЛ АХIУДЕ ГIАВАМАЛ КАНТIИЗАРИ

(УНКЪАБИЛЕБ ТIЕХЬАЛДАСА)

# ЧIАГОЯВ ЧИЯСЕ ГIУМРО ГЪАБИЗЕ ГЬЕЧIОГО РЕС ГЬЕЧIО ЦО ВУССИНЕ БАКI,

ЧIагояв чиясе гIумро гъабизе
ГьечIого рес гьечIо цо вуссине бакI,
Вуссине бакI гьечIев гьардухъан гIадин
Авлахъалдаго чIун чи хIебтIуларо.

ХIотол букIаниги, босен-къайниги
Бищун дагъабниги къваригIунелъул,
КъварагIараб-тараб гьениб хIебтIизе
ГьитIинабгIаги рукъ букIин шартIлъула.

МегIер-гIалахалда чалалги гьарун,
Гьел, рукъзал кинигин, къачIан гIуцIизе,
Къасе-къад чIечIого, свак-махI лъайчIого
Сверулел чагIазе чамилаб лъелеб?

Лъайгун гIакъло бугев гIадан вугони,
ГIалам буссаралъув вуссине ккола,
Бералги гIундулги сахал ратани,
РагIи-бихьиялъулъ мекъса кколаро.

МегIер-гIалахалда чалалги гьарун,
Гъабураб магIишат билагъуларо[1],
БукIине ккола цин щулияб мина,
Щун гIор бачIаниги, кьучI бихулареб.

Щибаб рахараб бакI рагьизе ккани,
Гьелъий хас гъабураб кIул къварагIуна,
КIулалъ ричIун нуцIа рагьун гурони,
Рокъов чи лъугьунев гIадатги гьечIо.

---

*[1] Ай, цIунун бажаруларо.**

ГIалхуда гIуцIцIараб къай-матахIалъул
Къисмат кинаб кколеб нелъеда лъана,
Кирит[1] бан рахараб рукъ рагъулесе
Рес гьечIеб алатлъун кIулги лъугьана.

Гьанже Исламалде пикро буссарав,
Вуссунге гьелдаса, мун витIун ккола!
Ккун вугин нухаве, воре хисуге,
Васвасги нахъе чIван, рахъе галаби!

Авлахъалде бараб дурго бечелъи
Босун рокъоб лъуни, цIунун хутIила,
ЦIадгин бакъалдалъун турун хойзегIан,
Хехлъи гьабуниги, зарал ккеларо.

Зобалгин Алжанал жинца рагьулеб
Гьанже цо кIул бугеб дуе хIажатаб,
Жиб цIунанщинасе сафар битIулеб,
Бичун босун жеги чи маликълъичIеб[2];

Чанги капуравги квеш хьвадаравги
Кавно бижарасде[3] руссинарулеб,
РакIги мацIги рекъон жиб абурасе
Алжаналъул каву жинца рагьулеб;

КигIан гIемерниги чIахIиялниги
Мунагь ккаразулъги иман цIунулеб,
Агьлу-кабаирал[4] жужахIалдаса
Жиндалъун Расулас хвасар гьарулеб;

---

*[1] Ай, кIулал.**
*[2] БетIергьанчилъун вахъинчIеб.**
*[3] Ай, кинабго махлукъат Жинца бижарав Аллагьасде.**
*[4] ЧIахIиял мунагьазул бетIергьаби.**

Халкъ бижаралдаса умматазухъе
Аллагьас русулал жибгун ритIараб,
Жиб къабул гьабурал къавмал рохараб,
Къабул гьабичIезе гIазаб хIакълъараб;

ГIулвияб, суфлияб махлукъаталъул[1]
МагIбуд[2] цохIо вукIин жиндалъун чIолеб,
Жиндилъ гIулумазул[3] бахчараб магIдан
Баян гьабизе халкъ гIажизлъун ккараб;

ГIакълогин тафаккур[4] талихI кьураца
Тушмангун рагъизе ярагълъун ккураб,
Квешалдалъун амро жинца гьабулеб
Нафсалда кьабизе хвалченлъун чIараб.

Хвалчен-туманкI гIадин, чаран-маххалъул
Чвантиниб цIунулеб кIул добин ккоге,
Доб жаниб цIунизе хасс гьабураб рукъ –
Къалбу[5] абун бугеб щивав чиясулъ.

ЩайтIаналъ кверги лъун бецIлъараб рекIелъ
Босун доб кIул лъуни – чирахъ бакулеб,
Чирахъги бакун рукъ гвангъун тун хадуб
Тараканазул хIал дудаго лъала.

«Доб кIул дий кисса?» - ян суал батани,
Тавбо – гъолъул багьа, куфруялдаса,
Куфру-ширкги рехун, дуца абила:
«Ла илагьа иллаллагь, МухIамад расулуллагь!»

---

*[1] Зобалазда ва ракьалда ругел халкъазул.**
*[2] Жиндие лагълъи гьабизе тIадав Аллагь.**
*[3] ГIулумал – гIилмоял.**
*[4] Тафаккур – пикро.**
*[5] Къалбу – ракI.**

Гьанже щвана духъе доб рехсараб кIул,
Зобалгин Алжанал жинца рагьулеб,
БитIана гьанже дуй сафаралъул нух,
Рохалида щваги мунтагьаялде[1]!

Дур, талихI кьурасе, щукру батани,
НигIматазул рахас тIезего гьечIеб,
Исламалъул нухда мун даимлъани,
Иманги ихIсанги дур щулалъулеб.

Цойги дуе бугеб кIудияб рохел,
Рохел бицаралъухъ дуца щиб кьелеб[2]?
Ширкгин куфруялъулъ гьарун цереккун
Арал дур мунагьал тIолго чурулел!

Гьелдаги мун течIев, талихI кьурав чи,
ТалихIги рохелги тIаса унгеяв,
ТIолго хIасанатал[3], дуца гьарурал,
ЦохIо камичIого гьелги дуй хъварал!

ГьадагIан рахIмат-цIоб Жиндир гIатIидав,
ГIаламалъулго Хан, халкъалъул МагIбуд ,
Халикъ нилъер – Аллагь, нилъ – Досул лагъзал,
Лагълъи гьабизе щой – нилъер сагIадат[4].

Исламалъул гьайбат лъалебанани,
Лъелго хьвадилаан аб гIалам хадуб,
Инжил-Тавраталъул тасдикъ бихьани[5],
Тавбоян ахIичIеб рухI хутIиларо.

---

*[1] Ай, мурадалде.**
*[2] ДугIа гьабе.*
*[3] ХIасанатал – лъикIал гIамалал.**
*[4] СагIадат – талихI.**
*[5] Ай, Инжил-Тавраталда Ислам хIакъаб дин букIин ритIухъ гьаби.**

Ругьбанал хилифлъун, тахIрифги гьарун[1],
Гьел тIахьазул тIобан асло хисана,
ТIаде, халкъалъухъе щвезе течIого,
Щула гьарун рахчун, туснахъ гьаруна.

Аслоги балагьун, къватIирги рахъун,
Инжил-Таврат анищ жакъа халкъалъухъ,
Жагьлоги, куфруги, кинабго ширкги,
Шагьадатги битIун, телаан рехон.

Таврат-Инжилалда къоно лъуниги[2],
Къуръан гьале цебе, дозул бицунеб,
Цересел адянал насхоги гьарун[3]
Халкъалъего гIаммаб къанунлъун чIараб.

Къуръаналъ гуребищ цересел тIахьал
ХIакъкъал рукIиналъе нугIлъи гьабулеб?
Гьелда жанир гурищ къиссаби ругел
Къавмаз русулазе гьабунщиналъул?

Гьолъ гурищ ахIулеб тавхIидалде[4] халкъ,
Таврат - Инжилалъул аслоги цIунун?
Ибрагьим-Халилги, ИсхIакъ, ЯгIкъубги عليه السلام
Исламалда горищ жал накълолъарал?

Жиндир наслабазде, васият гьабун,
Исламалда хваян гьез абун гьечIищ?
Муса-Калимуллагь, ГIиса-РухIуллагь عليه السلام
Гьазулги шаригIат Ислам букIинчIищ?

*[1] Ай, Инжил-Тавраталъул гIалимзабаз хисизеги гьарун.**
*[2] Ай, рахчаниги.*
*[3] Ай, цересел аварагзабазул диналги хисун**
*[4] ТавхIид – Аллагь سبحانه وتعالى цо гьавун, Гьесие лагълъи гьаби.**

Аллагьасда аскIоб, Ислам горони,
Къабул гьабулеб дин цойги бугебищ?
Къуръаналъул аят – далилги гьечIищ,
ДагIбадуласул мацI жинца къотIулеб?

* * * * *

Рахъ-рахъалъе биххун, халалъун кканин,
Харбил чIамучIлъиян чIваге, вац, гIайиб!
ЧIалгIинчIого цIалун пикро гьабуни,
Гьал къисабалъ дуда батила жавгьар!

* * * * *

## НАФСУ-Л-АМАРАТГУН ВАГЪУЛЕВ МУРИД ...

Нафсу-л-амаратгун вагъулев мурид,
Ярагъ буго дуе ТIайфурил калам!
ТIагьал ﷺ машрабалъул хазиначагIаз
Халкъалъе бикьулеб давла бихьулищ?

Динул-Исламалъе хIубаллъун чIараз
РечIчIараб щинаб чIор чIчIалда щолеб куц!
ШаригIат цIунарал акабиразул
Умматалъе бугеб кIудияб баркат!

КIудиял чагIазул хIохьал чIваразе
ЧIаголъи букIуна, хвел нахъа гьечIеб,
ЧIаго дол рихьичIел атбагIазеги
Мулакъин[1] щванани, щола гьеб хIаят[2].

Тушмангун багъулеб тIолабго гIаскар
Герояллъун рахъин шартI букIунаро,
Щивав рагъухъанас кIвараб гьабула,
Гьунаралда рекъон къиматги щола.

Къадарал пишаби хIалтIизаричIев,
ХIал кIвараб куцалда намус цIунарав,
Намус-яхI бичарал нечараб къоялъ
Чинал кIудиязул мухъилъ вукIуна.

Рехъен билагьизе тIаде босулес
ТIомол хьитал ретIун гIей гьабуларо,
ГIи-боцIи хьихьизе вехь къваригIуна,
Рохьдол хIалги лъалев, гьунарги бугев.

---

*[1] БацIцIадго зикро талкъен гьабулев муршид.*
*[2] ХIаят – чIаголъи.*

Гьал нилъ гIадал чагIи нохда рачине
Нух лъаларев далил данде кколаро,
«Камилаб ижаза гьечIев шайихги
ЩайтIанги цо», - йилан бицуна тIахьаз.

ТIагьал ﷺ тарбияталъ ракIалги гвангъун,
РухIияб бечелъи жодое щварал,
Жодор сифат гьабун аят рещтIарал
АсхIабзаби руго – Аллагьасул бо.

Гьез ирсалъе тараб бацIцIадаб Ислам
БацIцIадго цIунарал дол табигIинал,
ГIулумазул иццал – ункъавго имам,
Ункъазулго мазгьаб – нелъее рахIмат.

Абубакар асхIаб – Сиддикъун-акбар,
Аварагас ﷺ рекIелъ асрарал лъурав,
Салману фариси, Къасимгун ЖагIфар,
ТIайфур, АбульхIасан – асрарул гIуюн.

Юсуф, ГIабдулхаликъ, МахIмуд Фагънави,
Фа ГIали Рамитни, МухIаммад-Баба,
Сайид Амир-Кулал – камилав муршид,
МухIаммад Накъшубанд – раису-тIарикъ[1].

ГIалаудин ГIатIар, ЯгIкъуб аль-Чархи,
ГIубайдуллагь-АхIрар, МухIаммад-Загьид,
Шайх Дарвиш-МухIаммад, РахIматалъул накIкI
МухIаммад-Хаважакил-Имканаки.

МухIаммад аль-Бакъи, АхIмад аль-Фарукъ,
Валадугьул-карим[2] – МухIаммад магIсум,

*[1] ТIарикъаталъул бетIер, имам.**
*[2] Ай, гьесул хирияв вас.**

СултІану-л-авлияъ шайих – Сайфудин,
Сайид Нур МухІаммад, фа-ХІабибуллагь.

ГІабдуллагь-Дигьлави, Халид-Багъдади –
Фариду дагьригьи, къутІбуль-авани, [1]
Фа-шайху ИсмагІил, МухІаммадсвалихІ,
Ибрагьимгун Юнус, МахІмуд-афанди.

Жабраил-афанди, тІабибул къулуб[2]
ГІабдурахІман хІажи Зул жанахІайни,
ХІасан хІилми КъахІи – хІакъав мужаддид,
Накъшубанд тІарикъат къачІарав остар,

МухІаммад ЯгІсуби, ХІумайд-афанди,
МухІаммад аль-ГІури, МухІаммад-гІариф.
МухІаммад-Бакълъухъи – рухІияв эмен,
ГІабдулхІамид Инхий, ХІамзат аль-Лъахъи,

МухІаммад-ГІахьалчІи, МІухІаммад-ТІидиб,
МухІаммад-Хочади – шайхун-мураббиʼ[3],
Ширкун хафиялъул афатаздаса[4]
Дун хвасар гьавурав хирияв устар.

Халкъалъул МагІбудас ракьалда тарал
Уманаал руго машаихзаби,
ШафигІасул суннат чІаго гьабулел
ЧІагоял ракІазул агьло буго гьел.

Гьезул хьибил ккурав муъминчиясе
Чанги рохел буго, бицун лъалареб,

---

*[1] Ай, жиндир заманалда жинде вахарав чи цойги гьечІев, заманалъул къутІбу.**

*[2] РакІазе дару гьабулев тохтур.**

*[3] Ай, тарбият гьабурав шайих.**

*[4] Ай, балъгояб ширкалъул балагьаздаса.**

Беразул канлъиги, каранзул нурги,
Кинабго давлаги доздалъун щола.

Дунялгин ахират берцин гъабизе
Гъаз гIадин манлъулев чи ватуларо,
Чанги хъормил гIадаб касбо[1] бугев чи,
Чахъу гIадин гъавун, гьез тIовитIула.

Гьезул баракаталъ, таманав жагьил,
Тавбоялде вуссун, гIалим лъугьуна,
ГIибадат гъуинлъун, живго жинда лъан,
ЛъикIал ахлакъазда[2] кверщел батула.

ЛъикIабги квешабги батIа гьабизе
БетIергьанас нелъей гIакъло кьун буго,
ГIакъло лъикIаб рахъалъ буссинабурав
Мекъса ккун рагIичIо, балагье нужго.

Аллагьасул богун кьал ахIичIого,
ВачIа, гьудулав чи, гьезул нухаве!
Гьезда речIчIараб чIор дудаго щолин,
Щай мун вигьунарев гьеб макьидаса.

Гьезулгун рагъ гьабун чи бергьунарин,
Бергьенлъи бокьани – дозул ракьан ккой!
Доздехун дур гIадаб, Адамидехун عليه السلام
Ккараб хIасадалъин иблис къосараб.

Иблисалъул нохда гIумро ун хадуб,
ДургIан къо бухIараб къисмат букIинищ?
Къиямасеб къоялъ Бичасда цеве
Щиб гIузруги бачун мун эхетилев?

---

*[1] Касбу – хьвада-чIвади, гIамал-хасият.**
*[2] ТIабигIатазда.**

Тавбоян ахIулеб Къуръанги бугин,
Къогойищ дуй гьечIеб вусса-сверизе?
Вуссараздe цIех-рех кин гьабулареб,
Гьелдалъун рогьойищ дуй щойзе бугеб?

Дир насихIаталъ дур хIал хисиларо
ХIал кIолев Аллагьас тIовитIичIони,
ТIалаб гьабичIесе гьидаят[1] гьечIин,
Гьабе дуца тIалаб, кватIун ккезегIан.

Дица дуй бицунеб берцинаб хабар
Царал хIилла горо, дуда бичIчIани.
Дурго гIакълоялъул роценалдалъун
Борцун-къотIун гьабе гьалъие хIукму.

Кагъат-къаламалде чучардулелъул
Чанахъанги дунги цо кьерда чIола,
Дирги досулги хьул дандеги ккола,
Данде кколареб жо – цо мурад буго.

[1] *Гьидаят – битIараб нухаве ккей, тIовитIи.**

## РАЧIА, ДАГЪИСТАНИЯЛ, ДАГЬАЛГИ ЦIАКЪ УРГЪИЗИН …

РачIа, Дагъистаниял, дагьалги цIакъ ургъизин,
Ургъун гьабураб хIалтIи щвалде щвараб букIунин,
ШаргI бичIчIиялъул рахъалъ загIиф хутIун ругелъул,
Халикъасул нухлъидал, лъайзабизе яхI бахъе.

Бижанщинаб жоялъул загьир-батIин букIуна,
Загьиралда тIадчIеялъ батIин чIунтизабула.
Балеб мина бугони, халкъалъул гIадаталда,
ГIадамазда бихьизе, тIохал-къадал къачIала,

ТIохал-къадал къачIаялъ, гьел чIухIизе гьариялъ ,
Гьелдалъун инсанасе, щиб пайда щвезе бугеб?
Пайда-хайир гьечIелде кIвар буссинабичIого
КIвар бугеб жаниса рукъ къачIани, лъикI ккеларищ?

Нилъ жинда тIад хьвадулеб гьаб ракьалъул хал гьабе,-
Берда бихьулебщинаб гьалъул загьир кколарищ?
Загьиралда цадахъго батIиналъул хал гьабе,
Хирияб щинаб магIдан жинда жаниб бахчараб.

Жиб къватIиб бахъизеги хассаб агьло букIунеб,
Агьло горел чагIазул махщел-гьунар гIолареб.
ГIаламалъул чIаголъи камил гьабизе ккани,
Загьиралъе аслолъун, гьечIого чара гьечIеб.

Гьанжи инсанасулги загьир, батIин бугелъул,
БатIин тун, загьир къачIай, - гIакъло кколищ, балагье?
ГIукъалааз тIад чIейи батIиналда гьабула,
БатIинги чIунтизе тун, загьир гьез къачIаларо.

Загьир къачIаялдалъун, рухI бацIцIалъулебани,
БетIергьанас нелъеда ракIго бижинароан,

РакIги – Дов валагьулеб рукълъун букIинчIебани,
ЧIаго доб гьабиялде хIажатги ккелароан.

Аман Аллагь, доб жагьло, чIвазе щолеб жо ани,
Щивав чанахъанасе хъатица месед кьезе,
Цингиги пайда щибан, ахIмакъав щинав инсан
ГIакъил гьавизе кIолеб даруниги гьечIелъул.

Гьанже щибаб жоялъул загьир-батIин батидал,
Дину-л-Исламалъулги гьеб букIине ккеларищ?
Буго гьелъулги загьир, гьебги ккола – шаригIат,
ШаригIаталъул батIин, – тIарикъатги, вассалам!

Къокъал мисалал рачун бицараб гарацIлъидал,
ЦIалулев, гIайиб чIвайзе гIедегIун бегьиларо.
БатIин цадахъ гьечIони, загьир камиллъунгутIи
Лъай мурад бугелазе зарал гьалъ гьабиларо.

Зарал ножой бокьарав, бокьанщинаб бицунев,
Бицаралда мугъ чIвайзе бакI гьечIев чи дун горо.
БачIун тIаде щун хадуб, балагь нахъ бусунарин,
Исламалде гъелъ балел бугъаталлъун рукIунге.

ГIалхул чундул, гIи-боцIи хъормаз чIван тIагIунаро,
Хъормазде чан гьабизе чанахъанги ватула,
Чанги цIакъаб къавул гьой, къватIул ракьа щун хадуб,
КъватIул тулаги лъугьун, гIадада хун бихьана.

РекIел тIиндего щвечIеб, шаклъи жобараб якъин
Щулалъизе бокьарас, остар хIакъикъияв ккой,
Исламияб къучIалда дин гьабулев муъминчи,
Дуца валагье варис Расуласул ирсалъул.

# КЪУРАМУХІАММАД АНА ХІУРУЛГІИНЗАБАЗ ВАЧУН ...

Заманалъул Навави, Исламалъул бахІарчи –
КъурамухІаммад ана хІурулгІинзабаз вачун,
ХІасадалъул агьлоялъ къор жиндий гъунаниги,
Къадирасул хІукму щун, шагьидлъана багьадур.

ШаргІалъе хъулухъалъе хадимлъун чІарав мудир,
ГІаламу-л-мулкалдаса малакуталде щвана.
Дунялалъул гьаб рокъоб рахІат дуца гьабичІин,
Гьанже воржанхъе, лачен, Алжаналъул пастІабахъ.

Агьлулагьазул хьибил дуца гьитІинго ккунин,
Гьанжи хьваде бокьухъе, рокьанщиналгун цадахъ,
Шайихзаби разияв муридги мун вукІанин,
ВукІа гьанжеялдаса гьезул зумраталда гьорлъ.

ДунгІан бетІергьан Аллагь ﷾ разияб хІалги лъугьун,
ХІазрату-л-къудусалда макъам дуе гьабеги,
Дуца гІилмо манлъарал гІолилазул къокъаби
Къудраталъул Аллагьас баракат лъун цІунаги.

Баркат гьечІеб къавмалда къагьрoялъул цІал щваги,
ЦІоб гІатІидав Аллагьас динул Ислам цІунаги,
Дунялалъул абнаал элда машгъуллъун таги,
Тавбо анищ ккаразул курмул гІатІид гьареги.

Диналъул цІогьабазе рахчизе бакІ тІагІаги,
Бахчун рекІелъ цІунараб нифакъ бакъалда баги,
Ракъи-къечалъул балагь умматалде щогеги,
Шугьадаазул баркат аниб хутІун батаги.

Дун дуда бахиллъула, ахираталъул гІалим,
Исламалъухъ рухІги кьун, ХІабибгун ﷺ данделъарав,
ХІайранлъиларев кинан дур къокъаб гІумроялда.
ГІасроялъ баччулареб раччи жиндилъ борхараб

Хвелги гІолохъабазе, – херлъи гьечІеб чІаголъи.
Халкъалъ баркала кьураб сират нахъе хутІани,
Хобги шугьадаазе, – Алжаналдаса цо ах,
Аллагь-РрахІман разилъун, хІурулгІиназ къачІараб.

ХІабиб ﷺ цІунарав имгІал – АбутІалиб къанщидал,
Къурайшияз кутакаб тІадецуйи гьабуна,
Гьесие заралалъе, ургъичІеб макро течІо,
Аллагьасул макроялъ кинабго къватІиб чІвана.

Кинаб хІажат кканиги, ХІабибасе ﷺ ятарай,
ХІал бащадав вазирлъун даимго хьолбохъ чІарай,
Умагьату-л-муъминин – Хадижатун-кубра хун,
Халкъалъул хириясде ﷺ гьеб мусибатги щвараб.

Шугьадаазул сайид, УхІудалъул къояца
ХІамзат ватІалъидалги, ТІагьал ﷺ хьибил бухІараб,
ХІабибас ﷺ гьеб кинабго каранда жаниб лъураб,
Куфруги басра гьабун, Исламги тІибитІараб.

Иншааллагь, хьул буго рижарав Аллагьасде
Нисбат бацІцІадаб тІарикъ цІунун хутІилебилан,
БидгІачагІи гІемерлъун, загІифлъи бегьаниги,
Заманалдасанниги,гьеб щулалъилебилан.

Шамалдехун накІкІ бачІун, рахІматалъул цІад байдал,
ЦІилъизе бугеб дунял, дагьалъ яхІ гьабе, вацал.
Димишкъи шагьаралде РухІуллагь рещтІун хадув
Щвелев нелъей халифа Халикъасул рахъалъан.

Хварав чи – къатIил вуго, къоги досул бухIана.
КъурамухIаммад хойчIо, Барзахалде воржана.
Базаралъулъ къиййинги къатIиласде буссана,
КъурамухIаммад-хIажил ахирги битIун ккана,

Ахир битIун ккеларищ, Каламуллагьи-ль-Къадим,
Къуръанлъул ракI – «Ясин» цIалулаго, къанщидал.
Къагьроялъул цIалги щун, гьалаглъиларев кинан
КагIбу-л-ахIбар гIадинав гIалим чIварав мунафикъ.

Гьаб дунялалъул рокъоб къварилъи – бигьаяб жо.
Къваридаб лахIдо бугеб щивав чиясда цебе.
Цинги ГIарасаталда, гIадло-диван битIарав
БетIергьан Аллагьасда цереги чIезе ругел.

Цинги мунафикъазул бутIрул гIодор далилел,
Бакъул багIари цIикIкIун, гIадазул нах гьалилеб.
Дир магIнавияв васги, досда релълъанщиналги
ШафагIат агьлоялъе гьабизе реччан телел,

Гьаб дунялалъул рокъоб, хасел бачIун хадуса,
Рии-ихалда хадув хашадиялъ щиб кьолеб?
Хун хадув инсанасе тIад вуссинги гьечIелъул,
Гьелде кантIуларев чи кинав гIадан вукIунев?

Квана-гьекъон кепалда гIумро пана гьабулев,
КидаллъизегIан гьедин хьвадизе хивал бугеб?
Хун унел гIолилазул пикрогойищ дуй гьечIеб,
Яги анивго чIезе договорищ хъван бугеб?

Бугеб батанани дур гIакълоялъулъ камиллъи,
Къабул гьабе насихIат, дие гIолони горо:
Дуе гьабулеб лъикIлъи лъалев чи мун ватани,
Тавбоялъул рагьараб гьафу жеги къан гьечIо.

КъурамухIаммад-хIажи, мун, фарз борхун, тIована,
Хвалилаб лълъарги гьекъон, дурго рокъов вуссана,
Дуца бухьараб сафар бухьеян Аллагьасул
Амро тIаде щвеялъухъ нижги балагьун руго.

Ракьалдасан рижарал Бичасул лагъзаллъидал,
Ракьалде руссинчIого, рес нелъее букIинищ?
КIицIол чиги холарев, хойчIогоги толарел,
РухI бахъиялда аскIоб насиблъаги шагьадат.

ШафагIаталъул къоялъ, Ливау-л-ХIамдалда гъоркь
ХIабибгун ﷺ гIодор чIолел агьлолъун нилъ гьареги.
Тавбо – астагъфируллагь, шукру – АлхIамдулиллагь,
Ла илагьа иллаллагь, МухIаммад расулуллагь ﷺ.

# ГIАЖАИБАБ ЦО КЪИСА КЪАЛМИХЪЕ БОСУН ТЕЗИН…

Гьанжи гIенекке, вацал, гIинтаме, муъминзаби,
ГIажаибаб цо къиса къалмихъе босун тезин.
Бичасул Аварагас ﷺ, асхIабзабазе бицун,
Ибну ГIабасидасан (رضي الله عنهما) накъло нелъехъе щвараб:

РикIкIаде сафаралъ ун, гъайбаталда жив вугев
Бану исраилазул цо чи вукIаравила,
КIиго гьитIинав васги, гьезул эбел – лъадиги
Жиндирго эбелалда аскIор рукIаралила.

Эбелалъул нусалде балай квешлъарабила,
Васасулъ гьей теларин ракIалде ккарабила,
Росасул цIаралдалъун, цIар тIамун, кагъатги хъван,
ЦIан бахъун нусалъухъе якьадалъ кьурабила.

Якьадалъ, макро гьабун, кагъат хъвалебан абун
ХъахIаб гьалъул ракIалде ккезего ккечIебила ,
Калам-хабар жибго тун, кагъатги къабул гьабун,
Кверал васазулги ккун, къватIий яхъарайила.

Нухда унаго ракъун, кванайзе чIараб бакIалъ,
ВачIун, цо гьардохъанас тIагIам гьарарабила,
Гьарулесе садакъа кьезе гъукъараб къанун
Къосарав гьезул ханас бахъун букIарабила.

Кьурасе цIакъ къвакIараб гIадло гьабизе букIин
ТIолго рагIияталда лъалебги букIанила.
«Дуда ханасул гIадло рагIичIогойищ?» – абун,
Гьардохъанасдехун гьалъ хитIаб гьабурабила,

«РагIунгини букIанин, букIаниги вакъуца
Дун хойзехъин вугилан», – гъасги абурабила.
Иманалъ «Кье» - ян ахIун, «Кьоге» - ян нафс данде чIун,
Киндай гъабила абун, гъай лъикI ургъарайила,

ЛъикIлъи Жиндий бокьулев Аллагьасде мугъги чIван,
Гьардохъанасе, бахъун, кIиго панкъ кьурабила.
«Панкъал дица кьей дуца лъидего бицунге», - ян
Божи-аманат гьабун, гьардохъан аравила.

Унаго ханасулал нохда дандчIваралила,
Тафтиш гьабидал, гьасухъ панкъал ратаралила,
«Панкъал дуй кисса?» – абун, сорав босарабила,
Дой гIадамалъ кьунилан гьав мукIурлъаравила.

Гьавги вачун, чораби долъухъе аралила,
«Дуца гьасий гьал панкъал кьунищ?» – гьикъарабила.
Къалбун-салим бугей гьай гьерсидалъун кIалъайлищ,
«Гьал панкъал дица гьесий кьунин», – абурабила.

«ИтIгIаму масакини, ханас хIарам гьабураб,
Гьаб дуда лъайчIищ?» – абун суал гьаз кьурабила.
Гьерсидалъун хвасарлъи букIунареб лъалей гьалъ
Лъалаанилан абун, битIун бицарабила.

«Цинги гьаб ишалде мун сунца ячарай?» – абун,
Чорабаз, тIадруссунги гьалде гьикъарабила.
«Гьасда гурхIизе бачIун, бицинаребин хьулалъ
Ячана дун гьелде», - ян гьалъги абурабила.

Иманги яхIги гьечIел хIалихьатал чораби,
Рачун гьал кIиялгогун, ханасухъ аралила,
Ханасда цереги чIун, гьалъ гьав гьардохъанасе
КIиго панкъ кьун батанин кьваризабурабила.

Закон-къанун хойзаби ханасги кин хIехьелеб,
Ханлъи тIаса унеб къо асда кIочон бугелъул,
КIиго сахаб панкъалъул садакъа гьалъ кьун хадуб
Ханасул улкаялда ракъи-къечги ккеларищ!

«Кканищ духъа гьеб?» – абун, асги суал гьабидал,
Гьал чорабазе гIадаб жаваб гьалъ кьурабила.
Жиги чIухIарав ханас «Мискиназе тIагIам кьей –
Дица гьукъараб дуда лъайчIищ?» – абурабила.

«Лъан букIана», - ян абун, битIараб гьалъ бициндал,
«Гьелде мун ячараб жо щиб?» - ан гьикъарабила,
«Гьардохъанасда гурхIи, балъго теялде хьул лъей,
Аллагьсдаса хIинкъи, бугин», – абурабила.

Иман гьечIеб рекIелъан рахIмо къватIиб баккилищ! –
«КъотIе гьелъул кверал!» – ан амро гьабурабила,
Амро тIобайзе щвани, шиб азий къваригIараб, –
КъотIун кIиябго квергун, нохда регIарайила.

Росасдаса ятIалъун, тIаде-квералги къотIун,
Кинаб гьомерги босун, эбел-инсухъе иней?
Аллагьсде мугъчIвайгун, саброги камил гьабун,
Кверал гьечIел гъуждулгун гьай тIадюссарайила.

Гьаб хIалалда унаго, гIурул рагIалде щведал,
Лъим гьекъезе къасдги ккун, гьенир лъалхъаралила,
Лъим босеян гьалъ абун, вас гIодов къулулаго,
ГIурулъе жанивги ккун, гьев гьалаглъаравила.

Гьалаглъулев васасе комекалъе лъугьарав
Гьавги довги-кIиялго цадахъ гIанкъаралила.
Цадахъ кIиго рекIел тIегь гIурулъе тIерхьун индал
Эбелалъул каранзул кинаб хIалха букIинеб?

Киналъулго пикрабаз пашман гьаюн йикIаго
ВукIинчIев бакIалдасан, цо чи ваккаравила,
Цинги «Я Аматаллагь, мун гьаний щиб гьабулей,
Щай мун пашман йигей?» – ан гьав гьикъардаравила.

Гьесие жаваб гьабун, «Я ГIабдаллагь, дуца дун
КIалъайзе гьаюге» - ян, гьалъ къокъ гьабурабила.
Къокъ гьабун гьалъ таниги, такрар гьабун ражулас
Дур хIал дида бицеян цойги гьарарабила,

Цинги гьалъ ражуласе жиндирго ккараб къиса,
Васал гIуруца ийин тIобан бицарабила.
Бицун къиса тIобайдал, тIаса цояб бищизе
Ражулас гьалда цебе кIиго жо лъурабила:

КIиябго квер сах гьаби, я васал чIаго гьари.
Гьалъ васал чIаго гьари тIаса бищарабила.
ТIадегIанав Аллагьас, чIаго гьарун, гьел васал
ГьебсагIат гьелда аскIор чIезе гьаруралила.

ЧIухIиялъ гьаг гьавурав ханас къотIарал кверал,
РукIухъе гьеб хIалалъго, гьелги лъугьаралила.
Гьанжи «Дун, дуда гурхIун, БетIергьанас витIарав
Досул расул вугилан – гьас баян кьурабила. –

Гьеб кIиябго квер дуе – доб кIиябго панкъалъухъ,
КIиявго васги дуе – Аллагьасдасан ажро
Мискинасе рахIмо – цIоб, мусибаталде сабро
Дуца гьабиялдалъун, дуде рещтIараб баркат».

Гьаб рохел баркун хадуб, Халикъасул расулас
Росас мун еччан гьечIин гьалде бицарабила,
Довги рокъов щун вугин, эбелги досул хванин,
Хехго нуж тIад руссаян, нухда регIаралила.

Рокъоса къватIие жий къваридго яхъаниги,
Къадирас рохалида тIад юсине гьаюрай
Гьадинай аматаллагь, тавфикъ кьурай имраат
Исламиял руччабаз мисаллъун ккеларoдай?

Саброялъулъ къуватал, къинеги чIун, бергъуна,
Къацандун чIел босарал иблисалъ ралъаргъула,
Аллагьасул нух ккурал кинго пашманлъуларо,
ШайтIаналъ гуккаразда хIакъикъат батуларо.

Къуръан-хIадисалдасан росун хъварал къисаби –
Аслого жедей гьечIел маргьабиййилан ккоге,
Цере арал усулаз, фуругIазе хъван тарал,
Танбигьатал ругелъул, гьаздасан пайда босе.

БетIергьан Аллагьас жив бергьинавурав инсан,
Гьаб гIалам къеркьаниги, къинавизе кIоларо.
Мекъав вукIин лъаниги, дагIбадулав тарасе
Тавабу РахIимасул рахIмо цIикIараб буго,

ЦIализеги хъвайзеги, квералги кIалги гIола,
РекIел гIибадаталъе такъва букIин – шартI ккола
Такъва гьечIел ракIазулъ ихласги бижунаро,
Ихлас гьечIеб гIамалги гьорое хIурлъун буго.

## ДИЙГО БУГЕБ РОХЕЛ БИКЬИЗИН НОЖОЙ …

Ва гьал муъминзаби, диналъул агьло,
Дийго бугеб рохел бикьизин ножой,
Кьурал нигIматазе шукрулъун гьабун,
Гьабизин цо кIалъай, гIин тIамун бихье.

ГIасраби аниги, хIарп хисичIого
Халикъасул калам кодобе щварал,
Хатамул-анбияъ авараглъун кьун,
Гьесул умматалда гъорлъги ратарал;

ТавхIидалъул давла данде билълъарал,
Динлъун Исламги кьун, кIодо гьарурал,
Гьадаб зобалда гъоркь, гьаб ракьалда тIад
ГьечIо нелъей гIадин талихI кьураб къавм.

Таврат-Инжилалда тасдикъ бачIараб
Къуръан – нелъер имам, АлхIамдулиллагь.
Адам аварагас عليه السلام квераца бараб
КагIба – нелъер къибла, Аллагьасул рукъ.

Ибрагьим халилас хадуб цIи гьабун,
Халкъалде «РачIа!» – ян ахIи бараб рукъ,
АхIиялъе жаваб гьабуралщинал
Гьалбаллъун рачIунеб Масжидул-ХIарам.

ХIал кIолев Аллагьас тIадеги росун,
ТIадаб фарз тIобарал рохулеб ХIарам,
РакIалдаго гьечIел нигIматалги щун,
Щукру къимат лъалез гьабулеб ХIарам.

ХIабиб ﷺ жанив гьавун, къадро борхараб,
Къуръан жаниб рещтIун, нур загьирлъараб,

Нурул-гьидаяталъ дунял гвангъараб,
Давла горищ нелъей – Къибла гьеб бати.

Къода жанир щуцIол, БетIергьанасда
Цере чIезе щварал щал, нилъ горони?
Щуябго фарзалъулъ анцI-анцI какалъул
Кири лъураб уммат, гьелги – нилъ горищ?

Гьарурал мунагьал тавбоялъ чури,
Чурун хъублъараб бакI лъеца бацIцIалъи,
Лъим гьечIого ккани, гIузру батани,
Таямум гьабизе рес щваралги – нилъ.

Насхо гьаби гьечIеб[1] Исламалъул кьучI
Умумуз цIунарал наслабиги – нилъ,
Имамзабаз лъурал мазгьабалги ккун,
Гьезда хадур арал атбагIалги – нилъ.

Дагьаб гьабуниги, гIибадаталъухъ
ГIемер ажро хъвалеб агьалиги – нилъ,
АхIмад ﷺ хиралъиялъ хиралъи щвараб,
ШафагIат гIемераб умматги – нелъер.

«Умматун мархIумат» жинде абулеб,
Аллагьасул гIавфо гIемералги – нилъ
ГIумро къокъаб кьурал, таклиф бигьаял
Гьедин ахиралда рижаралги – нилъ.

Жиндир хиралъиялъ хасаб бакI ккураб,
Хас гьабун АхIмадий ﷺ сайгъат гьабураб,
«Умму-ль-Къуръан» – илан жинде абулеб
Гьеб хирияб «АлхIам» цIалулелги – нилъ.

---

*[1] Ай, Къиямасеб къо чIезегIан жиндие хиси гьечIеб.**

ЦIадуе, бакъуе лагълъи гьабичIел,
Лагълъи тIадав МагIбуд ватаралги – нилъ,
Мунагь-хатIабазул агьлолъаниги,
Иблисалъе сужда гьабичIелги – нилъ.

Гьава-нафсалдаса къун чIеларилан
Къойилго гьабулеб жигьадги – нелъер,
Жагьиллъи тIагIине, гIилмо цIилъизе
ЦIиял мадрасабахъ дарсалги – нелъер.

Дин-Ислам гьукъараб къарнуялъулъги
Къуръан-хIадис ккурал бахIарзалги – нилъ,
Атеизмаялъул зурмида цадахъ
Зикраби хIалтIараб тIарикъги – нелъер.

Накъшубандиязул силсилаталъул
Садатазул нухда ратаралги – нилъ,
РухIияб тарбият латIаифазе
ЛатIифас насиблъун гьабуралги – нилъ

Нилъ цуцалъ дагIбадун дин роцIцIунарин,
РачIа, бусурбаби, данде руссинин.
ДагIбагин рагIиялъ ракIал чIунтулин,
РачIа, муъминзаби, тавбо гьабизин.

Тавбо – мунагьазе дарман бугелъул,
Дарман хIалтIизабун хIал бихьани, щиб?
ХIасадги – диналъулъ загьро бугелъул,
Гьелдаса цIунани, лъикI букIинарищ?

ЦIаялъ цIул кинигин, гьабураб гIамал
Гьелъ бухIулин абун хIадис рагIичIищ?
ХIабибасул ﷺ калам къабулги гьабун,
«Ма ла ягIни» тани, тавбо ккеларищ.

Тушман иблисалъул мугъги бекизе,
Гъазават долдехун гьаби лъикI гьечIищ.
Гьабигун вагъизе жоваялдаса
Вехьасде ахIи бай бигьалъиларищ.

ЛъикIалдалъун гIакъло кьезе чи вати
ТалихI-рохелалъул цо гIаркьел гьечIищ.
Кьураб гIакъло боссе лъалеб гьечIони,
Гьале дов бахьикъос. Дуда кин ккола?

Дунял гIуцIизе лъай – гIакъло батани,
ГIанталищ рукIарал аварагзаби?
Эзул нухалдаги гIайиб батани,
ГIададайищ хварал мужтагьидзаби?

Динул-Исламалъе хIубаллъун чIарал,
ХIабибасул ﷺ суннат чIаго гьабурал,
ЧIагоял ракIазул, хварал нафсазул
ГIасраби гвангъарал цIваби какуге.

ЦIанги ччун хинкI щвани, шукруги гьабун,
Гьидаяталъул нух тIаса бищарал
Бечелъи, мискинлъи рекIелъ бащадал
Дуниял таразда бугьтанал лъоге.

Босада хьибил лъун, сардал рогьинчIел
Садатазде данде хвалчен бахъуге,
Халикъасда цере вукъуф даимал
Мукъарибуназда чIорал речIчIуге.

РечIчIанщинал чIорал дудагоги щун,
Дару гьечIеб унти ккеялда хIинкъа.
Дунял-ахиратги кодаса бахъун,
Бесдалав кинигин, хутIизе чIоге.

Кавнуго къалъараб бакъул нуралъул
Къимат лъаларезда лъолеб цIарго щиб?
Релъеда гвангъулеб шагьри моцIалъул
Шаъно-хIал цIехолев чигойищ гьечIев?

ЦIвабзадалъун зобал берцин гьаруна,
Гьаб ракь берцинлъизе масжидал кьуна,
Ширкалдаса гIалам бацIцIад гьабизе
БацIцIадаб Исламгун расул витIана.

Рисалат тIобитIун, тIадкъараб борхун,
Хирияв ХIабибас ﷺ, дагIват гьабуна,
Динул-Исламалъе, инсул росулъан,
Аллагьас манлъухъе кьучIги тIамуна.

Маккаялъул агьло дандеги хIалтIун,
ХIабибасе ﷺ гIемер квал-квал гьабуна.
Куфруялъ мехтараб согIаб къавмалъул
Къварилъи Расулас ﷺ чанги баччана.

Билал, ГIаммар гIадал гIолохъабазе
Мушрикиназ кьечIеб гIакъоба течIо,
ГIазаб-гIакъобаялъ къуркьичIел васал
Исламалъул кьерда тIоцере чIчIана,

ТIагьаясул ﷺ къадро-къиматги бихьун,
КъвекIал цIумал гIадин, сверун руссана.
Къуръан-хIадисалъул магIнаги бичIчIун,
ГIилмогин хIикматаз курмул гвангъана.

Ракъиги хIехьана, къечги хIехьана,
Къуръаналъул ахIухъ рухIалги кьуна,
КъотIиги цIунана, рагIиги ккуна,
РахIман разилъараб макъамги щвана.

Маккагин ХIарамалъ хIехьараб киндай
ХIабиб ﷺ, чара къотIун, къватIив вахъиндал.
ХIираалъул мегIер угьдилареб кин, –
«Икъраъ» рещтIарасда бугьтанал лъедал.

Батулил инсуца ﷺ квер хьвагIулелъул
КагIба сородичIеб – сирияб хIикмат.
Сафар бухьун унев Расул вихьидал
Савралъул мегIералъ магIо кин ккураб!

Мау Зам-замалъул тIагIам кин хойчIеб,
ТIайбаталде Гьади ﷺ гьижраялъ индал.
Ибрагьимил ﵇ макъам, ХIажарул Асвад,
ХIикмат, ТIагьаясда ﷺ хадур рахъинчIел.

Халкъул-гIаламалъе рахIматлъун кьурав
РахIим ﷺ вокьичIеб къавм мекъса ккеларищ.
Бакъ-моцI мутIигIасде данде рахъиндал,
Хъанчил агьлоялъул къинарищ талихI!?

ШафигI ﷺ накълолъана, Къуръан хутIана,
Къадирас цIунизе тIаде босана,
Инжил, Таврат гIадин, тахIриф гьабизе[1]
Тушбабазул кверал гьелде реччайчIо,

Гьадинаб хазина кодобе щведал
Щукру гIемер гьабе, гьал бусурбаби.
Гьидаят бокьараз, тIалаб гьабуни,
Гьале гури бачIун эркенаб заман,

Араб гIасроялъул гIузру бицани,
ГIайиб рехизе бакI жакъа киб бугеб.

*[1] Ай, хисизе гьабизе.**

ГIор щойдал гуребищ цIул бакIарулеб,
Босе, вацал, пайда заманалдасан.

Заман къотIичIони, долъ нилъ къотIулин
ТIахьазда батулин, бихьичIищ дуда?
Дармилъ багьа гьечIел гIумродул къоял,
Балагье унел куц гIадада рорчIун.

ГIадло-диваналъулъ дурусав Аллагь,
РахIимги Мунлъидал, гурхIа нежеда.
РахIмо-цIоб гIатIидав, ГIафуввун Карим,
ГIафву гьабун чуре нежер мунагьал.

Мун цо вукIиналъе нугIлъи гьабулеб
Нафю-исбаталда[1] кIал ругьун гьабе,
КIал-мацIалъ бицараб тасдикъ гьабулеб
Къалбун-салимги кьун, ритIун чIезаре,

Реццгин щукру Дуе, шарик[2] гьечIев хан,
Ширкалъул агьлолъун ниж ратичIелъул,
Свалат-салам нежер Дур ХIабибасде ﷺ,
Суружул умати гъорлъе рачараб.

---

*[1] Ай, «Ла илагьа илла-плагь» абураб калимаялда.**
*[2] Ай, гIахьалчи.**

## НУЖ ГІЕНЕККЕ, ГІОЛИЛАЛ, ГІЕМЕРЛЪУНГИ БИХЬУГЕ ...

Нуж гІенекке, гІолилал, гІемерлъунги бихьуге,
ГІарз бугин ножодасан, гІайибги дида чІваге,
Дунги, нужго гІадинав, Бишасул загІифав лагъ,
Зобал, ракьаз ахІулеб ахІи ножоде балев.

АхІулел мунадияз дунял гьанжи цІун бугин,
ЦІодорго гІенекке нуж, гІун рачІунел наслаби,
ГІалимзаби чарлъараб, чурукаб заманлъидал,
Чуруклъизе течІого, цІуне бацІцІадго Ислам.

Исламалда гьечІони, инсан дур лъугьунарин,
Инсаният къачІайзе къо бачче, лебалав чи,
Къуръангун хІадисалъул хІукму дуца рехани,
Цо къоялъ къагьроялъул цІал дуда щвезе бугеб.

ШаригІатги балъаргъун, кепалда мун хьвадани,
Дуе хІажатаб къоялъ хІалайчи щвезе гьечІев,
ХІабибасул ﷺ сунатги дуца сан гьабичІони,
Дур къараб талихІалъул лъугІел-ахирги гьечІеб.

Эбел-имсул адабги дуца рехун батани,
Хехго тавбоги гьабун, гьаре тІаса лъугьаян.
Гьелги тІаса лъугьани, дин-Исламги ккунани,
Дуе талихІ кьеялъе нугІлъи дица гьабила.

Дунялалъул боцІи-мал, гІетІ бацІцІун, бакІарула,
ТІадчагІазе хІел-хІедун, хІакимлъи балагьула,
ХІал кІолев Халикъги тун, махлукъалде гьардола,
«Гьаре!» - ян ахІи балев БетІергьан кІочон тола.

Бечелъи тIалабалъухъ тIолго гIумро бичула,
ТIадегIанлъи щванани, рушват гьарзаго кьола.
Закониял органал рекъа-решон ругони,
Щибго жоялъул ургъел азие букIунаро.

Аллагьасул амроги Аварагасул ﷺ нухги,
Умматалъул ватани, тун, инсан тIоваларо.
Исламияб диналъул къимат лъалеб батани,
Тавбоялъе кIвахIаллъи – хIалихьатаб иш буго.

Алжангин ЖужахIалъул хабар жинда рагIарас,
Холаги рихьулелъул, пикро гьабизе ккела.
Панаяб дуниялалъ гуккизе рукIинчIого,
РачIа, бихьиназ гIадин, гьабун тезин цо тавбо.

Тавбоялъул хиралъи халкъалда лъалеб ани,
Аллагьасде вуссинчIев инсан хутIиларoан.
Исламияб диналъул берцинлъи бихьун хадуб,
Берцинабщиналдаса щивав чи тIурилаан.

Инжилгин Тавраталъул тасдикъ тIобалеб ани,
ТIолабго гьаб дуниял ракълиде бачIинаан,
Ракълиде халкъ ахIулеб Къуръан бичIчIулеб ани,
Биял гIодор тIолезул гIакълаби хисилаан.

ГIукъалаазда хадуб халкъ билълъанхъулеб ани,
Бихьилаан букIараб букIунебщинаб лъикIлъи,
ШаригIаталъ манлъухъе лъимал куцулел ани,
Умумуз ретIинаан Алжаналъул халгIатал.

Абадияб рукъалъул къимат лъалебанани,
Аб дунялалда хадуб халкъ бекерилароан.
Хабалъе босулареб меседгин гIарацалъухъ
Цо лахIзатцин гIумродул гIакъилас кьеларoан.

Мискинасул кванирукъ кванде хIажат букIуна,
Бечедасул квеналъе кванирукъ хIажалъула.
КигIан бечедасдаги чехь кIиго букIунаро,
Чохьонибе инчIеб жо – гьесул ризкъиги горо.

Къадалъ лъолеб гамчIилги щибалъул бакI букIуна,
БакI горелъуб лъуни, долъ къедго суризабула.
Рехъалъ чIолареб чахъу хъормица хекко чIвала,
Гьудул-гьалмагъ хал гьавун, чи гьеккого вичIчIула.

Гьаб халкъалдаса вахчун чи бигьаго ворчIула,
БетIергьанасдаса лагъ, вахчун, киве ворчIилев?
Калам хIакъаб гьабиялъ хIакъикъат битIуларо,
ХIакъикъат битIарасул рагIаби чIчIалда щола.

Рощнол гохI хъирщаниги, цо пайда камуларо,
Цуцаздасан босани, гIакълоги бечелъула.
Бечед гьабе, гIолилав, гIакъло доб бугездасан,
ГIадада хойзе тоге дурго къиматаб гIумро.

* * * * *

Гьадин ишги бугелъул, хириял бусурбаби,
Русса нуж Аллагьасде, иблисалъул нухги тун.
Тавбоялъе кIарчанлъи – кIудияб гъалатI кколин,
ГъалатIал ритIизарун, тIаме цебехун гали.

* * * * *

ХIакъабгин батIулаб батIа бахъизе
БетIер хIалтIулесда бигьаго лъала
Берал ругониги, канлъи гьечIесда,
Кин валагьаниги, бакъ бихьуларо.

# ГІАДАМАЛ ЧАРЛЪАРАБ ЧУРУКАБ ГІАСРО,

ГІадамал чарлъараб чурукаб гІасро,
Чанги эбелалъул керен бухІараб.
Квешлъиялде гъафу рагьараб гІасро,
ГІайибго гьечІого чІван васал лъолеб.

ЧІвадарухъабазе нухал гІатІидаб,
ГІадло, туснахъ гьабун, жаниб тІамураб,
РитІухълъи балагьун ине бакІ гьечІеб,
Гьале доб ХІабибас ﷺ бицараб гІасро.

ГІалимзаби квешлъун балагьал щвараб,
БутІрузул низам хун халкъ пасалъараб,
Ислам диналдаса, загьирги къачІан,
БатІин чІунтаниги кІвар гьечІеб гІасро.

ГІилмоги жагьлоги цоцалъ жобараб,
Цурдулги хъормалги рехъалъ рахчараб,
Рохьилал чундулги чахъабиййин чІун,
Чара къотІун гІухьби къун чІараб гІасро.

ШаригІатги гьечІеб, законги хвараб,
Зулмуялъ мискин халкъ хІакъир гьабураб,
ХІакъикъат билараб, намус лъугІараб,
Наркотиказ кверде босараб гІасро.

Дур ахІмакъаб бетІер гІакълодул цІеяв,
ГІадан мун ватани, кантІизе ккела.
Канлъиго щвечІеб ракІ нуралъ гвангъаяв,
Наркотикал дуда щибжоян кколеб?

Щай гІолилав мунго дуцаго чІвалев?
ЧІаголъи рихунищ хвел балагьулеб?

Хадув лъугьун тIалаб гьабичIониги
Гьеб дудеги щвелеб, щай гIедегIулев?

Дурго эбел инсул адаб рехарав
Халкъалъе дур къимат – къватIул гьоялъул,
Къуръан хIадисалда гIамал гьабичIев
Гьанже дур гьалмагълъи – иблисалъул бо.

Лъималги хъизамги билагьичIев мун
Бегьила рехизе гIабдалзабалъе,
Гьелги къварид гьарун къватIал мерхьунев,
КъватIул гьой горони мун щив вукIунев?

Дурго гIумроялъул къимат лъаларев,
Къосен бихьуларищ дур талихIалъул?
Тавбо гьабуразул берцинаб гIумро,
Бецавги гьечIелъул, кин бихьулареб?

БетIергьанас кьурал нигIматаздасан
Пайда босуларев, мунго щив гIадан?
ГIагарлъи нечараб, рукъ къватIиб чIвараб,
ЧIалгIине мех щвечIищ гьаб хьвада чIвади?

Дуца хьибил ккурал борхьазул загьро
Замана ун хадуб тIатинеб дуе,
ТIалил наял ккураз гьоцIо кунелъул
Куйне ккелеб дуца тIутIазул жилай.

Жаниб ракIги турун тIад хъал хутIараб
Хармуз-пастIаналъул даран гьабуге,
Хаселги тIаса ун, их щун бихьарас
Босе абе пайда заманалдасан.

## ХАЛКЪ КЬАЛДЕ АХIУЛЕБ АХIМАКЪАБ УММАТ

Халкъ кьалде ахIулеб ахIмакъаб уммат,
Къудраталъул Аллагь, кантIизе гьабе,
Кверал бидул цIурал чIвадарухъаби,
Нахъа талихIги кьун, тавбоялде цIай!

КIал – мацI гIарабиял гIажамиязда
ГIилмоялъул магIна бичIчIизе гьабе,
ГIакъидат жагъаллъун, дин фасалъарал,
Агьло-суннаталъул нухда тIоритIе!

Нухго жедер гьечIел мунафикъзаби,
Къавмазде гьоркьоре рукьби рехулел,
Гьезул амро-ишги Дур кодоблъидал,
Кавноялъул Малик, бокьараб гьабе!

Ракьа гьечIеб мацIги бокьухъе беччан,
Гьез гьаб ракьалда тIад бекьулеб фитна,
Бицунеб гьереси, гьарулел мацIцIал, –
Гьезий гьечIеб ургъел ахираталъул.

Загьрогун жобараб гьезул даруялъ
Динияб халкъалъулъ унти баккана,
Атеизмаялъул микробаздаса
Демократиялъул вирус бергьана!

ВатIан бокьаразул кьерда чIоларел
Рокьуларо дие берчIван рихьизе,
Дагъистан, бичизе, торгалда лъолел
Тужаралгун цадахъ дун хIалтIуларо.

Динул-Исламалъул гьуинлъи лъайчIеб
Лъелаб гIаскаралъул букIун пайда щиб?

ЩайтIан-нафсалъулгун рагъ баларесде
Рагъухъанин аби хIакъикъат горо.

Авсалгин Хазражал вацал гьарурав
Цолъизабе, Аллагь, АхIмадил ﷺ уммат!
ХIабиб ﷺ савроялда цIунарав гIадин,
ЦIуне муъминзаби питнабаздаса!

Мусал عليه السلام къавмалдаса сибтIалъе гIадин,
Сабаб рекъезабе ниж пакъиразе.
НухI-аварагасул عليه السلام къавм гьалаклъидал,
Гьев вокьарал гIадин, цIуне Дуцаго!

ЦIа бакьулъ Ибрагьим عليه السلام хьихьарав Къадир,
Къавмалъул квешазда ниж кIоченаре!
Намрузил боялда тIад кIкIара лъурав
ТIолгоязул Халикъ, хьул Дуде буго!

Балагьал гIемераб, гIисян бергьараб
ГIасроялъулъ ругин, рахIмо-цIоб гьабе!
РахIманги РахIимги – Дурго цIарлъидал,
РоцIинабе нижер дунялгин ухра!

Динул-Исламалде гIалам ахIизе
Абул Къасим витIе, ЛатIифун Хабир,
Дажалил фитнаби фана гьаризе
РухIулагь веччан те, Халикъун Жабар!

## ГІАЛАМАЛЪЕ РЕКЪЕЛ БУГО КЪВАРИГІУН,

ГІаламалъе рекъел буго къваригІун,
КъварагІинчІез буго питна багъарун,
Гъугъадулел зобал руго зулмуян,
Залимзаби руго данде къеркьолел.

Зулмуялъул ахир буго – хвалил лълъар,
Халикъасул гІадло буго гъединаб,
Биял руго гІодор тІолел гІадада,
ГІайиб гьечІеб махлукъ буго гъурулеб.

Мунафикъал руго ццулъун гІарцуца,
ГІорцІи гьечІеб агьло буго хъантІухъе,
Нахъа бугеб къо лъаларел гІадамаз
ГІадло буго дунялалъул хойзабун.

Дин гьечІони инсан вуго – жанавар,
ЖужахІ буго хойдал гьесий боркьараб,
Хвел, балагьун свердарасда, батула,
ТалихІ, къиндал, бахьикъосий щоларо.

Бакъалъ, моцІалъ къоял-сардал хисула,
Хасел, рии, гьелго гІадин, сверула,
Гьава-бакъги цо хІалалда чІоларо,
ХІапургъухъе лъимги даимлъуларо.

Дунялалъул гІумро дагьлъун батила,
ГІаламалъул хьвада-чІвади хисана,
Ахир заман бачІун букІин хІакълъулел
ХІакъикъиял далаилал тІатана.

Тохтурзаби гІажизлъарал унтаби
ГІаламалъе тІабигІатлъун лъугьана,

ТIолалгоги ХIабибас ﷺ жал рицарал
ХIадисазул ритIухълъиги бихьана.

ТIекъабщинаб битIараблъунги чIана,
БитIаралъул рахъ кколелги дагьлъана,
Доллаauthor гIубадалги цIикIкIана,
ГIарац кьуни, щолареб жо хутIичIо.

Кьвагьа-гIанхъи камун сордо-къо гьечIо,
ЧIвай-хъоялъул гIорхъи-рахъги биххана,
ГIадамазде чан гьабизе ругьунлъун,
Чанахъабаз мегIер-гIалахги тана.

Тах тезегIан жал хойлилан – ханзаби,
Жал хунги гьел теларилан – гIолилал,
РагIи данде ккезе тезе гьечIилан
Гьоркьор хьвадун мацI гьабулел зиндикъал.

* * * * *

Анбияъ-русулаллъун Аллагьас жал ритIарал,
Жедерго умумузул азие гьечIеб хIурмат.
«Исламалда гурони нуж хоге» - ян абураб,
Жаваб аз гьабичIеб куц дозул васияталъе.

Тавратгин Инжилалда Аллагьас баян кьураб
Исламияб диналде данде ал рагъулеб куц.
Диназул бищун хIакъаб гьеб букIин лъананиги,
Лъалев БетIергьан вуго, гьазул къун бугеб талихI.

* * * * *

## Я ГЬАЛ БАЗАРГАБИ ГІИНКЪАЛДАЙ РУГО ...

Я гьал базаргаби гIинкъалдай руго,
Къуръан-хIадисалъул ахIи щоларел,
ШугIайб-аварагас ﷺ тараб къавмдай гьаб, –
Даран-базаралъулъ рельлъенлъи бугин.

Рицунел гьерсалги ралел гьаялги,
Гьаз бахъулеб жигар жалго бергьине.
Гьабулеб хIиллаги хIалел ролалги,
ХIалал-хIарамалъул гьечIеб ургъелги.

Роцен камизабун, келаби кIойрун,
Капкал тIаде жоран, багьа тIокI босун,
Мискинаб халкъалъул гарбал хъухъайзе
Азул бугеб махщел, щвараб кисадай?

Кесабиги къотIун бикъун щварабги,
Муштариги гуккун хайир гьабиги, –
Гьалда гьоркьоб бугеб батIалъиго щиб? –
Щайдай ургъуларел гьал гьаримзаби?

Наяз тIолеб гьоцIо гьадингояб жо,
Гьаз чакрил тIолелъул тIагIам лъан хадуб,
ТIадеги унтаби сах гьариялъе
Сахав чиясе гьелъ гьабулеб «комек».

Гьаб даран-базаралъ къачIараб дунял
Къарунил кинигин инчIого рес щиб?
Кього бихьичIого данде гьабураб
БоцIуда хадуб цо рецIцI камулебищ?

Хиянат-рекIкIалъе нухал къотIараб,
Дунялалда къарал бергьинарулел,

БетIергьан горесе ханлъи, мулк гьечIеб
БачIине буго къо, воре щаклъуге!

Шагьи-капекалъул квербакъи гьечIеб,
КигIан дагьалниги хIакъал цIехолеб,
ХIисаб-суалалъулъ дуруслъи цIакъал
ЦIадерабиги лъун, гIадло гьабулеб.

ГIадло-диван гьечIеб дунялалъул рукъ
Давлайиланги ккун, гуккизе чIоге.
Дуцаго гуккарал мискинзабазул
Мунагьалги раччун, хабалъе унге.

Хабал гIазабалъул ургъел батани,
Тавбо гьабун русса БетIергьанасде.
ТIад ругел хIукъукъал тIорайзаризе
ТIобан тIаде босе ресалда рекъон.

Къадирасе таиб[1] цIакъ вокьулевин, –
РахIматалдаса хьул къотIун рукIунге.
Дурго гIамалалда мугъчIвайги гьабун,
ЧIухIун, иблис гIадин, хъитIунги чIоге.

«Мунафикъ» абураб гьаб исмоялъул[2]
Исламалда жаниб сури бихьулищ?
Сурарабщиналда тIасан борчIараб,
Балагье, гIолилал гьалъул къабихIлъи.

Гьалда гIумро тIами тIаса бищарав
ЩайтIаналдасаги басрияв гьечIищ?
Басриябщиналъул гьасулъ камураб
Кинаб букIаниги гIамал бихьулищ?

---

*[1] Таиб – мунагьал тун, тавбо гьабурав чи.**
*[2] Исму – цIар.**

ГIадамал рикьизе, питна бекьизе
Бегьарабщинаб иш ас гьабулеб куц,
Аллагь Аварагги ﷺ масхароде ккун,
Малаик киннги ав хьвадулев куц.

Исламияб агьло рихаралщинал
Товарищаллъун ккой – асул фахролъи,
Исламалъулги рухI – тасавуфалде
ТуманкI байзе щвани, асие рохел.

Боржун хIанчIалълъ гореб, чIун гъудулълъ гореб
ЧIвагъалъулгин асул мисал цо буго.
Бицунеб рагIиги, гIадан хал гьавун,
Гьерсил цIурал къучIби ас чIехьолел куц.

«Ия» - ги – гьереси «У» - ги – гьереси,
Унго, ас пун толел гьуразул кутак,
Ас пурал гьураца гьобалги ххенон,
Ханжу баккизегIан Магьди вахъина.

КъватIул ракьаялда ругьунлъун хадуб,
Гьойил пайда гьечIо гIиял къавуда.
ГIадамазул кверде валагьун хадув,
ВукIа абе гIалим ахIбаразулъа.

Аллагь ТагIалаяс тIаде босараб
Ризкъи гIун чIоларев къади щибизе,
Шубгьа-хIарамалъул батIалъи гьечIес
БитIараб нухабе халкъ бачинаро.

Чед-хинкIалъе гIоло чIарав дибирас
Диналъул хIубазда къвал жемиларо,
Жиндирго черхалъе гIадло гьечIесул
ГIадамазе баркат сундалъун щвелеб?

Сулук гIелмоялда[1] ракI жобаларес
ЖамагIат тIобитIи – щакаб жо буго.
ШаргI цIунулайилан, Къуръанги рагъун,
КъотIун хIукму кьолев хIакимлъун тоге.

ХIабибасул ﷺ суннат чIаго гьабулел,
ЧIагоял ракIазул тIаифа[2] цIехе,
ТIагьал ﷺ машрабалда хурхен гьечIесул
Хабаргин каламалъ гуккизе чIоге.

ЧIаго ракIалги хун, динги хараблъун
Ахират кIочарал рачунге аскIор.
РухIияб тарбият жедей щвечIезулъ
Жагъаллъи батулин, воре тохлъуге.

Тохал гIадамазда хадурги рилълъун,
Хирияб дин – Ислам долларахъ кьоге,
Дунилан ахIдезе цо чи лъугьиндал,
Гьесдаги божуге, щайтIан ватулин.

ГIилмо-лъаялъул кьучI лъезе бокьарас
Бухье абе сафар мадрасаялде,
Мунагьал чуризе дару хIажатав,
Тавбо гьабун, вусса тасавуфалде.

ТалихI-рохелалде нухал цIехолел,
Хулафааз лъураб бище гьоркьоса,
Гьидаят хIасуллъи – мурад бугев чи
Машаихзабазул муридлъун вукIа.

Маул-хIаяталде хьул лъурав тIалиб,
ТIагьал ﷺ машрабги тун, киве мун унев?

---

*[1] Ай, тIарикъаталъул гIилмоялда.**

*[2] ТIаифа – къокъа.**

Кибритул-ахIмарги щола букIаго,
Щиб давла-хазина дуй къваригIараб?

Къваридаб хобалъув вегулев инсан,
Унго, гьаб дуниял дуй къварилъунищ?
Динул-Исламалда вижун ватидал, –
Гьебищха дур щукру БетIергьанасе?

Щай дуца дуего гIакъоба кьолеб,
ГIакълоялда цебе ццинги ккезабун?
Кин мун вукIунарев жамагIаталгун,
Жагьлоялъ, квелъги бан, ккун ватичIони?

Квешаб агьлоялде гьоркьове ккеялъ
Гьидаяталъул нух къосинабула,
Къосун хадусала гьес ракьалда тIад
Гьабизе нахъе ккун квешлъи толаро.

ШаригIатги кIочон, законги рихун,
Калбун-гIакъур[1] гIадин гIадан тIовалищ?
ГIадло-низамалъул гIорхъи бахарав
Халат хьвадуларо гьаб ракьалда тIад.

Кьалде къараб каву рагьарал квераз
Рагьилин кколаро Алжаналъул рукъ,
Кьижун ккараб фитна борчIизабурав
Балагьалде данде тIоцеве чIвала.

ЧIобого гьабулеб насихIат бугин,
Русса, гIолохъаби, лъикIаб рахъалде,
ЛъикIаб манлъулелгун дагIбадичIого
Дагьал ургъун рихье, Аллагь ﷻ гурхIаял.

---

*[1] Ай, къватIул гьой.**

## САЛАМУН ГІАЛАЙКУМ, ДИНАЛЪУЛ АГЬЛО …

Саламун гIалайкум, диналъул агьло,
Дунялгин ахират буголъанагIан.
ЛъикIабщинаб ножой, дагъистаниял,
ГIадад-хIасроялъул рикIкIен лъалареб.

Баркула ножода, ГIидалъул байрам,
Динул-Исламалъулъ къадро кIудияб.
Гьарула ножое щулияб сахлъи,
Щивасул рокъобе талихIгун рохел.

Хиралъабаз цIураб Шагьру Рамазан
Щварабго лъайчIого ун бахъун ккана.
Аллагь рехсолезе къиматал сардаз
Къо лъикIилан тана, кидаго гIадин.

ГIибадат гьабулез босаби толел,
Тавбо гьабулезул берал чвахулел
Ахирисеб анцIил автаралгицин
Ун ратана гури, кьижун нилъги тун.

КьечIеб тавфикъ босзе хIал кIоларелъул,
ХIал кIун гьабунщинаб бадиб чIвагеги,
Щукру камиллъани нигIмат цIикIкIунин,
НигIматазул рахас къотIун ккогеги.

Ножор киназулго какалгин кIалал
Киналго Аллагьас къабул гьареги.
Гьелда жаниб ккараб адаб тей, такъсир,
Тавабу РахIимас гьебги бацIцIаги.

Гьабунщинаб лъикIлъи, садакъа-хайрат
Аза-азариде бахинабеги.

Бахъанщинаб сахIил щибаб ролъул мугь
Мунагь-хатIабазе кафаратлъаги.

Лъабго тIобараб къо ГIидалъеги тун,
Анлъго кIал ккойзеги суннатаблъидал,
Суннаталъул агьло нилъ ратун хадур,
Тезе рекъеларо гьел къоял хIорго.

Рамазан унилан амрогин нагью
Унаребин тIаса, воре нуж кантIе.
Квешабщиналдаса цIунун хьвадизе
МоцIал батIа гьечIин, гьабги кIочонге.

ЛъикIлъаби ракIари, квешлъаби тейи –
Таклиф тIалъаразе фарзлъун букIуна.
Заман-маканалъги, ахIвал-хIалазги
АхIаралъур ине нилъ бегьуларо.

Аллагьас тIамеги АхIмадил ﷺ уммат
Исламияб нухда галаби лъезе,
ГамчIал гьенир райзе къасд гьабуразе
Къадирас гьабеги рекъараб хIукму.

РахIманасул махIбуб – ТIагьал ﷺ шафагIат
ТIалаб гьабуразе камун тогеги,
Камилаб вокьиялъ гьев вокьаразда
Гьоркьор чIезареги ГIарасаталда.

# ГЬАБ КАЛИМАТУ-ТАВХIИД – ТАИБУНАЗЕ ДАВЛА

Гьаб калимату-тавхIид – таибуназе давла
Дин-Исламалъул каву, Алжанал рагъулеб кIул,
Аллагьасул хазина, халкъалъе бугеб сайгъат. –
Босе, гIадамал, хехго, хадур кватIизе горин.

Куфругин ширкалдаса хвасарлъизе бокьарас
БитIе абе шагьадат – шагьра нухаве ккела.
Шагьи-капек хойчIого, рушват кьезе ккейчIого,
ЧIобого щолеб давла щай толеб босичIого.

Мусаде ﷺ иманги лъун битIараб шагьадаталъ
ФиргIавнил сахIаратал Алжаналде рачана,
Арабщинаб гIумроялъ гьабураб ширкги чурун,
Гьидаяталъул нухда шагьидзабилъун хвана.

Шугьадаазул сайид – ХIамзат ﷺ жиндица чIварав
ВахIши, шагьадат битIун, сахIабияв лъугьана,
Гьабунщинаб ширк-мунагь – кинабгоги чурана,
Мусайлиматун казаб чIвазеги жиндий щвана.

ШуфагIаазул имам – ХIабиб ﷺ накълолъун хадув
Хувайлидил ТIулайхIат жив аварагин чIана,
Жиндихъе вахIю босун Жабраил рещтIунилан
Жинда нахъ рилълъанщинал махсародеги ккуна;

ГIукашат бину МухIсин ва Сабит бину Аркъам –
Гьав кIиявго кIудияв асхIабги жинца чIвана.
Ахирги ТIулайхIатил гьереси къватIиб чIвана,
Гьес жал къосине гьари къавмаздаги бичIчIана.

БукIани щиб, ТIулайхIат, хадусан ракIги бухIун,
ХIакъикъияб тавбогун диналде тIад вуссана,

ТIадегIанав Аллагьас тавбоги къабул гьабун,
Къадар тIаде щвезегIан Исламалъе хIалтIана.

Аллагь живан дагIба бан, гIумро пана гьабурав
ФиргIавнидацин Аллагь ﷻ, гъанкъулелъул, ватана,
Гъанкъиялда цебего тавбо гьабураб ани,
Гьесийги РахIманасул рахIмо щойзе букIана.

РухI бахъизе ГIизраил щвезегIанищ чIун вугев
Шагьадат битIизе мун, Исламалда гьечIев чи?
Гьелде иш ккун хадуса дур кIал-мацI хIалтIуларо,
ХIалтIаниги, гьелдалъун дуй пайдаги щвеларо.

Духъго кверщелги букIун, бищун берцинаб рагIи
Абулареб кIалалъул, букIун, дуе пайда щиб?
Бищун хIажатаб къоялъ жиб гореб батулареб
Жавгьар, кIалдиб лъечIони, рекIелъе кинан щвелеб?

Купруялъул кIичIикьа ворчIизе бокьарав чи,
ВачIа мун, хIинкъичIого, хIакъаб калимаялде,
Дуца гали тIамуни, ТIадегIанав Аллагьас
ТIобан гьидаяталъул гъафу дуе рагьулеб.

ГъотIодаса бортун пихъ кIалдибе бачIинегIан
ЧIаян нилъеде амро Аллагьас ﷻ гьабун гьечIо.
Абун буго берцинго, бицун буго тIахьазда
ТIалаб гьабун гьарараб вуго кьезе гъоркье чIун.

Гъосол къвачIаги баччун хьвадизе чIухIуларев,
ЧIухIизе бегьиларо Аллагьасде ﷻ вуссине!
Аллагьас гьукъанщинаб гьабизе нечечIев чи,
Нечон чIун тIоваларо чури тIалаб гьабизе!

## АВАРАГАСЕ ﷺ МОЦІ ХЪВАЛХЬИН

Гьанжи дий бокьун буго хирияв ХІабибасул ﷺ,
Хилафал тІад гІемераб, цо мугІжизат рехсезе,
Хилаф тІад бижаниги, асло-кьучІ хІакъаб лъидал[1]
Гьелде мугъчІвайги гьабун, байбихьизин, гІин тІаме.

Маккаялда Расулас ﷺ Ислам загьир гьабидал,
Аллагьас тІобитІичІеб къавмалъ инкар гьабуна,
Эзул бищунго квешав Абужагьал вукІана,
Аварагасде данде кутакалда къеркьана.

Нубуваталъул нуралъ, кигІан гьев къеркьаниги,
Къоялдаса къоялде дин гвангъулеб букІана.
Данде чІун кафурзабаз квал-квалал гьарунагІан,
Радал бакъ гІадин, Ислам тІадгІанлъизе лъугьана.

Умумузул дин абун, хъанчал гьез цІунанагІан,
Хъанчал тун, Исламалде рачІунел гІемерлъана.
ГІарабазул улка-ракь Исламалъ босиялда
Абужагьалил рекІелъ хІинкъиги цІакъ цІикІкІана.

Цинги цо хан вукІана, Маликил ХІабиб абун,
БоцІи-малги гІемерав, гІарабазда машгьурав.
Маккаялъул къурайшаз Маликил ХІабибиде
«РайхІанатул къурайши» тІокІцІарги лъун букІана.

Лъалев чи хІисабалда, Абужагьал малгІунас
Маликил ХІабибихъе хъвараб кагъат битІана.
Кутакалда Авараг ﷺ гьелда жанив какана,
Гьесдасан хІинкъи бугин, ХІабиб цІодор гьавуна.

---

*[1] Ай, моцІ хъвалхьин – хІакъаб бугелъул.*

Гьересияв сихIрочи къурайшиязда гьоркьов
Загьирлъун вуго абун, баян кагътида лъуна,
Нелъерго умумузул динги гIодобе рехун,
Хъанчал басра гьаризе лъугьун вугин бицана.

Цо гороне жиндие Аллагь гьечIилан абун,
Умумулъги батичIеб, нилъедаги рагIичIеб,
ГIенеккаравщинав чи масхIуравлъун лъугьунеб,
Цо цIалулеб жо буго[1], цIияб динин абула.

Абужагьалил кагъат цIалун, мурад босидал,
РайхIанатул къурайши къачIадизе лъугьана,
Къурайшазе вахъарав гьересичиго щиван,
Гьевгун дандчIвай гьабизе гьасул цIакъ анищ ккана.

АнцIила кIиазарго рекIаразул гIаскаргун
Маккаялда гIагарлъухъ АбтIахIалде рещтIана,
Абужагьалгун цадахъ Маккаялъул ашрафал
Маликил ХIабибида дандчIваялъе рахъана.

ЧIахIиял ханзабазда рекъарал гьадиятал
Гьарзаго гьелгун цадахъ АбтIахIалде рачIана,
Абужагьалгун ХIабиб – кIиявго данделъана,
Диванханалъул гIадаб мажлис гьениб гIуцIана.

МухIаммадил ﷺ хIакъалъулъ ХIабибица суал кьун,
«Сал бани Гьашим»[2] – абун Абужагьал кIалъана,
«Гьев МухIаммадидехун ножор пикру щиб?» – абун
Гьашимияб кьолбоде гьикъа-бакъи гьабуна.

Гьез, ханасе жаваб кьун, жедерго хIал бицана,
МухIаммадил ﷺ хIакъалъулъ жаваб гьесие кьуна:

---

*[1] Ай, Къуръан.*
*[2] Ай, Бану Гьашимилазде цIехей.**

«Гьев нежеда гьитIинго лъикI лъалев вас вукIана,
Сидкъу-аманаталъулъ[1] божаравги вукIана.

Гьанжи, кIикъого сонил гIумроялде жив щведал,
Щибжо ккараб лъаларо, хиса-басун лъугьана,
Нежер алигьатазде[2] хьандезе байбихьана,
Умумузул динги тун, цожоялде вуссана.

Цинги Маликил ХIабиб – РайхIанатул къурайши,
Къавмалдехунги вуссун, хитIаб гьабун кIалъана:
«Гьев МухIаммад ﷺ гьаниве вачIинаве, – абуна. –
ВайинчIони, хIал гьабун ваче», - ян буюрана.

АхIизе чагIи щвана, ХIабибуллагь ﷺ къачIана,
Маликил ХIабибихъе вахъине къасд гьабуна,
Сиддикъ Абубакарги Хадижатун кубраги رضي الله عنهما,
Ниж дуда хIинкъулилан, хIал щун цадахъ гIодана.

Цинги ХIабибуллагьас ﷺ сабро гьезие кьуна
«Дир амро Аллагьасде ﷺ тIамун те», - ян абуна
Абубакрица бачIун чIегIераб чалма къана,
БагIараб халгIат ретIун, ТIагьа ﷺ къватIив вахъана

ТIинкIун унеб моцI гIадин гIажаибаб гьайбатгун,
ГIаламалъул фахролъи ханасда цеве щвана,
Хадижатун кубраги رضي الله عنها жинда нахъа йикIана,
Кваранаб рахъалдехун Абубакарги رضي الله عنه чIана.

Расуласда ﷺ берчIвайдал, РайхIанатул къурайши,
Тирщун тIадеги вахъун, гьесде данде вачIана,
Меседил тахида тIад гIодов чIезе гьавуна, –
Гьормада бараб нуралъ гIадамал хIайранлъана.

---

*[1] Ай, бицунеб харбилъ ритIухълъи, божи буголъи.**
*[2] Ай, хъанчазде.**

БатIаяб хIал лъугьана, сас къотIун къавм хутIана,
Сагьвиллъарал кинигин киналго руцIцIун чIана,
«Расул Дуца цIуне», – ян Къадирасде гьарулей
Къурайшиязул бика Хадижатги رضي الله عنها йикIана.

Хадув, тIадеги вахъун, Маликил ХIабибица
«Я МухIаммад, – ан абун, хитIаб жинде гьабуна, –
ТIолго анбияазул мугIжизатал рукIанин,
Дур бугищ?» – илан абун, хIеренго суал кьуна.

Суалалъе жаваб кьун, Расул ﷺ данде кIалъана,
«Дуй щиб бокьун буго?» – ян ХIабибиде гьикъана.
ХIабибица жиндие бокьун бугеб бицана,
Гьаб мугIжизат бихьизе гьабейилан абуна:

«Дуца бакъ тIерхьинабе, моцIги баккизе гьабе,
Баккидал гьеб ракьалде гIодобги рещтIинабе,
РещтIун хадуб дуца гьеб бакьулъан кIихIи хъвалхье,
Хъвалхьун хадуб кIиябго лъорониб лъугьинабе.

Лъоробе лъугьун хадуб кIиябго къвалинисан
КIиябгоги рахъ дуца къватIибги бачIинабе,
Цинги бетIералда тIад кIиябго цолъизабе,
Цолъидал, дур рисалат хIакъ гьабун, нугIлъи гьабе.

Гьеб мехалда зодобе гвангъараб моцIлъун баха,
Хадуб баккаралъубе тIерхьинеги гьеб гьабе,
Цинги бакъ баккизабе, букIаралъубе баче,
БукIарабго хIалалда доб лъугьинеги гьабе».

«Гьеб рехсараб мугIжизат дица бихьизабуни,
Дуца иман лъелищ?» – ан ШафигIас ﷺ суал кьуна.
Иман лъелин абуна, амма цойги шартI лъуна:
«Цо дир ракIалда бугеб бице», – янги тIад къана.

Къосарав Абужагьлил мугъзал чIалал ритIана,
БитIун мун кIалъанилан ХIабибий къимат кьуна.
ХIабибуллагь МухIаммад ﷺ гьанив бергьиневилан
Гьав малгIунасул рекIелъ хъатIунгицин букIинчIо.

Цинги гьазда аскIоса Авараг ﷺ вахъун ана,
Абукъубайс магIарде тIадеги жив вахана,
Жинца кIиго ракагIат какилги гьениб бана,
БетIергьанасда цебе кIиябго кверги ккуна.

Кодоб алату-хIарбгун[1] анцIила кIиазарго
Малайкзабигун цадахъ гьебсагIат Жибрил عليه السلام щвана
«Ассаламу гIалайка, я ХIабибуллагь ﷺ», – абун,
Амлаказул[2] гIаскаралъ салам жиндие кьуна.

Дуде Аллагьасулги салам бугин абуна,
Абеян тIад къарабги ТIагьахъе ﷺ щвезабуна:
Гьебги – «Я ХIабиби, мун хIинкъуге, фашманлъуге,
ЩибакIалъ вугониги, Дун дуда цадахъ вугев.

Дир азалияб ХIукму жинда тIад билълъанхъараб,
Жакъа дуде Маликил ХIабибица гьарараб.
Гьанжи мун гьесухъе а, гьес гьарарабги тIобай,
Гьезий дурго шаъну-хIал, рисалат баян гьабе.

Бакъгин моцI, сордогин къо дуй мусаххар гьабунин[3],
Гьеб дуда лъай», - ан абун АхIмад ﷺ рази гьавуна.
Гьалде тIаде ХIабибил рекIелъ жаниб бугебги
Жабраилас ТIагьае ﷺ тIобан загьир гьабуна:

---

*[1] Ай, ярагъгун.**
*[2] Амлакал – малаикзаби.**
*[3] Ай, мутIигI гьабунин.**

Гьев Маликил ХIабибил рокъой цо яс йикIана,
КIиябго берги гьечIей, хIатIал-квералги гьечIей.
Гьейги, рокъове щведал, гьесда сахлъун ятилин
Хабарги Жабраилас Расуласе ﷺ бицана.

Цебе букIаралдаса цIикIкIараб гвангъи-нургун
Абукъубайсалдаса Авараг ﷺ тIад вуссана,
Аминуллагь Жибрилгун доб амлаказул гIаскар,
ГIаламул-гьуда [1] цIунун, тIасан гьелги рукIана.

Цинги Макъамалда чIун, зодобе килищ битIун,
Ишара жинца гьабун, бакъ гьелизе лъугьана,
Гьелун, хъетун бакъ тIерхьун, дунял бецIлъун лъугьана,
Гьеб сагIат жаниб цIураб моцI, бакъ гIадин, баккана.

Бакъ букIараб бакIалде жиб щварабго Каримас ﷺ,
Килщица ишан гьабун, гьеб рещтIине лъугьана.
РещтIун гIодобе щвана, ТIагьаде ﷺ цебе чIана,
Цо хIинкъарав чи гIадин, сородизе лъугьана.

Гьанжи кIихIи хъвалхьана, лъоронибе лъугьана,
КIиябго къвалинисан къватIибеги бачIана,
ТIагьал ﷺ бетIералда тIад кIиябго данделъана,
Гургинаб моцIги лъугьун, ахIизе бай бихьана:

«Ла илагьа иллаллагь МухIаммад – Расул,» – абун.
Расуласул ﷺ мацIалда моцIалъ нугIлъи гьабуна.
ТIадеги, «Къад афлахIа манн садакъак ва хаба
Ман халафака,»[2] – абун баян къавмалъе кьуна.

Гьенисан моцI берцинго зодобе бахун ана,
Баккарабго рахъалде рещтIун, тIерхьунги ана,

---

*[1] Ай, Авараг ﷺ.*
*[2] Ай, «Дуда иман лъурасе талихI буго, дуде данде вахъарасул талихIги къана».*

ТІерхьарабго бакІалъан баккун бакъги бачІана,
БукІарабго бакІалда къарарлъунги жиб чІана.

РайхІанатул къурайши ТІагьаясде ﷺ кІалъана,
«Гьанжи цо шартІ хутІанин, гьебги бице», – абуна.
Аварагас ﷺ бицана, данде жаваб гьабуна,
Дур гІажизай яс йигин, сахлъилин рагІи кьуна.

РайхІанатул къурайши кІутІун тІаде вахъана,
«Я агьла Макка, – абун рагІизабун ахІана, –
Иман лъун хадуб – куфру, якъинлъун хадуб –щаклъи
БукІунарилан», – абун фасахІатго кІалъана,

«Аллагь цо горев гьечІин, МухІаммад – расул вугин»,
Расуласул мацІалда битІана гьес шагьадат.
Шагьадат къабул гьабун, ханас Ислам босидал,
Ислам босичІев гІадан гІаскаралъулъ хутІичІо.

Ханасда нахъги рилълъун, МухІаммадги хІакъ гьавун,
ХІакъав Аллагь ﷿ цо вугин киналго мукІурлъана.
Куфруялъ бецІ гьарурал ракІазе канлъи щвана,
Нубуваталъул нуралъ курмул гІатІид гьаруна.

Гьанжи Абужагьалил бакьулъа мугъ бекана,
Бицине рагІи тІагІун, гІабдал гІадин лъугьана,
«Цо гьабураб сихІроялъ гьав сахІирасейищ мун
МутІигІлъулев?» – ан абун, ХІабибиде кІалъана.

ХІабибуллагьасдасан ﷺ бихьанщинаб мугІжизат
МалгІун Абужагьалий сихІроялде сверана,
Рисалаталъул канлъи гьесул каранде щвечІо,
Куфруялъул бергьиналъ батІиналде баккичІо.

Бахьи къосарав вукІун, Исламалде вайинчІо,
ЧІухІиялъул кутакалъ куфруялда хутІана,

Кафурго Бадруялда, хIайван гIадин чIван, хвана,
Ахирго гьечIеб жужахI босун гороні чIечIо.

Мусал квешав ФиргIавнцин гIажалалъ ккурав лъайдал,
Ралъад данде щварабго, шагьадатгун кIалъана.
ТIагьаясул ﷺ гьав фиргIавн досдасаги бергьана,
Дунял толеб лъаниги, мукIурлъизе хIал кIвечIо.

Бусурман чиги лъугьун, живго жиндаса вохун,
РайхIанатул къурайши Шамалде тIад вуссана,
Къасроялъув лъугьана, ясалъ дандчIвай гьабуна,
Шагьадат битIулаго гьасда аскIое щвана.

«Гьал калимаби дуда кисандай лъана? – абун,
Инсуца гIажаиблъун гьикъа-бакъи гьабуна. –
Гьединго берал, канлъи, кверал, хIатIал дуй кьурал
Лъица?» – йилан ясалде тIад вуссунги гьикъана.

Гьикъаралъе жаваб кьун, макьо ясалъ бицана,
Цо лъаларев чи вачIун, гьес манлъанин абуна:
«Ислам босун эменги дур тIад вуссунев вугин,
Босейилан дидаги абунилан, – бицана. –

Босани дуца Ислам, дур киналниги лугбал
Нежеца сах гьарилин», – ракIиги дие кьуна,
Дица Ислам босана, макьилъ бусурманлъана,
Радалалде дунгоги гьадин лъугьун ятана.

РайхIанатул къурайши, Ислам нигIматлъун кьурав
Аллагьасе ﷻ рецц гьабун, суждаялда речIчIана,
Иманги щулалъана, игIтикъадги цIикIкIана,
Аллагьасул Къудратги жиндир берда бихьана.

Рихьарал мугIжизатаз гIажиз гьавурав ханас
Расуласе ﷺ битIизе гьадият хIадурана,
ХIал кIвараб гIарац, месед, ретIел-тIехалъе ххан-кIач–
Щуго вараниялда босзе кIвараб жо лъуна.

Щуябго варанигун ХIарамалъул ракьалде
РайхIанату къурайшил къафила багъарана.
Маккаялда гIагарлъухъ къафила щвараб мехалъ,
Къосарав Абужагьал гьазда цеве лъугьана.

Гьав малгIун ракIгъеялъе чанав вахъун вукIана,
Чанги кIочон, гьездехун гьикъардизе вуссана,
«Гьал варанаби лъил жал, нуж щал?» – илан цIехана.
«Шамалдасан рачIунел руго, – ян гьаз бицана. –

Варанабигун къайи – Маликил ХIабибица
МухIаммадий ﷺ битIараб сайгъат бугин», – абуна.
Абужагьал хичана, гьазда данде вахъана,
Гьаб къайи дий битIараб бугилан дагIба бана.

Дуй битIун гьаб гьечIилан гьазги инкар гьабуна, –
Гьалги Абужагьалги цуцалъ речIун рагъана.
Цинги Маккаялъулал, ахIи бан, ракIарана,
ИмгIалзабигун цадахъ Аварагги ﷺ вачIана.

Абужагьалил дагIба шамалъулаз бицана,
Цинги, маслахIат гьабун, Расулуллагь ﷺ кIалъана:
«Варани кIалъарасе гьаб кинабго мал тезе
Нуж разиял ругищ?» – ан рагIизабун ахIана.

Аварагасул ﷺ калам киназего бокьана,
Киналго тIадги рекъон, хIукму гьелда къотIана
ХIукму тIобайзе гьаби метералде тIамизе
Абужагьалий бокьун, гьелдаги разилъана.

Гьеб сордо рогьинегІан хъанчазе къурбанги хъун,
Къо бихьун Абужагьал хІел-хІедулев вукІана,
ХІабибил варанаби жинде кІалъайзареян
Жагьилазул атаман таманав зигардана.

Радал бакъ баккилелде Маккаялъул жамагІат
Жамал[1] кІалъалеб лъайзе сверухъе ракІарана.
Свалатгин салам лъеяв Расулги тІаде щвана,
Щвараб бакъул нур гІадин, имгІалзабигун цадахъ.

Цевеккун Абужагьал гьаризе веччан тана,
Гьав, варанаби сверун тІаваф гьабун, сверана,
Лат, гІузаялъе[2] гІоло жинде кІалъаян абун,
Жамалал сверун мискин свакайзегІан хьвадана.

Бакъ эхеде бахана, варанаби кІалъайчІо,
Гьанжи дуе гІелилан гІадамаз ахІи бана.
«Такъадам анта»[3], – йилан Аварагасде ﷺ абун,
Варанабазда Расул ﷺ хитІаб гьабун кІалъана:

«Я Аллагьасул хІайван, Досул къудраталдалъун
Мун диде кІалъай», – абун жаваб тІалаб гьабуна.
Варанабазда гъорлъан цояб тІаде бахъана,
Цинги, къавмалде буссун, фасахІатго кІалъана:

«Я къавм! – илан ахІана, гІенеккизе тІамуна, –
Маликил ХІабибица МухІаммадий битІараб
ТІолабго гьаб къай-цІаги нижги – гьадият бугин»,
Гьаб къавмалда цебесан нугІлъи жинца гьабуна.

---

*[1] Ай, варани.**
*[2] Къурайшазул хъанчазе цІарал.**
*[3] Ай, гьанже мун цеве вахъа.**

ГьебсагIат Аварагас ﷺ варанидул квелъ ккуна,
Багъун къараб хIелкида Абужагьал релълъана.
Абукъубайс магIарде ХIабибуллагь ﷺ вахана,
Варанабазда тIаса месед-гIарац бахъана.

ГIодобе бан, цо бакIалълъ бакIарун, гохI гьабуна,
Гьанжи «Куни тураб»[1], – ан амро гьелде гьабуна.
Гьеб сагIат месед-гIарац ракьул гохIлъун лъугьана,
МавзигIу-зияратлъун[2] гьеб бакIалги гьабуна.

Гьаб къисаялда жаниб Аллагь, Аварагасе ﷺ
Рекъон кколареб сифат батулищан хал гьабе.
Халикъасул ирадат «Кун» абун тIобалелъул,
Лъугьине рес гьечIилан абизеги рекъелищ?

Улу-л-гIазмабазулги сайидлъун жив гьавурав,
Жиндир хиралъи бицун халкъалда хIал кIоларев
ХIабибасе ﷺ Халикъас бакъгин моцI, сордогин къо
Мусахар[3] гьабийишха кIудияб амро кколеб?

Илагьияб къудраталъ анкьабго зобги сверун,
Сардил цо лахIзаталде рокъове тIад вуссарав
Расуласул ﷺ мугIжизат кигIан кIудиябниги,
Дунни хIадурав вуго ракI-ракIалъ иман лъезе.

---

*[1] Ай, мун ракьлъун лъугьа.**
*[2] Ай, зияраталъ хьвадулеб бакIлъун.**
*[3] Ай, мутIигI гьаби.**

## ТАЛИХI, БОСИЗЕ ЛЪАНИ, ЛЪИЕГО ГЪУКЪУН ГЬЕЧIО,

Хал гьабе, бусурбаби, ихлас камиллъун хадуб,
Халикъас дугIаялъе жаваб кьолеб куцалъул?
Цинги, кIудияб хIикмат, кIинусго мажусияв
Ибрагьимида ﷺ аскIов Аллагьас ﷻ вачарав куц.

Азалияб хIалалда Ислам насибал рукIун,
Унго, дозие кьураб талихIалъул хал гьабе!
ТалихI, босизе лъани, лъиего гьукъун гьечIо,
Къудратав БетIергьанас балагьарасе кьола.

Кьураб босзе лъайчIевги гIакъил чи вукIунаро,
ГIилмоялъги гьесие пайдаго гьабуларо.
Пайда гьечIеб гIилмоялъ вигIаъ цIун букIани щиб,
Бищун хIажатаб къоялъ жиндий батулларелъул.

БетIергьанасда аскIоб, Ислам гореб, дин гьечIин,
Гьале Къуръаналъул насс, лъаларев чи ватани,
Лъараз бицун баянлъун, берда бихьун якъинлъун,
Къо гвангъун хадусаги бакъ гьечIилан кин чIолев?

Канлъи къабул гьабулеб алат гьечIел бераздa
Бицунги бичIчIичIони, гьабилесеб дарман щиб?
Диналъул цIар бахъани, вахъун аскIоса унев,
Унго, дур гIамалалъул гIалхул хIамида релълъен.

ГIалимзабаз гьабулеб вагIза-насихIаталъухъ,
ХIайванги мун горелъул, бегьиларищ гIин байзе?
ГIарацги кьун гьабулеб даранги гьеб горелъул,
Дуйго чIобого щолеб щай талихI босулареб?

Бесдаллъи тIаса унеб, ургъелги бигьалъулеб
Исламалъул дарсазде щай, вац, мун хьвадуларев?
Ракъун-къечонги гьечIин, къо бухIун свакги гьечIин,
Къоялги, эркен ругин, кирха дуца тIамулел?

Кванай-гьекъей горони, къварагIараб жо гьечIеб,
Къадараб гьеб черхищха дур бохтIоз баччун бугеб?
Намусгин яхI гьечIесе ничаб жо букIунарин,
ВукIа гьедин хьвадулев, саяхъаб тула гIадин.

## ТАЛИХІ КЪИНАЛЪУЛ МАГІНА ДУДА БИЧІЧІУН ГЬЕЧІЕЛЪУЛ …

ТалихI къиналъул магIна дуда бичIчIун гьечIелъул,
БичIчIун хадуб лъалебин, лъайзегIан кIвараб бахъе.
РахIмогин цIоб гIемерав, гIадло-диван битIарав,
Зулму-хIал гьабуларев ХIаким вуго дир Аллагь.

Дунял-гIалам бижарав, гьелъул тадбир гьабулев,
Тадбир-чагIазулги хан Халикъ вуго дир Аллагь.
Халкъалъе ризкъи кьезе тIаде Жинца босарав,
Шарик жиндие гьечIев Разакъ вуго дир Аллагь.

Зобалазда, ракьазда, ГIаршалдагин Курсалда
Кверщел Жиндир батарав Малик вуго дир Аллагь.
Бакъги, моцIги, цIвабиги фалаказулъ хьвадизе
Низам чIезе гьабурав Къадир вуго дир Аллагь.

Анбияалги ритIун, тIахьалги гьезде рещтIун,
ШараигIал манлъарав ГIалим вуго дир Аллагь.
Адянал насхолъараб Ислам тасдикъ гьабураб
Къуръан ТIагьахъе ﷺ кьурав Карим вуго дир Аллагь.

Кафурзабазе – жужахI, муъминзабазе – Алжан
ХIадур Жинца гьабурав Жаббар вуго дир Аллагь.
Жив цохIо вукIин лъалел, ХIабиб ﷺ тасдикъ гьавулел
ГIусаталги тархъулев РахIим вуго дир Аллагь.

Ихласалда гьабичIеб ширк жобараб гIибадат
Жиндий къабуллъуларев Къуддус вуго дир Аллагь.
Дагьаб гIибадаталъухъ гIемераб ажро кьолев,
ГIаламалда гурхIулев РахIман вуго дир Аллагь.

Динлъун Исламги гъабун, анбияал ритIарав,
Авалгин, ахир гьечIев Гьади вуго дир Аллагь
Анбияазда гъорлъан ХIабиб ﷺ хира гьавурав,
ХIикматазул БетIергьан – ГIазиз вуго дир Аллагь.

Дунял-ахираталъул ханлъун Жив тIаса инчIев,
Ханзабазда тIадги хан – Къаюм вуго дир Аллагь.
Къудрат Жиндир камилав, кавно Жиндий мутIигIав,
Кинабго жо хьихьулев ХIафиз вуго дир Аллагь.

Жиндир загIифав лагъас ихласалда гьаридал
Гьесий жаваб гьабулев Мужиб вуго дир Аллагь.
РекIелъ хIалтIулеб хивал, кIалалъ бицунеб рагIи –
Кинабгоги рагIулев СамигI вуго дир Аллагь.

Зобалазда, ракьалда, ралъадазул тIиналда
ТIолго махлукъ бихьулев Басир вуго дир Аллагь.
Гьарурал мунагьазда ракI бухIун гIодарасе
ГIатIидаб тавбо кьурав Таваб вуго дир Аллагь.

ГьечIелъусанги вижун, инсан чIаго гьавизе
Гьунар, къуват камилав МухIйи вуго дир Аллагь.
Хун хадуса махлукъат тIаде бахъинабулев,
ТIад кIалъайзе чи гьечIев БагIис вуго дир Аллагь.

ТIаде рахъун хадуса халкъалъул гIамал цIалел
ЦIадераби дурусав Мукъсит вуго дир Аллагь.
Алжаналъул агьлоялъ, нигIматазе мукIурлъун,
Рецц жиндие гьабулев Щакур вуго дир Аллагь.

Щукру гьечIого гIумро гIадада тIамурасе
ГIазабалъул рукъ барав Къагьар вуго дир Аллагь.
Дин Ислам тIаса бищун, Расуласул ﷺ нух ккурал
Муъминзаби рокьулев Рауф вуго дир Аллагь.

Дунялалъул магIишат Жинде тIамун тарасе
ТIадеги гIемер кьолев Гъани вуго дир Аллагь.
Дару-л-бакъаъ горелде хивал жиндир буссинчIев
Саликасул мугъ чIвалев Вакил вуго дир Аллагь.

Гьадинав Аллагьасе лагълъи гьабизе щварал,
Щукру гIемераб гьабе, бусурманаб жамагIат.
Жамадатазцин[1] Жиндий даим тасбихI гьабулев
Гьесдаса нилъ гъафуллъи мунагьлъун букIинарищ?

Мунагь-хатIабаздаса тавбоги гьабичIого,
Тептер чурук гьабуни, гьечIищ нилъеда гIайиб?
ГIайиб тIаде босизе жакъа нафсалъ течIони,
Нафсалъул къуват хвараб къо бачIиндал щибилеб?

Тавбо астагъфируллагь, шукру алхIамдулиллагь
Ла илагьа илла ллагь, МухIамад ﷺ – расулуллагь.

*[1] Ай, рухI гьечIеб жоялъцин.**

## ГІАБДУЛЛАГЬ АЛИШАЕВ ШАГЬИДЛЪИ

Унел руго гІолилал, гІаламалъе цІарги тун,
Толеб буго дуниял, диналъухъ рухІалги кьун,
Руго ракьде руссунел Исламалъул бахІарзал,
Барзахалде руго щун шагьидзабазул рухІал.

ШаригІаталъул гъутІби рекІелъ тІегьарал васал
Росулел руго гІужий гІажал щваял гъачагъаз,
ГІаданлъи-намусалъул асар жодолъ хутІичІел
ЖужахІалъул килабаз[1] кунел руго цо-цо ккун.

Радалгин бакъанида къойил Аллагь ﷾ рехсолел
Агьло-суннат горони, тушбаби азул гьечІо,
Тушбабаца чІван хваял халкъалъулъ питна чагІи,
Питна багъарараздe буссунеб кІочон тоге.

Бусурманаб диналъул къимат лъайчІел гІадамал,
Къиямасеб къояца щибдай ножор букІина?
ШафагІаталъе изно Аварагасе ﷺ кьедал,
Инкар гьелде гьабулел, нуж лъихъедай кІанцІила.

КІалдиб лъуниги, килищ чІамуларев ГІабдуллагь[2]
ГІайибгин нич бугоан бихьинчиясе чІвазе,
Бегараб кето жинца тІаде бахъинабичІев
Гьесийги къор гъурал чи къватІукьа жал ратила.

Къуръангин хІадисалда гІамал жиндир рекъарав
ГІабдуллагь гІадав инсан дида гІемер вихьичІо,
ГІилмо цІаличІониги, Аллагьас тавфикъ кьурав
Тавбату насухІалъул агьлолъунги вукІана.

---

*[1] Ай, гьабзаз.**
*[2] Ай, ГІабдуллагь Алишаев, гл. редактор «ТВ-Чиркей».**

Эбел-инсуда – рухIи, лъималазда – бесдаллъи
Бихьи – БетIергьанасул хIукмугин къадар буго,
Къадаралда разилъун, шукруялда рукIине
Сабро берцинаб кьеги ГIабдулал эбел-инсуй.

Бусурманаб халкъалъе хайиралъе ватарав,
Халикъас тIаса вищун шагьидлъун, накълолъарав,
Накъшубанд, щазилиял тIолалго муридзабаз
ДугIа камун ГIабдуллагь теларевин хьул буго.

Туснахълъун кьун бугелъул, гьаб дунялалъул рокъоб
РахIат муъминчиясе букIунареб жо буго.
КIалцIуда хьихьулелъул хIайваналда кинигин,
Квеш хьвадулеб къавмалда ахирги бичIчIуларо.

Хвалда витIун ккарасе даимаб рохел буго,
Дунялалда таралда ракI гьесул бухIуларо.
Барзахияб чIаголъи, чурхдул хабалъ лъуниги,
Шугьадаазе букIин Къуръаналъ бицун буго.

Барка дуе, ГIабдуллагь, дир магIнавияв валад[1],
ГIалимазе щолареб шугьадаазул макъам,
Щваги дуе гьалмагълъи Жанатул-фирдавсалда,
Бадругин УхIудалъул шагьидзабигун цадахъ.

Амин, Амин, Амин, я Мужиб.

---

*[1] Ай, рухIияв вас.**

## ГЬАБ ГIАЛАМ БОХАРАВ РАСУЛАСДАСА ﷺ РОХЕЛ ЩОЛАРЕВ ЧИ, ЧАРМИЛИЩ ДУР РАКI?

Дунял-ухраялда хазиначилъун
Халикъас гьавурав Гьадиятуллагь ﷺ –
Гьаб гIалам бохарав Расуласдаса ﷺ
Рохел щоларев чи, чармилищ дур ракI?

РабигIул авалги гьале бачIанин,
Гьабе, гьудул, дурго рокъоб цо рохел,
Рохел тIаса араб къо бачIунгеяв,
ВачIа, ургъун бихье, сантIаричIого.

Суйн гьечIеб чирахълъун нелъехъе щварав
ШафигI гьоболлъухъе ахIун лъикI горищ?
Аллагь РахIманасги гьобол гьавурав
Гьев рехсолеб мажлис рачIа цIунизин.

ГIулвияб, суфлияб махлукъаталда[1]
Таватур борхарав[2] Хайру халкъиллагь[3],
Къо баханагIан бакъ тIад балеб гIадин,
ГIасраби анагIан тIатунев вуго.

ТIолго дунялалъул гIакъилзабада
ГIулумазул асло – Расул ﷺ ватана,
Гьесухъе рещтIараб Къуръанун-Карим –
Каламуллагь букIин тасдикъ гьабуна.

Мусал Твраталъгин ГIисал Инжилалъ عليه السلام
АхIмадил ﷺ хиралъи бахчун букIинчIо,

[1] *Ай, зобалазулги ракьазулги махлукъаталда.**
[2] *Ай, жиндир цIар тIибитIарав.**
[3] *Ай, Аллагьас бижанщинаб жоялъул бищун лъикIав – МухIаммад авараг ﷺ.**

Бахчун данде чIарал мугIанидалги[1],
ГIузру тIагIун, гьанжи гIодор къулана.

ГIалхул чаналъ жиндий салам кьурасде
Свалат битIани, дур къиматищ холеб?
Къадирас цIаразулъ гIахьал гьавурав
Гьесул мавлид ахIи дуй захIмалъунищ?

Зоб-ракьалъул агьло жиндихъ гIащикъав,
ГIаршу-РахIманалда цIар жиндир хъварав
Мужибун, Мужабун, Ажирун, Жабир
АхIе, вачIуневин, гьудул ватани.

Гьабе цо садакъа, росо бахилаб, –
Хварал умумузул рухIал рохизе.
РакIаре ихванал, ахIе гIолилал,
АхIмад ﷺ гьавураб къо кIодо гьабизе.

Беччанте ахIизе хIасратаб мавлид, –
ХIабиб ﷺ вокьаразул ракIал чучизе.
Бачине те зикру зоб гъугъаледухъ, –
Гъафуллъарал ракIал рорчIизаризе.

РачIа сокайзегIан свалатги битIун,
Сайидул мурсалин ﷺ вохизавизин,
Рохалил къолъидал къабул гьареян,
Гьев васитIалъун ккун, дугIа гьабизин.

ДугIа къабулазул къокъабазда гьорлъ,
Къудраталъул Аллагь, нижги чIезаре.
Нафсалда квелъ барал акабиразул
Баркат щвеялдаса махIрум гьаруге.

---

*[1] МугIанид – инкар чи.**

Алжан-жужахIалъул бицунеб хабар
Халкъияб маргъолъун, воре, бихьуге.
Гьеб «унтулъе» ккарав мариз[1] ватани,
Тохтор тIалаб гьаве, гьеб гIелму лъалев.

ТIолалго гIилмаби жанир руссараб,
Жабраил-малайкас ТIагьахъе ﷺ къураб,
Куллу-гIаламалъе къанунлъун чIараб
Къуръаналда тIасан, воре, кIалъаге.

Гьелъий шархI гьабурав, хIукму къотIарав,
ТIолго дунялалъе баракат щварав,
ШафагIаталде халкъ хIажатаб къоялъ
Къадирасда цеве цохIо жив чIолев;

ХIираъ мегIералъе гьоболлъи щварав,
Гьижра жинца гьабун, ТIайбат чIухIарав,
Байтул Макъдисалъул къадро борхизе
Баракат бугеб хIетI гьенибги лъурав;

Гьенисан, далиллъун Жабраилги ккун,
Жабарас гьоболлъун тIаде ахIарав,
ГIатIги бутIги гIадаб магIияталда
МагIбудгунги кIалъан, тIалъи босарав;

Асраразул магIдан, гIирфаналъул ицц,
Улул гIазмабазул бищун кIудияв,
Башаразул эмен – Адамил тавбо,
Жиндалъун гьаридал, къабул гьабурав;

Гьадинав ХIабибас ﷺ ирсалъе тараб
Исламалъул хIубал жиндалъун чIчIараб,

---

*[1] Мариз – унтарав.**

Жагьил гIалимлъулеб гIулумазул ицц,
ГIакъил чи ватани, Къуръан жибго те.

Къуръан-хIадисалъул магIна бичIчIарал
Мужтагьидзабазул рагIуда рукIа,
РагIулъ магIнабазул гъварилъи тIокIал
Гъавасазде данде хвалчен бахъуге.

Жалги гъалбацIалин цIцIани чIаниги,
ЦIцIани руссунеб бакI халкъалда лъала.
Хиянатчиясул батIулаб хьвади
БетIер хIалтIулесда хекко бичIчIула.

ХIакъикъат билараб гъаб дунялалда
Гьанжи рохел гьечIо муъминзабазе,
Магьди-имамасул цIар ахIун хадуб
Хисилеб гьава-бакъ гьаб ракьалда тIад.

ТIогьол махI бахъараб авлахъ букIуна,
Амма гьоркьо-гьоркьоб заз камуларо.
Квани, хIайван холеб заман-бакI бихьун,
Загьрояб хергицин мучIдулъ батула.

Хирияб дин Ислам тIаде босарал
Васал гъорлъа камун, нилъ хутIугеги,
ВатIан бокьулезул кьералги цIикIкIун,
Кьалде нуцIа къалеб къуват бергьаги.

Амин, Амин, Амин!

# РАЧІА, ДИНАЛЪУЛ ВАЦАЛ, ДАНДЕЛЪУН ГІОДОР ЧІЕЗИН,

РачIа, диналъул вацал, дандельун гIодор чIезин,
ГIорцIизегIан нилъерго ХIабиб ﷺ рехсон, цIалдезе.
ХIалкъа гьабе, жамагIат, бацIцIадаб нияталда, –
БачIун тIаде щварабин ШафигI ﷺ гьавураб сордо.

Самавияб арзияб тIолабгоги махлукъат[1]
ТIагьал ﷺ мавлидги баркун, кIодо гьабулеб сордо
Дунял-гIалам гвангъараб гьидаяталъул нургун
Гьади-ль-умам ﷺ нелъее сайгъат гьавураб сордо.

Авалалда вижарав, ахиралда вахъарав,
Динал насхо гьарулев Расул ﷺ витIараб сордо.
Исламиял байрахъал малайкзабазул квераз
КагIбагин, дунялалъул букIназда чIвараб сордо.

ЧIухIарал ханзабазул тахал гIодор речIчIараб,
РахIматалъул, цIцIобалъул цIадал чвахараб сордо,
Нус-нус соназ ракарал фурсазул цIаялги ссун,
Сиражун муниралъул ﷺ гвангъи тIатараб сордо.

Байтуллагьалда гIадин, Аминатил рукъ сверун
Амлаказул[2] бояца тIаваф гьабураб сордо,
ТIадегIанав Аллагьас макнунияб хазина[3]
Харижалде бахъараб[4] баркат гIемераб сордо.

---

*[1] Ай, зобал-ракьазул агьло.**
*[2] Ай, малаикзабазул.**
*[3] Ай, бахчун букIараб хазина.**
*[4] Ай, халкъалда загьир гьабураб.**

Кафурзаби, хъанчалги нечон гIодоре къулун,
ГIажизлъиялде ккараб иргьасатазул[1] сордо,
Иблисалъ мугъги бекун, тIанчIиги данде гьарун,
Дунялалда рагIараб магIирукъ лъураб сордо.

МугIрулгиму щобаца, тIолго жамадатаца[2]
Жив гьавидал рохел щун, щукру гьабураб сордо,
Щивав бусурманчияс, жиндир хIалалда рекъон,
«МархIаба» - йилан ахIун, хIурмат гьабулеб сордо.

ХIабибасул ﷺ умматлъун ратидал рохел щвараз,
Рохалида данделъун, мажлис гIуцIулеб сордо.
Мавлидалъул хиралъи лъалел муъминзабаца,
«Мавлая свалли» бачун, ракIал чучулеб сордо.

Расуласул ﷺ сиярал, свалат-саламал цIалун,
Сайгъатлъун гьел ритIизе тIаса бищулеб сордо.
Бищунго БетIергьанас хира гьаруразулъан
Хайру-л-барият ﷺ гьавун, тIокIлъи босараб сордо.

Свалат жинде битIеян ТIадегIанав Аллагьас
Умматалде манлъарав Башир ﷺ гьавураб сордо,
Башаразул инсуца раситIа жив гьавурав,
ВасаитIазул асло – Амин ﷺ гьавураб сордо.

Гьадинав ХIабиб ﷺ вуго, хIакъав МустIафа ﷺ вуго,
Гьесул уммат – нилъ руго, рецц Аллагьасе буго.
Ахир замана буго, загIифал нилъго руго,
РахIманасде хьул буго, шафагIат хIажат буго.

---

*[1] Иргьасатал – гIажаибал, гIадаталдаса рахъарал лъугьа-бахъинал.**
*[2] Жамадатал – рухI гьечIеб щинаб махлукъат.**

# КУРАМААЛ РУГО ДИР УСТАРЗАБИ…

РагIи каламалъул кепал дурусал,
Дунял-ухраялъул гIилмо бичIчIарал,
ГIакъидат бацIцIадал, ихлас камилал
Курамаал руго дир устарзаби.

Диналъул хIубалги хIалае чIарал,
ХIалай рукIиналъе дол мукIурлъарал,
Муъминаб халкъалъе нигIматлъун кьурал
ГIарифунал руго дир устарзаби.

АхIмадил ﷺ ирсалъул хIазун вафиралъ[1]
ХIузур камиллъарал, курмул гвангъарал,
Кавноялде щвараб бакъул нур гIадал,
ГIуламаал руго дир устарзаби.

«АскIове къарав чи къосун кколареб
Къавм», – илан Аллагьас ﷿ сифат гьабурал,
Гьидаят бокьараз тIалаб гьарулел
ТIокIаб агьло буго дир устарзаби.

Гьаб тасавуфалъул агьлоялъ гIадин,
ГIалам гIилмоялъулъ бечед гьабичIо.
ГьазулгIан, къулубал[2] тамах гьарулеб,
Тамашаяб калам дихъеги щвечIо.

ЩайтIангун рагъизе яргъилаб къуват,
Къолдабиги гьазул ракI чIарал руго,
РекIел унтабазул аптекабазда
Азул гIадал гучал дараби гьечIо.

---

*[1] Ай, тIобараб бутIа щвеялъ.**

*[2] Къулубал – ракIал.**

Диналъулъ бацIцIалъи бокьарав чияс
Бухье абе сафар устарасухъе.
Ахираталде къут[1] къварагIарасе
Къан гьечIебин каву, кантIе нуж гьелде.

Нафсалъ кьили лъурав гIалимасдаса
Долда чангит барав муъминчиго лъикI,
Чангит щула ккойзе квер бакъиялъе
Квешдай гьесий ккела муршид вугони.

Гьаб кIудияб давла босзе лъаларев
Дур гIадалзул нахулъ гIунгутIи буго,
ГIилмоялде мугъ чIван чIухIун хьвадулев,
ЧIухIараб хIелкида мун релълъонев куц.

Рагъул авлахъалда фронт ккуниги,
Команда кьечIого кьвагьуге, гьудул,
Кьвагьун араб гулла нахъ буссунарин,
Саброялда вукIа божал щвезегIан.

Дица бицунелда божунги чIоге,
Божи гьечIелазул рагIиги ккоге,
«РагIана, бицана» добегIанги те,
Дурго бетIер хIалтIун, ритIухълъи цIехе.

*[1] Къут – нахърател.**

## ГЬАНЖИ ДИР МАЖМУГIАЛ АХХАДЕ ЩВАНИН…

Гьанжи дир мажмугIал аххаде щванин, –
Рохелгун цIалаги муъминзабаца.
Мунагь чурагиян дугIа гьабизе
Дунги кIочонгеги цIаланщиназда.

Дун гIадинаб бачил оц лъугьинегIан
Ралъдалъе гIемерал гIорал чвахила,
ГIалимасул исму[1] дий хIакълъизегIан
ХIорал лемагазги къагIи гьарила.

Гьадин букIаниги кIалъайзе ккедал,
Лъараб бицинилан ният гьабуна,
Лъараб бицун теялъ гIей гьабичIого,
БегIерана къалам факъирав дица.

Дир ккараб гIунгутIи-гIайиб батани,
Тавбо дирги бугин, нуж тIаса лъугьа,
Инсан хатIалъулев гIадатгун цадахъ
ГIафвоги бугелъул, баче лъикIалде.

ГIилмо-гIамалалъулъ дун накъис вуго,
Дица гьелде кколеб инкарги гьечIо,
Амма изноялъул камиллъиялъулъ
Камураб шартI гьечIо, гьеб дийги гIола.

ГIакъиласул рагIи къабул гьабулеб
Къалбун салим[2] кьеги муъминзабазе,
Мунафикъзабаца макро хIалелъул
ХIикмат загьирлъулеб фарасат щваги.

---

*[1] Исму - цIар.**

*[2] Къалбун салим – бацIадаб, батIиниял унтабаздаса сахаб ракI.**

Щибаб реццги хIамдги Дуе, БетIергьан,
Динул Исламалда ниж чIезавурав.
Свалатги саламги дур ХIабибасде ﷺ,
ХIасро-гIадададалъул[1] гIорхъи лъалареб.

*[1] Ай, рикIкIеналъе гIорхъи гьечIеб.**

# ТIЕХЬАЛДА БУГО

Дунго гIалим гьечIониги..................................................4
ШаргIалъ хIалал гьабураб суратгун къеркьечIого....7
Гьабун лъураб кванил тIутIги цебе тун .......................8
Инсанасул загьир бихьун,
батIиналъе хIукму гьабун.............................................9
Дунялалъул боцIи буго гIалхул чан............................10
Лъалареб малъизе чи камиларо..................................11
Аллагь гIемер рехсезе мацIалда барахщуге...............12
ХIалал-хIарам батIа гьаби тIадаб буго инсанасда ..14
Черхалда хIал бугилан гIумруялда божуге..............15
Махлукъияб гореб Каламун-къадим..........................16
Гьекъолеб жо какулел киналго гIалимзаби ..............19
Дунялалъул гьаб ханлъи - хведал тIаса унеб жо......23
ХIабибасул ﷺ къадру-къимат........................................26
Чахъабазул тIомал тIад ххурал хъормаз .....................30
Мунагь-хатIабазулъ тIерхьарал нилъехъ..................32
Я хирияв Аллагь, халкъалъул МагIбуд ......................36
Жиб ккурав вохичIеб чIунтараб дунял .......................39
Ибну-Сакъал къисаялъе къимат кьезе бажарарас ..44
Инкарчиясул дагIба кидаго къотIуларо .....................48
ЧанцIол борцаниги метра гIолареб ............................50
МегIергин гIалах цIураб, вехь гьечIеб боцIудаса....51
Эбел-инсул тарбияталъ...............................................52
Макка-хIарамалъул гIалимзабаца...............................56
ГIадамазул рекIелъ васвас гIемерал...........................58
Каламуллагьи-л-къадим къуватаб хвалчен буго.....59
Къуръан-хIадисалъул магIна гьабизе.........................60
Дуй вокьарав лагъасул керенги гIатIид гьабун .......64
ГьоцIо тIолел наязде тIутIазул ахIи буго .................65
Ихдал, авалалда хур бекьизе лъай..............................71
КIиго-лъабго шартI буго, шофер ...............................72

Имамзаби бахIарчияб, бахIарзазул цIар рагIараб...78
Дир гудраз ккун ругел чундузул рохьдолъ................85
ГIулумазул хазина – Къуръаналде раккизин............88
Загьираб тущман буго, щайтIан абун цIар бугеб.....90
Щукру бугищ-гьечIищан гьабизин цо балагьи........91
ТIагьа ﷺ – шафигI вугелъул,
щукруги тIалъилариш?........................................92
Гьанжиги дир тавбо, Таввабу-РрахIим....................95
Аллагь! Дуй рецц гьабизе хIал дида кисса кIолеб...98
Гьанжи рачIа гIадамал, гIибраталде руссинин ......100
Гьанжиги цо аят, АхIмад ﷺ вокьулел......................104
Цинги ХIабибасул ﷺ уммат абуни ..........................105
Халикъас хасс гьавурав ХIабибасул ﷺ хиралъи....107
Жагьлоялъ къвал байдал къун ккараб талихI........113
Уммат лъикIаб щиналде ахIун бачунеб буго .........116
Лъималазул лъикIав-квешав
кинав вугев лъайзе гIоло.......................................119
Нахъеги мун кантIе, тIинав гIолилав.......................127
Гьанжиги гIин тIаме гIолохъабаца...........................133
Жавгьар-якъуталъул къимат гьабулел!.....................141
ХIабибасул ﷺ ПатIимат цо нухалда унтидал .........143
Исламалъул ритIухълъи ............................................148
Хандакъалъул гъазават..............................................149
Къуръаналъул ахIи буго, гIин тIаме .........................167
Жакъа дунялалда дин Исламалъул ...........................170
Ва мунго дудаго вичIчIуларев чи..............................172
ЧIухIараб хIелеко хIарщулъ къан, холин ...............177
СагIлабат къосин.........................................................179
Лъабго чи вугила нагIана кьолев .............................185
ВукIаравила цо цIакъ бечедав чи ............................187
Аварагасул ﷺ мугIжизатал......................................191
Дунял-ухраялда ханлъун гьавурав
халкъалъул МустIафа ...............................................194

Регьел гьечIеб ракьулъ мугь тIищаларо....................198
Беччан тун ругьунаб гьой-гIадаб кIал-мацI............204
ХIакъабин цIарги лъун, мекъаб бицунеб ..................209
Будунгин дибирзаби дир лъималги горелъул.........212
Огь, жагьиллъи, жагьиллъи.........................................214
ШигIраби хъвалезулгун бох дица бухьунаро.........217
МегIер пурччун бугони, чиясда махI лъаларо........220
Ле, гьудуласул чи, гьабе цо тавбо.............................221
Аллагьас кьечIони, тIалихI щоларо..........................223
Къарумасул боцIи чумартас кунин............................231
ЧIаголъи-сахлъиялда сагIаталъги божуге ..............232
Ризкъиялда щакдари – иманалъул загIиплъи........238
Гьанжиги цо насихIат, наслабазе васият..................241
Гьаб вагIза гIоларел залимзабазда
заз бекьеян абе...............................................................243
РацIалъиялъул баракат..................................................244
Бану исраилазул заманалда лъугьараб
гьаб къиссаги хъван тезин.............................................248
Бусурбаби чIухIарав чIохъа гъавсу-сакъалайн .....253
НасихIат гьабиялде «дин» абулеб лъаларищ!.......256
Алжан нелъей щоялъе Авараг ﷺ
гъоркье чIараб анлъабго фиша ..........................264
Аварагасул ﷺ агьлоялъул баракат.............................265
Дуниял къачIазе гIакъло дуй кьурас.......................269
ЖужахI тIад гьабулеб гIамалалдаса ........................271
Аллагьлъун ккун, жиндие къавмалъ лагълъи
гьабулеб гъветI бихьидал..............................................273
Бусурманав – цояв, капурав – цояв
цо пуланаб къоялъ ралъдахъ ун руго...............277
ШаргIалъул цIадираби.................................................281
Дида тавбо гIадаб нигIмат батичIо..........................285
Гьаб махлукъаталъго кIал гьикъулелъул.................285
ТIоцобе ракьалда тIад загьирлъараб пасалъи .......287

Гьанжи питнаялде рагьараб каву................................291
Гьава къинабизе, къуват бугесе..................................297
ВагIза-насихIатги динлъун бугелъул...........................299
Ибрагьимил гIадаб варагI гьечIони............................308
Къалмиде чучи – дир тIабигIат буго.........................309
Анбияъ-русулазул ирс жедеца босарал.........................313
КIал-мацI фасахIатал хIарамзатаца...........................314
Анищазул хур бекьун, чи бечелъулев ани.....................317
Ралъдал гъварилъухъа гъавасаз рахъун........................324
Кье, Аллагь, нежее тавбо ризкъилъун!........................326
Аллагьасе бокьани, бокьараб иш билълъуна..................328
Кьураб рагIиялда нахъа чIоларел,
нахъ-заманаялъул лъималахъ балай..............................330
Динул-Исламалъ гIадин гIадамал куцуларо...................335
Ле гъалмагъир чагIи, нужго щал чагIи.........................337
ГIункIал цIогьордунилан, рукъ гIодоб речIуларо.....340
Аллагь ТагIалаяс ракьалде инсан
бокьухъе хьвадизе веччарав гьечIо...............................343
Я гьал гIолохъаби, суалал ругин .................................345
Аллагьасул Калам – хирияб Къуръан ........................353
ЧIахIиял мугIрузул, гохIал-щобазул ..........................356
ЧIагояв чиясе гIумро гьабизе
гьечIого рес гьечIо цо вуссине бакI...............................360
Нафсу-л-амаратгун вагъулев мурид ..........................366
РачIа, Дагъистаниял, дагьалги цIакъ ургъизин ....371
КъурамухIаммад ана хIурулгIинзабаз вачун .........373
ГIажаибаб цо къиса къалмихъе босун тезин...........377
Дийго бугеб рохел бикьизин ножой ..........................382
Нуж гIенекке, гIолилал, гIемерлъунги бихьуге ....389
ГIадамал чарлъараб чурукаб гIасро...........................392
Халкъ кьалде ахIулеб ахIмакъаб уммат...................394
ГIаламалъе рекъел буго къваригIун...........................396
Я гьал базаргаби гIинкъалдай руго ..........................398

Саламун гIалайкум, диналъул агьло ........................403
Гьаб калимату-тавхIид – таибуназе давла..............405
Аварагасе ﷺ моцI хъвалхьин......................................407
ТалихI, босизе лъани, лъиего гьукъун гьечIо..........418
ТалихI къиналъул магIна
дуда бичIчIун гьечIелъул ....................................420
ГIабдуллагь Алишаев шагьидлъи..............................423
Гьаб гIалам бохарав Расуласдаса ﷺ
рохел щоларев чи, чармилищ дур ракI?.........425
РачIа, диналъул вацал, данделъун гIодор чIезин....429
Курамаал руго дир устарзаби......................................431
Гьанжи дир мажмугIал аххаде щванин......................433
ТIехьалда буго..........................................................................435

НУРУЛЬ ИРШАД

Саид Афанди аль-Чиркави

# НАЗМАБИ

[стихи]

Том 2, издание 1-е

**Отвественный редактор:**
Г-М. Ичалов

**Литературный редактор, корректор:**
Т. Зургалова

**Дизайн и верстка:**
М-А. Гаджиев

ООО «Издательский дом “Нуруль иршад”»
367000, Республика Дагестан, г. Махачкала, ул. Левина, 9
web: **www.nurulirshad.ru**; e-mail: **info@nurulirshad.ru**

Продукцию Издательского дома «Нуруль иршад» можно заказать в интернет-магазине **www.nurulirshad.ru**

ISBN 978-5-903593-06-4 (Т.2)
ISBN 978-5-903593-30-9